МАХ ДУГ

УАТАТЫ БИБО: 85 АЗЫ

ЙÆ КАД НÆРЫД, ЙÆ ЗАРÆГ ХЪУЫСТ, ЙÆ НОМ — ÆГЪУЫСТ!

3
2024

Уæрæсейы хъару нæ алкæй мидæг дæр ис. Нæ дзыллæйы, нæ адæмы, æгъдæутты æмæ культурæйы, нæ зæххы æмæ нæ хъæздыгдзинæдты, нæхи бахъахъхъæныны хъомысы. Фæлæ сæйрагдæр нæ хъару ис нæ дзыллæйы иудзинады.

Владимир ПУТИН

НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Редакция
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

Редакционный совет
Борис ХОЗИЕВ, Станислав КАДЗАЕВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА, Борис ГУСАЛОВ,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2024

МАХ ДУГ

3
2024

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

Редакцион совет
ХОЗИТЫ Барис, КЪАДЗАТЫ Станислав,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ, ГУСАЛТЫ Барис,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2024

НОМЫРЫ ИС:

ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ 5

ПОЭЗИ

Æмæ цагъта дзæнгæрджытæ уалдзæг. *Æмдзæвгæтæ* 7

УАТАТЫ БИБО: 85 АЗЫ

Дæ номæй – буц, дæ кадæй – кадджын. *Уац* 16

Цардыл хъуыдытæ 18

Хæлæртты мысинæгтæ 24

ХАДЫХЪАТЫ Фатимæ. Бибо. *Æмдзæвгæ* 47

Бибоимæ баст хъæлдзæг хабæрттæ 48

«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ

ПРОЗÆ

ГАФЕЗ. Уагъылы æмæ зынг. *Новеллæ* 62

ÆРТÆ ÆМДЗÆВГÆЙЫ

ÆЛБОРТЫ Беллæ. Æз куы фæмысын 63

НОГ УАЦМЫСТÆ

БИТАРТЫ Маринæ. *Радзырдтæ* 66

РОХУАТÆН ÆВГЪАУ

ХУЫМАРТЫ Хъамболат. Ирхан. *Таурæгъ* 79

КРИТИКÆ ÆМÆ ПУБЛИЦИСТИКÆ

ДЗИЦЦОЙТЫ Юри. Ирон культурæйы сæраппонд архайд. *Уац* ... 120

НÆ УИДÆГТÆ

ТУАТЫ Алинæ. Табуйаг бæстæ. *Уац* 125

БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН

ТОХСЫРТЫ Къоста. *Æмдзæвгæтæ* 129

КАЛМАНТЫ Этери. *Радзырд* 134

ÆМБИСÆНДТÆ. ЗОНДЫ ÆМÆ ЦАРДЫУАДЖЫ НЫХÆСТÆ ... 137

АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

АЙЛАРТЫ Зарæ. Ирон хъæлдзæг ныхæстæ. *Уац* 138

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ 143

ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ

НÆ НÆРГÆ ПАДДЗАХАД ДАРДДÆР ДÆР ЦÆУÆД РÆЗТЫ ФÆНДАГЫЛ!

Ахицæн сты Уæрæсейы Федерацийы Президенты æвзæрстытæ.

Фыццаджыдæр мæ фæнды, чи дзы архайдта, уыдонæн се 'ппæтæн дæр раарфæ кæнын сæ граждайнаг зондахаст, уавæр æмбарыны æмæ патриотизмы тыххæй. Мах иууылдæр иумæ схъæлæс кодтам нæ нæргæ паддзахады фидæныл.

Цæгат Ирыстоны цæрджытæ æмзондæй æвзæрстытæм кæй æрбацыдысты, уымæй равдыстой, Уæрæсейы политикон царды сæйраг фæзындмæ бæрнон цæстæй кæй кæсынц, уый. Уæлдай арфæ нæ кадджын ветерантæн æмæ хистæр фæлтæры минæвæрттæн, стæй, фыццаг хатт чи хъæлæс кодта, уыцы фæсивæдæн æмæ, йæ хъæлæс раттынмæ æгас бинонтæй чи æрбацыд, уыдонæн.

Стыр бузныг зæгъын мæ фæнды республикæйы территориалон æвзарæн къамисты æмæ хайæдты уæнгтæн æвзæрстытæм

цæттæ кæныны æмæ сæ æмбæлгæ уагыл ауадзыны тыххæй. Бирæ адæм ма æрбацыд, хайæдты æвзарæн къамистæ хæдзари-хæдзар кæй æрзылдысты, уый тыххæй. Уыцы куыст дæр æмбæлгæ уагыл ацыд. Æвзæрстыты уагæвæрдтæ аразгæ уыдысты къамисы алы уæнджы профессионализм æмæ æвзарджытæм хорз цæстæй ракæсынæй. Уым дæр сарæхстыстут, куыд хуыздæр гæнæн уыд, афтæ!

Æвзæрстытæ, закъонмæ гæсгæ куыд æмбæлы, цæмæй афтæ нымад æрцæуой, ууыл бирæ алы æмвæзадты кусджытæ бацархайдтой. Бузныг зæгъын республикæйы æппæт муниципалон иугæндты сæргълæуджытæн, бынæттон хиуынаффæйады оргæнты кусджытæн, дзыллон-хабархæссæг фæрæзты, электрон тыхы æмæ бастдзинады минæвæрттæн, Культурæйы, Æнæниздзинад хъахъхъæнынады, Спорты, Æнæнхъæлæджы уавæрты министрадтæн æмæ, æвзарæн хайæдты нывыл уаг чи сæвæрдта, уыцы барадхъахъхъæнæг оргæнтæн.

Бузныг бархионтæн сæ зæрдиаг куысты, зæрдæмæхъаргæ æнкъарæнты æмæ цымыдисаг фембæлдтыты тыххæй!

Сæрмагондæй арфæ кæнын РЦИ-Аланийы Хицауад æмæ Парламентæн æмæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойæн.

Хицæнæй ма фæнысан кæндзынæн, æртæ боны дæргъы æвзæрстытæм кандидатты номæй йæ цæст чи дардта, уыдоны дæр.

Иууылдæр иумæ сарæзтам тынг ахсджиаг æмæ хъæугæ хъуыддаг!

Арфæйаг ут!

МОРГУАТЫ Жаннæ,
Цæгат Ирыстоны Центрон æвзарæн къамисы сæрдар

ÆМÆ ЦАГЪТА ДЗÆНГÆРДЖЫТÆ УАЛДЗÆГ

ХОСТЫХЪОТЫ Зинæ

* * *

Дзыцца, ды дæр куыд сæдых дæ бынтондæр,
Æви кæнынц дзыццатæ дæр æдых!
Ныттух-ма, цæй, дæ дæллагхъуыр мæ зæрдæ
Æмæ йæм ма уадз маст æмæ фыдæх!

Мæнæн мæ бæллиц: дуне уа æрдхæрæн,
Цæмæй нæ уа фыдлæг æмæ ызнаг,
Фæлæ кæмæндæр, цавæрдæр сæлхæрæн
Зæххы хуылфы дæр нал цæуы йæ марг.

Дзыцца, ныттух дæ дæллагхъуыр мæ зæрдæ,
«Цард хорз æрмæстдæр уарзтæй у» мын зæгъ,
Цæмæй мæ удмæ цавæрдæр сæлхæртæ
Сæ сау базыртыл ма хæссой фыдæх.

* * *

Куы зонис ныр, гыцци, куыд тынг фæллад дæн!
Мæ зæрдæйæн æппын æрæнцой нæй.
Дæ хъарм къух мын мæ нывæрзæны акæн,
Æмæ кæд ауаин иучысыл фынæй.

Ды та кæддæрау ме 'нцойад фæхъахъхъæн
(Лæджы зонд у фыдæххъæстæ нырма...)
Æрмæст-иу райсомраджы рудзынг бакæн,
Цæмæй рæууддзæф бакæла мæнмæ.

Цæмæй сæуæхсид бахуда цъæх арвæй,
Цæмæй мын зара донуылæн фæрнæй,
Дæ былтæ-иу мæ цæстыхаутыл авæр,
Мæ фынддæс азы раздæхой цæмæй.

* * *

Хатт мæ æрфæнды худын,
Худын дзыхыдзагæй
Уæлæ арвы онг
Афтæ, æбæрæг худтæй.
Сабийау...

Уæд Гыццийы сусæг ба,
Æхсырхæццæ ба,
Мæ русы дзыхъхъæй
Малусæгау
Сдары йæ сæр,
Айсафы митуазал
Æмæ
Æцæгæлон фæлывд узæлд
Мæ уадултæй,
Мæ удæй.

СОТТИТЫ Риммæ

НЫР УАЛДЗÆГ У

Ныр уалдзæг у. Зæлдагпоцкъо хæрис
Æрæнкъард ис дыууæ фæндаджы астæу.
Æвæццæгæн, нымайы уый йæ азтæ
Æви æнкъары уалдзæджы фæдис.

Ныр уалдзæг у. Фыццаг кæрдæг фæдис
Йæ риуы 'мдзагæй хъæр кæны нæ кæмттæм:
– «О паддзах-æрдз!
Дæ диссаджы æгъдæуттæй
Мæ зæрдæйæн æнцойдзинад хæссыс!»

О, уалдзæг у. Æппæт дуне ныррухс.
Ныззæлланг кодта малусæг йæ зарæг.
Ысдардта хурмæ уарзон зæхх – нæ дарæг –
Фæззыгæнды хъæдабæхуыз цъæх рус.

АМОНДÆН ÆВДИСÆН

Ærдз фæрайдзаст. Дон фæрæвдз.
Уалдзæг та æрцыдис!
Дымгæимæ хъазы бæрз,
Поцкъо йыл фæзындис.

 Акæс, уæд ныффæзгъæр мит,
Уд исынил бафтыд,
Мысы карз хъызты æхситт,
Фæлæ й' афон ацыд.

Сауцъиу дард бæстæй æртахт,
Зарджытæ нын зары.
Самадта дзывылдар загъд,
Йе 'нгуыр доны дары.

Хуымгæнд базмæлыд. Йæ фаг
Сулæфыдис хурмæ.
Адардта дзы гутон таг
Арвгæроны цурмæ.

Дуне уалдзæджы къæсæр
Царды фæндтæ уафы.
Сисы хур йæ зæрин сæр
Ирд копрадзхуыз арвыл.

Æмæ мин зæрин тыны
Царддар зæхмæ 'лвисы.
Уалдзæг, дидинуалдзæг, ды –
Амонды æвдисæн.

ГОДЖЫЦИАН – ЧЕЛДЫТЫ Надя

* * *

Арвы кæрæтты сырх бæхыл
Сиры сырх сæуæхсид.
Уый сырх чыргъæды фæлдахы
Ставд мыртæ, сырх-сырхид.

Сырх зынгæй гуырд бур тынты хал
Пиллон арты ризы.
Даргъ цæхæркалгæ æндахыл
Боны рухс æрхизы.

Рагъыл дзæбидыртæ кафынц,
Зилахар – къуындæг тыргъ.
Дзæхст! – зынджы цæхæрты фæлгонц
Хохы риуыл апырх.

Æврæгътæй гуырд цыргъдзаст цæргæс
Басыгъта йæ базыр.
Хъæды зардвæдисты хъæлæс
Ивазы йæ фæндыр.

Урс æхсæрдзæн хуры тынтæм
Даргъ дзыкку æрфаста.
Терк йæ дурджын змæлæг былтæм
Уылæнтæ фæхаста.

Нартхоры къæбила дидин
Райхъал хуры хъармыл.
Уый бæркадджын фарны гуыдын
Адих кæндзæн цардыл.

СÆРДЫГОН ÆХСÆВ МАЙРÆМАДАДЖЫ

Бæлæсты къæрцхъус сыфтæртæ
Ризгæ сыр-сыр систой,
Стъалыты æрвон цæхæртæ
Цæсты тигътæ истой.

Цады уæлцъар Мæйы хуызист
Фелвæста уæларвæй,
Бонвæрнон уа, дард «Хæрдзы» фист,
Ирддзæст «Хоты» авдæй.

Хуызисæджы рог уылæнты
Арвы къуырф – æнæбын,
Сатæг доны узы уæртæ
Дун-дуне Галæгон!

Цæугæдоны урсбарц уылæн,
Хъус, цыдæртæ дзуры.
Дуртимæ йæ хъаугъа уымæн –
Йе 'мхуызоны суры.

Цъæх æрдузæй зарæг зæлы,
Ацахстон йæ кæрон.
Уды ацы 'хсæв ывзары
Рухс сæнттæ æгæрон!

Хъæды роны дымгæ 'рæмбæхст –
Бафæллад йæ сирдæй.
Мæй ныффæлурс æмæ 'рбайсæфт
Бонвæрноны ирдæй.

Тагъд та хъардзысты сæ удтæ
Уасджытæ сæ зардæй.
Бон сæуæхсиды дзыккутæ
Хъавгæ фасдзæн дардæй.

КОКОЙТЫ Эльзæ

* * *

Ард дын хæрын æз поэты æрхæндæгæй:
Ничи дæ уарзта мæнау...
ХАДЖЕТЫ Т.

Ард дын хæрын æз мæ уарзты æрхæндæгæй:
Ничи дæ уарзта мæнау.
Фæлæ… Цы давы мæ уарзт?
Йе мæ цæссыгтæ?
Æмæ… Мæ уды рæдау?..

Зонын,
Æмбардзынæ искæдбон ‘нæмæнгæй
Ме знæт зæрдæйы рæвдыд.
Сыстдзæн дæ разы фæскъæвда арвæрдынау
Цæссыгты зыд.
Æмæ дын цадæг
Дæ риумæ æвналдзæнис
Сабыр хуыснæгау, хъуызгæ.
Сусæг ныхæстæй дæ хъусы цы зæгъдзæнис,
Уый-иу нымбæхс!..

* * *

Æхсæв райсомы хъæбысы
Райхъал, фесхъиудта æваст.
Зæрдæ адæргæй ныррызтис, –
Мачи базона йæ уарзт?!
Æмæ…
Мадардæй ныййарц и,
Бон нæма ‘рбацъæх и, уæд.
Риуы бамбæхста йæ уаз цин,
Æртæх бамбæрзта
Йæ фæд!..

О, МÆЙ!

Бæрзонд арвæй зæхмæ
Дæ тæмæнкал урс
Кæй зæрдæйы артмæ
Ныххæссы йæ рухс?

Дæ удæхцон касты
Цы фарн ис, цы арт?..
Дæ сагъæсты басты
Цы ‘мбæхсыс? –
Кæй уарзт?!

Бæрзонд арвæн зæхмæ
Ныхъхъусы дæ хъус.
Кæй уарзты цырæгътæм
Æфтауыс дæ рухс?

БАСИТЫ Зæлинæ

ЦÆУЫН ДÆУМÆ

Уæларв мæ дзыкку дауы ныр цъæх армæй,
Мæ зæрдæмæ йæ фæлмæн хуыз ныххызт.
Рæвдауы мæ сызгъæрин хур йæ хъармæй,
Мæ дæллаггуырыл рог дымгæ ныттыхст.

Цæуын дæумæ. Æрбалхъывтон мæ риумæ
Цыбыр фыстæг: «Æнхъæлмæ дæм кæсын...»
Кæнын хæлæг мæхæдæг дæр мæхимæ,
Мæхи цæстæй мæ амондæн тæрсын.

Нæ фембæлдмæ æрмæстдæр иу уысм баззад,
Æнæхъæн уысм – нæ фембæлдмæ нырма!
Мæ зæрдæ рогдæр бумбулийæ фестад,
Пæр-пæр кæны, гæлæбу у цыма.

Æвæдза, цас ис бауарзæг зæрдæйы
Æрвон арты æнæкæрон рæвдыд!
Цæуын дæумæ – фылдæр амонд нæ вæййы!
Цæуын дæумæ – фылдæр амонд нæ уыд!

* * *

Дардмæ фæлыгътæ мæ уарзтæй,
Зæрдæйы – судзæггаг маст.
Баззад мæ бæллиц ныфссастай,
Цард мæм зындонау фæкаст.

Уыцы сæрдыгон изæртæ
Зæрдæ фæмысы ныр дæр.
Фæндыры диссаджы зæлтæ –
Амонды ‘хсидгæ цæхæр.

Бæстæ ныссабыр. Æрмæстдæр
Арвæй æнкъард мæй кæсы.
Фæндыры зæлтæ дæ фæстæ
Рог дымгæ дардмæ хæссы.

Зонын æй, цард у фæлварæн.
Калдзæн та хур дæр тæмæн.
Амонд æнæ дæу ыссарын,
Оххай, цæй зын у мæнæн.

* * *

Æрвон тыгъдады ленк кæны цыргъ мæй –
Æхсæвон арвы иудадзыг æлдар.
Йæ алфамбылай иунæг сыбыртт нæй,
Æгуыппæг дуне – рог уддзæфы бар.

Алæмæттаг у алцы: уæлдæф, æрдз,
Кæлы уæларвæй махыл рухс цæхæр.
Зæххы цъарыл – æрмæстдæр ды ‘мæ æз
Æмæ нæ уарзт, – æппæтæй дæр уæлдæр.

О Уарзонад – æнæрæнцайгæ арт, –
Табу дын уæд, мæ хъысмæт у дæ бар!
Табу, Ыскæнæг – барухс кодтай цард!
Табу дын уæд – мæ зæрдæйы хæлар!

УАТАТЫ БИБО: 85 АЗЫ



(1939 – 2000)

Отеллойы хъыг бахсыдта мæ зæрдæ,
Чермены æфхæрд басыгъта мæ риу.
Эдипы мастæй бакуырм дæн бынтондæр,
Мæхи æнкъарæн сурæттимæ сиу.

ДÆ НОМÆЙ – БУЦ, ДÆ КАДÆЙ – КАДДЖЫН!

Бæтæхъойыхъæу Ирыстонæн цы кадджын æмæ фæрнджын хъæбултæ схъомыл кодта, уыдоны ‘хсæн ирдæй бæрæг дары Уæрæсейы æмæ Цæгат Ирыстоны адæмон артист, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы, Тæбæхсæуты Балойы премийы лауреат, Таджикистаны Республикæйы Рудакийы номыл паддзахадон премийы лауреат, нæ республикæйы раздæры Культурæйы министр, Цæгат Ирыстоны паддзахадон Ирон академион театры аивадон разамонæг, режиссер, зарæггæнæг, диссаджы зæрдæхæлар æмæ сывæллонау æнкъарæгой зæрдæйы хицау Уататы Бибо. Уымæн йæ ном хаст æрцыд, Уæрæсейы национ хæзнатыл нымад чи у, культурæйы номдзыд архайджыты уыцы кадджын номхыгъдмæ. Уымæй канд йæхицæн не скодта кад, фæлæ æгас Ирыстонæн дæр.

Бибойæн йæ фыд Зауырбег 1943 азы фæмард Фыдыбæстæйы Стыр хæсты. Йæ хо Азæимæ сæ сæхимæ акодтой сæ мадырвадæлтæ, хъомыл сæ кодта сæ мадымад.

Иухатт Буронмæ (уым ахуыр кодтой сывæллæттæ) æрцыд Баллаты Валодя. Уый ирон театрæн æвзæрста курдиатджын фæсивæд. Йæ цæст æрæвæрдта Бибойыл æмæ йæ æрбахуыдта театрмæ. Уым чызджытæ æмæ лæппуты цæттæ кодтой дарддæры ахуырмæ.

Бибо тынг бирæ уарзта аивад, æнувыд уыд йæ хæстæджытыл, йæ алыварс адæмыл, йе ‘мкусджытыл. «Хæрзконд» – афтæ йæ хуыдта Тæбæхсæуты Бало.

Мæскуыйы каст фæцис Щукины номыл училище. Ам йæ хуыздæр ахуыргæнджытæй иу уыд номдзыд уырыссаг артист æмæ режиссер Юри Любимов. Æвзонг лæппуйы бирæвæрсыг курдиатæн уый байгом кодта стыр аивадмæ уæрæх фæндæгтæ. Ссис Таганкæйы театры актер. Йæ зæрдæ ирон театрмæ кæй æхсайдта, уымæ гæсгæ ныууагъта йæ куыст æмæ æрыздæхт йæ уарзон Ирыстонмæ. Актеры дæсныйад афæлвæрдта ирон театры, стæй 1965 азы ацыд Таджикистанмæ. Уым ахъазыд йæ актерон биографийы æппæты зæрдæмæхъаргæдæр сурæт. Хæрзиуджытæ, адæмы æнæкæрон уарзондзинад фæстæдæр систы Уататы Бибойы царды хай.

Бибойæн цыбыр рæстæгмæ йæ бон бацис Ирон театры сценæйыл бирæ вазыгджын фæлгонцтæ саразын: Таймураз – Гаглойты Владимиры

«Уарзондзинады кадæг», Аслæнбег – Саламты Къолайы трагеди «Сæрмæт æмæ йæ фырттæ», Данко – Максим Горькийы радзырдмæ гæсгæ спектаклы, Борæхан – Джыккайты Шамилы «Хъодыгонд зæд», Шекспиры пьесæты Къарол Лир æмæ Отелло, Паддзах Эдип – Софоклы «Паддзах Эдип», Чермен – Плиты Грисы «Чермен», Хазби – Брытъиаты Елбыздыхъойы «Хазби», Лука – М. Горькийы «Царды бын» æмæ æндæртæ.

Бибо æртын кинонывæй фылдæры ахъазыд сæйраг ролты, сæ фылдæр та – Астæуккаг Азийы. Уымы адæмтæ дæр æй сæхи хуыдтой. Ашхабады кинофестивалы Уатайы-фырт Хасаны роль æппæтæй хуыздæр кæй ахъазыд (Таджикистаны адæмон поэт Мирзо Турсун-Задейы хъуыстгонд поэмæ «Хасан-Аракабеш»-мæ гæсгæ кинонывы), уый тыххæй райста фыццаг къæпхæны преми. Киевы Æппæтцæдисон кинофестивалы та – дыккаг къæпхæны преми. Нæ бæстæйы æппæт киностудиты кинорежиссертæ Уатайы-фырты хонын райдыдтой сæхимæ. Кæрæдзи фæдыл ныккалдысты рольтæ киноты: «Одной жизни мало», «Так велит сердце», «Сказание о Рустаме», «Рустам и Сухраб», «Именем закона», «Чермен»… Бибо Чермены фæлгонц саразынмæ бæллыди тынг рагæй. Æмæ йæ аразгæ дæр скодта. Систа йæ киностуди «Грузия-фильм».

Панамæйы дунеон кинофестивалы æмæ Тбилисы, Ашхабады, Кишиневы Æппæтцæдисон кинофестивальты Уататы Бибойæн лæвæрд æрцыд премитæ, нæлгоймаджы роль хуыздæр кæй ахъазыд, уый тыххæй.

Бибойы курдиат дисы æфтыдта Иран æмæ Хæстæг Хурыскæсæны бæстæты киноаивадуарзджыты. Фирдоусийы «Шахнаме»-йы Рустамы фæлгонц аивадон кинойы тынг хорз кæй сарæзта, уый тыххæй йын Ираны саккаг кодтой Дунеон преми.

Уататы Бибойы курдиатыл, йе сфæлдыстадыл, йæ цардвæндагыл бирæ уацтæ, мысинæгтæ фыст æрцыд. Уыцы арфæйаг хъуыддагмæ йе ʽвæрæн бахаста фыссæг Дауыраты Дамир дæр.

Йæ бирæ æрдхæрдтæн та нымæц дæр нæ уыд. Адæмы кæрæдзиуыл баста, уый та бирæты къухы не ʽфты. Стыр æнкъарæнты хицау уыд Бибо экраныл, сценæйыл æмæ царды дæр.

Зæгъæн ис афтæ, æмæ Бибо уыдис Адæмы лæг. Уыцы кадджын номæй та дзыллæтæ фæхайджын кæнынц æрмæстдæр ахæм лæгты, сæхимæ сæ адæмы зæрдæты рис, сагъæстæ, бæллицтæ арф чи райсынц æмæ кæддæриддæр цæттæ вæййынц адæмы сæрвæлтау сæ цард раттынмæ дæр.

Бибойæн ис æрмæстдæр райгуырæн бон! Йæ ном, йæ кад – æнусон!

ЦАРДЫЛ ХЪУЫДЫТÆ

ÆМÆ УÆД БИБО ЗАГЪТА…

Уататы Бибойы 50 азы юбилейы размæ Ирон театры кусджыты иу къорд бацæттæ кодта фæрстытæ.

1989 азы 21 апрелы актерæн, йæхи-иу спектакльтæм кæм цæттæ кодта, уыцы уаты номхыгъд кадджын уавæрты радтой æмæ дзы æрдомдтой, ныртæккæ ам, мах цур, фæрстытæн дзуаппытæ ратт, зæгъгæ… Бибо «бæрæгбоны фæлварæныл» сразы.

Цы кинонывты ахъазыд, уыдонæн сæ тæккæ дæргъвæтиндæр уыд «Огненные дороги»: 17 серийы, æмæ уал ын 17 фæзилæны фæдыл йæ хъуыды зæгъын кодтой.

ЦÆМÆН АРГЪ КÆНЫС / ЦЫ ДЫН У ÆНÆУЫНОН АЦЫ ÆМБАРЫНÆДТЫЛ ДЗУРГÆЙÆ:

Нæлгоймаг

Æхсарджын æмæ хæларзæрдæ уæвын / Тæппуд æмæ чъынды – мæ удхæссæг.

Сылгоймаг

Æххæст æрдзæй лæвæрд æвæрццæг миниуджытæй / Æнæхсæст, æнæзылд уæвын.

Адæм

Рæсугъд, æгъдауджын уæвын, кæрæдзийæн аргъ кæнын зонын / Саузæрдæтæ уæвын, алыварс чи ис, уыдоны мацæмæ дарын.

Ирæттæ

Æмбарынад «ирон»-мæ цы хауы, уыдæтты аккаг уæвын æмæ сæ уарзын / Мацы бындур ын уæд, афтæмæй æдзух «æз ирон дæн!», зæгъгæ, дзурын.

Хæлардзинад

Кæд хæларæй цæрыс, уæд – æууæнкагæй / Хи пайдайæн хæлардзинад.

Бинонты ‘хсæн ахастытæ

Кæрæдзи хорз æмбарын, кæрæдзийæн аргъ кæнын / Ус лæгыл æлдариуæг куы фæкæны, уый!

Уарзондзинад

Уарзыс – уæд зæрдæйæ! / Хи пайдайæн уарзондзинад.

Сценæйыл дæ хъайтары фæлгонцыл куыст

Мидисæй формæмæ цæугæйæ, характер банкъарын / Роль дæ нæ тавы, уæд æй дæхи ма кæн!

Сценæйыл æмгуыстад

Ды – ме 'нцой, æз та – де уæхск / Уазал æнкъарæнтæй афтид цæстытæ.

Режиссеры дæсныйад

Дæ куыст – дæ цард. Дæ бæрнон хæс – актеры уарзын… / Демагоги!

Ирон режиссурæ

Куыд æмбæлы, ахæм хуызы йыл нæма сæмбæлдтæн.

Ирон актер

Таутиаты Солæман æмæ Тæбæхсæуты Балойы райдиан хъæппæрис, уый фæстæ – Хъалæгаты Федыр æмæ Хуырымты Уырызмæджы дæсныйад / Дæ мадæлон æвзаг æмæ Райгуырæн бæстæйы истори ма зонын.

Аивад

Ирд хæдхуыздзинад. Равзæрст дæсныйады нывгæнæг уæвын / Разæй нæ, фæлæ астæуæй цæуын.

Хион-хæстæг

Хион-хæстæг, ирон æгъдау ын цы домæнтæ æвæры йæ размæ, уыдонæн дзуапп дæттын / Куыдфæндыйы ахаст.

Разамонæг

Алы разамонæг дæр хъуамæ æппæт барæнтæм гæсгæ йæ кусджытæй дзæвгар арæхстджындæр уа / Схъæл, æнæрвæссонæй хи дарын.

Дæхæдæг, куыд адæймаг

Æмткæй райсгæйæ, æвæццæгæн, æвзæр адæймаг нæ дæн / Мæстыгæрдзинад.

Дæхæдæг, куыд актер

Мæхи нымайын бирæ хуыздæрхъуаг актерыл. Мæн хуызæттæ – хæрх.

ЙЕ ‘МКУСДЖЫТЫ 33 ФАРСТÆН УАТАТЫ БИБО РАДТА АХÆМ ДЗУАППЫТÆ:

1. Дæ царды фылдæр цы бавзæрстай – цин æви хъыг?

Фыдох хабæрттæ фылдæр куы уыдаиккой, уæд 50 азмæ нæ фæцардаин…

Боны рухс уынын, мæ хæлæрттимæ æмæ хиуæттимæ цæрын, мæ уарзон дæсныйадыл кусын – уыдæттæ мын цард-цæрæнбон – цинхæссæг!..

2. Цы у дæ цæсты кадджындæр – зæрыкары бацæуын æви æрыгон уæвын?

Æрыгон йæ тырнæнтæй зынаргъ у, йæ кары бацæуæг – куырыхон зондæй.

3. Дæ уарзон бынат Орджоникидзейы горæты.

Горæтыл фæстæмæ йæ раздæры ном куы сæвæрой, уæд мын æнæхъæнæй суыдзæн ноджы уарзондæр.

4. Дæ уарзондæр бынат Ирыстоны.

Бæтæхъойыхъæу. Уым райгуырдтæн. Уым арвыстон мæ сабибонтæ.

5. Дæ уарзон ирон адæмон зарæг.

Хазбийы зарæг.

6. Дæ уарзон ирон поэт. Ныффысс, фылдæр ын йæ кæцы рæнхъытæ уарзыс, уыдон дæр.

Къоста.

Я счастия не знал, но я готов свободу,
Которой я привык, как счастьем, дорожить,
Отдать за шаг один, который бы народу
Я мог когда-нибудь к свободе проложить.

7. Актерæй уæлдай ма цавæр дæсныйад равзæрстаис?

Актерæй уæлдай – ницавæр.

8. Дæ зæрдæмæ хæстæгдæр ныркккон æви классикон хъайтарты рольтæ сты?

Классикон. Классикæйы руаджы кæдфæнды дæр æнтыстджынæй дзурæн ис абоны боныл.

9. Дæ уарзондæр роль Ирон театры сценæйыл национ репертуары.

Аслæнбег – Саламты Къолайы пьесæ «Сæрмæт æмæ йæ фырттæ»-йы.

10. Дæ уарзондæр роль, цы кинонывты архайдтай, уыдоны.

Рустам – кинонывтæ «Сказание о Рустаме» æмæ «Рустам и Сухраб»-ы.

11. Кæй нæма ахъазыдтæ, фæлæ дæ ахъазын кæй фæндид, дæ ахæм бæллиццаг роль.

Отелло.

12. Дæ уарзон драматург.

Шекспир.

13. Нырыккон прозаик.

Чингиз Айтматов.

14. Дæ уарзон актер дунеон кинойы.

Марлон Брандо.

15. Советон кинематографы та?

Сергей Лукьянов.

16. Дæ идеалон хъайтар цавæр зондыл хæст у?

Адæймаг хъуамæ алцæмæй дæр рæсугъд уа.

17. Дæ сценикон хъайтарты та цыхуызæнæй равдисынмæ фæтырныс?

Фылдæрхатт мын вæййынц рæстдзинад агурджытæ, тохгæнджытæ. Ома сæ бавæрын революцион-чырыстон миниуджытæ.

18. Кинохъайтарты та?

Сæ зондахастмæ гæсгæ хæстæг сты сценикон хъайтартæм, кæцыдæр æппæрццæг фæлгонцтæй фæстæмæ.

19. Хæлæрттимæ ныхасы цавæр зондыл хæст дæ?

Дæхи куыд уарзыс, иннæты дæр афтæ уарз.

20. Иумæйагæй царды та?

Райгуырæн бæстæмæ, хæлæрттæм, сывæллæттæм уарзондзинад тауынысл. Æмæ, æнæмæнг, сылгоймагмæ уарзондзинад – йæ уæлмонцдæр æмбарынадмæ гæсгæ.

21. Æмкусджытимæ ахастыты та?

Дæсныйадыл æххæстæй æнувыд уæвыны зондыл.

22. Адæймаджы хæрзæгъдаудзинады миниуджытæй æппæты тынгдæр кæцыйæн аргъ кæныс? Дæхæдæг уыцы миниуæгæй хайджын дæ?

Зæд нæ дæн. Тæрхон рахæссын мæ бон нæу. Ныхмæлæуджытæ – бирæ. Фæлæ мæм, мæхимæ гæсгæ, цыдæр хорз миниуджытæ ис.

23. Зонды хъуыдытæй дæм хæстæгдæр кæцы у?
«Платон – мæ хæлар, фæлæ рæстдзинад – зынаргъдæр».

24. Дæхи зонды хъуыдытæ дын дæ хæлæрттæ сфæлхат кæнынц?
Классик нæма дæн.

25. Царды мидæг де ʻрвылбоны уавæр.
Адæймаджы цард уыцы иугæндзон нæ хæссы: ныхмæлæуд дзы фагæй фылдæр вæййы… Фæлæ уæддæр рæстмæхæцæг æнкъарæнтæм æмхицдæр дæн.

26. Дæ алыварс адæмы дæ цавæр психологион уавæры уынын фæнды?
Сæ цæстыты æдзухдæр исты бæрæг хъуыды æнхъæвзæд.

27. Алкæй бон дæр у дæ хæлар суæвын?
Нæу.

28. Куыд дыл ахады дзырд?
Дзырд адæймаджы сдзæбæх кæны. Фæлæ дзы амарæн дæр ис.

29. Юбилейы фæстæ дæ цавæр миниуæгæй схицæн уæвын фæндид?
Хуымæтæгдзинадæй. Уырыс дзæгъæлы нæ фæзæгъынц: «Простота – хуже воровства». Хорз æй банкъардтон мæхиуыл.

30. Куыд хæрзгæнæг, афтæ дарддæр царды æмбæлццонæн цы хæссыс?
Хæлардзинад.

31. Дæ уарзондæр дидинджытæ. Хуыз.
Хризантемæтæ. Алцыдæр уарзын райдзастхуыз. Ома урс.

32. Цавæр боныхъæд у дæ зæрдæмæ хæстæгдæр?
Хурæфсæст бон.

33. Дæ 100 азы боныл дæ кæимæ фæндид сæмбæлын?
Уе ʻппæтимæ! Æнæмæнг уе ʻппæтимæ дæр!

ПЛИТЫ Жаннæйы
«Фæрстыты æмбырдгонд»-мæ гæсгæ цæттæгонд æрмæг



Дагун ОМАЕВ, УФ-йы сгуыхт артист:

Махæн-иу нæ алы фембæлд дæр бæрæгбоны хуызæн уыди. Зæгъæм, Бибо уыцы бонты Ирыстоны нæй, мах та уырдæм нæ театр æвдисынмæ ацыдыстæм, уæддæр-иу махæн, цæцæйнаг лæппутæн, уымæн йæ хæдзармæ æнæ бацæуынæ уыд. Йæ дзæбæх мад Тамарæ ныл-иу, мæнæ цыма йæхи лæппутæ уыдыстæм, уыйау бацин кодта, сбуц нæ-иу кодта, сæумæрайсом-иу стъолыл нæ аходæн цæттæйæ лæууыди.

Иухатт Тамарæ Цæцæнмæ дæр æрцыд, мæ мадимæ базонгæ, кæрæдзиуыл фæцинтæ кодтой, мæнæ цыма раст дыууæ хойы уыдысты... Мах сæм Бибоимæ иуварсæрдыгæй кастыстæм, цин кодтам.

Махмæ хæст куы райдыдта, уæд æз Бибойæ бирæ æххуыстæ зыдтон. Нæ хæдзар ныппырх, æмæ уæд Ирыстонмæ аластон мæ бинонты. Бибо уæд ам культурæйы министр уыдис. Æз ын уыцы фæлладæй, цæфтæй, бинтытæй бастæй йæ кусæн уатмæ куы бахызтæн, куы мæ федта уыцы хуызæнæй, уæд дæ бауырнæд, къулмæ азылд æмæ иуцасдæр кæугæ фæкодта, йæ фæтæн уæхсчытыл зырзырæг бахæцыд. Æрæджиау кæддæр æй æрсабыр кодтон. Мæхицæн дæр мæ цæссыгтæ æркалдысты…



Николай Ващилин, Уататы Бибо, Владимир Кодинцев
æмæ Дагун Омаев киноныв «В чёрных песках» исгæйæ. 1968 аз

МЫСИНÆГТÆ

ЙÆ ФÆНДАГ ИРД, ФÆЛÆ – ЦЫБЫР

Нæ сывæллоны бонтæ æрцыдысты хæсты æмæ фæсхæсты азтæм. Алкæмæн дæр зын уыдис, æрмæст махæн нæ. Уæд ма фæндзæм къласæй уæлæмæ ахуырæн æхца фидын хъуыд, адæммæ та æхца нæ уыд. Æмæ-иу сывæллæтты уроктæй рарвыстой, æхца æрхæссут, зæгъгæ. Мах та-иу нæ рарвыстой: сæ фыдтæ хæсты кæмæн баззадысты, уыдон уæгъд уыдысты уыцы фиддонæй, афтæмæй фестæм Бæтæхъойыхъæуы 7 къласы. Дарддæр ахуыр кодтам Буроны скъолайы.

Бимболат гыццылæй фæстæмæ дæр аивадмæ æмхиц уыд: кафыд, зарыд, балалайкæйыл тынг дæсны уыд. Иухатт Буронмæ Ирон театр æрласта спектакль, Бимболат сæм фæскулисæтæм бацыд, базонгæ Баллаты номдзыд Валодяимæ. Уый йæ сразæнгард кодта, æмæ театрмæ ацыд. Горæты фыццæгæм скъоламæ изæрыгон ахуырмæ бацыд. Цастæ ахуыр кодта, кусын дæр æй хъуыд изæрыгон театры æхххуысгæнæн къорды – фæлварæнтæм-иу бацыд. Цæргæ та кодтой цыппар лæппуйæ иу гыццыл уаты Никитины уынджы 4-æм хæдзары: Тотойты Хъазыбег, Гокъинаты Игорь, Гæздæнты Булат æмæ Бимболат. Æртæйæ дæр æнафоны се 'цæг дунемæ ацыдысты, се 'ппæты бæсты дæр Булат цæры. Тыхст цард кодтой, фæлæ кæрæдзи бирæ уарзтой æфсымæртау æмæ фæрæзтой.

1959 азы ацыд Мæскуымæ æмæ фæрынчын рæуджыты низæй, бирæ фæхуыссыд рынчындоны. Дагестайнаг студент Айгумов Айгум уæд уыд студентты профцæдисы сæргълæууæг æмæ йын фæд-фæдыл дыууæ балцæджы радта санатори «Павлищев Бор»-мæ, æмæ уым йе 'нæниздзинад хорз сфидар. Куы æрбацыд, уæд цыппар мæйы фæцухы фæстæ йе 'мбæлтты дæр баййæфта, фæлварæнтæ дæр радта æмæ дыккаг курсмæ бацыд.

Мысинæгтæ – бирæ, зæрдæ сæ ныккæрзы, æнæ мæнузæгъæгæй аивады бæрзæндтæм схызт, фæлæ хъысмæтæн цы загъдæуа, йæ тæккæ лæджы кары куы бацыд, уæд уыцы 9 майы 2000 азы фыдрайсом скодта…

Мæ алыварс дуне сафтид, цæрыны ныфс мæ нал уыд, афтæмæй цыппар æмæ ссæдз азы рацыд.

Кæд дунейы фарн ахæм арфæ ракæнид, æмæ йын ирон сценæйыл

йæ ном дарддæр ахæссид Токаты Зауырбег, Щукины театралон институты рауагъдон.

Бузныг зæгъын мæ фæнды мыхуыры фæрæзтæн, йæ ном ын кæй нæ рох кæнынц, уый тыххæй.

УАТАТЫ Азæ, Бибойы хо

ХÆЛАРДЗИНАДЫ СИМВОЛ

Куыд бирæтæ, афтæ æз дæр фыццаг хатт Бибойы федтон кинонывтæ «Руслан и Сухраб», «Хасан-арбакеш», «Огненные дороги»-йы. Йæ фидар уæнгты конд ныфсы уылæнтæ хаста суанг экранæй дæр, æмæ-иу мæхинымæр загътон: «Уæйыг у, уæйыг!» Раст-иу мын мæ нана цы аргъæуттæ кодта, уым цы уæйыг уыд, уый хуызæн мæм каст æцæг. Уæдмæ Мæскуымæ Щукины номыл театралон училищемæ ахуыр кæнынмæ куы ацыдыстæм, уæд нæм уырдæм æрцыд, æмæ йыл мыдыбындзытау æрæмбырд стæм, легендæ нæм æрцыд, зæгъгæ! Чи йын йæ къух иста, чи йæ фарсмæ æрбадт, чи загъта, мæ къам-ма мын йемæ сисут, зæгъгæ. Иу ныхасæй, хæлоф ыл кодтам, йæ уындæй не 'фсæстыстæм, æнхъæл куыд нæ уыдыстæм, ахæм фембæлд рауад.

Ахуыры фæстæ Ирыстонмæ æрыздæхтыстæм, æмæ Бибойы арæхдæр райдыдтон уынын. Æнкъардтон йæ зæрдæйы хъарм ахаст мæхимæ, æмæ мын уый хаста стыр æхцондзинад. Уæдмæ фæлымæн стæм. Уыцы рæстæджы-иу Узбекистаны уыд, æмæ мæм фыстæг æрбарвыста, Ташкентмæ æвæстиатæй рацу, ам дын бынат скодтон, зæгъгæ. Æз фыр цинæй цæугæ нæ, фæлæ тæхгæ кодтон. Раст цыма мæм Уастырджи йæхæдæг хонæг æрцыд, уыйау мæ цин мæ мидæг нал цыд. Мæхицæй куыд нæ ныхъхъал уыдаин! Ирон театры аивадон разамонæг Хуыгаты Георæй мæхи кургæ дæр нал ракодтон, афтæмæй мæ дзаумæттæ амбырд кодтон æмæ Ташкенты балæууыдтæн. Бибо мыл сæмбæлд, киностудийы хицау Кимягаровмæ мæ бакодта æмæ йын загъта: «Это мой младший брат. Будешь к нему относиться так же, как и ко мне». Уый фæстæ мæ ахуыдта театралон институтмæ, ам дæр кусдзынæ, зæгъгæ. Фæстæдæр балæууыдыстæм стадион «Динамо»-йы. Уæд мæ тæккæ спортивон архайды уыдтæн, æмæ та мын уым дæр бынат скодта.

Иубон Ташкенты сæйраг проспекты иумæ рацæйцыдыстæм, æмæ,

мæхи цæстæй цы федтон, æвдисæн цæмæн уыдтæн, уый æндæр исчи куы радзырдтаид, уæд ыл мæхæдæг дæр нæ бауæндыдаин. Адæм Бибойы куы ауыдтой, уæд сæ машинæтæ иугай уромын райдыдтой, алырдыгæй йæм згъорынц, йæ хъуырыл ын атыхсынц, йæ къухтæн ын пъатæ кæнынц, курынц дзы автографтæ. Раст Фыццæгæм Майы адæм дæргъæй-дæргъмæ куыд ныххал вæййынц, афтæ ныххал сты адæм Бибойы фæдыл. Уыдонæн сæ разы лæууыд сæ национ хъайтар кинонывæй – Бай-Бибо! Уæд æз æвдисæн уыдтæн Узбекистаны адæмы стыр уарзондзинадæн Бибомæ, раст цыма сæм уæлæрвтæй зæд æртахт, уыйау ын табу кодтой.

Ирыстонмæ æрцыдтæн, мæ гæххæттытæ театрæй райсон æмæ фæстæмæ фездæхон Ташкентмæ, зæгъгæ. Фæлæ хъуыддæгтæ ам зæрдæйы фæндиаг нæ рауадысты: Геор мæ 33-æм статьямæ гæсгæ куыстæй ссæрибар кодта. Тынг ын фæхъыг, æнæ йæ бафæрсгæйæ кæй ацыдтæн, уый. Гъемæ уый фæстæ иуцасдæр куыстон сценæйы кусæгæй, уæдмæ фæстæмæ рольты дæр хъазын райдыдтон. Уыцы хабæрттæ Бибо куы базыдта, уæд хæрдмæ фæхауд, срæмыгъта, атархъулæттæ ис.

Фæстæдæр мах Бибоимæ иумæ хъазыдыстæм спектакль «Фыдæлты намыс»-ы. Уыдис дзы ахæм ныв. Хъантемыраты Терезæ хъазыдис Бибо-Димийы уарзон сылгоймаджы ролы. Бибо Терезæмæ дзуры:

– Нæ разы ничи ис, уæддæр кæрæдзийæ æфсæрмы кæнæм.

– Æртыккаг æз дæн, Дими! – къудзитæй сæм рахъæр кодтон. – Æз дæн, æз, æмæ мæнæй ма тæрсут. Æз уæ уарзондзинады тыххæй мæ уд дæр ратдзынæн! Кæд революци, уæд революци!

Бибо бандонмæ фæлæбурдта æмæ ныхъхъæр кодта:

– Куыдзæг! Куыдзы мард дæ кæнын!

Загътон, йæ тæвдæй мæ æцæг ныртæккæ æрбамардзæн. Бандон æрæвæрдта æмæ мæ ныхъхъæбыс кодта:

– Куыдзæг, куыдзы мард дын кæнын!

Йæ хъæбысæй ме стджыты къæс-къæс ссыд. Мæ цæстытыл ауад, кинонывы стаимæ хъæбысæй куыд хæцыд, уый, æмæ сырдæн мæхинымæр батæригъæдтæ кодтон.

Спектакль «Чепты Чепена»-йы æз Чепенайы ролы хъазыдтæн, Бибо та уыд булкъон. Йæхицæй-иу тынг бирæ ахорæнтæ, хъæлдзæг ныхæстæ бахаста сурæтмæ. Арæх-иу дзырдта: «Чепена, знай, что я тебя очень люблю». Уыдон зæрдæлхæнæн ныхæстæ нæ уыдысты. Арæх мæ хуыдта йемæ балцы, йæ бирæ хæлæрттимæ фынгыл абадынмæ дæр.



Зураб Капианидзе, Гуырдзыстоны адæмон артист, Шота Руставелийы номыл премийы лауреат, Бибойы хуыздæр хæлæрттæй иу (Бибойы табæты раз лæугæйæ):

– Мæнæн ныртæккæйæ зындæр дзурын никуыма уыд. Ме ‘взаг тасгæ дæр нæ кæны, бирæ азты адджын цард кæимæ фæкодтон, уыцы хорз æмгар Бибо мын ныр нал ис.

Æз фæцух дæн, мæ зæрдæйы арфдæр æмæ рæбинагдæр бынат цы хорз æмгар æрцахста, уымæй. Æнæнхъæлæджы мæ къæхты бын ныттыдта, мæ райгуырæн Гуырдзыстон æмæ мæ Ирыстонимæ цы иунæг хид иу кодта, уый. Æз мæ сæрæй ныллæг кувын æппæт ирон адæмæн дæр, ахæм стыр лæг кæй æхсæнæй рацыд. Бибо, нырæй фæстæмæ мыл хур куы кæса, уæддæр мæ йæ тынтæ никæдуал батавдзысты. Иу хатт ма стыр бузныг зæгъын ирон адæмæн, ахæм диссаджы æфсымæры кæй фæрцы базыдтон. Мæ зæрдæ уын зæгъы, цæмæй Ирыстонæн уа Бибойы хуызæн хъæбултæ.

«Ретивый поросёнок»

Зураб æмæ Бибо

«Берега»

«Не горюй»

«Чёрный принц Аджуба»

Цы уыдтон æз? Адæмы æгæрон уарзондзинад Бибомæ æмæ йын, цы стыр аргъ кæнынц, уый.

Иу хабар ма мæ фæнды радзурын. Иуахæмы мæм Бибо фæдзырдта æмæ мын афтæ:

– Хъазыбег, мах демæ ныртæккæ цæугæ кæнæм.

– Цафон? – фæцырд дæн æз дæр.

– Кæдæм, зæгъгæ мæ уæд та бафарстаис! – бахудт Бибо. – Цæуæм Тбилисмæ, уырдыгæй – Бакумæ. Мæ хæлæртты æрымысыдтæн æмæ сæ хъуамæ фенон.

Фæраст стæм Бибо, Мæхъиты Гайоз æмæ æз. Тбилисы Бибойыл цы кадимæ сæмбæлдысты æмæ йын цы æгъдæуттæ скодтой, ууыл киноныв сисæн ис. Мæнæн уый уыд хæлардзинады бастдзинæдтæ æмæ ахастдзинæдты наукæ. Мах уыдыстæм уазæгуаты тынг хъæздыг хæдзары. Æндæр бон та – иу мæгуыр лæг, дзабыртæ хуыйæджы гаражы. Æмæ уæ бауырнæд, сæ дыууæмæ дæр йæ ахаст уыд иухуызон. Мæ бон фидарæй зæгъын у, дзабыртæ хуыйæджы бынæтты йæхи хуыздæр кæй хатыд, уый. Уымæн æмæ йæ разы уыд, йæ адæймагдзинадæн ын стыр аргъ чи кодта, уыцы хуымæтæг адæймаг. Цæрæг хæдзары та цин кодтой, ахæм кад сæм кæй æрхауд Хуыцауæй, Уататы Бибоимæ зонгæ кæй сты.

Уазæгуаты нæ фæхуыдта зындгон актер Отар Мегвинетухуцеси, 1958 азы киноныв «Фатимæ»-йы Дзамболаты ролы чи ахъазыд, уый. Бацыдыстæм сæм. Дæргъæй-дæргъмæ фынгтæ нын сæвæрдта. Куыд рабæрæг, афтæмæй уыцы рæстæг рынчын хаста, фæлæ, Бибо ссыд, зæгъгæ, уæд дзы йæ низтæ дæр ферох сты. Фынгыл хистæрæн бадт ас кары хæрзконд нæлгоймаг. Уым цы аргъаухуыз рæстæг арвыстам, уый цæрæнбонты баззайдзæн мемæ. Уым иумæ цы рæсугъд куывдтытæ, цы зæрдтытæ фæкодтой!

Цардыстæм Гайозы хæдзары. Иуизæр тыргъмæ рацыдыстæм, æмæ нæ цæстыты раз байгом ахæм æрдзы ныв: арвыл нæм стъалытæ дзыгуыртæ-дзыгуыртæй сæ цæстытæ нықъулынц, сыгъдæг уæлдæфы ноглæмæрст сæнæфсирты æмæ физонæджы тæф баиу сты æмæ, гыццыл фалдæр цы бирæмырон зарджытæ кодтой, уыдонимæ баххæст кодтой изæры цин. Нæ дзыхæй сыбыртт дæр нал хауд.

– Бахъуыды кæн ацы изæр, Хъазыбег, дæ зæрдæ байдзаг кæн йæ цинæй, уымæн æмæ йын фæстæмæ раздахæн уал уыдзæн, – загъта Бибо.

Бакумæ нал ацыдыстæм. Бибо йæхи хорз нæ хатыд. Иу æхсæв ма баззадыстæм фæстæмæ фæндагыл Цхинвалы. Бибо зыдта тынг бирæ

таурæгътæ æмæ æмдзæвгæтæ. Цхинвалы куы уыдыстæм, уæд мын каст Фирдоусийы, дзырдта, куыд хъæуы цæрын, мысыд йæ хæлæртты.

– Кæс, ме ʼфсымæр Хъазыбег. Кæс мæнмæ æмæ ды дæр царды афтæ кæн. Уарз адæмы, дæ хæлæртты, аргъ сын кæн! Бæтт сæ кæрæдзийыл! Мæ фæстæ хъуамæ театры разамонæг ды уай.

Бирæ рæстæг нæ рацыд, афтæ Бибо йæ цардæй ахицæн.

Æз Бибойы схонин «Символ Мира». Уымæн æмæ ирон адæмы иу кодта се ʼппæтимæ дæр – таджикæгтимæ, узбекæгтимæ, гуырдзиæгтимæ, уырыссæгтимæ, казахæгтимæ… Иууылдæр æй уарзтой æмæ йын кодтой стыр аргъ. Раст загъта Зураб Капианидзе Бибойы табæты уæлхъус: «Бибо построил мост между Осетией и Грузией, и сегодня этот мост рухнул».

Бузныг зæгъын Стыр Хуыцауæн, кæй мын радта Бибойы базонын, йæ фарсмæ лæууын, йемæ иумæ сценæйы хъазын, иу зæххыл цæуыны амонд, кæй ис мæ зæрдæйы арфы йæ фарнæй хай, æмæ йæ кæй у мæ бон адæмы размæ хæссын, йæ рухс ном ын цæрæццаг кæнгæйæ!

ГУЫБИАТЫ Хъазыбег

ФÆРИССЫН НÆ КОДТА...

Мах Бибоимæ иу аз ацыдыстæм ахуыр кæнынмæ: æз – Ленинградмæ, уый та – Мæскуымæ. Мæскуы та цавæр горæт у: цæстытæ – фæйнæрдæм араз, æрмæстдæр кæсгæ кæн. Æвзыгъд, бæрзонд, хæрзконд лæппу уыд, æмæ йыл иууылдæр сæ цæст æрæвæрдтой, суанг ма ахуыргæнджытæ дæр. Æз иухатт мæ фæндаг ууылты ракодтон, бабæрæг кодтон, театралон студийы цы ирон фæсивæд ахуыр кодтой, уыдоны. Афтæ рауад, æмæ уыцы бон сæ куыстытæ сценæйыл æвдыстой, æмæ сæ мæ зæрдæ барухс, уæлдайдæр Бибойæ. Уый бирæ лæппутæ æмæ чызджыты æхсæн цæхæртæ калдта. Мæнæ куыд вæййы: хуыртæ – бирæ, дуртæ – бирæ, фæлæ дзы уæддæр се ʼхсæн иу уæлдай æрттывд фæкæны. Бибо дæр – афтæ...

Ахæм цæхæр калдта ам нæхи театры кусгæйæ дæр. Мах æм, йе ʼмкусджытæ, иуварсæрдыгæй кастыстæм æмæ цин кодтам уымæн йæ курдиат, йæ актеры стыр хуымæтæгдзинад æмæ рæдаудзинадыл, афтæ нæм касти, цыма мыггагмæ дæр афтæ уыдзæни.

Хуыцауы цæст нын æй нæ бауарзта. 2000 азы 8 майы изæрæй нæ театры уыдис стыр концерт, уым уыд нæ хицауад дæр. Уый куы фæцис, уæд Бибо, фысымæн куыд фембæлы, афтæ уазджыты афæндараст кодта радгай, иуы фæдыл-иу рацыд æмæ та-иу æрбаздæхт. Æмæ афтæ иуцалдæр хатты. Фæстаг уазæджы куы фæфæндараст кодта, уæд вахтеры рудзынг бахоста æмæ йын загъта:

– Азæ, æрцæр, гъеныр дæм нал æрбаздæхдзынæн...

Бахудти, йæ къух уæлдæфы ауындзæгæй баззад, афтæмæй кæртмæ ахызт.

Æцæгæйдæр нал æрбаздæхт...

Дыккаг бон, 9 майы, раздæр куыд баныхас кодтам, афтæмæй æз, Магкоты Ацæмæз, Гæлæуты Анатоли æмæ Бибо хъуамæ сæмбæлдаиккам театры кæрты, цæмæй иумæ байхъусæм, нæ ног спектакль «Къостайы сагъæстæ»-йы цы музыкæ зæлдзæн, уымæ, уымæн æмæ дыууæ боны фæстæ уымæн премьерæ снысан кодтам. Райсомæй мæм телефонæй æрбадзырдтой æмæ мын æнкъард хъæлæсæй загътой:

– Розæ, цæуын никуыдæмуал хъæуы. Бибо нын нал ис...

Йе ‘нусон бынаты йæ куы бавæрдтой, уæд театр куыста. Фæлæ-иу райсомæй æрбацыдыстæм, бæлæсты бын бандæттыл кæнæ къæсæры асинтыл-иу нæхи æруагътам. Бауырнæд дæ, мидæмæ нæ зыбыты иунæг дæр нæ хызти. Афтæ ахаста æнæхъæн къуыри. Нæ вахтер Азæ-иу куы ныууынæргъыдта, афтæ, дам мын цæмæн загъта Бибо, æрцæр, Азæ, нал дæм æрбаздæхдзынæн, зæгъгæ...

Чидæр нæ уæлдæр хицауадыл сардыдта, æмæ уыдон Хуыгаты Геормæ фæдзырдтой, кæдмæ, дам, марой кæндзыстут...

БЕКЪОЙТЫ Розæ

УЫД ЫН ФÆЛМÆН ÆМÆ РÆДАУ ЗÆРДÆ

Бибо Уастырджийы зарæг куыд рæсугъд кодта, уый алчи дæр зоны. Мæнмæ гæсгæ йæ Ирыстоны уымæй дæсныдæр æмæ фæлмæндæрæй ничи зарыд.

Кæцыдæр аз Уæлладжыргомы Уастырджийæн цыртдзæвæн куы гом кодтам, уæд æм бадзырдтон, зæгъын, Бибо, хорз уаид, уым дзыллæты раз уыцы зарæг куы ныццæлхъ ласис, уæд. Бауырнæд дæ, ныууагъта йæ хъуыддæгтæ æмæ æрбацыдис, нæ бæрæгбон нын сфидауын кодта.

Умæй иуцасдæры фæстæ мæ чызг Виолæ йе ’вæрд спектакль «Арвайдæн»-ы иу ран æртæ æртæдзыхоны мидис æвдыста. Æз ын загътон, зæгъын, уыцы сценæйы Бибо Уастырджийы зарæг куы ныккæнид, уæд уæлдай тынгдæр фæцæуид адæмы зæрдæмæ.

Мæ чызг мемæ сразы, æмæ та уæд æз ногæй Бибомæ бауæндыдтæн. Уый исдуг ныхъхъус, стæй загъта:

– Æвæдза, ирон адæмы æхсæн куыд зын цæрæн у!.. Гъеныр дæм де ‘рдхорд куы ‘рбадзура, уæд цыфæнды æнæвдæлонæй дæр цы нæ бакæндзынæ! Стæй Уастырджийы тыххæй дæр!..

Уый уыдис, нæ республикæйы ног Сæргълæууæг æй культурæйы министры бынатмæ куы нал бауагъта, уыцы бонтæй иуы. Йæ зæрдæйы уавæр сæ хæрзтæй нæ уыд, фæлæ мын уæддæр сразы. Азарыд, уый иу, фæлæ ма спектаклы кæрæй-кæронмæ дæр фæбадт. Æз æм иуварсæрдыгæй кастæн æмæ федтон, иуафон йæ рустыл цæссыгтæ куыд æруадысты, къухсæрфæн куыд систа, уый. Спектаклы фæстæ мæнæн дæр æмæ мæ чызгæн дæр арфæтæ кæнынмæ схызт, уæддæр ма йæ цæстытæ хуылыдз уыдысты.

Гъе, ахæм фæлмæн, рæдау зæрдæйы хицау уыдис ме стыр хæлар. Æнæхин æмæ æуууæндаг...

ХОДЫ Никъала

ДИДИНДЖЫТÆ ЙÆМ ТÆРИГЪÆД КАСТЫСТЫ

Арæхдæр мæ зæрдыл æрлæууы дыууæ цауы.

Нæ хæдзары сæр мын чысыл дыргъдон уыдис, авгæй æмбæрзт, æмæ уым кæцыдæр бон Бибо, Хуымæллæгæй Кæсæбиты Руслан, беслæйнаг Бæтæгаты Израил æмæ æз фæбадтыстæм, фæзарыдыстæм. 9 Майы бæрæгбоны кой дæр нæм рауад, æмæ не ‘ппæтæн дæр æнæнхъæлæджы Бибо афтæ куы бакæнид:

– Æз ацы бæрæгбон нæ уарзын. Зын мын вæййы уæд...

Цæмæн, уый дæр радзырдта. Æз, дам, хорз хъуыды кæнын, хæст куы фæцис, уыцы бон. Уынджы хъазыди, лæппутимæ кæрæдзи расур-басур кодтой. Уалынмæ телыхъæдыл ауыгъд репродукторæй Левитан бæзджын хъæлæсæй радзырдта:

– Хæст фæцис, мах фæуæлахиз стæм!..

Æз, дам, нæ хæдзармæ – згъоргæ мæ мадмæ хæрзæггурæггаг. Уый мæ æрбахъæбыс кодта æмæ загъта:

– Махæн нæу уыцы уæлахиз. Дæ фыд дзы нал ссæудзæн...

Мæ ныййарæджы уæды цæссыгты хъарм ма ныр дæр мæ дæллаг-хъуыр æнкъарын.

Мæ хæлар дидинджытæ бирæ уарзта. Йæ амæлæты размæйы бонтæй мæм иуы æрбадзырдта:

– Абон уæлæ горæты сæрмæ, чидæр æнæзылдæй кæй ныууагъта, ахæм цæхæрадоны замманай уардиты къутæртæ федтон. Цом-ма суайæм æмæ сæ скъахæм, науæд тæригъæд сты рохуаты...

Ссыдыстæм, скъахтам сæ, сæ иу хай сын æз Дзæуджыхъæуы мæ кæрты ныссагътон. Алы уалдзæг дæр зæрдиагæй ракалынц, ме стыр хæлары мын рох кæнын нæ уадзынц...

ТОТЫККАТЫ Тамерлан

ÆВГЪАУАГ

Мæрдты бæстæн, дам, æвгъауаг ничи у. У! Зæгъæм, Бибо уыд. Æмæ ома йæ тæккæ цардбаргæйæ кæй фæсыкк йæ балц, уый нымайгæйæ нæ уыд судзаггаг зиан, фæлæ йын сфæлдыстадон ахсджиаг хъуыддæгтæ баззад айдагъ нысангондæй.

Æз сæйраджыдæр ахæм зондыл хæст дæн, æмæ, кæд цыфæнды номдзыд актер æмæ артист ссис, уæддæр æм йæ зæрдæйы уæрæх æмæ йæ уды къуырфыты дзаг куыст не ʻрхауд, нæ фæцис йæ хай. Уæвгæ та ахæм ролы аккаг уыд йæ бакаст-уынд-кондæй дæр æмæ йæ курдиаты авналæнтæм гæсгæ дæр.

Иуафоны-иу бæргæ бахъавыдтæн Бибойæн – сæрмагондæй Бибойæн – драмон уацмысы мидæг ахæм сурæт сфæлындын, йæхæдæг дæр ыл райгондæй куыд сразы уа. Йæ саджы фисынтыл амад гуырыконд, йе ʻрттиваг фæлгонц-фактурæ йын зæрдыл даргæйæ, мæ мидæг æй уыдтон æппæткавказаг сæрæнгуырдæй, – æнæрдзæф, нæрæмон, фидистæ æмæ уайдзæфтæ кæмæ не ʻххæссынц, зæххы уарзон сæрыстыр хъæбул æмæ арвы фидауцæй. Ноджы ма йын уыдаид авд хохаг адæмыхаттæй дæр бинойнæгтæ æмæ авд фырыхъул фырты – фæйнæ сæ алкæмæй дæр: кæсгон, асыйаг, цæцæйнаг, мæхъхъæлон, абхазаг, солыйаг-авайраг, гуырдзиаг хæрæфырттæ. Уацмысы сæргонд та – «Хетæг – хæтæг барæг».

Ӕмӕ йӕ фӕсауруонмӕ хонынц Кавказы сиахс. Ӕмӕ та радгай алкӕм дӕр фӕзыны цъӕх цухъхъайы цъӕх дугъон бӕхыл, нӕргӕ- илӕлӕйгӕнгӕ хъӕлӕсӕй «бонхорз» дзургӕйӕ, стӕй уӕд йӕ хъаймӕты ‘фсымӕртимӕ Хазбийы зарӕг кӕнгӕйӕ – уадз, ӕмӕ-иу ӕй зарыд, кӕддӕриддӕрау цӕссыгхӕццӕйӕ дӕр!..

Йӕ алы бацыд-рацыдӕй, ӕрбадт-сыстадӕй – йӕ ирон сахъ лӕджы фарнӕй хохаг дзыллӕты ӕфсымӕрон уагыл иугӕнӕг, кӕрӕдзиуыл сӕ Хуыцауы ӕхцонӕн ӕнгом бӕттӕг…

О, ацы фӕлӕ, ацы…

Уыд Фыццӕгӕм Май. Райдзаст, ӕвзонг хурӕй хъӕрмустгонд бон. Алы парадтӕ-демонстрациты рӕстӕг уӕдмӕ аивгъуыдта. Уӕ фарн – тыхджын, мӕ фарастаздзыд фырт Хадзы-Муратимӕ Ирон театры фӕзмӕ фӕраст стӕм – ам, дам, дзыллон ӕмбырд уыдзӕн.

Ӕмӕ нӕ размӕ ӕртӕ-цыппар хъомыл лӕппуйы фӕцис, се ‘хсӕнӕй йӕ бӕрзӕнд рӕзӕй зыны Бибо. Фӕтчыгъӕдӕн кӕрӕдзи уӕлӕнгӕйтты афӕрстытӕ кодтам, куыд у ӕмӕ цы у, зӕгъгӕ, стӕй мӕ Бибо фӕрсы, Хаджимӕ амонгӕйӕ, чи, дам дын у. Куы йын ӕй бацамыдтон, уӕд ӕй ӕрбахъӕбыс кодта, йӕ фӕтӕн армӕй йын йӕ сӕр алӕгъзытӕ кодта, цал азы йыл цӕуы, уымӕй йӕ афарста.

– Фараст, – загъта уый.

– Ӕмӕ, горӕтаг ирон, уӕд та ма ссӕдзмӕ нымайын зоныс?

– Зонын…

– Ӕмӕ уӕдӕ ӕстдӕсы фӕстӕ та цас уыдзӕн?

– Нудӕс…

– А-гъа. Авд ӕмӕ дӕс – уый дын ӕвддӕс, аст ӕмӕ дӕс – ӕстдӕс, ӕмӕ уӕд «ну» та циу?

Лӕппу фӕрсаг цӕстытӕй мӕнмӕ кӕсы ӕххуысагур, фӕлӕ йӕ ӕз дӕр – худинаг! – нӕ зыдтон, ныкъкъӕмдзӕстыг дӕн.

Бибойы дзаг цӕсгом афтӕ сӕрттывта йӕ мидбылхудтӕй, ӕмӕ ма раст Май дӕр ӕцӕг фӕбӕрӕгбонхуыз.

– Уый фараст амоны, фараст таджикагау. Ну ӕмӕ нӕхи дӕс – нудӕс!

…Нымадӕй аст боны рауад уӕдӕй. Ӕмӕ, дам… Бибо, дам… Бибо…

Ӕппындӕр ницы хуызы фидыдта цардыл ахӕм фыдуац.

– Хаджи, дӕ сӕр дын чи лӕгъзытӕ кодта, уыцы стыр лӕппулӕджы хъуыды кӕныс?

– Кӕнын. «Ну» цас у, уый дӕр нын куы бацамыдта…

– Ӕмӕ – йед… Йӕ зианмӕ мемӕ цӕуыс?

– Куыд ома? Æмæ исты мæлгæ акодта – уыцы дынджыр-стырæй?! Цæмæн уæд?

– Цæмæн, цæмæн… Уымæн æрмæст Хуыцау у йæ зонæг…

– Цæуын.

…Хъæугуывд уыд Зилгæйы, фыдæлты кувæндон Къохы, Хуымæллæджы доны уæлбыл фæзы. Сæрд. Цæхæркалгæ бон. Тæккæ былгæрон – пæлæхсар рæсугъд кæрз бæлас. Йæ аууоны урс фæлысты лæууы Бибо, йæ галиу къухæй хæцы бæласы цæджындзыл. Кæддæры дардæй дæр мæм æрттивгæ нывау зыны цард цардхуызгæнæг нывау…

Цæугæдон бæласы бын былгæрæттæ бахсыдта иуцасдæры фæстæ. Кæрз ныххауд донмæ. Былгæрон фæсидзæрау, нал фидыдта фыццагау.

Бибойы царды уидæгтæ дæр æнæрайы хъысмæт бахсыдта. Æмæ Ирыстонæн цыдæр нал фаг кодта, йæ хур бон дæр æнæ уыцы чидæр-цыдæр йæ чемы нæ уыд…

ГУСАЛТЫ Барис

ФÆСТАГ ХЪÆБЫС

Бимболат… Мæ мады ахсджиаг æфсымæр. Æппæт Ирыстонæн дæр стыр НЫФС чи уыдис, уый махæн, йæ кæстæртæн та цавæр хъуамæ уыдаид? Чермены кинонывы куы истой, уæд мыл цыппар азы цыдис. Дæргъæвсы цардыстæм уæд, æмæ кинойы фылдæр хай дæр уым истой. Мæ фыццаг мысинæгтæ Бибойы тыххæй, æвæццæгæн, уыцы рæстæгимæ баст сты. Рæсугъд, уынддджын, конддджын лæг-иу фæскуыист куы æрбахызти кæртмæ йе 'мбæлтты разæй, уæд, цыма Зæд æрбацæуы, афтæ мæм каст. Цыфæнды фæлладæй дæр нæ-иу хъуамæ барæвдыдтаид, фæлмæн ныхæстæ-иу ссардтаид йе 'нæкæрон уарзæгой зæрдæйы. Афтæ мæм каст, цыма мах, йæ хæрæфыртты, йæхи хъæбултæй къаддæр нæ уарзы. Рæстæгæй-рæстæгмæ мæ-иу мæ мадымад йæхимæ ракодта, æмæ ма-иу уæд мæнæй амондджындæр кæм уыдис! Бибойы алы бон дæр чи уыдта… Боныгоны репетицимæ-иу мæ театрмæ йемæ акодта, æмæ мæм афтæ каст, цыма аргъаумæ бахаудтæн. Артисттæй-иу чи заргæ кодта, чи фæндырæй цагъта, чи та – кафгæ. Зæххон адæм цыма нæ уыдысты, афтæ мæм каст. Се 'ппæт дæр мыл-иу цинтæ кодтой:

– Бибо, ацы дзæбæх сывæллон чи у?

– Мæ хо Азæйы чызг, – дзуапп-иу радта.

Сæ фæскулисæты цы тарсырх æмбæрзæнтæ уыдис, уыдон ныр дæр ма мæ цæстытыл уайынц.

Уæдæ куы рахъомыл стæм, уæддæр нæ алы хъуыддаджы дæр разæнгард кодта, кæддæриддæр нæ фарсмæ уыд, иу ныхасæй, не стыр ныфс уыдис. Мæхицæн кæстæр куы фæзынд, уæд ууыл дæр афтæ узæлыд. Скъолайы фæстæ-иу сæ йæхи кæстæр чызгимæ раласта æмæ мæм-иу телефонæй æрбадзырда: «Дæ лæппуйы ма агур, æз æй нæхимæ акодтон». Мæнæ раст цыма йæхи дада уыд, афтæ.

Хъыгагæн, 2000 азы 9 майы нæ цард дыууæ дихы фæцис. Афтæ мæм кæсы, цыма æнæ Бибо цæрын афтæ дæр нæ базыдтам… Никуы байгас уыдзæн уыцы хъæдгом нæ бинонты зæрдæты. Фæстаг хатт ма йын куы ахъæбыс кодтон, уæды хъарм абон дæр æнкъарын…

ТОКАТЫ Аллæ, Бибойы хæрæфырт

ХÆЛАРЫ ЛÆГГАД

Цæгат Ирыстоны адæмон фыссæг Дауыраты Дамир джиппы рауадзынмæ цы ног чиныг бацæттæ кодта, уый арæзт у, Уататы Бибойы хорз чи зыдта, йæ фарсмæ чи куыста æмæ цард, уыцы адæмы, стæй йæ бинонтæй цалдæры фæлмæн мысинæгтæй.

Мах дзы мыхуыр кæнæм цыбыртæгондæй цалдæр.

Хатгай Дзæуджыхъæуы сæрмæ Намысы Аллейы Бибойы цырты цур куы сæмбæлын, уæд та ногæй мæ зæрдыл æрлæууынц ме ’взонджы азтæ. Уæд Ног Бæтæхъойыхъæуы авдкъласон скъола йеддæмæ нæ уыд, æмæ Бибо йæ ахуыр æстæм къласы махмæ, Хуымæллæджы, райдыдта. Афтæ рауад, æмæ нæ цæмæндæр нæ къласы разамонæг иу партæйыл сбадын кодта. Уæд райгуырдис нæ бирæ азты хæлардзинад.

Иу фæззыгон бон нæ ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг, дзæнæтыбадинаг Цæлойты Федя цалдæрæй фæсурокты баурæдта, Къостайы æмдзæвгæтæй нын фæйнæ байуæрста, сахуыр сæ кæнут, тагъд нæм не стыр поэты райгуырæн боны размæ кадджын изæр уыдзæн, зæгъгæ. Цалынмæ нын нæ хъæндзинæдтæ амыдта кæсгæ-кæсын, уæдмæ æрталынг. Ахуыргæнæг зыдта, Бибойы сыхаг хъæумæ цæуын

хъæуы, уый æмæ нын цалдæр лæппуйæ ныффæдзæхста, сæхимæ, дам æй схæццæ кæнут. Дыууæ хъæуы астæу, ныр нал ис, фæлæ уæд фæндаджы был дзæгъæл дурын цырт лæууыд, адæм æй «Зылын цырт»-æй зонынц. Куыддæр уый цурмæ схæццæ стæм, афтæ Бибо фæстæмæ фæзылд, йæ чингуыты хызын хердмæ систа æмæ загъта:

– Ардыгæй уæлдæр мауал цæут... Цыма ныр нæ дуармæ схæццæ дæн, афтæ уæм кæсæд.

Цыдæр ныхæстæ ма кодтам, афтæ Бибо не ’ппæтæн дæр æнæнхъæлæджы Хазбийы зарæг систа, цыма йæхицæн йæ дарддæры фæндагмæ ныфс æвæрдта, уыйау, йæ къухтæй махæн дæр ацамыдта, бахъырнут мын, зæгъгæ.

Никуы мæ ферох уыдзæн, иухатт Бæтæхъойыхъæуы уæлмæрды куыд сæмбæлдыстæм, уый дæр. Зианы чырын ингæны куы ауагътой, сыджыты фыццаг къуыбæрттæ куы ныккалдтой, уæд Бибо мæнæн æмæ нæ иннæ хæлар, ацы хъæуккаг лæппу Кудзаты Георæн йæ сæрæй ацамыдта, мæ фæдыл, дам-ма рацæут, нæ зæронд мæрдтыл мæ къух авæрон. Иуцалдæр ингæны уæлхъус алæууыд, стæй, фæстæмæ куы раздæхтыстæм, уæд уæлмæрды кæрон иу стыр акъаци бæласы бын зæронд къодахыл æрбадт. Бæласы алыварс бæрзонд æнæвнæлд кæрдæджы-иу хъарм дымгæ куы иуæрдæм, куы иннæрдæм куыд акъул кодта, уымæ æнæдзургæйæ фæкаст, стæй Георы уæхскыл йæ армытъæпæн æруагъта æмæ загъта:

– Хъусыс, искуы мыл исты куы ’рцæуа, уæд мæ-иу мæнæ ацы тæккæ ран баныгæнут...

Геор æм цымыдис каст бакодта:

– Æмæ йæ мах разæй исчи куы æрцахса, уæд та?

– Хъахъхъæнæг ын сæвæрут абонæй фæстæмæ!.. Æрдхорд та ма дзы цæмæн фæхъæуы?!.

Æмæ йæ худын куыннæ фехъуыса, афтæ йæ фætæн армытъæпæн йæ былтыл авæрдта.

Ууыл ныр цал азы рацыд, фæлæ æз, хатгай уыцы уæлмæрды куы сæмбæлын, уæд уыцы зæронд акъаци бæласы цурмæ æнæ бацæугæ нæ фæвæййын, йæ быны цы бæзджын кæрдæг зайы, уымæй ныр дæр дымгæ фыццагау хъазы. Нырма уыцы ран ингæны бынатæн зæхх ничима равзæрста, æвæццæгæн, æмæ ацы хъæуыл сæ лæппуты хуыздæртæй иу – Бибойы – фæдзæхст айхъуыст, сæ цæст æм нæ уарзы бавналын...

Бибо нæ республикæйы культурæйы министр куы уыд, уæд ын иу фæссихор йæ дуарыл рахæцыдтæн, зæгъын, мæнæ мын ног чиныг рацыд, иу дын дзы лæварæн æрбахастон. Иннæ хæттытау та мыл бацин кодта мæ сабидуджы хæлар, раарфæ мын кодта, стæй мæм æрбакаст, йæ мидбылты бахудт:

– Цалынмæ ацы зæххыл цæрын, уæдмæ ма мæныл дæр иуцалдæр рæнхъы ныффысс... Мæнæ кæй стаугыс, уыдон мæнæй лæгдæртæ сты? Хæлар та ма дзы цæмæн фæхъæуы?..

Уæд æй нæ бамбæрстон, хъазгæ кодта æви æцæг дзырдта, уый, фæлæ куынæуал ис, азтæ куыд цæуынц, йæ раздæры уæрæх æмæ райдзаст кусæн уат мæ цæстытыл куы ауайы, уæд мæ цыдæр æнахуыр тых бауигъы:

– Æцæгæй дзырдта, дызæрдыг ма кæн... Æмгары хæс дзы дарыс.

Æмæ уæд, Бибойы хорз чи зыдта, кæимæ куыста, уыдонмæ баулæфыдтæн, зæгъын, ме стыр хæлары тыххæй мæ уæ мысинæгтæ хъæуынц, æмбырд сæ кæнын фидæны чиныгæн…

ТУРЧЫ ЙÆ МÆ ФЫНЫ ФЕДТОН



Ивгъуыд æнусы 60-æм азты ахуыр кодтон педагогон училищейы. Уыцы рæстæг нæ ахуыргæнæндоны чъылдыммæ Терчы был истой киноныв «Сын Иристона», Бибо дзы дзыллон сценæты хъазыд. Мæнæн дыууæрдæм дæр мæ фæндаг ууылты уыдис, æз дæр-иу уым артистты цур æрлæууыдтæн, цымыдисаг мын уыди, æмæ, мæнæ лæппутæ куыд фæлымæн вæййынц, афтæ махæн дæр рауад. Уый фæстæ бонты кæрæдзи къухтæ исын райдыдтам, цыма рагæй зонгæ стæм, уыйау.

Уыцы азы кæрон æз Мæскуымæ скульпторы дæсныйадыл ахуыр кæнынмæ ацыдтæн, Бибо та мæ фæстæ æрцыд; æз кæм цардтæн, уыцы æмдзæрæны уымæн дæр радтой бынат. Раздæр йæ уат æртыккаг уæладзыджы уыди, фæлæ мæнæн ме 'мбал æндæр кæдæмдæр ахуыры фæндагыл ацыд, æмæ уæд Бибо мæ цурмæ æрхаста йæ хуыссæнгæрзтæ. Уыцы стыр сахары раст æфсымæрты цард фæкодтам, кæрæдзийæн ныфс уыдыстæм. Æз уæдмæ адæмæй заказтæ истон, æхца мæм хаудта, æмæ-иу Бибо худæгæй мард, афтæ-иу загъта:

– Рус, хæринагæй мæм фæкæс æмæ йыл фæсмон нæ фæкæндзынæ, ахæм артист мæ рауайдзæн æмæ диссаг!

Суанг фыццаг курсы ахуыр кæнгæйæ, кусын райдыдтон нæ зындгонд бæхылбадæг Хъантемыраты Алыбеджы цыртдзæвæныл. Иубон та мæ уыцы зæрдиагæй фæрсы Бибо:

– Зæгъ-ма, цас дын хъуамæ бафидой ӕдæппæт Хъантемыратæ?

Зæгъын, нæма йæ зонын, не 'хсæн сæрмагонд бадзырд нæма ис, æцæг уал мын алы сабат дæр сæдæ сомы раттынц, гæххæтты мæ къух æрæвæрын... Цæмæн дæ бахъуыд уый?

Уый мын мæ цæстытæм ӕдзынæг ныккаст, стæй дын уыцы зæрдиагæй афтæ куы бакæнид:

– Кæд афтæ у, уæд ма дæ заказыл куыст цыппар азмæ ныддæргъвæтин кæн...

Æз ын йæ хъуыды бамбæрстон, æмæ дыууæйæ дæр хъæрæй ныххудтыстæм. Ома цалынмæ ам ахуыр кæна, уæдмæ. Афтæ хъазгæ, худгæйæ фæцардыстæм. Ирыстонмæ куы раздæхтыстæм, уæддæр нæ хæлардзинады суадон нæ байсыст, кæрæдзи хæдзæрттæм цæуынæй нæ бафсæстыстæм, бирæ хъазæн æмæ худæн бонтæ ныл скодта иумæ.

Бибойы ма фæстаг хатт федтон 2000 азы майы фыццаг бонтæй иуы. Мæн мæ хæлар, туркаг ирæттæй иу, Хаир, сæхимæ ахуыдта, хъуамæ йын йæ фыдæн стыр цырт скодтаин уым. Æнæ Бибойы фенгæйæ куыд хъуамæ ацыдаин æмæ йæм иуизæр йæ куыстмæ бацыдтæн. Мæ балцыл мын бацин кодта, стæй афтæ зæгъы: «Дæ хъæздыг фысимы-ма бафæрс, мæ хæлæрттæй, зæгъ, иуы æрбахонын нæу дæ бон дæхи хардзæй? Бафæлладтæн».

Æз Туркмæ куы ацыдтæн, уæд иуæхсæв мæ фысимæн Бибойы курдиат загътон. Раст зæгъгæйæ, мæхи дæр тынг фæндыд ам, кæйдæр бæстæйы, иугыццыл рæстæг мæ цуры куы фæуыдаид, уый. Æмæ, дам, цы кусæг у, цавæр у. Æз æнæдзургæйæ кърандас æмæ гæххæтт райстон æмæ йын Бибойы сурæт йæхи цур аныв кодтон, фыццаг хатт мын нæ уыдис, мыййаг.

Уый йæм æркасти æмæ куы ныхъхъæр ласид:

– Æмæ ацы лæппуйы æз хорз куы зонын. Дзæуджыхъæуы йæ театры федтон, амæй тынгдæр дзы мæ зæрдæмæ ничи фæцыд. Рацæуæд. Афонмæ Ирыстоны æмбисæхсæв у, æндæр æм ныртæккæ дæр адзурис... Райсом...

Æз схуыссыдтæн æмæ Бибойы мæ фыны федтон, цыма мæ цурмæ æнкъардæй æрбацыд æмæ зæгъы:

– Руслан, тулдз фæйнæджытæ мæ хъæуы.

Зæгъын, цас дæ хъæуы, кæдмæ араздзынæ уыцы хæдзар дачæйы? Æмæ, дам-ма мын ацы хатт фæстаг æххуыс бакæн. Æмæ ууыл æрбадæлдзæх.

Райсомæй куы райхъал дæн, уæд дæллаг уæладзыгмæ æрцыдтæн, мæ фысымтæ сæ тæккæ аходæн хæргæйæ уыдысты, фæлæ Хаирæн радзырдтон, зæгъын, дысон æвзæр фын федтон, ныдздзур-ма Дзæуджыхъæумæ, мæ зæрдæ нæхимæ æхсайы. Уый мыл йæ къух ауыгъта, фынтæ та, дам, цы сты, цæуылты æуууæндыс.

Йæ дзыппæй йæ телефон уæддæр систа, бассейны алыварс рацу-бацу кæнгæйæ, æмæ Дзæуджыхъæуы номыртæ æрзылдта, уыцы бонты йæхи бинойнаг дæр уым уыдис уазæгуаты йæ цæгаты. Стæй хæстæг æрбацыд æмæ мæ фæрсы:

– Дысон цы лæппуйы сныв кодтай, уый дын хорз æрдхорд уыди?

Зæгъын, хуыздæр нæ вæййы.

Æмæ мын уæд йæ къух ме уæхскыл æрæвæрдта æмæ та загъта:

– Уæдæ уæд фидар фæлæуу... Дысон фæзиан. Йæ зæрдæйæ, дам... зæгъынц...

Ууыл дыууæ къуырийы бæрц рацыд, æмæ та мæ фыны Дзантиаты Юрийы куы фенин, уый дæр та мын уыцы курдиат куы зæгъид: тулдз фæйнæджытæ ссарынмæ мын аххуыс кæн, паркетæн мæ хъæуынц. Ууыл дæр та сбустæ кодтон, зæгъын, мæхæдæг дæр дæ цыдæртæ фæагурын, æмæ мын никуы ницы сарæзтай, фæлæ хорз, ацы хатт ма дын баххуыс кæнон.

Æмæ та мæм райсомæй хæдзары хицау бынæй уæлæмæ хъæр кæны:

– Ме ’фсин та æрбадзырдта, Русланæн, дам, йæ нывгæнджыты хистæр аивгъуыдта...

Юрикæй загъта, уый уæд Нывгæнджыты цæдисы сæрдар уыдис.

Ууыл дæр та иу цасдæр рæстæг рацыд, æмæ мæ фыны фестадтæн, Хъантемыраты Алыбегæн цырт кæм сæвæрдтон, уым. Уалынмæ кæсын, æмæ йæ фырт Ирбег уым нæ цуры æнахуыр стыр бæхыл фестад, хæрдмæ йæ йæ фæстæг къæхтыл алæууын кодта æмæ мемæ загъд кæны:

– Ай цавæр къуындæг бынат у, кæм дзы æрлæууон, уый дæр куы нæ ис?

Ирбег, зæгъын, амæй размæ дæм-иу урс-урсид бæх куы уыди, уæд ныр сау бæхыл цы сбадтæ?

– Амæй фæстæмæ мын ахæм уыдзæн!

Æмæ æрбадæлдзæх. Уый дæр та йе ’цæг дунемæ аивгъуыдта.

Уыцы æртæйæ се ‘ппæтыл дæр тынг фæрыстæн, фæлæ мын Бибойы бæллæх уæлдай тынгдæр фæриссын кодта мæ зæрдæ. Турчы мын куы загътой мæ хæлары фæзиан, уæд мæ зæнгтæ мæ быны фæтасыдысты æмæ мæ уæрджытыл æрхаудтæн. Ме ’рмадзы йæ цалдæр хатты сныв

кодтон, уым мын уыдон бæрæг ран æвæрд сты, бакæсын сæм ныр, æмæ та ме стыр хæлар мæ цæстытыл ауайы – бæрзонд, хæрзконд, æцæг ирон лæг.

Бибоимæ æрвылбон дæр æмбæлыдтæн проспекты астæу. Ныр æз уырдæм æппындæр нал цæуын. Мæнмæ уым ничиуал æнхъæлмæ кæсы. Уый мæнæн хурау уыд...

ДЗАНАЙТЫ Руслан

ЙÆ ГЫЦЦЫЛ ХО МÆ ХУЫДТА

Уымæй размæ дæр æй куыннæ зыдтон, фæлæ хæстæгмæ базонгæ стæм, Бибо культурæйы министр куы сси, уæд, уымæн æмæ нæ куыст иумæ баст уыдис. Ансамбль «Алан»-æн, нæ горæты æмæ хъæуты хихъæппæрисадон къордтæн сценикон дарæс мах хуыдтам, æмæ-иу мæм уый фæдыл арæх йæхимæ фæдзырдта, йæ фæндон-иу загъта, нæ хуыйæн цехмæ дæр нæм-иу æрбацыд.

Ныр дыууиссæдз азы бæрц ацы хъуыддагыл хæст дæн, бирæ чидæртæ лæвæрдтой разамынд Ирыстоны культурæйæн, фæлæ уын, раст куы зæгъон, уæд дзы Бибойы хуызæн æнувыд йæ куыстыл ничи уыдис. Æз ногæй ницы зæгъдзынæн, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, нæ културæ хъæутæй райдайы. Абон ма диссагæн искæцы район бабæрæг кæн. Бирæ рæтты Культурæйы хæдзæрттæ нал кусынц, фидар æхгæдæй сæ баййафдзынæ. Куы мæ бафæрсис, фæстаг хатт ма Ирыстоны кæцы хъæуы хихъæппæрисадон къордæн бахуыдтай ирон кафыны дзаумæттæ, зæгъгæ, уæд бирæ фæхъуыды кæнин мæ дзуаппыл. Ничиуал нæм цæуы, ничиуал нæм дзуры нæ абоны хицауадæй, никæйуал хъæуæм. Бибо куы уыд, уæд-иу мæм йæхæдæг сæрмагондæй бадзырдта æмæ-иу загъта:

– Ацы мæй уал дæлæ, зæгъæм, Елхотæн бахуыйут, иннæ мæй та Ставд-Дуртæн, уый иннæ мæй та...

Мæхимæ-иу цыдæр æркастæн, хъæугæ адæймагыл нымад уыдтæн, сæрыстырæй куыстон, разæнгардæй. Æмæ-иу афæдзы дыууадæс мæйы дыууадæс хъæуы хæдахуыр артисттæ сценæмæ ног цухъхъаты æмæ разгæмтты рацыдысты. Стæм хъæу-иу баззадис æнæ ахæм баххуысæй.

Уæды азты ирон бæрæгбонтæ арæхдæр кодтой, алыхуызон декадæтæ, фестивальтæ, хихъæппæрисадон къордты дзуаппон кон-

церттæ, адæмон театрты æркастытæ, æмæ-иу мах дæр нæ къубалмæ уыдыстæм куыстæй.

Арæх æрымысын 1995 азы Мæскуыйы нæ културæ æмæ литературæйы декадæйы бонтæ. Уымæй размæ ансамбль «Алан»-ы коллектив æртæ мæйы æмгъуыдмæ ацыд Китаймæ гастрольты, уырдыгæй хъуамæ комкоммæ Мæскуымæ æрбатахтаиккой. Мах сын, Бибойы ныхасмæ гæсгæ, уыцы бонты фæсауыонмæ алы артистæн дæр хицæнæй ног сценикон дзаумæттæ бахуыдтам, уымæн æмæ сын, кæйдæр загъдау, сæ алкæй дæргъ дæр æмæ уæрх дæр зыдтам. Фæлæ афтæ рауад, æмæ уыдон уым, æцæгæлон бæстæйы, æндæр климæты, æндæр æнахуыр хæринæгты аххосæй смæллæг сты. Декадæйы райдайæнмæ ма ныма бонтæ куы баззад, уæд Бибо фæдис систа, Мæскуыйы нæ балæууын кодта ме 'мкусджытимæ, сæ дзаумæттæ дæр сын немæ аластам æмæ æртæ боны дæргъы махмæ бакæсынæй диссагдæр ницы уыд. Уæд цы уавæры уыдысты, уымæ гæсгæ алы артисты сценикон дарæс дæр фæцыбырдæр æмæ фæнарæгдæр кодтам... Бибойы хъоппæг цæстытæ фыр цинæй куыд æрттывтой, уый ма абон дæр мæ цæстытыл уайы. Уырдыгæй куы ссыдыстæм, уæд нæ ансамбль ног программæ æвдисы, зæгъгæ, уæд-иу мæ хуынды гæххæтт цæттæ уыдис. Ӕрбарвыста мын-иу æй, æмæ йæ æмбæрстон, мæ фыдæбонæн мын аргъ кæй кæны, уый æвдисæн кæй у, уый.

Цалдæр хатты мæ йемæ уазæгуаты дæр ахуыдта скульптор Дзанайты Руслантæм æмæ-иу уым сæмбæлди, уарзондæр ын чи уыд, уыцы æмгæрттимæ. Руслан æм-иу телефонæй бадзырдта, мæнæ ног тынд давæттæ, джызæйлаг гогыз æнæхæрдæй лæууынц, зæгъгæ. Ӕмæ-иу уæд Бибо йæ фæндаг мæныл ракодта. Тынг рæсугъд хаста фынг, æмæ-иу ыл æз мæхинымæр дистæ кодтон, зæгъын, афтæ æрыгонæй кæм сахуыр ирон æгъдæуттыл, æнæ фыдæй куы схъомыл, уæд ын сæ чи бацамыдта, кæм æмæ кæмæй фехъуыста ахæм нæртон сидтытæ. Иу сидтæй иннæйы 'хсæн-иу бирæ хаста ирон æмбисæндтæ, кодта фыдæлты таурæгътæ, хъусынæй йæм-иу не 'фсæстæн. Иу хаттæй иннæ хатмæ-иу загътон, мемæ иу бон уырдæм диктофон бахæсдзынæн, зæгъгæ, фæлæ мын уый дæр нæ бантыст, абон райсомы фæхъхъау фæкодтон, афтæ раджы нæ сидзæрæй ныууадздзæн, уый æнхъæл ын нæ уыдыстæм, мыггагмæ кæй нæ цæрæм, уый нæ ферох вæййы.

Фæстаг хатт ма йæ федтон 2000 азы 8 майы, театрæн йæхи мидæг: хæсты ветеранты номыл дзы æмбырд уыдис, æмæ мæн дæр уырдæм

бахуыдтой. Афтæ мæм фæкаст, цыма немæ фæндараст кодта æмæ йæ фæндыд, цæмæй йæ мах фыццаджыдæр Бибойæ нæ зæрдыл бадарæм: хъæлдзæг, мидбыл худаг, дзыхарæхст æмæ ныхас къахагæй. Æцæг, раст зæгъын хъæуы, фæстагмæ тынг смæсты ис: иу чидæр ын уым æнæхъуаджы уайдзæф загъта, æнæрхъуыды ныхас, æмæ йæ йæ зæрдæмæ айста, мæстыйæ сæхимæ ацыд...

Алы 15 мартъийы, йæ райгуырæн боны, стæй алы 9 майы дæр, йæ мæлæн боны, æз уæлæ горæты кæрон Намысы Аллеймæ ссæуын, йæ цыртыл ын дидинджытæ сæвæрын, йæ цуры фæбадын, фæмысын. Райсомæй мæ къæсæрæй куы рахизын, уæд мæхи амонддзын фæхонын, уымæн æмæ мын бирæ иузæрдион хæлæрттæ ис, алкæй дæр дзы хицæнæй куы райсай, уæд лæг у, Иры хуыздæр хъæбултыл нымад сты иууылдæр, ницы сæ ис зæгъæн. Ныххатыр мын кæнæнт, фæлæ Бибойы хуызæн не сты, дард æм лæууынц. Уый цыдæр æндæрхуызон уыд, уæларвон, уыимæ дзы абарæн никæй ис...

ГОДЖЫЦАТЫ Изольдæ

УЫДИС ÆППÆТЫ ХУЫМÆТÆГДÆР МИНИСТР...

Кинотеатр «Ракетæ»-мæ хæстæг уыдис горæты æмдзæрæнтæй иу. Бибо дзы цардис æртыккаг уæладзыджы, мах та, паддзахадон кæфтыты ансамблы лæппутæ æмæ чызджытæ, бирæ уæлдæр – фарæстæмы. Тынг арæх æмбæлдыстæм, уый-иу махмæ ссыд, мах та – уымæ. Æмдзæрæны цард зоныс: куы нæм-иу къæбæр нал уыд, куы та – цæхх, æмæ та-иу уæд нæ ирвæзынгæнæг Бибойы рæсугъд мад Тамарæ уыди. Йæхæдæг дæр-иу нын куы цы схаста, куы цы: «Мæнæ ма амæй ахæрут. Мæнæ ма амæй саходут...»

Уыцы рæстæг Бибо рольты хъазыд «Поэма двух сердец»-ы, «Поэма о Рустаме»-йы, ноджы ма цавæрдæрты. Кинотеатрты сæ æвдисын куы байдыдтой, уæд уырдæм залмæ бахауын хъаймæт уыдис, адæм-иу ныггуылф кодтой. Астæуккаг Азийæ-иу куы ссыди, уæд-иу ыл æгас сыхбæстæ амбырд сты.

Æмæ куыд хуымæтæг лæг уыдис, уый та! Хистæр уа, кæстæр, никуы никæй рæзты ацыд, æнæ исты сдзургæйæ. Хъыг макæмæ фæкæсæд, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, уæды азты афтæ тынг иунæг артисты дæр нæ уарзтой Ирыстоны. Цы йæ уындмæ, цы удыхъæдмæ

гæсгæ махмæ æндæр ахæм нæ уыди. Адæмы лæппу уыдис, адæмы! Уый йæ цæстæнгасыл дæр фыст уыдис, æрдзæй йын лæвæрд кæй уыдис. Фынджы уæлхъус та уæлдай диссагдæр уыдис, афтæ йæм хъус æмæ хъус. Йæ цæсгомы хуыз цыдæр æнахуыр уыд, режиссертæ-иу сæхæдæг дзырдтой, амæн, дам, грим кæнын дæр нæ фæхъæуы.

Бибо нæ культурæйы министр куы сси, уæд гастрольты ацыдыстæм Псковмæ. Александр Невскийæн йæ Нана алантæй уыд. Уым ын бæрæг кодтой йæ юбилей. Æз хъаматимæ кафыдтæн, Карсанты Мæхæмæт доулийæ цагъта, Къарджиаты Маринæ та Туаты Ирбегимæ хонгæ кафыдысты.

Мæ зæрдыл ма цы бадардтон, мæ цæстытыл ма абон дæр цы уайы? Уырдæм цæугæйæ, Мæскуыйы вагзалы перроны цалынмæ лæууыдыстæм, уæдмæ иу-дæс сылгоймаджы æрбацыд нæ цурмæ, Бибойы-иу куы ауыдтой, уæд ыл хистæртæ дæр, æрыгæттæ дæр бацин кодтой, автограф-иу дзы райстой. Вагæтты куы сбадтыстæм, уæд дæр.

Ансамбль «Алан»-æн академионы ном радтой Бибойы руаджы. Уыцы бон уый ардыгæй йемæ аласта цæттæ фыст курдиат æмæ йæ мæ тæккæ цур Советон Цæдисы культурæйы министр Смирновмæ радта. Вагоны æм æй Бибо бахаста, махæн нæ къухы – æртæ чъирийы, сæ сæрыл цы фембæлы, уыцы æртæ фæрсчы, уым сæ скуывтам, æз сын уырдыг лæууыдтæн. Уым ма йæм радта курдиат, цæмæй Долорес дæр адæмон артисты ном райса.

Фæндагыл та йæхи куыд дардта? Министры хуызæнæй йæм-иу æппындæр ницы уыди. Демæ хуымæтæг ныхас кæны, къæбæр хæры, нуазы.

Стыр аргъ мын кодта. Пенсийы куы ацыдтæн, уæд мæ ам ансамблы дæр репетиторæй урæдтой, фæлæ æз ацыдтæн мæ райгуырæн Нартыхъæумæ æмæ уым сарæзтон ансамбль «Нæртон». Иубон Бибойы дуар бахостон, зæгъын, мæ архайджытæн костюмтæ нæй, кæд дæ бон у, уæд мын мæ куыст дæр фен. Æмæ дын уый кæцыдæр бон Баскаты Славикимæ Нартыхъæумæ æрцыд. Уый уыдис 1994 азы. Æрбадтысты. Уæд нæ ансамблы уыдис цыппар фæлтæры минæвæрттæ, æдæппæтæй – 120, хистæрыл цыд 90 азы, иннæтыл – уымæй дæлæмæ. Куы расимдтой, уæд уымæ бакæсынæй диссагдæр ницы уыд. Сыстади, æмдзæгъд кæны æмæ йæ цæссыгтæ йæ рустыл уайынц. Тынг мын фæарфæтæ кодта æмæ загъта:

– Эхх, гъеныр ма нæм ахæм ансамбльтæ иуцалдæр хъæуы куы уаид! Мæнæ цытæ уынын! Тæккæ райсом ма мæм ссу!..

Ссыдтæн. Фиолетæ, зæгъгæ, йæ бухгалтертæй иумæ фæдзырдта, фæлæ уый ныккатай кодта, нæ рæбыны, дам, ацы сахат ницы ис, йæхи ныммæгуыртæ кодта. Исты, дам, ссар, æрхъуыды кæн, Нартыхъæуæн зæрдæ бавæрдтон. Ссардта: мæйы фæстæ нын Годжыцаты Изольдæ сау цухъхъатæ æмæ урс-урсид къабатæ бахуыдта. Никуы мæ ферох уыдзæн, Бибо уæд йæ кусæн уаты куыд ныккатай кодта, уый:

– Уыныс, Зелим, цы уавæрты кусын, уый? Мæхæдæг дæ æрбахуыдтон, мæ бон та дын баххуыс кæнын нæу, афтæмæй министры ном хæссын. Куыд раст у уый?

Æз райсомæй раджы æрбацæуын мæ кусæнуатмæ. Уæлæ йын дæ чъылдыммæ мæ къулыл йæ къам уыныс? Кæцæй мæм æрбахауд, уый куы зонис. Бибо йæхæдæг нал уыд, фæлæ, кæм куыста, проспекты Къостайы парчы цур, уым бæстыхай цалцæг кодтой. Иу бон уырдæм цыдæр æгъдауæй бафтыдтæн, кæсын æмæ рудзынджы уæлвæйнæгыл Бибойы къам фæлдæхт, къулы сæрстыты бын фæци. Мæнæн та ахæм авæрай! Фæлæбурдтон æм, Вахтанговы номыл уынджы иу æрмадзы дуарыл бахæцыдтæн, фæлгæты мын æй рæсугъд сæвæрдтой, мæнæн цыма мæ сызгъæринты голлаг у, уыйау æй ам æрæвæрдтон. Мæнæ йыл фæндзай азы куы сæххæст, уæд æй Темыраты Мирон систа, урс костюмы, урс боцъоты. Æз алы хатт дæр хъуамæ йемæ, æнæ исты зæгъгæйæ, аныхас кæнон. Цыдæр ныфс мæ бауадзы, цыдæр сагъæстыл дæр мæ бафтауы йе 'нкъард цæстæнгас...

КОЗАТЫ Зелим

ÆЗ ÆЙ ФЕРОХ КÆНЫН НÆ БАУАДЗДЗЫНÆН...

Ацы зæххы цъарыл мæ фыды хуызæн никæмæн ма уыдис! Фæнды мæ, тынг мæ фæнды, йæхи удæй фылдæр кæй уарзта, уыцы адæм дæр æй куы нæ рох кæниккой, уый. Кинойы, театры, кæфтыты ансамбль «Алан»-ы дæр йæ фарсмæ чи куыста, уыдон æй арæх æрымысынц, фæлтæр фæлтæры ивы, æмæ, нудæс-ссæдз азтæ кæуыл цæуы, ахæм æрыгон лæппутæн Бибойы кой куы ракæнын, уæд бафиппайын, фаг æй кæй нæ зонынц. Уый мæнæн цы хъыг вæййы, цы хъыг вæййы! Зæгъын, цы мæрддаг стут, кинотæ дæр нæ уынут, чингуытæ дæр нæ кæсут?!

Фæлæ йæ æз æмбарын, уыдæттæн фæразын кæй хъæуы, уый. Рæстæг æгъатыр у, хатгай адæм ферох кæнынц, Бибойæ ма лæгдæр чи уыд, ахæмты дæр. Мæхæдæг мадзæлттæ арын: хатгай йын йæ къам Интернеты сæвæрын: уадз æмæ зоной, цавæр уыд хуызæй, цавæр уыд йæ хъæлæс, суанг куыд зарыд, уый дæр, сæйрагдæр та, йæ фæстæ цы рæсугъд фæд ныууагъта, уый. Цалынмæ ацы дунейы уон, уæдмæ йæ ферох кæнын нæ бауадздзынæн.

Йæ фæстæ мæгуырæй баззадтæн, цыдæр мын тынг нæ фаг кæны. Куы нæ ныууагъта, уæд иу цасдæр цыдæр æнахуыр уыдтæн. Цыдæрид-дæр мæм йæ къамтæ уыдис, уыдон мæ уаты къултыл бакодтон æмæ-иу куыстæй хæдзармæ куы ’рбаздæхтæн, уæд-иу куы сæ иуы цур, куы иннæйы цур сагъдауæй баззадтæн кæнæ-иу мæхинымæр йемæ ныхас кæнын райдыдтон, зæгъын, уый цы бакуыстай, цæмæн мæ ныууагътай, уæдæй фæстæмæ дæ чызгæн иннæ адæмты хуызæн йæ цард цæуыл-нæуал цæуы, иунæгæй цæмæн баззад, амондхъуаг цæмæн у?

Ацы царды мын ныфсæвæрæгæй баззад йæ бинойнаг Жаннæ, кæрæдзи хорз æмбарæм. Хатгай йæ митæй исты мæ зæрдæмæ куы нæ фæцæуы, уæд æй хъазгæйæ фыдыус рахонын, удыбæстæ мын куы æрхæссы, уæд та – мæ мад. Мæ цины дæр æмæ мæ тыхст сахаты дæр уый æдзухдæр мæ фарсмæ вæййы, йæ бон, йæ гæнæнтæ цас амонынц, уыйбæрц мæ буцæй дары. Æз та уымæн афтæ дæн.

Иухатт мын чидæр афтæ зæгъы, кæм цæрыс, уыцы уаты, дам, æгас чи нал у, уыдоны къамтæ хъуамæ ма уой, кæд ацы царды истæуыл æууæндыс, уæд. Æз йемæ разы нæ дæн, зæгъын, дæлæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи бабын, уыдоны къамтæ алы хæдзары дæр фенæн куы ис æмæ сæ куы ницы хъыгдарынц, уæд мæ фыды къамтæ æз иуварс куыд хъуамæ айсон.

Фæскуыст мæ хæдзары къæсæртыл куы бахизын, уæд мæ цæстæн-гас æппæты фыццаг сæмбæлы мæ комкоммæ къулыл конд дыууæ къамыл: иуæрдыгæй – дзуары, иннæрдыгæй та – Бибойы, дыууæ дæр мын æхсызгондзинад æрхæссынц, цард ноджы тынгдæр бауарзын. Æндæр ма мын цы баззад?

УАТАТЫ Зæринæ, Бибойы чызг

Айгум Айгумов, Дагестан: Ирыстоны мæ уд баззад!

Æз хорз зонгæ уыдтæн Бибойы фыдыфсымæр Майрæмимæ дæр, Ног Бæтæхъойыхъæуы мын уазал сырсыргæнаг бæгæныйы сыкъа радта, мæ нуазæн, дам дын. Уæд нын йæ мад Тамарæ цы уæливыхтæ скодта, ахæмтæ æз уый фæстæ нал бахордтон. Уыдтæн ын уазæгуаты йæ хо Азæмæ дæр Дæргъæвсы, уымæн йæ цардæмбал Черменимæ фæныхас кодтам, раст цыма дыууæ æфсымæры стæм.

Уый диссаджы хохаг лæг уыд! Ирыстоны алы къуым дæр мын фенын кодта мæ хæлар, бауарзын мын æй кодта, алы ран дæр мылиу бацин кодтой уыцы зæрдиагæй, уыцы æнæхинæй.

Уыцы бонты мæ уд Ирыстоны баззад...

Абон мын нал ис, æмæ æз уый стыр трагедийыл нымайын мæхицæн, мæнæй фæхъуыд стыр хæлар...

Студенты азтæ. Галиуæрдыгæй Айгум Айгумов, рахизæрдыгæй – Бибо

ХАДЫХЪАТЫ Фатимæ

БИБО

Отеллойы хъыг бахсыдта мæ зæрдæ,
Чермены æфхæрд басыгъта мæ риу.
Эдипы мастæй бакуырм дæн бынтондæр,
Мæхи æнкъарæн сурæттимæ сиу.

Æз зонын уарзын, фæлæ зонын маст дæр,
Æз базыдтон рæвдыд æмæ æфхæрд.
Мæн чидæртæ Хуыцæуттимæ дæр барстой,
Кæмæн та уыд мæ сонт рæдыд æгъгъæд.

Чи цин кодта мæ уæлахизтыл, хорзыл,
Чи агуырдта мæ къахдзæфтæм быцæу.
Уæддæр æй æз мæ сыгъдæг удæй зонын:
Мæ сурæттæм мын нæй æрхæссæн фау.

Мæ фæлгонцтæ мæ бадомдтой…
Мæ цардæй куы нæ у раппæлын мæ бон.
Уæддæр уыдтæн хуыздæр амондæй хайджын,
Мæ царды кæрон нæй мæнмæ фæсмон.

БИБОИМÆ БАСТ ХЪÆЛДЗÆГ ХАБÆРТТÆ

ХОДЫ Камал, адæмон поэт, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат:

Куыд раст, сыгъдæгзæрдæ æмæ æргомныхас адæймаг, афтæ Бибойæ бирæ хорз миниуджытæ райсæн уыд царды. Уыимæ, фынджы уæлхъус бадгæйæ, æмгæртты 'хсæн балæугæйæ, Бибойæ хъæлдзæгдæр, дзырдарæхстдæр æмæ дзуапджындæр æмгар зын ссарæн уыд.

Мæ зæрдыл Бибойæ бирæ хорз мысинæгтæ æмæ хъæлдзæг хабæрттæ бадардтон. Ракæндзынæн дзы иуцалдæры кой.

ФÆСКОМЦÆДИСОН ФИДДОНТÆ

Уæд ма Бибоимæ скъоладзаутæ уыдыстæм. Нæ дыууæ дæр – фæскомцæдисонтæ. Иубон та нæ фæндаг акодтам Беслæныхъæумæ. Æз Бибойæн афтæ бакодтон, ахæм æххормаг сдæн æмæ диссаг, зæгъгæ. Бибо уайтагъд йæ дзыппæй фелвæста фæскомцæдисон фиддонтæ (скъолайы фæскомцæдисон организацийы нымæрдар уыд) æмæ дзы иу урс дзул балхæдта. Бацыдыстæм паркмæ, Хетæгкаты Къостайы цыртдзæвæны цур цъæх нæууыл æрбадтыстæм, æмæ нын уыцы дзул уайтагъддæр дыууæйæ хæрд фæцис. Уæдæй адджындæрæн, æвæццæгæн, æз дзул никуы бахордтон. Уый фæстæ, кæй зæгъын æй хъæуы, дзулы аргъ фæстæмæ фиддонтыл сæвæрдтам.

«АЦЫ ХАТТ ДÆР РАВДЫСТАЙ ДÆ ЛÆГДЗИНАД»

Иннæ хатт та нæ Бибоимæ æмæ нæ иннæ æмбæлттимæ Джызæлмæ уазæгуаты ахуыдта нæ хорз хæлар, зындгонд аразæг Гусаты Олег. Уымæн уым дачæ ис. Фынджы уæлхъус куы 'рбадтыстæм, уæд, немæ чи уыд, уыцы 'мбæлттæ Бибомæ æрхатыдысты, цæмæй сын уый азарыдаид. Фæлæ сын уый нæ разы кодта. Куынæуал æй уагътой, уæд сын Бибо дæр комкоммæ афтæ куы зæгъид: «Хорз, зарын уын, æрмæст мын æхца бафидут». Уыдон афтæ æнхъæлдтой, Бибо хынджылæг кæны, зæгъгæ. Фæлæ уый йæ фæнд куы нæ ивта, уæд, немæ чи уыд, уыцы лæппутæ дæр сæ æгуыдзæгтæй нæ уыдысты, уайтагъддæр стъолмæ

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ



Бибойы фыд Зауырбег æмæ
йæ мад Тамарæ



1961 аз

Бибо лæууы уæлейæ галиуæрдыгæй æртыккаг.
Ахуыргæнæг Хъуылаты С.Н. 3-аг «б» кълас. Бæтæхъойыхъæу

Хъæубæсты куывды



РЦИ-Аланийы адæмон артист Хуыгаты Суренимæ



Бибо йæ хо Азæимæ (рахизæрдыгæй). 1960 аз

Санатори «Павлищев Бор»-ы. 1961 аз



Йæ фыццаг цардæмбал Гуситы Лиля (уæле галиуæрдыгæй),
Бибо бады рахизæрдыгæй. Ам ыл цæуы 19 азы

Бибо йæ дыккаг цардæмбал –
Узбекистаны адæмон артисткæ
Светланæ Норбаеваимæ. Кинон响 «Сказание о Рустаме» исгæйæ

«Хасан-арбакеш». Узбекфильм

Бибо йæ æртыккаг цардæмбал Жаннæимæ

Сæ сывæллæттæ Таймураз æмæ Агуындæимæ

Бибойы фыццаг роль Гаглойты Владимиры пьесæ «Уарзондзинады кадæг»-ы. Уататы Бибо – Таймураз, Галазты Земфирæ – Агуындæ

Киноныв «Чермен»-æй

«Чермен»

Киноныв «Поэма двух сердец». Бибо – Мурад-Али. 1968 аз

Спектакль
«Фыдæлты намыс».
Дими – Уататы Бибо,
Зæли – Хъантемыраты Терезæ

Киноныв «Поэма двух сердец».
Бибо – Мурад-Али. 1968 аз

«Абу Рейхан Бируни»

«Гамлет». Клавдий – Уататы Бибо,
паддзахы ус – Бекуызарты Орзетæ

Киноныв «Огненные дороги». Бибо – Садыкхан Курбаши

Спектакль «Царды бын»

Спектакль «Хъодыгонд зæд».
Бибо – Борæхан

Отелло – Уататы Бибо, Яго – В. Уваров

Спектакль «Царды бын».
Бибо – Лука

Спектакль «Сæрмæт æмæ йæ фырттæ»

Спектакль «Гамлет». Клавдий – Уататы Бибо



Спектакль «Иуæндæс боны». Никифор – Бибо,
Зауырбег – Хуырымты Уырызмæг


Северо-Осетинское
телевидение
ВСТРЕЧА ПРОЕЗДОМ

Кинонывты хъазгæйæ



Спектакль
«Паддзах Эдип».
Эдип –
Уататы Бибо

æркалдтой æхцайы стыр гуцъулатæ. Бибо æнæдзургæйæ уыцы ‘хцатæ æрбатымбыл кодта йæ къухы æмæ сæ йæ дзыппы афсæрста. Уый фæстæ йæ рæсугъд хъæлæсæй систа «Уастырджийы зарæг». Бахъырныдтам ын не ‘ппæт дæр.

Ныр æз та мæхинымæр хъуыды кодтон, цымæ цы фæкæндзæн уыцы ‘хцатæ Бибо, зæгъгæ. Ау, Бибо ахæм æнæуагæй равдисдзæн йæхи? Æз æй афтæмæй куы нæ зонын...

Уалынмæ дын хæдзары къæсæрæй мидæмæ иу ацæргæ ус куы ‘рбахизид. Куыд базыдтон, афтæмæй, уый, Олег-иу уым куы нæ уыд, уæд хæдзармæ дардта йæ цæст. Уыд йæ хæрз сыхаг. Ирон æгъдаумæ гæсгæ, уыцы усмæ авæрдтам нуазæн. Не ‘мбæлттæй йын иу, нуазæн дæтгæйæ, загъта, цæмæй, фылдæр кæй уарзы, уымæ радта йæ нуазæн. Уыцы ус нуазæн бахаста Бибомæ. Уый йын хъазгæйæ афтæ, нæ, дам мæ уыныс, цæйас лæг дæн, уый, уыцы гыццыл агуывзæ мæ къухы дæр куы нæ сфидаудзæн. Уæд зæронд ус цайцымæн агуывзæ арахъхъæй байдзаг кодта æмæ йæ ногæй радта Бибомæ. Уый зæрдиаг арфæтæ фæкодта сылгоймагæн, йæ тæккæ бынæй бануæзта дзаг агуывзæ æмæ йын, чысыл раздæр йе ‘мбæлттæ цы ‘хцайы гуцъула радтой, уый сласта æнæхъæнæй дæр йæ дзыппæй, æхцатæ ныннадта афтид цайцымæн агуывзæйы æмæ йæ афтæмæй радта усмæ.

Æз æхсызгонæй сулæфыдтæн мæ риуыдзаг æмæ мæхинымæр загътон: «Лæг дæ, Бибо, æмæ та ацы хатт дæр равдыстай дæ лæгдзинад...»

БАЗАРДЗАУЫ ХОРЗÆХÆЙ ХАЙДЖЫН ФЕСТЫ

Сæрды тæккæ райдайæнты та иубон Бибо æмæ Цихиты Мæирбег сæ фæндаг акодтой Дзæуджыхъæуы Сæйраг базарыл. Мæирбег дын кæсы, æмæ Бибо пъамидортæ æмæ алыхуызон дыргътæй дзаг дзæкъулимæ йæ разы куы алæууид. Мæирбег ын уæд афтæ куы бакæнид, Бибо, æхца мæм нæй, зæгъгæ, куы загътай, уæд уыцы зынаргъ пъамидортæ æмæ дыргътæ цæмæй балхæдтай?

Бибо йын уæд сæрыстырхуызæй загъта, куыддæр, дам, базары астæумæ бахæццæ дæн, афтæ, дам мæ таджикæгтæ уайтагъддæр базыдтой, сæ киноты хъазыдтæн, æмæ мын мæ хъæбыс алыхуызон халсартæй æмæ дыргътæй байдзаг кодтой. Ныр дæр ма мæ фæстæ «Бибо-джан», «Бибо-джан», зæгъгæ, хъæр кæнынц.

Мæирбеджы дæр нæ фæндыд Бибойы раз састы бынаты баззайын, æмæ уый дæр уайтагъд базары астæумæ байста йæхи. Чысыл фæстæдæр уый дæр алыхуызон халсартæ æмæ дыргътæй дзаг дзæкъулимæ йæ разы алæууыд æмæ йын йæхицæй æппæлынтыл схæцыд, куыддæр, дам, дæ разæй фæхицæн дæн, афтæ мыл базары астæу англисаг туристтæ хæрхæмбæлд фесты, уайтагъддæр мæ базыдтой, Черчиллы ролы кæй хъазыдтæн, уый, æмæ мын мæ къухты дуне доллæртæ фæсагътой, æмæ дзы æз дæр адон алхæдтон... Фæхудтысты, кæй зæгъын æй хъæуы, дыууæйæ дæр æмæ рухс зæрдæтимæ раздæхтысты базарæй.

«МÆИРБЕГ КÆМ ИС?»

Уæд та иу сæрдыгон мæй Цихиты Мæирбег æмæ Уататы Бибо сæ фæллад уадзынмæ ацыдысты Сау денджызы былмæ. Се 'мбæлттæй иу Бибойы бафарста, Мæирбег та кæм ис, зæгъгæ. Æмæ йын уæд Бибо дæр ацамыдта денджызы 'рдæм æмæ йын загъта, уартæ, дам, змисыл йæ гуыбыны фарсмæ хуыссы.

«НЫРТÆККÆ ТАГЪД СУАДЗУТ МÆГУЫР ГÆДЫЙЫ»

Уататы Бибо æмæ Дзуццаты Бибо иумæ ацыдысты кæсаг ахсынмæ. Се 'мбæлттæй ма кæмæдæр æнхъæлмæ кастысты сæ машинæйы. Уыцы рæстæг кæсынц, æмæ сæ цуры гыццыл лæппутæ гæдыйы æрцахстой æмæ йын йæ къæдзилыл консервы къопп бабастой. Уый дæр, мæгуыр, фыр тæссæй гæппытæгæнгæ ратæх-батæх кодта. Уататы Бибо сын бауайдзæф кодта: «Уый цы кусут, цы, тæригъæд нæу уыцы гæды?!» Æмæ йын уæд Дзуццаты Бибо афтæ: «Цы уайдзæфтæ кæныс сабитæн, дæхæдæг гыццыл никуы уыдтæ?!»

Уататы Бибомæ раст нæ фæкастысты йæ ныхæстæ, æмæ йын йæ цæстмæ бадардта: «Мæнмæ гæсгæ, ды куыд хистæр, афтæ сын куы бауайдзæф кæнис, афтæ ма кæнут, зæгъгæ, уæд нæ фæрæдыдаис...»

Уыцы ныхæсты фæстæ Дзуццаты Бибомæ дæр, æвæццæгæн, йæ ныхæстæ раст нæ фæкастысты æмæ йæ фæсус хъæлæсæй сабитыл ныхъхъæр кодта: «Ныртæккæ тагъд суадзут мæгуыр гæдыйы, уæ фæйнæ мадыл къалостæ скæнат!..»

НАРДЫТÆЙ ХЪАЗДЖЫТÆ

Уататы Бибо æмæ Дзуццаты Бибо нардытæй хъазыдысты. Уыцы рæстæг æм телефонæй бадзырдта Бирæгъты Къоста. Хæтæл систа Дзуццаты Бибо, æмæ йæ Къоста фæрсы, цы кусыс, зæгъгæ. Уый йын афтæ, мæнæ, дам, Уататы Бибойы æвзæр фаджысимæ хъазын.

Уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ та йæ Къоста ногæй бафарста: «Æмæ та йæхæдæг съемкæтæм ацыдис, мыййаг?..»

****

УАТАТЫ Зауырбег, Бибойы фырт

АДÆМÆН УАРЗОН ЛÆГ

Мæскуыйы рауагъдæдтæй иуы рацыд Уататы Зауырбеджы чиныг «Экстраординарный Бибо». Уым автор мысы йæ фыды – Уæрæсейы адæмон артист Уататы Бибойы. Æвдисы йæ, цавæр уыд, ахæмæй – æмгарджын, цыргъзонд, арфхъуыдыджын, æнкъараг удгоймагæй.

Уæ размæ хæссæм ацы хъуыдыйæн æвдисæн нывтæй цалдæр.

«ФЫЦЦАГ ХАТТ ÆЙ ФЕДТОН…»

Советон Ташкенты уыд йæхи фырхъæздыг адæм. Гъемæ уыдонæй иу, Дарик, йæ дзыхъхъыннæуæг «Москвич»-ы («Мерседес» дæр æм уыд, фæлæ йыл йæхи арæх не 'вдыста – рæстаг фæллойæ чи нæ цард, уыдоны закъон карзæй æфхæрдта) бабадын кодта горæты ОБХСС-ы, ома социалистон фæллой хæлæттаггæнджытимæ тохгæнджыты хицау Псхацъæты Барисы, иннæ бæрнон кусæг Рустам Шерматовы, мæ фыд Уататы Бибойы æмæ мæн.

Машинæ афтæ сцырен, нымад минуттæм уыйбæрц уагæвæрдтæ фехæлдтам, æмæ нæм бынæттон ГАИ ма фæкомкоммæ уа, уымæн гæнæн нал уыд.

Дарик, йæ бæзджын æхцадоныл йæ ныфс даргæйæ, инспектормæ рахызт. Фæлæ фæндаггонты фыдбылызæй хъахъхъæнæгæн гæртам райсын йæ хъуыдыйы кæрон дæр нæ уыд. Ахызт æм тасæфтауæг ОБХСС-ы æвдисæндаримæ лæг, æмæ та – ницы.

«Ирæттæ сты дыууæйæ дæр, æмæ мах адæмимæ дзурынмæ нæ арæхсынц!» – барджынæй загъта Рустам, ахызт æмæ… уый дæр семæ лæугæйæ баззад.

Инспектор протокол фыссы, Бибо уый уыдта, фæлæ йæ хæлæрттæн ницæмæй баххуыс йæ бон уыд. Ирыстоны йæ, бæргæ, алчидæр зыдта, фæлæ ам…

Уæдмæ машинæ хурмæ афтæ сзынг, æмæ Бибойæн гæнæн нал уыд – рахызт æмæ дыууæрдæм рацу-бацу систа. ГАИ-йы кусæг æм иу уысм скаст æмæ фæкуыддæр. Йæ сæр батылдта, хурмæ мæ цæстытыл цыдæртæ ауад, зæгъгæ. Ногæй та йæ цæстытæ Бибомæ ныццавта æмæ йæм бахъардта, æцæг йæ цуры кæй ис.

Уыйадыл барадхъахъхъæнæг йæ фыссæнгарз æрæппæрста, йæ худ йæ сæрæй фелвæста, лæгтæй йæ фæндагыл чи лæууыд, уыдон асхуыста æмæ Бибомæ базгъордта. Кæрæдзийыл ныттыхстысты, сæ цинæн кæрон нал уыд, уæлдайдæр ГАИ-йы кусæгæн – фыр цинæй хæрдты тæхæгау кодта. Фондз минуты зæрдæйæ-зæрдæмæ ныхасы фæстæ та кæрæдзийæн ныхъхъæбыс кодтой, «закъоны æххуырст» йæ протокол аскъуыдта æмæ Дарикæн йæ гæххæттытæ йæ къухы фæсагъта.

Сбадтыстæм машинæйы. «Æфхæрæг» нæм хæстæг æрбацыд æмæ Бибомæ дзуры: «Æмбарын æй – æнæвдæлон дæ, бæрнон хъуыддаджы фæдыл цæуыс. Фæлæ дæм иннæ къуыри майрæмбоны нæхимæ пловæй саходынмæ æнхъæлмæ кæсын. Мæнæ мæ адрис», – æмæ йæм гæххæттыл фыст дætты. Уыйадыл рацыдыстæм.

– Бибо, уыйбæрц ма нæ цы фенхъæлмæ кæсын кодтай? – бахудт Барис, кæд ын, ГАИ-йы кусæг æй ницæмæ ‘рдардта, уый хъыг уыд, уæддæр. – Æви йæ уайтагъд нæ базыдтай?

– Кæй нæ базыдтон, Боря?

– ГАИ-йы минæвары.

– Æмæ йæ фыццаг хатт куы федтон, – сыгъдæгзæрдæйæ басаст Бибо.

Мах иууылдæр æнхъæл уыдыстæм, мæ фыд йæ рагон хæларыл бамбæлд, зæгъгæ. Ташкентмæ ма уæдмæ æрмæстæр æртæ азы дæргъы иу хатт цыд, фæлæ, куыд рабарæг, афтæмæй адæмæй нæ айрох.

Боря та уал сдызæрдыг:

– Нæй уымæн гæнæн. Нæ дын йæ ном загъта, нæ дæ фæрсгæ ницæмæй бакодта, де ‘нæниздзинадæй дарддæр. Хынджылæг мæ кæныс, хорз зонгæ стут, слестгæнæн оргæнты кусæг уыдтæн, афтæ хуымæтæджы мæ нæ асайдзынæ.

– Дыккаг хатт мын рауад ахæм фембæлд. Афтæ ма базонгæ дæн, райсом уазæгуаты кæмæ уыдзыстæм, уыцы Камбаримæ. Светæимæ, мæнæ

ацы лæппуйы мадимæ, – Бибо мæнмæ ацамыдта, – фæцæйцыдыстæм, æмæ нæ рæстдзинадыл фидарæй хæст ГАИ-йы кусæг баурæдта. Рустамы ролы нырма уæд ахъазыдтæн æмæ Смоктуновскийæ зындгонддæр фæдæн. Адæм мæ акъахдзæф нал уагътой, иууылдæр мæ уазæгуаты хуыдтой. Ацы лæгмæ та нымады дæр ницы уыд, хъуамæ мын мæ машинæ тæрыны бар байстаид. Æз ын уæзданæй цыдæртæ æмбарын кæнын, бахæлар уæм, зæгъгæ йын дзурын. Никуы æмæ ницы. Мæ хорз равгыл уыдтæн, ноджы ма зыдтон, дыккаг бон мын мæ гæххæттытæ фæстæмæ кæй ратдзысты. Йемæ быцæуы бæсты фæлмæн бахудтæн. Уый уæдмæ протокол фыст фæци æмæ мын афтæ: «Æз дæ уайтагъд базыдтон, демæ фембæлын мæ кæддæриддæр тынг фæндыд. Фæлæ ма цавæр адæймаг дæ, уый банкъаринаг дæр уыдтæн. Дæхи, зæгъын, куыд дардзынæ – гæртæмттæ мын дæтдзынæ æви мæм дæ бæрзонд бадæг хæлæрттæй æвзиддзынæ». Афтæ мæ бафæлвæрдта æмæ мын цæттæ фыст протокол зæрдылдарæн лæварæн радта. Ныр ссæдз азы бæрц хæларæй цæрæм.

Иууылдæр ныхъхъус сты.

– Бибо, – æвиппайды сдзырдта Рустам. – Цæр ам, Ташкенты. ЦК-йы фыццаг секретарь суыдзынæ.

А ЗÆХХЫЛ ХОРЗÆЙ ЦЫ САРÆЗТАЙ?!

Йæ хæлæрттимæ бадты рæстæг Уататы Бибо ахæм хабар радзырдта:

– Царды хорздзинадæй цыдæриддæр ис, уыдæттæ цыма мæхирдыгæй фесты, афтæмæй мæ фыны уынын, мæлæт мæ уæлхъус кæй æрбалæууыд.

Фервæзæн мын цыма нал ис æмæ, мæ сынтæджы хуысгæйæ, хъуыды кæнын, мæ царды хорзæй цы сарæзтон, амондхæссæг кæмæн фæдæн, уыдæттыл. Бамбæрстон, фæсмойнаг кæй нæ дæн, йæ фæндагыл кæмæн æрлæууыдтæн, ахæм адæм бирæ кæй нæ разындзæн. Уый хорз у, зæгъгæ, ахæм хатдзæгмæ æрцыдтæн. Фæлæ уæддæр мæлын, æмæ мæ уыцы дунемæ иунæгæй цæуын нæ фæнды. Гъемæ мæ зæрдыл æрбалæууыд, цыппар усы мын кæй уыд. Фыццагыл, æппæты хистæрыл, фæдызæрдыг дæн, фæлæ иннæты æцæгæй куы уарзтон. Уыдонæй исчи хъуамæ мемæ рацæуа.

Фæсидтæн цыппæрæм, мæ зæрдæмæ æппæтæй хæстæгдæр бинойнагмæ. Æрбацыд. Æрбад, зæгъын, мæ дæлфæдтæм сынтæгыл, фæлæ уый не сразы. Йæ хивæнд ми йын ницæмæ ‘рдардтон. Зæгъ-ма, зæгъ-

ын, искæд дæ зæрдæхудты бацыдтæн, истæмæй дæ бафхæрдтон? Нæ, зæгъгæ, йæ сæр банкъуыста. Искуы бацауæрстон дзаумайы хорзыл, лæвæрттыл, дæ рæстæг цæмæй хъæлдзæг, æнæмæтæй æрвитай, уымæн фадæттыл? Зæгъ æй, æмæ цалынмæ удæгас дæн, уæдмæ мæ рæдыд сраст кæнон. Загъта, фæзминаг, хæларзæрдæ мой йын кæй уыдтæн, йæ бон мæм фау æрхæссын кæй нæу.

– Уæдæ хорз, мæ уарзондæр цардæмбал. Ныр цæуын Мæрдты дунемæ æмæ дæ мемæ хонын.

– Дæ сæрызонд фæцыд, зæронд æрра? – срæцыгъта уый æмæ феддæдуар.

Мæ хъуыдытæ мæ ме 'ртыккаг къаймæ ахастой. Уый алкæй дæр зæрдæскъæфт кодта æмæ, кæд æдзух мæ цуры уыд, хæдзары, куысты, мæ балцыты дæр мæ уæгъд нæ уагъта, уæддæр тарстæн, æндæр искæуыл мæ куы баива, уымæй. Мæ цуры цæмæй фылдæр рæстæг фæуа, ууыл мæ уд хъардтон, æмæ мыл йæ зæрдæ не сивта. Гъемæ, зæгъын, мæ ныр дæр нæ ныууадздзæн. Фæлæ мæ йæ дзуапп цыргъ хъамайау ахызт. Цард, дам, æвæджиауы хорз у, æмæ куы амæлай, уæд, дам, ногæй чындзы ацæудзынæн æмæ амондджын уыдзынæн.

Бамбæрстон, сæ дыууæ дæр мыл, куыд æнхъæл уыдтæн, афтæ æнувыд кæй нæ уыдысты. Фæлæ мæ дыккаг цардæмбал та йæхи куыд равдисдзæн? Зæрдæйæ йæ уарзтон, куырыхон зондыл мæ æфтыдта. Къуырцдзæвæны-иу мæм æххуысмæ фæзынд. Мæ цин æмæ зыны-иу мæ цуры балæууыд æмæ мын-иу хорзæрдæм фæахъаз. Фæрсын æй, цæттæ у æви нæ мемæ тар дунемæ фæцæуынмæ. Хъыгагæн, дам дын ацы хатт ницæмæй баххуыс мæ бон у, æрмæст зон, кадимæ дæ кæй баныгæндзынæн.

Уыцы рæстæг фæсдуарæй райхъуыст мæ фыццаг къайы хъæлæс. Æз, зæгъгæ, де 'мбæлццон дæн, кæронмæ демæ уыдзынæн. Æрбахызт æмæ къæсæрыл цавддурау лæугæйæ баззад. Мæ низы хабар æм куы байхъуыст, уæд мæ мæтæй баруад. Афтæмæй йæ æз та мæ цыппæрæм бинойнаджы хуызæн нæ уарзтон, æртыккагау дзы фæиппæрдæй нæ тарстæн, дыккагау æй зондæй нæ фарстон. Лæууыд къæсæрыл, йæ сæр æруагъта æмæ йæ цæссыг калдта. Йæ ныхæстæм ныррызтæн. Хуыздæр цæстæй йæм кæсын хъуыд, зæгъгæ, скарстон.

…Йæ фынæн хъуамæ цы нысаниуæг уа, зæгъгæ йæ куы афарстæуыд, уæд Бибо æнкъардæй бафиппайдта:

– Зæгъдзынæн уын æй! Цыппæрæм цардæмбал нæ буар у – нæ

къухтæ, къæхтæ, гуыр, сæр. Адæймаг уарзы йæ буар, йæхи куыд уарзы, афтæ. Зилы йæм, узæлы йыл. Исты дзы срыст, уæд йæ кой æрмæст йæ буар свæййы, ницæуыл фæауæрды йæ рыстæй фервæзынæн. Гъе, фæлæ дæ буармæ цасфæнды зил, уæддæр дæ фæуадздзæн, куы амæлай, уæд.

Æртыккаг бинойнаг, царды цы хъуыддагыл хæст стæм, уый ныссан у. Æнтыстытæ æмæ нын æхца хæссы. Хъахъхъæнæм æй, тæрсæм фæиппæрд дзы уæвынæй æмæ æнæ ницæмæй аззайынæй. Узæлæм ыл сывæллонау, цæмæй амонд æдзух нæ фæсарц бада. Фæлæ ма нæ нæ амæлæты фæстæ уыцы ус бандавы? Хъыгагæн, нал.

Дыккаг къай – нæ бинонтæ æмæ хæстæджытæ сты. Уыдонæн сæ бон у æрмæст нæ фæстаг балцы рæстæг нæ табæтыл схæцын.

Ныр – фыццаг цардæмбал. Æнæмæлгæ дуне нæй, æмæ нæ адзалы къæсæрыл, изæрыгæтты Хуыцаумæ цал хатты скуывтай, Библи кæнæ Хъуыранæй зæрдæвæрдæй цы хъуыды кæныс, уыдæттæй ничи бафæрсдзæн. Ничи нæ бафæрсдзæн, царды нын нæхи пайдайæн цы бантыст, цас æхца бакуыстам, цы бæрзæндтæм схызтыстæм, нæхирдыгæй цал сылгоймаджы фæкодтам, уыдæттæй. Цал сидзæры батавтай дæ уды хъармæй? Цал сидзæргæсæн баххуыс кодтай? Цал æххормаджы бафсæстай? Куы амæлон, уæд мæ уыдæттæй фæрсдзысты, æмæ цы дзуапп ратдзынæн, нæ зонын. Æвæццæгæн æй, куыд у, афтæ зæгъдзынæн: иунæджы дæр нæ, иуæн дæр нæ, иуы дæр нæ.

Ныр раздæхæм, Бибо йæ хæлæрттимæ бæлвырдæй кæм æмæ цæмæ гæсгæ бадт, уыцы хабармæ. Хъуыддаг уый мидæг уыд, æмæ йæ йæ хæдзармæ фæхуыдта æнæфсис æмæ æгад хъæздыг Карим. Мулк фæкодта адæмæн стыр процентыл æхца дæттынæй, æмæ йæ азарæй бирæтæ сæ сæр сисыны амал нал ссардтой. Йæ кад, алчидæр кæй зоны, ахæм адæймаджы руаджы фæуæлдæр уыдзæн, уый зыдта, æмæ йæ куывдмæ «номдзыд ироны» фæхуыдта. Уыдæттæ æмбаргæйæ, Бибо уæддæр «нæ» зæгъыны бæсты бацыд æмæ арф философон хъуыдытæй хæдзары хицауы æрвдзæфау фæкодта.

Хæрзæхсæв куы загътам, машинæйы куы сбадтыстæм æмæ куы рацыдыстæм, уæд Карим лæууыд æмæ нæм йæ къух тылдта. Уалынмæ дын нæ фæдыл разгъордта æмæ цæссыгкалгæйæ ныхъхъæр ласта: «Мæ зынаргъ уазæг, фæстæмæ сын сæ байуардзынæн! Хъусыс, кæй бафхæрдтон, уыдонæн алцыдæр фæстæмæ ратдзынæн! Нал мæ хъæуы ахæм цард!»

«АХÆМ ЗОНДДЖЫН ЛÆГ РЫНЧЫНДОНЫ ЦЫ АГУРЫ?»

Иуафон Бибо кæйдæр бабæрæг кæнынмæ бацыд горæты психикон низтæй сæйджыты рынчындонмæ. Йæ рацыдмæ йын йæ «Жигули»-йы цæлхытæй иу амырхтой. Цы гæнæн уыд – разил-базил кæны машинæйы алыварс. Искæмæ адзурид, æмæ телефон хæстæг никæм ис. Тотыккаты Тамерлан уæдмæ куыст фæци, йæ медицинон уæлæдарæс раивта æмæ, кусæн уаты рухс ахуыссын кæнон, зæгъгæ, «æртæцалхыг» хæдтулгæйы цур лæгмæ фæкомкоммæ.

– Ивæн цалх дæм ис? – рахъæр æм кодта рудзынгæй.

Бибо фæныфсджын – ис æм цалх, йæхи сæр та йæ куыд нæ æрцахста! Ныртæккæ йæ бакæндзæн æмæ ацы зæрдæсæттæн бынатæй йæхи айсдзæн.

– Ис, – райхъуыст Бибойы аххосджынхуыз хъæлæс.

– Бакæн æй уæдæ æмæ фæндараст у!

Бибо цалх систа, хъæугæ дæгъæл æмæ домкрат дæр æм разынд. Фæлæ, цалх цы болтытæй зылд уыд, уыдон дæр хуыснæджытæ ахастой. Лæг та хъуыдыты аныгъуылд.

Тотыччы-фырт уæдмæ ногæй рудзынгæй ракаст æмæ хъуыддаг фембæрста.

– Дæ алы цалхæй дæр иу болт разил æмæ йæ уыдонæй «бандадз»!

Хуымæтæг, фæлæ уыциу рæстæг «гениалон» уынаффæмæ Бибо фесхъиудта. Тамерланмæ нымдзыст æмæ нылгъыста:

– Ахæм зондджын адæймаджы психикон низты рынчындоны чи бакодта, уый дæлдæр ныххауæд!

– Дæлдæр, дæ цалх дын чи адавта, уый ныххауæд. Æз ацы рынчындоны сæйраг дохтыр дæн.

Афтæ базонгæ Бибо йæ хуыздæр æрдхæрдтæй иуимæ.

ЧЫНДЗÆХСÆВ ЦÆТТÆ У. КАСТ – МИНÆВÆРТТÆМ…

Дуарæй æрбахызт æрыгон лæппу. Разынд Бибойæн йе ‘дзард хæлар, ансамбль «Алан»-ы кафæг Тотойты Хъазыбеджы фырт. Бибо сыстад, æмæ æрбацæуæг бынтон ныфсæрмы.

– Дядя Бибо, æз… æз… ус курын мæ зæрды ис.

– Тынг хорз хабар! Иу хатт æмæ хуызæнæн. Ацы хъуыддаджы мæн ма бафæзм, æндæр исты миниуджытæ мæ райс. Кæд уыдзæн чындзæхсæв?

– Бæрæг нæу… Дæумæ дæр æххуысмæ уый тыххæй æрбацыдтæн. Минæвар мын фæцу уыцы чызгмæ. Ды куы нæ уай, уæд мын æй нæ ратдзысты. Скъæфын мæ нæ фæнды, уадзгæ та йæ ницы хуызы нык-кæндзынæн.

– Скъæфыны кой дзы нæй. Уыцы æгъдау нæ фыдæлтæм никуы уыд, нæ сыхæгтæй йæ райстам. Уый æфхæрдыл нымадтой, аххосджынæн хатыр ничи кодта. Баныхасгæнæн алкæддæр ис.

Бибо йæ ныхас нæма фæци, афтæ телефоны дзæнгæрæг райхъуыст. Алло, чысыл фæлæуу, зæгъгæ, хæтæлы бадзырдта, æмæ лæппуйæн афтæ:

– Дæ фыд мын æфсымæрау уыд. Абон изæры аст сахатыл дачæмæ рацу æмæ бæлвырддæр адзурæм.

– Бузныг!

– Табуафси!

Лæппуйыл хур ракаст, афтæмæй æддæмæ фæраст, фæлæ Бибо, фæстæдæр дæм бадзурдзынæн, зæгъгæ, телефоны хæтæл æрæвæрдта, æмæ фæрсы:

– Кусæрттаг дæм ис?

– Ууыл нæма батыхстæн. Чызджы мын куы нæ дæттынц, уæд…

– Уый бæрæг уыдзæн. Ехх, Казик æгас куы уаид, уæд нæ рæстæг куыд адджынæн арвыстаиккам…

Бибо æрвхуыз гæххæттыл цыдæр афыста:

– Мæнæ ацы адрисыл лæгмæ бацу æмæ дын гал ратдзæн. Уæзласæн хæдтулгæ дæм ис?

Лæппу фæуыргъыйау æмæ ма йæ сæр батылдта, нæй, зæгъгæ. Бибо та бур сыфыл дæр цыдæр афыста. Æмæ ма ноджы дыууæ сыфыл. Æдæппæт рауадысты цыппар алыхуызон сыфы.

– Мæнæ уал ардæм бацæудзынæ æмæ машинæ ракæндзынæ. Уый фæстæ Михайловскы хъæуы Атарбеджы ссардзынæ, æнхъæлмæ дæм кæсдзæн. Дæс къоппы дын уырыссаг арахъхъ ратдзæн. Уырдыгæй уым хæстæг базæмæ бауайдзынæ. Йæ хицау мæ кæнгæ æфсымæр у, æмæ дын дæс асыччы коньяк ратдзæн.

Иу гæххæтт уал Бибо йæхимæ ныууагъта.

– Ардæм цæуын нæма хъæуы. Сæхæдæг дæм дзурдзысты æмæ, шампайнаг сæн кæцæй раласай, уый дын зæгъдзысты. Макæмæй

æфсæрмы кæн. Уыдæттæ дæуæн нæ, фæлæ мæнæн кæндзысты. Æз дæр бæсты æфсæрмы кæндзынæн.

Лæппуйы къухтыл дыздызæг бахæцыд, йæ хъуыр ын цæстысыгтæ ахгæдтой.

– Цæттæ стæм. Дзырд дын дæттын, чындзæхсæв æнæмæнг кæй уыдзæн. Мацæуыл тыхс, кæмæйдæриддæр зæгъай, уый, куыд æмбæлы, афтæ æгъдауыл рахæсдзыстæм, «нæ» зæгъæг нын нæ фæуыдзæн.

****

«ЗЫНДОНМÆ, БИБО, ЗЫНДОНМÆ!»

Уый уыд 1988 азы. Иу сæрдыгон бон та Уататы Бибо театры кæрты бæлæсты бын хъæлдзæг ныхæстæ кодта репетицийы хæд размæ. Йæ алыварс артисттæ кæл-кæлæй худынц. Йæ тæккæ фарсмæ та – йе стыр хæлар Бирæгъты Къоста. Бибо иурæстæг йæ цæсгомы хуыз фæивта æмæ афтæ зæгъы:

– Дысон ахæм æнахуыр фын федтон, æмæ диссаг. Раст цыма дын дзæнæты фестадтæн. Мæ алыварс æрдз цъæх-цъæхид дары, цъиутæ зарынц. Цæст сæ уындæй не ‘фсæды. Ехх, зæгъын, Бибо, уæлæуыл дзæгъæлы цас рæстæг фесæфтай, цард мæнæ кæм ис, мæнæ! Раздæр дæ амæлын хъуыд!

Уалынмæ дын кæсын, æмæ дардæй урс бæхыл æрбацæуы иу зæронд лæг урс-урсид дзаумæтты. Ай, зæгъын, Уастырджи ма уæд. Уæдмæ æрбахæццæ æмæ иу хъæр фæкодта:

– Ды Уататы Бибо нæ дæ?

– Гъе уый дæн! – бацин кодтон мæхимидæг.

– Æмæ ам цы кусыс?

– Мæнæ дзæнæтмæ цæуын!

– Дæуæн дæ бынат зындоны ис!

– Цæмæн?

– Куыд цæмæн?! Уæлæуыл сылгоймæгты зæрдæхудты цыдтæ?!

– Цыдтæн!

– Тамако дымдтай?

– Дымдтон!

– Карз нозт нуæзтай?!

– Нуæзтон.

– Уæрæсейы Федерацийы адæмон артист нæ дæ?

– Дæн…

– Зындонмæ, Бибо, зындонмæ!

Уалынмæ дын фæстæмæ фæкастæн, æмæ уалæ Бирæгъты Къоста дæр хъуыддагхуызæй æрбацæуы. Мæ зæрдæ куыд нæ ныррухс.

– Уалæ уыцы лæджы уыныс? Уый дæр Ирон театры артист у! – фæрæвдз дæн æз! – Уый дæр мæн хуызæн сылгоймæгты зæрдæхудты цыдис, тамако дымдта, нуæзта, æмæ цынæ æвзæр митæ кодта! Суанг ма Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт артист дæр у.

Уастырджийæн йæ цæсгомы хуыз кæй фæивта, уый мæ зæрдæмæ фæцыд, загътон, мæ хъул сах абадт.

– Мæнæ ай… ацы дæлæмæдзыд дæр Ирон театры артист уыди? – дисы бацыд Уастырджи æмæ фæсагъæсхуыз.

Фæсныхасæн: Бибо æмæ Бирæгъты Къоста Мæскуыйы иумæ ахуыр кодтой Театралон училищейы. Сæ хæлардзинад уыд æнæфехалгæ, бындурон. Фæлæ сæ хъазæн ныхæстæй кæрæдзийыл нæ ауæрстой. Фидаугæ дæр сыл кодта. Бибомæ-иу хатгай бахатыдысты, ма ма йæ дæлдзинæг кæн, зæгъгæ, тæригъæд у. Æмæ-иу уæд Бибо афтæ: «Ацы дæлæмæдзыд мæнæн, цалынмæ Мæскуыйы ахуыр кодтам, уæдмæ цы хъыцъыдæттæ бануазын кодта, уый куы зониккат, уæд афтæ нал зæгъиккат».

БАНАНТÆ КЪÆДЗ ЦÆМÆН СТЫ

Бирæгъты Къоста Уататы Бибойы алыварс æртæ зылды æркодта, йæ размæ æрлæууыд æмæ йæм хæрдмæ дзуры:

– Бибо, ды дæхи æдзух зондджын куы хоныс…

– Æппынфæстаг дæуæй æдылыдæр нæ дæн.

– Уæдæ ма мын ме ’дылы фарстæн зондджын дзуапп ратт.

– Даргъ таурæгътæ ма кæн, фæлæ бафæрс.

– Дысон-бонмæ нæ бафынæй дæн, Бибойыл, зæгъын, райсом куы амбæлон, уæд æм цавæр фарст ратдзынæн.

– Гъы, æмæ цы ’рхъуыды кодта де ’дылы къоппа?

– Зæгъон æй?

– Зæгъ.

– Банантæ къæдз цæмæн сты?

Бибо хъæлæсыдзагæй ныххудти:

– Дысон-бонмæ ууыл хъуыды кодтай? Æндæр куыст дын нæ уыд?

– Нæ уыд, фæлæ ме ’дылы фарстæн – зонджын дзуапп!

Бибо ахъуыды кодта, стæй басасти:

– Нæ зонын.

– Сæттыс ыл?

– О, сæттын.

– Уæдæ æз æндæр маймулийы бафæрсон.

УАТАТЫ КЪОСТА

Уататы Бибо æмæ Бирæгъты Къоста уыдысты лæппуйы куывды. Мысайнæгтæ дæтгæйæ, Къоста йæхи фæразæй кодта. Бибо куы лæвæрдта, уæд Къоста фыссæгмæ дзуры:

– Уататы Къоста, зæгъгæ, ныффысс.

– Цæмæн Къоста? Мæхи ном æвзæрдæр у?

– Уадз æмæ уæм иу адæмымыггаг лæг уа!

ДЫ АКТЕР ДÆ

Бибо культурæйы министрæй кусын райдыдта. Иубон æм куыстмæ телефонæй бадзырдта Цихиты Мæирбег:

– Бибо, арфæ дын кæнын дæ ног бынатæн.

– Бузныг, Мæирбег!

– Æппынфæстаг де ’рдын дæ къухы бафтыд.

– Цæмæй зæгъыс?

– Цæмæ бæллыдтæ, уымæй. Министры бынатæй. Цæмæн дæ хъуыд? Ды актер дæ!

– Фидаугæ дзы не скæндзынæн æви дзы кусын нæ базондзынæн?

– Мæ зæрдæ дыл дарын. Ды курдиатджын актер дæ. Министры ролы дæр хорз ахъаздзынæ.

Михаил КОРНЕВ, актер, режиссер, УФ-йы аивæдты сгуыхт архайæг:

Æз йемæ фыццаг хатт базонгæ дæн «Таджикфильм»-ы уæрæх кæрты. Абоны хуызæн ма мæ цæстытыл уайы: нарæг къахвæндагыл æрбацæйцыд бæрзонд, хæрзконд боцъоджын нæлгоймаг . Зæгъын, чи у уый. Æмæ, дам, Уататы Бибо, ирон. Дзырдтой фæлмæн, уарзонæй. Уымæн уæд йæ ном хъуыстгонд нæма уыди. Фæлæ уайтагъд куы иу ран, куы иннæ ран хъуыстон: «Бибо афтæ загъта...», «Бибо та афтæ хъуыды кæны...»

Æмæ йæ уæд бамбæрстон: ацы лæгмæ алы хæдзары дæр æнхъæлмæ кæсынц.

Абон нал ис, фæлæ уæддæр мæ цæстытыл уайы уыцы рæсугъд, уыцы бæрзондæй.

Иухатт æй бафарстон:

– Бибо, ахæм æнкъард цæстæнгас дын цæмæн ис?

Уый мæм бахудти:

– Ирæттæн вæййы æнкъард цæстытæ...

Æз ма йыл бафтауин:

– Стæй хуримæ сæ зæрдæты...

Мæнмæ гæсгæ, киноныв «Хасан-арбакеш»-ы сценæтæй æппæты ирддæр уыд, сæйраг хъайтар арты алыварс кæм кафыд, уый. Дисы мæ æфтауы, Бибо куыд арф айста йæ зæрдæмæ таджикæгты национ кафт æмæ куыд банкъардта мæ адæмы уд ацы кафты уылты. Бибо алы гыццыл хъуыддагмæ дæр тынг бæрнон цæстæй каст. Киноныв исыны размæ фыццаджыдæр базонгæ таджикæгты культурæ æмæ æгъдæуттимæ. Хасаны сурæт дæр ын уымæ гæсгæ рауад ахæм цæрæццаг æмæ тыхджын.

Бæлвырд у иу хъуыддаг: махмæ Таджикистаны Бибойы ном рох нæ уыдзæн!

ГАФЕЗ

УАГЪЫЛЫ ÆМÆ ЗЫНГ

Новеллæ

Уалдзæг йæ тæмæны бацыд. Фæзтæ æмæ къуылдымтæ æмхуызон дидинтæй хъулон гауызтæй зынынц, хъæд йæ райстбавæрд фæлыст скодта. Зæрдæ райы æрдзы уындæй.

Фæлæ ацы рæсугъддзинад уагъылы мурмæ дæр нæ дары. Уый сæрыстыр – æрмæстдæр йæхицæй, йæ фæлыстæй.

– Æз куы нæ уаин, уæд æрдз гæвзыкк æмæ мæгуырæй зынид, æнæ мæн йæ фæлыст ихдзагъдау зынид. Мæ дидинтæ – сырх, æрдзы риуыл туджы æртæхтау æрттивынц. Хуры тынтæ сæ хъазынц. Мæнмæ цы чызг æмæ лæппу нæ батæхуды кæнынц, ахæм нæй! Æмæ стæй мæ ныхтæ! Цæргæсы ныхтæй фидардæр æмæ хъандзалдæр сты. Исчи ма мæм февналæд, мæ дидинты сыфтæй ма-иу атонæд, кæддæра йын йе ‘нгуылдзты мæ ныхтæ нæ фæсадзин, йæ армы уæлтъæпæнтæ йын гутонау нæ бакæнин.

Зынг бирæ фæхъуыста уагъылыйы æппæлдмæ. Æгæр-æгæр куы кодта, уæд æм нал фæлæууыд.

– Дæхицæй æгæр æппæлыс, уагъылы. Æз дæм куы фæзынон, уæд та цы зæгъдзынæ?

Уагъылы йæ куы ауыдта, уæд фæмæсты, йæ сæр банкъуыста. Тæргайгæнæгау загъта:

– Æмæ кæй кой нæ кæнын, уый та мæм цæмæ дзуры!

ÆЛБОРТЫ Беллæ

ÆЗ КУЫ ФÆМЫСЫН...

Æз куы фæмысын тарцъæх цæстытæ,
Мæнæ куыд фæзæгъынц, арвæй цъæхдæр,
Уæд цы ран дæ, кæдæм мæ фæлыгътæ,
Æви кæд барæй æмбæхсыс мæнæй.

Æз куыд мысын дæ бурбын дзыккутæ,
Бур дидинджытау къæбæлдзыг, фæлмæн.
Фæндыдис мæ арæх ныдзæвын сыл къухæй,
Цинау мæм кастис, нæ зоныи, цæмæн.

Мæ цæстытыл уайынц мæтæгхуыз сырх былтæ,
Зоныс, куыд бирæ сæм уарзтон кæсын.
Цавæр æхцондзинад хастой мæ удæн,
Абон дæр æй мæ бон нæу зæгъын.

Уыцы къæлæтæнгæс тарбын æрфгуытæ, –
Уыдтæн æз зæрдæрай сæ анв уындæй,
Ахастой мын мæ уаз фæндтæ семæ,
Нæ, нæ мæ уырны, уый та куыдæй?

Æз куы фæмысын арæх дæ сурæт,
Уæд мæ зæрдæ фæкæны уынгæг.
Стæй та мæхицæн ныфсытæ æвæрын:
Абон уа, сом уа, кæд уаид зынæг.

Ферох кодтай æвзонгады зарæг,
Сивтай дæ зæрдæ мæныл ды, фæлæуу.
Æви мæ фарсмæ дæ раздæрау алкæд,
Фæлæ цæмæндæр нæ уынын æз дæу…

ЫСДЗУР МÆМ ИСТЫ

Цæмæн ныхъхъус дæ гобийау, мæ лымæн,
Цæмæн кæсыс фæлмæстгъуызæй, зæгъ-ма?
Цæй, ‘рымысæм та истытæ нæ цардæй,
Зæронды бонтæн раджы у нырма.

Ысдзур мæм исты, мауал кæс æрхуымæй.
Цæмæн дæ цардмæ афтæ тынг хæрам?
Уæд та мын, цæй, гæды ныхæстæ ракæн,
Уырны мæн царды алцыдæр, цы дам…

Æрис-ма, цæй, дæ дала фæндыр къулæй,
Ысуадз-ма йын йæ уазмырон хъæлæс.
Æнкъарддзинад фæлидзид кæд мæ цурæй,
Зæливылæнтæй байдзаг уа нæ къæс.

Æрцу-ма йын дæ æнгуылдзтæй йæ тæнтыл.
Цы ис, мæ хæлар, зарæгæй хуыздæр.
Цæй, исты ‘рымыс, мауал кæс æнхъæлмæ,
Дæ зарынмæ кæд бахъырнин æз дæр.

Нæ ивгъуыд бонтæ ‘рымысæм мах абон,
Уыдыстæм мах дæр цардæфсæст кæддæр.
Цы гæнæн ис, æрдзон фæткæн нæй ивæн,
Лæг ма уæд цух лымæнтæй, цæхх, къæбæр…

Фæйнæ сыкъа æрдауæм та нæ сæнæй,
Нæ Хуыцаумæ ыскувæм ‘мæ зæгъæм:
«О, ма нæ фесаф, Не Скæнæг, дæ рынтæ,
Мæгуырæй дæр, цæй, афтæ хъæлдзæг уæм!..»

ФÆСТÆМÆ РАЗДÆХ

Цæуыс мæнæй, кæдæм – Хуыцау йæ зонæг,
Дæ цæстæнгас хæрзбон зæгъы мæнæн,
Дæ зæрдæ ‘хсайы, зонын æй, кæмæдæр,
Ыскодтой дын йæ цæстытæ кæлæн.

Фæстæмæ раздæх, курын дæ, фæстæмæ,
Æрцу дæхимæ, ис ма дын рæстæг.
Фæстæмæ ракæс, бахуд мæм дæ мидбыл,
Дæ къахдзæфтæ мæнырдæм райс цæрдæг.

Нæ уалдзæгыл та цин кæндзыстæм иумæ,
Хæсдзынæ та мын дидинджыты баст.
Сæрдыгон бон бæрзы къохмæ цæудзыстæм,
Рæвдаудзæн нæ сæууон хуры ыскаст.

Хæрзиунæгæй хъысмæты ‘вджид мæн уадзыс.
Æнæ дæуæй мæн нал батавдзæн хур.
Æрбаздæх мæм зæрдæлæууæн ныхасæй,
Мæ тыхст æмæ мæ уды рис фæсур.

Нæ мæм ракастæ худгæ ды фæстæмæ,
(Уыди дæм раздæр ахæм звæд æдзух),
Нæдæр мын загътай: «Мауал кæс æнхъæлмæ»,
Нæ мæм фæтылдтай дардæй ды дæ къух.

Кæд-иу æнæ мæн хорз амонд ыссарай,
Уæд-иу рæсугъд уæд уалдзæгау дæ цард.
Æз та мæ бонтæ ‘рвитдзынæн æнкъардæй,
Кæй нал дæ мæн, кæй дæ мæнæй ды дард!

БИТАРТЫ Маринæ

ÆНÆКÆРОН МАСТ

Æмбисæхсæв ссис, уæддæр Фаризæтмæ хуыссæг æввахс нæ цæуы. Фæнды йæ цæстытæ ‘рцъынд кæнын, фæлæ та фегом вæййынц, дард кæдæмдæр æдзынæг ныккæсынц. Уынгæй къæвдайы сæх-сæх хъуысы. Фæнды йæ рудзынджы размæ бацæуын, фæлæ йæ бон нæу. Йæ сынтæджы рабадти, йæ фæлмæн стыр баз къулмæ сбыцæу кодта æмæ йыл йæхи бауагъта. Æхсæвы тармæ йе ‘ргом сарæзта: æрмæст уый вæййы алы хатт йæ уды катайы æвдисæн.

– Хæсанæ! О мæ иунæг æфсымæр! – ныууынæргъыдта Фаризæт.

Азтæ æнæвгъау размæ куыд тындзынц, афтæ зæронд усæн нал у йæ бон уыцы стыр маст йæ зæрдæйы хæссын: æгæр уæззау уаргъ у! Йæ цæстыты раз та февзæрд Хæсанæ: лæппу йæ къухæй хæцы йæ риуыл, йе ‘нгуылдзты ‘хсæнæй туг кæлы, афтæмæй Фаризæты раз æрхауд. Фæнды йæ ацы ныв дард фæсурын, фæлæ йæм исдуг афтæ фæкаст, цыма зæххыл æцæгæйдæр уыны йе ‘дзард æфсымæры туджы пырхæнтæ.

– О, куыд ницы мæ бон бацис, мæ иунæг… Куыд æгъатыр дæ, хъысмæт. Исты амалæй ма куы ‘рбабон уаид, уæд та фервæзин мæ удхайраг хъуыдытæй.

Фæстæмæ æрхуыссыд, йæ цæстытæ æрæхгæдта, фæлæ та ногæй йæ размæ фегуырд уыцы æвирхъау ныв. Мæнæ йе ‘рыгон бонтæ йæ зæрдыл æрбалæууыдысты.

– Фали, цæй-ма, кæд ссæудзæн Хæса?

– Тагъд, мæ гыццыл, тагъд, хос кæрдынмæ ис æмæ афонмæ ссæуы, – Фаризæт гыццыл Уырызмæджы йæ хъæбысы æрбакодта.

– Дæ уæлдай митæ куы ныууадзис æмæ йын йæ дзаумæттæ куы ныхсис фæлтау.

Фаризæт фестъæлфыд йæ фыдыус Сонайы хъæрмæ. Чызг сывæллоны йæ риумæ тынгдæр нылхъывта, цыма йын байсынæй тарсти, уыйау.

– Ма къæл кæн Фалийыл, мæхи хо у, – мадмæ йæхи схъулæттæ кодта сывæллон.

– Сæ мард сын фенай! Ай диссаг нæу? Мæ хъæбулы мын мæ ныхмæ куыд ардауынц. Æ, мыггагскъуыд фæуат! – загъдгæнгæ уынгмæ ауад Сона.

– Алæ-ма, кæм ис нарты Уырызмæг? Куы зонид, цы йын æрбахастон!.. – кæрты хъæлдзæгæй фæмидæг Хæсанæ.

Уырызмæг йе 'фсымæры хъæлæс куыддæр айхъуыста, афтæ йæ хъазæнтæ фæуагъта æмæ ратахт Хæсанæйы размæ. Уый йæ йæ тыхджын цæнгтæй хæрдмæ фелвæста. Сæ худынмæ Фаризæт дæр рауад.

– Абондæргъы мæ нал уадзы, кæм ис Хæса, зæгъгæ. Мæ зæрдæ дæр тынг æхсайдта, дысон дæр та куы нæ фæзындтæ, уæд, фæлæ æрдæбон Дзабо æрбауад æмæ афтæ, фæцис, дам, карст йæ хос, дысон дæр, дам, уый тыххæй не ссыд, æххæст, дам æй фæуон. Дæлæсыхыл та, æвæццæгæн, дæ фæндаг ракодтай, цыдæр хъæлдзæг дæ?

– Куы зонис, Фари, йæ уынд мын куыд æхсызгон вæййы. Æвдадзы хос мын у йæ иу фæкаст дæр! Мæ сагъæстæ, мæ фæллад цыдæр æрбавæййынц. Йæ фæлмæн мидбылхудты æнæкæрон тых ис.

Хæсанæ йæ хойы æрбахъæбыс кодта æмæ бандоныл æрбадтысты.

– Омæ йæ 'рхæсс тагъддæр. Мæдинæт тынг хорз чызг у. Тæхуды, уæ амонд уын куы фенин.

– Ехх, Фари, зоныс мын мæ уавæр. Далæ куыройы дæллаг фарс, зæгъын, хæдзар самайон. Айфыццаг мын нæ мадыфсымæртæ ныфс бавæрдтой, мах, дам дын зæхх балхæндзыстæм, æмæ цыбыр рæстæгмæ иууылдæр иумæ хæдзар сараздзыстæм. Афтæ цæрын мæ бон нал у, мæ къах мæ нал фæхæссы ацы хæдзармæ. Алы бон – Сонайы загъд, йæ тызмæг цæстæнгас...

Фаризæт, йе 'фсымæры сагъæстæм хъусгæйæ, йæ сæр ныллæг æруагъта, нынкъард. Ныр фондз азы цæуы, сæ фыд ус куы 'рхаста, ууыл. Ног чындзæн, фарны къах æрбавæр, зæгъгæ, фæарфæ кæнынц. Фæлæ Сона фарны къах не 'рбавæрдта. Сидзæртæн мады лæггад нæ бакодта, фæлмæн ныхас дзы никуы фехъуыстой Хæсанæ æмæ Фаризæт. Фæлæ æрыгон чызг никуы рахъаст кодта нæдæр мадыхойæн, нæдæр фыдæн: хæдзары бинонтæй æддæмæ мацы райхъуыса, бинонты фарн ма фесæфа. Цал хатты 'рцыдысты сæ мадыфсымæртæ, Фаризæты уæддæр акæнæм, зæгъгæ. Фæлæ сæ чызг сдзурын дæр никуы бауагъта: адæм хæрзаг ма зæгъой, Габойæ йæ сидзæртæ лидзынц. Мадыфсымæртæ-иу сæргуыбырæй аздæхтысты. Бæргæ зыдтой сидзæрты уавæр, адæмæй дæр куыннæ 'рыхъуыстаиккой, сæ хæрæфырттæн фыдыус хорз кæй нæу, сæхæдæг та никуы ницæмæй рахъаст кодтой, æмæ-иу алы хатт зæрдæуынгæгæй фæстæмæ уымæн ацыдысты.

Уырызмæг æнцад бадти æмæ хъуыста йæ хо æмæ йе ‘фсымæры ныхæстæм. Кæд сын ницы æмбæрста, уæддæр сæ иу хатт дæр ницæмæй бахъыгдардта. Стæй куы фæхъус сты, уæд сындæггай афарста:

– Хæса, æмæ мын цы ‘лхастай, уый та цы у?

– Мæнæ диссаг, куыд мæ айрох! – фæцырд Хæсанæ.

Фаризæтимæ хъæрæй ныххудтысты. Хæсанæ йæ дзыппæй стыр сырхварс фæткъуы фелвæста.

– Ауыхæй, мæнæ цæйас у! – фæлæбурдта йæм Уырызмæг æмæ алыгъд.

Фаризæт дæр фестад:

– Цом исты ахæр, ныхæстыл дæ ныддардтон.

– Ницы мæ хъæуы, нæхи Хъасболтæм уыдтæн, æмæ мæ Зæли æххормагæй уагъта? – дзургæ ацыд скъæты ‘рдæм Хæсанæ, бæх ракодта æмæ йæ хомæ дзуры:

– Фари, донмæ нæ цæуыс?

– Куыннæ цæуын, – фæлмæн бахудт чызг.

– Мæдинæтимæ ма-иу афæстиат ут, æз дæр бæх донмæ кæнын... Æмæ Сона та кæм ис? Ацы хатт йæ хъуыр-хъуыр куы никæцæй хъуысы...

– Нæ зонын, кæдæмдæр ауад. Кæд та дæлæ Серафинтæм ис, – йе уæхсчытыл схæцыд Фари.

– Дзабо афтæ загъта, Хæса, дам, куы ссæуа, уæд мæм-иу æрбауайæд, æхсызгон мæ хъæуы. Æцæг-иу бирæ ма бафæстиат у, баба дæр абон ссæудзæнис, фос хъуамæ стæрой. Æмæ дæ ам куы нæ ‘рбаййафа, уæд та Сонайæн дæр æндæр мацы ратт.

* * *

Хæсанæ сындæггай зилы доны былгæрæтты, бæх дæр цыма йæ хицауы зæрдæ ‘мбæрста, уыйау сабыргай цыд йæ фарсмæ. Зынаргъ у ацы бынат Хæсанæйæн. Стыр дурмæ схæццæ æмæ уым æрбадт. Ацы дуры раз цыдæр удæнцой ссары. Гыццылæй дæр-иу ардæм уад. Фæстæдæр, йæ мад куы амард, уæд йæ зæрдæйы сагъæстæ дæр æрмæст ацы æгомыг «æрдхордæн» кодта. Æгъдаумæ гæсгæ, нæлгоймагæн худинаг у кæуын. Æмæ йæхи ныхъхъæбæр кодта Хæсанæ. Стæй рацыд ардæм æмæ нал æфсæст кæуынæй. Сонайы загъдæй дæр арæх лыгъд ардæм хъæстмæ. Суанг ма йæ йе ‘мбæлттæ дæр Хæсанæйы дур схуыдтой.

Йæ мидбылты бахудт лæппу. Фæлæ йын йæ хъуыдыты хал фескъуыдта зонгæ хъæлæс.

– Абон та дын, Гагуыдз, фæндараст зæгъдзынæн, афонмæ нæ лæг стардта йæ фос.

Гагуыдз Сонайы æрбахъæбыс кодта.

– Чортти бери, Сонычкæ, Габотæ-йедтæ для меня рыгтæ.

Сона цъæхснаг хъæлæсæй никкæл-кæл кодта. Уалынмæ бæх ауыдта æмæ сагъдауæй аззади, Хæсанæмæ куы фæкомкоммæ, уæд афæлурс æмæ сæхирдæм азгъордта. Гагуыдз ма йæ фæстæ ахъæр кодта:

– Што ти, Сонкæ, фæлæуу, мæнæ дын къафеттæ, кæсгон бæхау кæдæм фæсирыс?

Хæсанæйæн уайтагъд йæ зæрдыл æрбалæууыд, æрæджы йæ бæх агурæг хъæуыбынмæ куыд ацыд, уый. Иу ран лæппутæ тымбылæй бадтысты, æмæ Хæсанæ айхъуыста сæ зарæджы ныхæстæ:

«Рæсугъд Сона Гагуыдзмæ куы дзуры, гъей!
Рауай, Гагуыдз, мæ зæрдæ, мæ уидаг, гъей!»

Уæд цæмæндæр йæ хъус не ‘рдардта хъæуы магусатæм Хæсанæ. Уыдон æй куыддæр ауыдтой, афтæ фæсыпп сты, Хæсанæ та сын салам радта æмæ дарддæр ацыд. Ныр ыл цыма исчи их дон бакалдта… Бамбæрста хъуыддаг. «Ау, Гагуыдз æмæ Сона?..» Бирæ фæкатай кодта, йæ сæрыл дыууæ къухæй ныххæцыд. Уæдмæ мæй дæр цæлхыдзагæй скасти, æмæ лæппу йæ бæхыл абадти, хæдзармæ сфардæг. Фарийы дуармæ бадгæ сæййæфта.

– Худинаг дын нæу: мах дæм æнхъæлмæ кæсæм, ды та, Хуыцау йæ зонæг, кæм дæ? Дзабо дын уагæры дæ зæрдæ цæмæй алхæдта? – дзуры хо æфсымæрмæ. Фæлæ йын йæ цæсгоммæ куы фæкомкæммæ, уæд фæсагъæсхуыз: – Мæ хæдзар, дæ хуыз куы фæцыд. Цы хабар у?

– Баба ссыди? – афарста Хæсанæ.

– Ам ис. Загъд кæны, уыцы лæппу, дам, æппын хæдзармæ афойнадыл нал цæуы. Сона дæр та цыдæр мæсты у, æцæг ацы хатт загъд нæ кæны, ницы дзуры. Уырызмæджы ранадта, æмæ уый дæр, мæгуырæг, кæугæйæ афынæй. – Фаризæт йе ‘фсымæры къухмæ фæлæбурдта:

– Цы ‘рцыд, Хæса, мауал мын риссын кæн мæ зæрдæ.

Хæсанæ дæр йæ фарсмæ ‘рбадт æмæ хойæн, йæ иунæг хойæн, ацы зæххыл ма йын цы иунæг уарзæгой зынаргъ адæймаг баззад, уымæн радзырдта Сона æмæ Гагуыдзы хабар.

– Мæ зынаргъ, дæ дзыхæй дæр ма схауæд. Оххай-гъе, ныр дыууæ

боны мæ зæрдæ цыдæр æнахуыр рыст кæны. Ныртæккæ Бибо æмæ Хъасбол ам уыдысты æмæ бабайæн загътой, дæлæ, дам, Хæсанæйæн куыройы дæллаг фарс уыцы зæхх балхæдтам, ахицæн æй кæнæм, бинонты хъуыддаг дæр ын бакæнын хъæуы. Хæсанæ, дæхи ныхъхъæддых кæн, мацы срæди, дæ хорзæхæй, бабайæн. Хæдзар сараздзынæ æмæ Мæдинæтимæ амондджынæй цæрдзынæ. Охх, цытæ дзурын? Бамбар иу хъуыддаг: уæддæр баба дæуыл нæ баууæнддзæнис. Æгæр тынг уарзы Сонайы, дæ ныхæстæ та дын дам-думтæй айсдзæнис, ома уæ фыдыусы нæ уарзут æмæ йыл цъыфкалæн кæнут. Гыццийыл йæ ингæнмæ сыджыт куы ныккалдтам, нæ фыд дæр уæд амард. Хæса, мæ зæрдæ цыдæр бæллæх æнкъары, – йæ цæссыг калдта Фари.

Лæппу фестад, æнæдзургæйæ ацыд æмæ бæхы скъæты бакодта.

Фаризæт йæ къухтæ уæлæмæ систа:

– О Лæгты Дзуар, мæ иунæг æфсымæры мын дæ базыры бын бакæн, фыдбылызæй йæ бахиз. Ох, куы ницы загъта, ома бабайæн йæ цæстытæ байгом кæнон, уæд цæуыл сфæдис дæн? Тагъддæр æй куы ахицæн кæниккой Хъасболитæ, фæлæ кæд уыдзæн?! А фæстаг заманы йæм баба ноджы цыдæр хъуынтъыз дары йæхи. Мæгуыр, ныр кæдæй нырмæ кæрды иунæгæй хос, куыстытæ иууыл йе уæхсчытыл æрæнцадысты. Уæддæр, дам, афойнадыл хæдзармæ нæ цæуы. Охх, ме ‘фсымæр, дæ маст мæ бынтон куы мары.

* * *

– Ныр цы кæнон? Ау, хицæн хæдзар куы уон, уæд уыцы худинаг мæнмæ нæ хауы? Мæ фыдыус куы у. Нæ мыггаг нын худинаг кæны! Цон, бабайы къух райсон, – хъуыдытæ кæнгæ, хæдзармæ бацыд Хæсанæ: – Æгас цу, баба!

– Æгасæй дæр мæнæ дæн, фæлæ ды та кæм дæ нылонг? Дзæгъæл рацу-бацу бирæ кæныс, лæппу.

Хæсанæйæн йæ мастыл цæхх кæнæгау уыдысты фыды ныхæстæ, фæлæ сæркъулæй лæууыд æмæ хъуыста. Сона йæм аивæй йе уæхсчыты сæрты ракаст: «Гъы, куыд æрчындз йæ фыды раз! Абон мæм цы каст ныккодта. Æллæх, йæ фыдæн куы зæгъа, уæд мæ амардзæнис, фæлæ исты æрхъуыды хъæуы».

– Баба, æз ацæуон æмæ баулæфон.

– Баулæф, баулæф, науæд тынг бафæлладтæ… – схуыст дзуапп радта фыд.

Хæсанæ федде ис. Йæ фæстæ ма Габо цыдæртæ дзырдта, фæлæ Сонайы мигæнæнты дзыгъал-мыгъул фæхъæрдæр.

– Цы кæныс, цы, не 'фсин, цæкуыйау куы ныппустъа дæ?

– Ноджы ма мæ фæрсгæ кæныс, нæ лæг? Хæдзары куыстæй, мастæй хъуырмæ куы сдæн. Кæд мæ дæ сидзæрты зæрдæ нæ айста, уæд мæ рагацау арвыстаис мæ цæгатмæ, – лæджы фарсмæ абадти Сона æмæ йæ раздарæнæй йæ цæссыгтæ асæрф-асæрф кæны.

– Фаризæт, ардæм-ма рауай! – фæтъæлланг ласта Габо. – Мæнæ мигæнæнтæ æфснайын хъом нæ дæ? Цавæр стут? Кæм уыд де 'фсымæр абондæргъы?

– Хос кæрдынмæ уыди, дысон дæр ам нæ уыд. Стæй та бæх донмæ акодта, – йæ цæстытæ æруагъта чызг.

– Гъы, æмæ йæ æз куы фарстон, уæд йе 'взаг аныхъуырдта? Æви уын æз фыдæн нал бæззын?

Бæргæ æмбæрста Габо: Сонайæ йæ сидзæртæ мады рæвдыд нæ райстой, рæхуыст æмæ схуыст ныхас йеддæмæ. Фæлæ-иу Сонайы рæсугъддзинад уайтагъд Габойæн йæ уайдзæфтæ нынныхъуырын кодта. Ныр дæр мæйы бæрц уалæ фыййау уыди, æнхъæлдта, куы 'рыздæха, уæд ыл Сона баузæлдзæнис. Уый та йæм кæсгæ дæр нæ ракодта рæстмæ, мæ маст, дам, мæ хъуырмæ. «Цымæ йын цы маст скодтой? Цæй, скæнæнт лæппуйæн хæдзар йæ мады сахъ æфсымæртæ. Чызджы дæр бирæ курджытæ ис. Æмæ уæд кæд æнæмастæй ацæрин мæ рæсугъдимæ», – ахæм хъуыдытæй йæхи сабыртæ кодта Габо.

– Цæй, не 'фсин, æз цæуон æмæ бахуыссон.

Фаризæт дæр йæ фынг афснайдта, æмæ йæ фыдимæ дуары хæрхæмбæлд фесты.

– Лæппу фынæй у?

– Нæ зонын, гыццыл раздæр скъæты цармæ схызти, ам, дам, бахсæвиуат кæнон.

– Æндæр аккаг дæр нæу, – хъуырхъуыргæнгæ ацыд Габо.

Сона арты фарсмæ æрбадтис æмæ хъуыды кодта: «Нырма айгъæй ницы загъта, фæлæ райсом хос ссивынмæ цæудзысты, æмæ уæд æнæмæнг срæдидзæнис».

– Не 'фсин, цæмæ æхсæвбадæнтæ кæныс, уый куы бамбарин, – йæ сæр дуарæй æрбадардта Габо.

Сона фестад æмæ уаты смидæг.

Æхсæв йæ сау пæлæз хъæубæстыл æрытыдта. Бæстæ у сабыр. Æрмæст хъæуыбын куыйты рæйын цæуы, æмæ та Габойы куыдз дæр нынниуы. Тагъд фыццаг кæркуасæнтæ уыдзысты, фæлæ Габойы бинонтæй ничи у фынæй.

МАДЫ ЗÆРДÆ, ЦÆЙ ДИССАГ ДÆ, ЦÆ!

Ацы хабар нæ æркæны иу хатдзæгмæ: иудадзыг æхцайы цæстæй куы кæсæм нæ цардмæ, уæд зæрдæ хъæбæр кæны, нæ зынаргъдæр адæм – ныййарæг уа, хъæбул йе æндæр уарзон хион – уды сыгъдæгдзинадæй фæиппæрд вæййынц, æмæ уымæй амонд ничима ссардта.

Цард доны къусæй уæлдай нæу, зæгъгæ, дзæгъæлы нæ фæдзурынц. Кæддæр Зарæмæ цард мидбыл худтис. Йæ иунæг лæппу Фидар уыд йæ зæрдæйы уидаг, йæ цæугæ мæсыг. Бирæ рухс фæндтæ баста мад йемæ. Хъуыды ма кæны, бинонтæ йын куы хаста, уæд куыд хъæлдзæг æмæ сæрыстыр уыд мады зæрдæ. Сыхæгты ус æй афарста: «Зарæ, кæй чызг у чындзаг?» «Цæрæг хæдзары чызг, тынг цæрæг хæдзары чызг», – уайтагъд дзуапп авæрдта сылгоймаг.

Ныр цал азы рацыд, уæддæр ма Фидары чындзæхсæвы кой æрцæуы, сылгоймæгтæ иумæ куы фæбадынц, уæд. Æрмæст Зарæ ныр сæрыстырæй нал фæхъусы, фæлæ йæ цæстытæ бынмæ æруадзы æмæ арф ныуулæфы. Не 'рбавæрдта фарны къах ног чындз йæ мойы хæдзармæ. Нæ садджын кодта Фидары ныййарæг мады йæхицæн. Уайтагъд фæхицæн кодта сæ цæрæн бынат. Цыбыр рæстæгмæ дыууæуæладзыгон хæдзар сарæзта Фидар йæ каисты 'ххуысæй. Æниу Зарæ дæр фæсте нæ фæлæууыд, йæ рæбынтæ раафтид кодта, уæдæ ма мæ кæмæн хъæуы мæ исбон, зæгъгæ.

Куыдфæстæмæ чындз æмæ фырт стæмхатт цæуын райдыдтой Зарæмæ. Уæдмæ йæ иунæгæн хъæбултæ фæзынд, фæлæ уыдон дæр арæх нæ уыдта сæ нана. «Цæй, æввахс мæм сты, æмæ сæм мæхæдæг уайдзынæн», – арæх-иу дзырдта сыхæгтæн. Фæлæ фæстæмæ æнкъард æмæ сæргуыбырæй здæхтис ныййарæг. Чындзы цæстæнгас зын уромæн уыдис зæронд усæн, сывæллæттæ йæм хæстæг бацыдысты, зæгъгæ, уæд сæ мад уайтагъд уроктæ кæнынмæ 'рвыста. Афтæ Зарæйæ йæ иунæг хъæбул, æввахс цæргæйæ, бынтон адард.

Фидар йæ усы мадæн хи лæппуйы лæггад кодта, йæ ныййарæг мад та йын йæ уындмæ йæ былы цъæрттæ хордта. Фæстагмæ Зарæ бынтон нырхæндæг. Фæлæ ма иу рухсы цъыртт каст йæ зæрдæмæ. Фидарæн йæ фæндаг уыд Зарæйы тыргъы бынты. Куыстæй цыд уыциу рæстæг, æмæ-иу Зарæ устытимæ куы бадт, уæддæр рæджыгæнæгау алы хатт уадис сæхимæ, цæмæй йæ тыргъæй ракæса æмæ фена, йæ хъæбул хæдтулгæйыл куыд фæцæуы, уый.

Уæд иу зымæг Зарæ тынг фæрынчын. Йæ тæвд æппындæр дæлæмæ нæ хауд. Афтæ сфæлмæцыд, æмæ Хуыцауæй куырдта æрмæст мæлæт. Иуизæр сахатмæ фæкомкоммæ æмæ йæхиуыл тыххæй схæцыд: Фидар хæдзармæ цæудзæнис, æмæ мæ рухс куы нæ кæла, уæд йæ зæрдæ æхсайдзæн, зæгъгæ. Фæлæ Фидар йæ ныййарæджы рудзгуытæм йе 'ргом никуы раздæхта, уый хыгъд алы бæрæгбон та йæ усы мадæн кодта зынаргъ лæвæрттæ.

Зарæ рынчын у, зæгъгæ йын тæвд хæринаг бахастон, тæбæгъы ма хицæнæй сæнæфсиры цупал дæр æрæвæрдтон. Сылгоймаг хæринагæй зæрдиаг хæрд акодта, фæлæ сæнæфсирмæ нæ бавнæлдта. «Ахæр-ма, Зарæ», – æрхатыдтон æм. Зæронд ус фенкъард æмæ афтæ бакодта: «Фидар ахæм сæнæфсиртæ уарзы». Мæ зæрдæ йæхи къултыл схоста, хъуыры кæуындзæг абадт. Цы мæгуыр дæ, ныййарæг! Фидар дзаг фынгтыл æрбады йæ сихоры хæрды дæр, стæй изæры дæр, фæлæ никуы ахъуыды кодта, уæдæ мæ зæронд мад абон цы бахæрдзæнис, ууыл.

Бонтæ цыдысты. Фæлæ та ног фыдæвзарæн скодта Зарæйыл: æрбайхъуыст Фидары æвирхъау мард.

Зианы адæмæй къух бакæнæн нæ уыд. Чындзы мад йæхи кæуынæй мары, йæ къухтыл ын ныххæцыдысты, цæмæй йæ рустæ ма тона. «Мæ хæдзар фехæлд», – марой кæны. Æз цæстытæй Зарæйы ацагуырдтон. Уый йæ хъæбулы къæхты 'рдыгæй бадт æмæ судзгæ цæссыгтæ калдта йæ иунæгыл. Цалдæр сыхагимæ уæддæр бахæццæ стæм Зарæмæ, скаст нæм, мæгуырæг, йæ афтид цæстытæй æмæ сабыргай сдзырдта: «Нал ис мæ хъæбул».

ЦАРДЫ ГУЫЛФÆН

Хæрзæхсад, ногуард митау тæмæнтæкалгæ, фæлæ ранæй-рæтты 'мпъызтытæ хуыссæнгæрзты хуыссы дыууадæсаздзыд Батрадз.

Уалынмæ уатмæ ‘рбакалдысты лæппуйы ‘мкъласонтæ æмæ йæм алырдыгæй ныхасæппарæнтæ кæнынц:

– Цы рахуыссыдтæ?

– Контролонæй дæхи асайдтай!

Сæ фæстæ ‘рбахызт ахуыргæнæг – бæрзонд, аив чызг. Уый йæ цæст ахаста уаты къуымтыл æмæ, дисгæнгæ, ахъуыды кодта: «Цымæ Райæ цæмæй æхсы йæ пъолтæ, цæмæй йын цæхæртæ калынц, иннæ ахæм хуыссæны цъæрттæ?»

Батрадз та хъæццул йæ хъуырмæ сивæзта, фефсæрмы ахуыргæнæджы лыстæг кастæй.

– Мæнæ нæм цас уазджытæ! Цæхæрадоны уыдтæн, æмæ, зæгъын, кæй хъæлæба у! – æрбацæуджыты ‘ргом йæхимæ аздæхта Райæ, рæвдз бауад æмæ Батрадзы ныхыл рæвдаугæ йæ армытъæпæн авæрдта, стæй хатыркурæгау бадзырдта ахуыргæнæгмæ:

– Йæ фыдæн фæстаг рæстæг йæ дыууæ сины дæр риссын райдыдтой, йæ бæсты хуыцаубоны хъомгæс ацыдис æмæ тæрккъæвдайы бахауд Бастъæлон, бастъæлон, цæмæн æй ауагътон, фæлтау мæхæдæг дæлдзæх дæр куы фæуыдаин.

– Лизæйы хъуджы та ногзад родимæ æрбатардта, – сæрыстырæй радзырдта йе ‘рдхорд Сослан, йæхæдæг æввахсдæр балæууыд йе ‘мбалмæ.

– Уæдæ, уæдæ, йæ гыццыл къонатæ, ас лæгтæ дæр фæтыхсынц ахæм уавæрты. Арæхсгæ та куыд скодта, куыд фæрæвдз ис хъугмæ? – разыйы тылд бакодта йæ сæр мад.

Батрадз йæ хуыссæны ноджы арфдæр нынныгъуылд, – нæ уарзы æппæлæн ныхæстæ.

– Æгас нæм цæут, æгас! – уаты къæсæрыл алæууыд хæдзары хицау Хъазыбег, къулыл хæцы æмæ, цыма йæ мæгуырарæзт хæдзарæй æфсæрмы кодта, уый хуызæн йæ цæстытæ ‘руагъта.

Уæдмæ Райæ стъолыл хъарм кæрдзын, цыхт, хъайла æмæ дыргътæ авæрдта:

– Ахæрут, мæ къонатæ, скъолайæ ‘ххормагæй рацыдыстут.

Сывæллæттæ уайтагъд фынг раафтид кодтой. Сослан фæткъуы Батрадзмæ дæтты, фæлæ лæппу йæ сæр батылдта.

– Æртæ боны йæ дзыхмæ къæбæр нæ исы, – йæ хуыссæнтæ йын дзæбæхтæ кæны, афтæмæй дзуры мад.

Уазджытæ ацыдысты, Райæ сæ фæстæ фынг афснайдта. Батрадз дзуры йæ мадмæ:

– Мамæ, цай ма мын скæн, æрмæст папæмæ фæдзур, æмæ мемæ абада.

– Папæ йæхи бауагъта, мæ къона, ды ахæр исты, мæ зæрдæлæууæн, æмæ дæхиуыл фæхæцай.

Мамæ, куы адзæбæх уон, уæд папæйы бæсты æз ацæудзынæн кусынмæ, науæд йæ синтæ тынгдæр риссын райдыдтой.

– Мæ хæдзар! – Райæ сынтæгыл абадт æмæ йæ хъæбулы йæ хъæбысы акодта. – Дæ ахуыры кой кæн, ницы уыдзæнис папæйæн.

Батрадз йæ сæр сдардта:

– Бонæй ахуыр кæндзынæн, талынгæй нæ тæрсын, æмæ йæ бæсты хъахъхъæндзынæн.

– Æ, цард дын фестон, мæ хъæбул, дæ гыццыл зæрдæйы цы сагъæстæ бацыд. Кусынмæ дæр дын нæ байрæджы уыдзæнис, ныр та, цалынмæ гыццыл дæ, уæдмæ дæ зæрдæмæ æнкъард хъуыдытæ ма уадз. Чи зоны, мах дæлæ де 'мбал Вовæты хуызæн хъæздыг не стæм, фæлæ цæрын фæразæм.

– Мамæ, æмæ мах хуыздæр куы цæрæм. Уыдонмæ æдзух – хылтæ, хъæлæба… Вовæ цы хъазæнтæй феппæлы, уыдон та мæ хъæугæ дæр нæ кæнынц. Стæй мæ мамæ фæлмæндæр у, – йæ цæстытæ хин æрттывд фæкодтой лæппуйæн.

– Æ, гæды, гæды! – æрбахъæбыс æй кодта мад.

Дыууæйæ дæр хъæрæй ныххудтысты. Исдуг сылгоймаг нымдзаст, арф хъуыдыты ацыд: «Æллæх, æллæх, искæдбон куы базона, хæссæггаг у, уый, уæд ныл йæ зæрдæ куы сива… Хуыцау ма зæгъæд».

* * *

Азтæ рацыдысты. Батрадз куыстуарзаг æмæ сыгъдæгзæрдæ кæй уыд, уый фæрцы йæ рæстæджы гуылфæнтæ размæ 'ппæрстой. Цард доны къусæй уæлдай нæу, фæзæгъынц, кæцырдæм фæкъул уыдзæнис, уый бæрæг нæу. Батрадз сси, цардмæ раст цæстæнгас чи дары, ахæм лæг. Скодта бынтæ, йæ цард баиу кодта уæздан æмæ рæсугъд чызг Зæринæимæ. Уый дæр бæрнон куысты кусы. Рантыст сын дыууæ лæппуйы.

Райæ тынг цæмæй тарст, йæ зæрдæйы арф цы сусæгдзинад æмбæхста, уый ныр раргом ис. Йæ «хæрзгæнджытæй» чидæр Батрадзæн гуымиры тъæпп ныккодта, хæссæггаг, зæгъгæ.

Райæ æмæ Хъазыбег уæд уаты сæхиуыл дуар бахгæдтой, сæ цæссыг калдтой æмæ æддæмæ нал хызтысты. Батрадз сæм фæхоста, уæддæр æм нæ рахызтысты. Уæд сæм лæппу лæгъстæгæнгæйæ бадзырдта:

– Цæй-ма, байгом кæнут дуар!

Райæйы зæрдæ нæ фæлæууыд, æмæ дуар фегом кодта; Хъазыбег йæ инвалидон каляскæйы бады, йæ сæр йæ риуыл æрæппæрста.

– Мамæ, папæ, цæуыл кæут? Æз рагæй зонын, хæссæггаг кæй дæн, уый. Гæххæттытæ æмбæхстат, фæлæ 9-æм къласы куы ахуыр кодтон, уæд сæ ссардтон. Уæдæй фæстæмæ мæ уарзондзинадмæ, куыд ныййарджытæм, æндæр æнкъарæнтæ бафтыд. Æз сымахæй дæн стыр бузныг, сидзæрты хæдзары кæй не схъомыл дæн, фæлæ хъæрмуд бинонты ‘хсæн. Мæ фæлмæнтæ мад, сæрыстыр кæмæй дæн, уыцы фыд, мауал мын риссын кæнут мæ зæрдæ.

Æртæйæ дæр кæрæдзиуыл ныттыхстысты, æмæ цæстысыгтæ фемæхстысты.

* * *

Бæрзонд, агуыридурæй аив амад хæдзары раз бадынц ацæргæ лæг æмæ ус. Зæронд лæг – инвалидон каляскæйы, усæн йæ цæстытыл – кæсæнцæстытæ, йæ къухы – газеттæ.

– Мæ хæдзар, нæ лæг, мæнæ ма, нæ лæпputы нын газеты рауагътой, хуыздæр спортсментæ, зæгъгæ.

Хъазыбег цымыдисæй сдзырдта:

– Бакæс-ма йæ хъæрæй, дæ хорзæхæй!

Сæ ныхас сын фескъуыдтой Алан æмæ Аслан. Се ‘хсæн афæдз æмæ ‘рдæг йеддæмæ нæй, фæлæ Аслан – уæззау зондыл хæст, кæд кæстæр у, уæддæр, æдзух чингуытæ кæсы, ноджы ма, кæсæнцæстытæ кæй дары, уый тыххæй йæ Алан «ботаник» хоны. Алан та – кусынмæ рæвдз, цумамæ – цæттæ, чингуытæ кæсын нæ уарзы. Уыйхыгъд ахуыр та кæны хорз. Спорты дыууæйæ дæр æнтыстджын сты сæ азтæм гæсгæ.

– Нана, ныртæккæ йæ ранæмин, фæлæ йын тæригъæд кæнын, – дзургæ ‘рбацыд Аслан.

– Ацу, дæ бын байдзаг кæн, «ботаник», – худæгæй бакъæцæл Алан.

– Рацæут-ма, мæ удыгагатæ, ацы газет хъæрæй бакæсут.

– Кæсгæ, «ботаник». Æз дамгъæтимæ хыл дæн, – Алан йæ былтæ фыццаг йæ дедуйы, стæй йæ бабуйы уадулыл авæрдта.

– Мæнæ ма, Алан, нæ къамтæ, – йæ цонгæй йæ рацахста Аслан.

– Охо! Богæлттæ!

– Ам дын лæгдæр хуыз ис, – йæ хъазæн ныхас нæ уадзы Алан.

Аслан фылдæрхатт Аланы дзырдæппарæнтæм йæ хъус дæр нал фæдары. Ныр дæр æй цыма нæ хъусы, афтæ бандоны кæрон абадт æмæ хъæрæй кæсын райдыдта.

Хъазыбег йæ сæр систа уæлæмæ, йæхинымæр скуывта:

– Хуыцау, табу Дæхицæн, ахæм амонд мын кæй схай кодтай. Кæд къæхтыл нæ лæууын, уæддæр мæнæй амондджындæр лæг нæй! Уастырджи, мæ кæстæртæ – дæ базыры бын!

Хъазыбег æдзух циндзинады дæр вæййы æмæ зианы дæр. Батрадз, цæсты чи хауы, ахæм егъау фæсарæйнаг хæдтулгæйы баласы йæ фыды, йæ тыхджын къухтыл æй бахæссы æмæ йæ нæлгоймæгты ‘мрæнхъ æрбадын кæны.

– Гъе, уый та дын æрхæссæггаг лæппу, хи хъæбул дæр ахæм лæггад нæ бакæндзæнис, – сæ фæстæ кæсгæйæ, фæзагъынц лæгтæ.

Иуизæр бинонтæ æхсæвæр хæрыныл æрбадтысты. Алан та Асланмæ цыдæр ныхасæппарæнтæ кæны:

– Ботаник, витаминтæ ахæр, – йæ разы йын басгæрдæг авæрдта. Фæлæ Аслан тарст хъæр фæкодта:

– Нана, цы кæныс?

Тагъд æххуысы хæдтулгæ фескъæфы Райæйы. Зæринæ йын йæ фæлмæн къух йæ дыууæ армы æхсæн бакодта, афтæмæй йæ уæлхъус бады. Фæсте цæуынц Батрадз æмæ Сослан.

– Ма тыхс, Батрадз, ницы йын уыдзæн. Рынчын алчидæр зоны, – ныфсытæ йын æвæры йе ‘рдхорд.

Батрадзæн йæ хъуыр ахгæдта, зæрдæ уынгæг кæны, йæхи рудзынгæй кæсæг скодта, цæмæй йын Сослан йæ тыхст уавæр ма бамбара.

Дохтыртæ сæ тæрхон рахастой:

– Инсульт. Йæ уавæр уæззау у, хъæуы рæстæг, рæстæг æмæ быхсындзинад.

Фегуыппæг сты бинонтæ. Суанг ма Алан дæр йæ хынджылæг ныхæстæ фæуагъта. Ныр Асланмæ дзуры æрмæст йæ номæй. Дыууæ лæппуйæн дæр сæ мæт ссис сæ деду. Нođжы фæлмæндæрæй йæм

дзурынц, æппындæр æй уæгъд нæ уадзынц. Зæринæ йæ куыст йæ хæдивæгæн бабар кодта, йæхæдæг æхсæвæй-бонæй бадтис йе 'фсины уæлхъус.

Батрадз дæр йæ уæгъд рæстæг æрвыста æрмæст рынчындоны. Иуизæр Зæринæмæ 'фснайæг йæхи фæхæстæг кодта.

– Гормон, дæхи уæлгъæдæй бахус кодтай, уæртæ сылгоймæгтæ рады куы лæууынц, цæмæй æхцайыл кæсой рынчынтæм!

Зæринæйæн йæ цæстытæ мæсты 'рттывд фæкодтой, фæлæ йæхиуыл фæхæцыд.

– Чындз æфсинæй мæстытæ фæзоны, фæлæ ацы сылгоймаг, фыццаг бон сæм куы 'рбакъахдзæф кодтон, уæд мын байгом кодта йæ зæрдæйы дуар. Йæ алы ныхасыл дæр хъуыды кодта, уæдæ мын мæ зæрдæ ма фæриссын кæна. Нæ, æцæгæлон сылгоймаг æм афтæ арæхстгай нæ бавналдзæнис, – уыд йæ дзуапп.

Æфснайæгæн йæ зæрдæ йæхиуыл æрхудтис, æмæ ма хатыр ракурын бафæрæзта, афтæмæй федде.

Батрадз палатæмæ 'рбахызт, Зæринæ йын бандон йæ разы авæрдта. Уый æрбадт æмæ йæ армытъæпæнæй Райæйы уадул æрсæрфта:

– Абон хъæлдзæгдæр дæ.

Зæринæ нал фæлæууыд:

– Дохтыр загъта, йæ уавæр фæхуыздæр, тагъд та нын къæхтыл слæудзæнис, зæгъгæ.

Палатæйы ма цы дыууæ сылгоймаджы хуыссыд, уыдон фестадысты æмæ къæлидоры фæлмæн диваныл æрбадтысты. Сæ иу дзуры:

– Сæ уæлныхты йæ куыд систой, æмæ ма йæхи хъæбул дæр куы уаид лæппу!

Райæйы сыхаг ын дзуапп радта:

– Цæмæй дæ зæронды бон афтæ æвæрд уа, ууыл æрыгонæй хъуыды кæнын хъæуы. Дæ алы ныхас дæр, дæ алы къахдзæф дæр хъуамæ баргæ кæнай.

– Уæдæ, мæ хуртæ, цы ныссадзай, уый æркæрддзынæ, – иннæ сылгоймаг дæр йæ ныхас баппæрста.

ХУЫМАРТЫ Хъамболат

ИРХАН

Таурæгъ

1

Уалдзæг ралæууыд, æмæ хъæуы цæрджытæ сæ чысыл зæххы гæбæзтæ бахуым кæнынмæ агуырдтой æмцæдисонтæ. Æрмæст Аслæмырзаты Иналæн йæ зæрдæ æндæр куыстимæ дзырдта. Номдзыд пълотник уыди Инал. Хæдзар аразын-иу кæй бахъуыд, уый-иу фыццаджыдæр абæрæг кодта Аслæмырзаты. Йæ ус раджы амард Иналæн. Баззад ын фаззон чызг æмæ лæппу. Ирхан æмæ Ислам. Инал дыккаг ус нал æрхаста, мæ сывæллæтты мын куы нæ бауарза, куы сæ æфхæра, зæгъгæ. Зæхх æм нæ уыд æмæ йæ сывæллæтты дардта йæ пълотничы куыстæй. Фæлæ уыцы куыст дæр æдзух æнцон аргæ кæм уыд. Бирæ хæттыты-иу æй бахъуыд æндæр хъæутæм дæр ацæуын куыстагур. Афтæмæйты бахъомыл кодта йæ сабиты. Уыдоны дæр сахуыр кодта йæ дæсныйадыл. Æмæ куыстой æртæйæ дæр иумæ. Се ʻрмдзæф уыди бæстон, æмæ сæ ном дæрдтыл айхъуысти.

Хъæуы иннæ цæрджытæ сæ уалдзыгон куыстытæм куы бавнæлдтой, уæд Инал та дзуаппы фыстæгмæ æнхъæлмæ касти Стъараполæй. Æмæ, æцæгæйдæр, иу бон райста фыстæг æмæ йæ лæппумæ фæдзырдта:

– Æркæс-ма, лæппу, цы фыссы нæ лымæн? Æвæджиауы тагъд нын радта дзуапп, йæ цæрæнбон бирæ уæд.

Ислам фыстæг райста æмæ йæ бакасти. Сæ хорз зонгæ сæм фыста Стъараполæй, зæгъгæ, дам, ам уæхицæн хорз куыст ссардзыстут. Адæмы тынг æхсызгон хъæуы пълотниктæ. Æз, дам сын сымах тыххæй куы радзырдтон, уæд мын бафæдзæхстой, тагъддæр сæ рахон, зæгъгæ.

Æхсызгон уыд ахæм дзуапп фыд æмæ фыртæн. Дæс боны размæ уыдон фехъуыстой, Стъараполы хæдзарараздджытæ кæй агурынц, уый. Уым куыста Исламы хорз зонгæ, æмæ йæм ныффыста, кæд сæ æцæгæйдæр пълотниктæ хъæуы, уæд мах дæр мæ фыдимæ уырдæм ацæуæм, зæгъгæ. Æмæ ныр райстой дзуапп.

Уыцы фыстæджы фæдыл бинонты исты фæнд кæнын хъуыди. Кæй зæгъын æй хъæуы, æнцон сæм нæ каст Ирыстонæй ахæм дард ранмæ куыстагур цæуын. Фæлæ сын хуыздæр гæнæн нæ уыд.

Фыд æмæ фырт фæдзырдтой Ирханмæ дæр. Бамбарын ын кодтой хъуыддаг.

– Цыбыркъухæй кæдмæ цæрдзыстæм? Пълотничы куыст зыдтон æмæ уæ ууыл сахуыр кодтон, – дзырдта фыд. – Скъолайы дæр чысыл бакастыстут, фылдæр сахуыр кæнын уæ нæ бафæрæзтон. Ныр искуыд цардамæлттæ кæнын хъæуы. Лæг исты куыстмæ куы арæхса, уæд уый хорз у. Æз мæ куыст хорз зыдтон, фæлæ йæ ныр сымах та мæнæй ноджы хуыздæр зонут. Гъемæ нæ архайын хъæуы...

Лæг исдуг фæхъус æмæ цыдæр хъуыдытыл ахæцыд. Фæлæ йæ ныхас кæй нæма фæци, уый йе 'нгасыл бæрæг уыд. – Фæстæзад адæм стæм мах, тынг фæстæзад, – йæхинымæр хъуыды кодта Инал, – уый йеддæмæ, мæ чызг нæлгоймаджы æмхуызон пълотничы куыстытæм иттæг хорз кæй арæхсы, уый нæм худинаг нæ кæсид. Уыимæ æнцад бадын нæ фæразы. Куыст нын цы бон нæ вæййы, уыцы бон æнкъард кæны. Кусгæйæ та йæ зарынæй æнцайгæ дæр нæ кæны. Фæллой зæрдæйы рухс у, æмæ, мæ чызг мæнæ йе 'фсымæримæ иумæ кæй кусы, уым фæсмойнагæй ницы ис, бæргæ. Йе 'мгæрттимæ ахъæлдзæг кæнынмæ, хъазтмæ ауайынæн дæр ын рæстæг вæййы...

Фыд æмæ фырт сæхи дард балцмæ куы рæвдз кодтой, уæд сæ тыхджындæр мæт сси Ирхан. «Кæй бар, кæй быгъдуан æй бакæнæм?» – уыцы хъуыды фыды сæрæй нал хицæн кодта.

Инал йæ чызгмæ бакаст æмæ йын дарддæр рæвдауæгау дзуры:

– Бирæ уайдзæфтæ райстон, Ирæ, нæхионтæй, чызг уæвгæйæ йæ уе 'мкуыст цæмæн кæнын кæнут, зæгъгæ. Фæлæ, мæ хур, ма 'фсæрмы кæн, нæлгоймаджы куыстытæм афтæ гæрзарм кæй дæ, уымæй. Дæхæдæг дæр æй æмбарыс, дæ кад де 'мгæрттæй дæлдæр кæй нæу, уый. Фæлæ дæ дард ранмæ та куыд акæнæм, æцæгæлон адæмы æхсæнмæ, цы уавæрты кусдзыстæм, уый куы нæ зонæм, уæд?.. Уæвгæ, цæуæм æви нæ? – фыд бакаст йæ фыртмæ.

– Æнæ цæугæ нæй, баба, – фидарæй загъта Ислам. – Ыронг ам, нæхи хъæуы, стæй иннæ хъæуты дæр куыст ардтам, фæлæ ныр æнæхъæн мæй æнцад бадæм. Иннæтæй чи бæхтæй, чи галтæй кусы, кæмæ хъуццытæ æмæ æндæр фысвос ис, фæлæ мах æрмæстдæр нæ фæрæттæм æмæ лæгъзгæнæнтæм æнхъæлмæ кæсæм...

– Æмæ уæд куыд? Мах дыууæйæ ацæудзыстæм, фæлæ чызджы кæй быгъдуан кæнæм? Уырдæм æй немæ акæнæм?.. Æнахуыр ран, æбæрæг уавæртæ... йæ чызджы кары бацыд. Йе 'мбæлттæй дæр æй куыд фæхицæн кæнæм бынтон?..

– Баба, ма мæ ныууадзут иунæгæй, – йæ цæстытæ доны разилгæйæ,

уынгæг хъæлæсæй сдзырдта Ирхан. – Æз дæр хорз куы арæхсын пълотничы куыстмæ, уæлдайдæр та лæгъзгæнæнæй!

Инал ныссагъæс кодта. Фыд бирæ хæттыты фехъуыста æфхæрд ныхас йæ рæсугъд чызджы тыххæй, фыд æмæ фырты æмгуыст кæй кæны, уый фæдыл. Чызг чызг у æмæ тæригъæд у ахæм гуымиры куысты. Æмæ йæм ныр уыцы ныхæстæ уæлдай тынгдæр хъардтой.

– Нæй дын, мæ хур, ацы хатт немæ цæуæн, – йæ дæрзæг армæй æрсæрфта чызджы сæр. – Ис мын бирæ хæстæджытæ, чысыл не сты ме 'рвадæлтæ дæр. Уарзын сæ, уарзынц мæ, – загъта та æппынфæстаг Инал, цыма йæхицæн дзырдта, уыйау. – Фæлæ суанг уыдонæй дæр мæ иунæг æрдхорд Сабазыл мæ зæрдæ хуыздæр дарын. Уый мын цæсты гагуыйау бахъахъхъæндзæн мæ чызджы кад æмæ намыс нæ фæстæмæ сыздæхынмæ.

Хорз бæргæ нæ фæкасти йæ фыды фæнд Исламмæ, æрвадæлтæ æмæ хæстæджытæй йе 'рдхордыл тынгдæр кæй бауæндыд, уыдонæй йын фылдæр аргъ кæй кæны, уый. Фæлæ, æгъдаумæ гæсгæ, йæ бон не сси хистæры уынаффæйы ныхмæ сдзурын.

Уыцы изæр Инал æмæ Сабаз гаджидæуттæ уагътой, тымбыл фынджы фæйнæварс бадгæйæ. Бануæзтой се 'рдхорддзинады, фæндарасты тыххæй. Баныхас кодтой сæ фæстæмæ сыздæхынмæ Ирханы Сабазы хæдзары ныууадзыны тыххæй.

Фыд æмæ фырт ацыдысты кусынмæ. Ирхан та æрцард йæ фыды æрдхорды уаты. Ноджыдæр ма бæргæ афæлвæрдта чызг йæ фыдæн лæгъстæ кæныныл, мæн дæр уемæ акæнут, зæгъгæ, фæлæ Инал йæ ныхас нал аивта.

2

Цыдысты бонтæ. Сабазы ус Залдуз рынчынтæхæссаг уыди, æмæ хæдзары æфснаинæгтæ фылдæр кодта Ирхан. Райсомæй суанг изæрдалынгтæм зилæнтæ кодта кæрты къуымты. Æнцад æрбадгæ йæ никуы ничи федтаид. Суанг изæрты бæх æфснайын, уымæн æхсæвæр æвæрыны хæс дæр йæхимæ райста.

Æмæ-иу Ирхан кæрты куы архайдта, уæд-иу Сабаз бандон тыргътæм рахаста, биноныг-иу æрбадт æмæ йын æдзынæг каст йæ фæзылдтытæм.

«Тæхудиаг нæу, уый кæй хæдзармæ ацæудзæн! – хъуыды-иу кодта уæд Сабаз. – Цард сылгоймагæй аразгæ у. Иунæг къуыримæ хæдзархуыз фæдæн. Ехх, цæй æнамонд бон райгуырдтæн! Залдузы куы æрхастон,

уæдæй нырмæ мæ зæрдæмæ рухсы цъыртт никуы æрбакасти... Фылдæр – хуысгæ. Куы рабады, уæддæр хæдзарæн ницы ахъаз у. Уæдæ æз æнæ æфтиаг нæ дæн, фæлæ сæ бынаты бинонызгæнæг нæй, æмæ нæ бæркад фæлыгъди»…

Ахæм хъуыдытæ кæнгæйæ-иу Сабаз йæ цæстытæ нал иста Ирханæй. Афтæ æдзынæг кæсгæйæ йæм-иу хатгай Ирхан, сагоимæ архайгæйæ, йæ ус Залдузы хуызы разынди, æмæ-иу уæд лæг йæ цæстытæ ауыæрста. Иуахæмы та чызг кæрт марзта. Сабаз та йæм сарайы къуымæй æнæ цæстфæныкъулгæйæ каст æмæ та хъуыдыты ацыд. Йæ цæстытæ куы æрцъынд кодта, уæд Ирхан чындздзон дзаумæтты йæ разы февзæрд æмæ æфсæрмы хуызæй касти йæ къæхты бынмæ.

Сабаз фестъæлфыд, æмæ йæ хъуыдытæ æваст фæлыгъдысты. «Цы у уый?! Фын федтон! Нæ, уый раст фæнд нæу... Уæвгæ, æвзæр та цæмæй у? Хуыздæр лæг, хуыздæр хæдзармæ ацæудзæн? Ӕрдхорддзинад? Ӕмæ цы! Уый нын нæ цард аразын нæ уадзы? Ахæм æрдхорддзинад мæн ницæмæн хъæуы. Ӕрмæст Ирхан йæхæдæг… Куыд æгъдауæй йæ сразы чындæуа, цы мадзæлттæ саразон йе ‘рæууæндын кæнынæн? Фæсайын æй хъæуы исты амалæй...»

Ахæм хъуыдытæ иу иннæйы фæдыл ахъазыдысты Сабазы сæры. Ӕмæ фидарæй ныллæууыд йæ сæххæст кæнынил. Арæхдæр цæуын байдыдта Ирханы уатмæ, ауагъта йæм йæ рувас æвзаг. Фæзындысты лæвæрттæ дæр – рæсугъд сæрбæттæн, цъындатæ...

– Ме ‘рдхорд куы ссæуа æмæ дæ куы фæрса, йæ цæст дæм куыд дардта, дæ зæрдæ дын-иу истæмæй алхæдта æви нæ, зæгъгæ, уæд ын цы дзуапп ратдзынæ, – йæ къух-иу зырзыргæнгæ æрхаста чызджы цонгыл.

Бонæй-бонмæ Ирханы зæрдæ фæлмæндæр кодта йæ фыды æрдхордмæ, тынгдæр ыл æууæндын райдыдта. Хатгай-иу дыууæйæ иумæ хъæдрæбынмæ æрыскъæф тонынмæ дæр ацыдысты. Раст цыма йæ фыды хæрз æфсымæр уыди, ахæм цæстæнгас адардта Ирхан Сабазмæ. «Мæ фыд мæ рæстзæрдæ адæймаджы æвджид бакодта. Цыма мæ хистæр æфсымæр у, афтæ мæм кæсы. Ӕцæг æрдхорд, дам, ахæм вæййы», – хъуыды-иу кодта чызг.

Иу хатт та Сабаз сæрвæтмæ ахуыдта чызджы хи аирхæфсынмæ. Иу ран æрбадтысты æмæ сыл ныхас бацайдагъ. Фæстагмæ Сабаз, йæ хъæлæсы уаг фендæр кæнгæйæ, загъта:

– Ирхан, тæригъæд мын нæ кæныс, мæ цард рынчын сылгоймагимæ кæй æрвитын, уый тыххæй?

– Цы гæнæн ис, кæд фæфидар уаид, – ахæм хуызы ныхас кæнын æй

нæ фæндыд, афтæмæй æнæбарыгомау загъта Ирхан. – Фæкæсын æм хъæуы, мæгуыр. Афтæ куы зæгъынц, зæрдæ æмæ стæгнизтæ дзæбæхгæнæн хъæрмæдон ис кæмдæр...

– Гъе, ме 'рдхорды чызг, бæргæ ис, фæлæ чи ссардзæн уыйбæрц мулк. Уымæн бирæ æхца хъæуы. Замана дæр уый мидæг ис. Гъемæ мæ царды бонтæ æрвитын тыхст æмæ уырыдæй. Лæгмæ фæкæсæг нæй, цы æфтиаг хæссын хæдзармæ, уый биноныггæнæг нæй, æмæ мæ цæсгом нæ хъæцы мæ хæлæртты мæ хæдзармæ æрбакæнын. Хуыцауы салам сæмбæлæд дæуыл: махмæ куы æрбацыдтæ, уæдæй фæстæмæ хæдзархуыз фестæм, Ирхан, – сабыргай сдзырдта Сабаз. – Ам, махмæ бынтондæр куы баззаис, уæд дæм куыд кæсы? Мæнмæ гæсгæ, ницæмæй фæсмон кæнис... И?

Ирхан æвиппайды нæ фембæрста уыцы дæлгоммæ ныхæстæ æмæ, æнæ ахъуыдыгæнгæйæ, сдзырдта: «Æмæ мæ фыд æмæ ме 'фсымæр куы ссæуой, уæд ма мæ ам цæрынмæ æвдæлдзæн?» Фæлæ йæ зæрдæ ныццæлхъ ласта, Сабазы цæсгоммæ куы фæкомкоммæ, уæд. Стыр хинæйдзаг æм фæкаст уый мидбылты худт. Рæвдз фестад йæ бынатæй æмæ хæдзармæ згъорæгау акодта. Сабаз ма йæм дзырдта, фæлæ йæм уый кæсгæ дæр нал ракодта.

Ирхан йæ уатмæ тагъдгомау бауад, рудзынджы раз алæууыд æмæ хъуыдыты аныгъуылди: «Ам бынтондæр куы баззаис...» Мæ бындур куыд базылди, цы амонынц уыцы ныхæстæ: «...уæд, мæнмæ гæсгæ, ницæмæй фæфæсмон кæнис...» Уæ, мæ тæригъæд фæхæссой мæ фыд æмæ ме 'фсымæр. Мæнæ мæ цы ран фæуагътой!.. Хорз æрвадæлтæ нын куы ис, уæд кæйдæр хæдзары цæмæн дæн? Цы фæуон?..» Хуыссæны йæхи дæлгоммæ баппæрста æмæ йæ кæуын, йæ дзыназын кæртмæ райхъуыст.

Залдуз уаты дуар байгом кодта æмæ мидæмæ бахызт. Ирхан тарстхуызæй фæзылд дуары 'рдæм. Залдузы куы ауыдта, уæд ын йе 'фцæгыл ныттыхст æмæ йын, хæкъуырццæй кæугæйæ, радзырдта, чысыл раздæр Сабазæй цы ныхæстæ фехъуыста, уыдон.

Залдуз сагъдауæй баззади. Ирханы дзыккутæ йæ мæллæг армытъæпæнæй æрсæрф-æрсæрф кæны æмæ хъуыдытыл фæци. «Куыд рацæудзæн гадзрахатæй, йæ уазæг кæй бакодта, уыцы сывæллон чызгыл? Никуы йыл фæгуырысхо дæн ныронг, фæлæ æгæр рог кæй у, уый зонын». Чызгæн та загъта:

– Мыййаг æй кæд раст нæ бамбæрстай, мæ хур. Æз изæры йемæ аныхас кæндзынæн æмæ хъуыддаг бæлвырд базондзынæн. Ма тæрс, мæ къона, уый ахæм лæг нæу, – афтæ йын зæрдæтæ февæрдта, йæ цæссыгтæ йын къухмæрзæнæй ныссæрфта æмæ рацыди.

Изæры лæг æмæ усы æхсæн рауади ахæм ныхас:

– Дæ хорзæхæй, лæгай, абон цы загътай де ‘рдхорды чызгæн? Кæуынæй йæхи куы бахордта.

– Цы йын загътон æвзæрæй? Мур дæр ницы.

– Цы амонынц «ам, махмæ, бынтондæр куы баззаис, уæд ницæмæй фæфæсмон кæнис», зæгъгæ, ныхæстæ?

Сабаз уыцы ныхасæй стъæлфæгау фæкодта, йæ цæсгом туджы разылди. Хъуыддаг афтæ рауайдзæн, уый æнхъæл нæ уыд æмæ ныр, ныхæсты апп æндæрырдæм куыд аздаха, ууыл сагъæсыл фæци. Нæ зыдта, йæхи мæсты хуызæй равдиса æви лæгъз дзура, уый. «Цæй, хъæртæ кæнын хиуыл комдзог цæуын у», – загъта хинымæр æмæ райдыдта:

– Нæ мын бамбæрста мæ ныхæстæ. Нæ кæсут уыцы къулбадæгмæ! Йæхиуыл куыд ардауы, – зына-нæзына йæ мидбылты бахудт лæг. – Дæу рынчыны кой йын ракодтон, стæй, мæхи куы амардтаин, фæлтау, – ды уал махмæ куы уаис, уæд рынчынæн дæр æнцондæр уаид, ме ‘рдхорды чызг ма цæмæн дæ, зæгъгæ, хъазæгау сдзырдтон. Фæхудинаг мын кæндзæн мæ сæр. Баныхас кæн йемæ, дæуыл хуыздæр бауæнддзæн.

Ус бауæндыд йæ лæджы ныхæстыл.

– Хорз, баныхас кæндзынæн. Дæхæдæг дæр дзы хатыр ракур. Аслæмырзаты чызджы къулбадæгæй ничи зоны, йемæ ныхас кæнын зонын хъæуы. Æрдхорд йæ чызджы тыххæй æрмæст дæуыл кæй бауæндыд, уый дæ рох ма уæд.

Сабаз сыстад, арф ныуулæфыд æмæ тыргъмæ рацыд. Къæсæрыл æрбадт æмæ, йæ рæмбынықъæдзтæ уæрджытыл æруадзгæйæ, сæр армы тъæпæнтæй æрбалхъывта æмæ та хъуыдыты аныгъуылд: «Цыма æгæр фæтагъд кодтон Ирханæн мæ зæрдæйы уынаффæ зæгъынил? Цæй, ницы кæны. Райсом не ‘фсин аныхас кæндзæн йемæ, мæхæдæг дæр уал дзы хатыр ракурдзынæн, раст мæ нæ бамбæрстай, зæгъгæ йæ бауæндын кæндзынæн. Стæй... стæй... Нæ, мæхиуыл уал æй тынгдæр фæцахуыр кæнон...»

Цалдæр боны фæстæ Ирханæн йæ зæрдæ йе ‘муд æрцыд. Чи зоны, Сабазы ныхас кæд æцæг зыгъуыммæ бамбæрстон, зæгъгæ, хъуыды кодта уый æмæ та йæм хæстæг цæуын райдыдта. Рæстæг цыди. Сабаз æм йæхи бынтон лæгъз ауагъта. Иуизæр Ирхан хæдзар рафснайдта æмæ йæ уатмæ рацыд. Цыдæртæ йæ ахсын хъуыд, æмæ мидæгæй арт бандзæрста, кæд сæрды астæу уыди, уæддæр. Нæ уæндыд æхсæв сæрдыгон хæдзары

иунæгæй. Уæларт æхсæвæргæнæн аджы дзаг дон сæвæрдта, йæхæдæг уал хъуымацыл цавæрдæр рæсугъд нывæфтыдтæ кæныныл абадти. Иуафон дуар сабыргай æрбахостæуыд. Чызг фестъæлфыд æмæ фыр тæссæй йе уæнгтæ гæдыхъæды рызт скодтой.

– Дуар ма мын бакæ, мæ чызг, – æрбайхъуыст Сабазы фæлывд ныхас. –Рынчын мæ рарвыста, хъарм дон æм уыдзæн æмæ мын дзы иучысыл æрбадав, зæгъгæ.

Ирханы зæрдыл æваст æрбалæууыдысты кæддæры ныхæстæ æмæ куыд бакæна, ууыл хъуыдытыл фæци, мыййаг мыл кæд гадзрахатæй цæуы, сайгæ мæ кæны, зæгъгæ. «Уæвгæ, Залдузимæ ныхасы фæстæ йæ сæрмæ не 'рхæсдзæн... Фæлæ, мыййаг, куыд вæййы, цы вæййы?» – ахъуыды кодта. Пецмæ бакаст æмæ йæ зæрдæйы цавæрдæр ныфс фегуырди. Йæ сæры фæмидæг, куыд æм фæкаст, афтæмæй, иттæг карз фæнд, куы бахъæуа, уæд йæхи худинагæй фервæзын кæныны тыххæй.

– Ма тæрс, Ирхан, ма. Сайгæ дæ нæ кæнын, – дыккаг хатт æрбадзырдта Сабаз.

Ирхан фестад, йæ армытъæпæнтæ йæ уадултыл авæрдта æмæ дуары раз æрлæууыд. Цыма йæ фыдызнагæн гом кодта дуар, уыйау стыр зынæй дуары къæндзы сæфтыдта. Сабаз мидæмæ æрбахызт. Ирхан дæр иуварсырдыгæй æрлæууыд æмæ йæм тарст хуызæй æнæууæнк каст бакодта.

– Ир-ир-хан, – гæдыхъæды рызт кæнгæ, сдзырдта Сабаз. – Айфыццаг дын ской код-д-тон, нæ цард нын æнæ б-б-баиу кæнгæ нæй, зæгъгæ. Ныр дæм æрб-б-бацыдтæн б-бæлв-в-вырддæр б-баныхас кæныны тых-хæй.

Йæ зæрдæ йе 'муд æрцыд æмæ дарддæр дзуры:

– Ахъуыды кæн дæ дарддæры цардыл. Хуыздæр хæдзармæ нæ ацæуддзынæ. Ныффысдзыстæм дæ фыд æмæ де 'фсымæрмæ дæр, æмæ...

Февналынмæ хъавыди Ирханмæ, фæлæ уый ныцъцъæхахст кодта æмæ иуварс йæхи аппæрста:

– Мæ бындур куыд æрбазылди! Ныхъхъæр кæндзынæн сыхбæстæм!..

– Уымæй дын ницыуал рауайдзæн, – Сабаз йæ дыстæ мидæмæ фæфистæг кодта æмæ йæ дзæмбытæ хъæхъхъаг сырдау рапæлæхсар кодта.

Ирхан бамбæрста, ныхас кæмæ бахъара, ахæм адæймаг кæй нæу Сабаз, тæригъæд, искæй цæссыг æм кæй нæ бахъардзæн, фæлæ ма уæддæр афæлвæрдта:

– Цæй æнæуæздан дæ? – дзуры уый кæугæйæ. – Мæ фыд не 'рвадæлты

æмæ хæстæджыты разæй дæуыл куы бауыдзынæн, æмæ мæ де уазæг куы бакодта, уæд цавæр уазæгхор дæ!

– Цы суынаффæ кодтон, уымæн æнæ сæххæст кæнгæ нæй, – загъта лæг тызмæгдæрæй æмæ чызджы ‘рдæм бакъахдзæф кодта. Фæлæбурдта йæм.

– Фæлæуу! – æваст ног хъуыды февзæрд тарст чызджы сæры. – Тæригъæдтæ – дæуыл æмæ дæ хæдзарвæндагыл, æрдхорды æууæнк чи фехæлдта. Гæнæн нал ис, æмæ æгъдау куыд амоны, афтæ нæхи æрсыгъдæг кæнæм. Мæнæ дзы хъæрм дон дæр ис.

– Гъе, афтæ вæййы, мæ хур, афтæ, – йæ дæндæгтæ гæзæмæ базыхъхъыр кæнгæйæ, Сабаз суагъта чызджы. – Ды та хъæртыл æмæ кæуынтыл схæцыдтæ...

Уыцы ныхæстæ кæнгæйæ, лæг уаты дуар æрæхгæдта æмæ йæ дзаумæттæ ласынмæ фæци. Ирхан дæр, гæрзтæ æхсынæн цы ваннæ æрбахаста, уый пецмæ хæстæг æрæвæрдта æмæ, куыд нæ йыл фæгуырысхо уыдаид, афтæ æнцадгай йе ‘ддаг дарæс ласта.

Уалынмæ Сабаз ваннæйы дзуццæджы æрбадт. Ирхан фыцгæдонæй ведра айдзаг кодта, фæстæты йæ бахаста æмæ йæ лæгыл аскъæрдта.

– Æллах! Хуыцау д-д-дын æй ма ныббарæд!..

Буар уайтагъд урс тæппал рахаста.

Ирхан исдугмæ уаты иу къуыммæ балыгъди, стæй Сабазæн йæхи уатæй йæ æрдиаг куы райхъуыисти, уæд дуар ахгæдта, йæ хуыссæны йæхи дæлгоммæ баппæрста æмæ хъæрæй ныккуыдта. Иуахæмы афæнд кодта йæхи ‘рвадæлтæм алидзын, фæлæ йæ цæстытыл ауад, мыггаг йæ сæрыл куы алæбурой, уæд цы тугкалæн митæ рауайдзæн, уый, æмæ нал ауæндыд. «Уæддæр иу-дыууæ бонæй фылдæр ам нал баззайдзынæн», – загъта йæхинымæр æмæ баззад йæхи катайтимæ.

Райсомæй раджы сыхбæстыл айхъуысти, Сабазыл фыцгæ дон ракалд æмæ йæхи тынг басыгъта, зæгъгæ. Залдуз уайтагъддæр базыдта, уыцы æмбисонд ыл Ирханы уаты кæй æрцыд, уый. Æхсæв æмæ бон кæрæдзийæ куы хицæн кодтой, уыцы афон уый йæ хуыссæнæй тыхбадт ракодта æмæ æнцæйтты бацыд Ирханы уаты дуармæ.

– Ирхан, мæ бон! Дуар ма мын бакæн. Ды азымджын ницæмæй дæ. Зонын æй. Цы кодта, уый йæхицæн бакодта нæ бирæгъ. Бакæ-ма, мæ къона, дуар æмæ баныхас кæнæм...

Бирæ уарзта Ирхан Залдузы. Рæвдыд ныхас йеддæмæ дзы никуы ницы фехъуыста. Æмæ ныр афтæ раджы, рынчын уæвгæйæ, йæ дуармæ

куы ӕрбалӕууыд, уӕд тынг фӕтарст. Бакодта йын дуар. Ус ӕрбадти хуыссӕны ӕмӕ, тыхулӕфт кӕнгӕ, чызгмӕ фӕрсӕгау бакаст.

– Мӕн аххос нӕ уыди, – уынгӕг хъӕлӕсӕй, йӕ цӕссыгтӕ фемӕхстысты, афтӕмӕй сдзырдта Ирхан ӕмӕ Залдузы раз йӕ уӕрджытыл ӕрхауд.

– Зонын ӕй! Хорз зонын дӕ рӕстдзинад. Куыд, цы, ууыл нал дзурдзыстӕм, фӕлӕ мах баныхас кӕнын хъӕуы: искӕй хъустыл куы ӕрцӕуа ацы хабар, уӕд ын адӕмы ӕхсӕнмӕ рацӕуӕн нал уыдзӕн.

Ирхан ма цыдӕр сдзурынмӕ хъавыд, фӕлӕ йӕ Залдуз нал бауагъта:

– Хъусыс, бынтондӕр ӕй ма фесаф, макӕмӕн ӕй схъӕр кӕн. Гъе уый курӕг дӕ дӕн. Дӕ хорзӕхӕй! Цы чызджытӕ дӕм ӕрбауайы, уыдонӕй искӕй дзыхы куы бафта, уӕд...

– Никӕмӕн, мӕ фыд ӕмӕ ме 'фсымӕрӕн дӕр ӕй нӕ зӕгъдзынӕн, –тагъдгомау загъта Ирхан.

– Ӕууӕндын дыл, мӕ хур. Ницы азымы дӕ дарын...

Залдуз ӕнцадгай рацыд ӕмӕ араст хабар йӕ хистӕр тиу Тегойӕн фехъусын кӕнынмӕ.

Сыгъды хабар айхъуыст ӕрвадӕлтыл, сыхӕгтыл. Ӕмӕ хӕстӕджытӕ рынчыны алфамбылай ӕрбамбырд сты. Хионты фенгӕйӕ, Сабаз тынгдӕр тыхсын байдыдта.

– Уӕуу, мӕлын! Хуыссӕны мӕ мӕхи ӕруадзӕн куы нӕ ис, уӕд ма куыд кӕнон, – ӕрдиаг кодта. – Мӕ синтӕ ӕмӕ мӕ зӕнгтӕ бадынӕй куы бахуыссыдысты... Уӕуу!.. Дохтырмӕ мын искӕдӕм фӕцӕут...

Хъӕуы дохтыр нӕ уыди. Уыцы зылды цалдӕр хъӕуы цӕрджытӕм иунӕг фелсыр дардта йӕ цӕст ӕмӕ сыл не 'ххӕссыд. Стӕй-иу йӕхӕдӕг дӕр арӕх дзырдта, цӕмӕй уӕ дзӕбӕх кӕнон, уый нӕй ӕмӕ мӕм-иу дзӕгъӕл ӕрвыст ма кӕнут, зӕгъгӕ. Фӕлӕ йӕм уӕддӕр фӕцыдысты ӕмӕ йӕ ӕрбаластой. Уый йын радта цавӕрдӕр сӕрдгӕ хос. Бӕмбӕг дзы-иу атулут ӕмӕ йын уымӕй йӕ сыгъд буар сӕрдут, зӕгъгӕ сын бацамыдта ӕмӕ ацыд. Зӕрдӕ сын бавӕрдта, фӕзындзынӕн та уӕм, зӕгъгӕ.

Дыккаг райсом, бон цъӕхтӕ куы кодта, уыцы афон Ирхан йӕ дзаумӕттӕ амбырд кодта ӕмӕ се 'рвадӕлтӕм балӕууыд.

Фӕлӕ... диссаг! Ныронг-иу Ирханы уындӕй ӕрвадӕлтӕй алкӕй зӕрдӕ дӕр барухс и, рӕвдауӕн ныхӕстӕ-иу ын кодтой, суанг ма-иу зӕронд лӕгтӕ фынджы уӕлхъус йӕ цӕрӕнбоны тыххӕй гаджидӕуттӕ дӕр уагътой. Ныр та? Хӕдзары къӕсӕрӕй куы бахызт, уӕд ӕм Тасолтаны бинонтӕ

знаджы цæстæй ракастысты, сæхи йыл атигъ кодтой æмæ алчидæр æнæ дзургæйæ йæ куысты сæрыл æрлæууыд.

Ирхан джихæй аззад. Йæ зæрдæ цыдæр æнахуыр змæлд скодта, цæстытæ доны разылдта æмæ, цыма йæхи фарста, уыйау сабыргай сдзырдта:

– Цы кодтон?..

– Уæртæ зæронды бафæрс, цы кодтай, уымæй! – былысчъилтæгæнгæ йыл абустæ кодта Тасолтаны ус.

Тасолтан ма хуысгæ кодта. Чындзæхсæвæй бонырдæм ссыд æмæ йæ маст йемæ æрбахаста. Йæ ус Аминæтимæ сæм уæд рауади ахæм ныхас:

– Уый та дын мæ мыггаджы номдзыд Иналы хъуыддæгтæ, – йæ дзаумæттæ ласгæйæ, тызмæг хъæлæсы уагæй сдзырдта Тасолтан.

– Мæ хæдзар æрбайхæлди, мацы сыл æрцæуæд! – йæ хуыссæны ‘рабадгæйæ, бамæт кодта ус.

– Фæлтау уыдоныл исты куы ‘рцыдаид, уæд æнцондæр уромæн уаид...

– Цы, цы? Дæ ныхас ма æргом зæгъ!

– Чызджы мыггагæй никæмæ бауæндыд, фæлæ йæ йæ æрдхорды быгъдуан бакодта, æмæ... æмæ йæм ныр уырдæм лæппутæ цæуын байдыдтой. Чындзæхсæвы мын Тего дзырдта, цæмæн байрæджы кодтай, зæгъгæ, йæ куы фарстон, уæд: дыууæ лæппуйы, дам, Ирханы уатæй æнафоны рацыдысты. Сæ уынæрмæ Сабаз рауади, фæлæ сæ никæй базыдта. Фæстæмæ куы баздæхт, уæд талынг агъуысты пецы сæрæй фыцгæ дон йæхиуыл рафæлдæхта æмæ, дам, йæхи тынг басыгъта. Йæ ус, дам мæм фæдисы фæци. Бамбæрстай ныр, нæ хивæнд Инал нын нæ мыггаг куыд фæхудинаг кодта хъæубæсты ‘хсæн, уый? Нæ лæппутæ уыцы чызджы удæгас нал ныууадздзысты, ай-гъай...

Æмæ ныр, Ирхан хæдзармæ куы æрбахызт, уæд æм Аминæт, цыма йе знаджы ауыдта, уыйау йæ цæсгом фæтар кодта.

– Куыд ма бахъæцыд дæ цæсгом ардæм æрбацæуын, уæлдайдæр та зæронд лæджы хæдзармæ? Æгас мыггагæй дæр нæ куы ныххудинаг кодтай!

Ирхан нæ бамбæрста, ныхас цæуыл цыди, уый. Йæ зæрдæ йæм сдзырдта, æхсæвы Сабазы куыд басыгъта, уый фæхъуыстой æмæ йæм уый тыххæй фыдæхы цæстæй ракастысты, зæгъгæ, æмæ къæмдзæстыг хуызæй сдзырдта:

– Хуыздæр гæнæн мын нал уыд, мæхи æмæ нæ мыггаджы кад бахъахъхъæныны тыххæй афтæ бакодтон...

– Банцай, цъаммар! – уыциу хъæр фæкодта Аминæт, чызгмæ æваст

фездæхгæйæ. – Хорз мадзал ссардтай дæ ном æмæ дæ мыггаджы кад бахъахъхъæнынæн! Пуй, налат!

Тасолтан райхъал йæ фынæйæ. Рабадт йæ хуыссæны, æдзынæг ныккаст æмæ сабырæй афарста:

– Чи у? Цæуыл хъæр кæнут?

– Уæ мыггаджы номдзыд чызг Ирхан! Йæ фыд, йе 'фсымæр, стæй дæуæн, мыггаджы хистæрæн, стыр кад чи скодта, уый! Умæй йæм хъусыс: хуыздæр гæнæн, дам мын нал уыд.

– Афтæ зæгъы? – йæ сæр банкъусгæйæ, сдзырдта зæронд лæг. Джихæй иудзæвгар фæлæууыд, стæй йæ цæссыгтæ асæрфта, йæ цæстæнгас раздæхта Ирханмæ æмæ фидарæй загъта:

– Чызг, æз ма дызæрдыг кодтон, дысон цы æбуалгъ хабар фехъуыстон, ууыл. Ныр дæхæдæг кæм басастæ, уым дзы ныхасагæй ницыуал ис. Абонæй фæстæмæ дыл хъоды кæнынц мыггаг. Аслæмырзатимæ дын иумæйагæй ницыуал ис. Ацу, дæлæ кæм цардтæ, уырдæм, дæ фыд æмæ де 'фсымæр куы ссæуой, уæд дын уыдон нæ мыггаджы фæсивæдимæ хуыздæр тæрхон скæндзысты... Цу!

Ирхан асырх, зæронд лæджы фæстаг ныхæстæ фехъусгæйæ, разылд æмæ, цудтытæгæнгæ, рахызт кæрты дуарæй. Уынджы бæласыл банцой кодта æмæ хъуыдыты аныгъуылд. Йæ риуы февзæрди дыууæ зæрдæйы, æмæ уыдон сæ кæрæдзиимæ тох кæнын байдыдтой:

«Цы ма у дæ цард нырæй фæстæмæ? – дзырдта йæм йæ зæрдæ. – Уæддæр дын дæ рæстдзинад ничи бамбардзæн. Адæмы фæйнæ-фæйнæ ныхасмæ хъусыны бæсты куы нал уай, уæд хуыздæр у... Уæлæ уыцы къæдзæхæй дæхи куы раппарай, уæд æмбаргæ дæр ницыуал бакæндзынæ...»

Ирханмæ хорз фæкасти уыцы зæрдæйы фæндон. Скасти къæдзæхмæ... Фæлæ йæм уыцы цъусдуг сдзырдта зæрдæ: «Ма бакæн ахæм æнæзонд ми. Рæстдзинадæн искуы æнæ раргом нæй. Дæхи куы фесафай, уæд та бынтондæр азымджынæй баззайдзынæ. Уый æнусмæ маст уаид дæ фыд æмæ де 'фсымæрæн дæр».

Æмæ дыккаг хъуыдыйыл æрлæууыд Ирхан. Æнцадгай араст Сабазы хæдзармæ æмæ уыцы «æлгъыст» уаты æхгæд дуарæй æрвыста хъизæмары бонтæ.

3

Цыдысты бонтæ, къуыритæ. Рынчынæн йæ сыгъдтытæ сур кæнын байдыдтой. Фæлæ уæддæр æрдæгæй уæлæмæ йæхи фезмæлын

кæнын нæ фæрæзта. Нæма йæ уыди æрхуыссæн, æмæ-иу стыхсти.

– Уæуу, мæхицæн цы фыдбылыз акодтон, Хуыцау ын æй ма ныббара мæ тæригъæдæй! – хатгай дзы-иу сирвæзти хъæрзгæ-хъæрзын.

– Кæмæй загъыс, кæмæй, Сабаз? – хынцфарст-иу æй акодтой йæ разы бадджытæ, фæлæ-иу куы ницы дзуапп лæвæрдта, уæд-иу æй ныууагътой, æвæццæгæн, сæнттæ цæгъды, загъгæ.

Хатгай-иу куы æрбатыхст, уæд-иу рахъавыд Сабаз, сайд ыл куыд æрцыд æмæ йæ чи басыгъта, уый йе 'фсымæртæн радзурын, фæлæ та-иу йæхиуыл ныххæцыд. Цас нæ фæрæзта йæ низы æцæг аххосаг радзурын, уыйас та йæ маст Ирханмæ тынгæй-тынгдæр кодта. Уæд-иу хъуыдыты аныгъуылд, хъæубæсты æхсæн æй бынтон куыд фæхудинаг кæна, загъгæ.

Иухатт, рынчыны раз адæм куы фæкуынæгдæр сты, уæд Сабаз гæххæтт æмæ къæрандас бацагуырдта.

– Цыфæнды зын мын куы уа, – хъæрзгæ-нæтгæйæ сдзырдта, – уæддæр мын ме 'рдхорд Иналы фыстæгæн дзуапп æнæ ныффысгæ нæй. Йæ зæрдæ мыл фæхуддзæн.

Тетрады гæххæтт цавæрдæр чиныджы уæлæ æрæвæрдтой рынчыны хъæбысы. Фæлæ къæрандас æнгуылдзты æхсæн æрбалхъивын нæ фæрæзта.

– Ныууадз уал, куы фæсæрæндæр уай, уæд ын ратдзынæ дзуапп, – дзырдтой йын йæ разы бадджытæ. – Уæд та мæнæ лæппутæй искæмæн дзур, æмæ дын уый ныффысдзæн.

– Æрмæст мæхи фыст фыстæгыл бауæнддзæн... Уæуу, цы кæнон, Таго! Мæ хæдзар куы хæлы...

– Цытæ дзурыс уый, цытæ, Сабаз! Ахæм лæмæгъ æнхъæл дын нæ уыдтæн. Ничи фæрынчын вæййы? Æниу лæгмæ искæй къух ма бахæццæ уæд, уый йеддæмæ цы гæнæн ис, фæразын хъæуы, – зæрдæтæ йын æвæрдта йæ хистæр æфсымæр.

– Мммм! – ныууынæргъыдта Сабаз, Тегойы фæстаг ныхæстæ фехъусгæйæ. «Искæй къух мын уыд, искæй!», – бардиаг кодта йæхинымæр. Йæ зæрды цы æбуалгъ фæнд сæвзæрд, уый ныууадзынвæнд æм нæ уыд.

Къæрандасыл рахиз къухæй уæддæр ныххæцыд æмæ иу нæ, фæлæ ныффыста дыууæ фыстæджы. Йæхи раз сæ къонвертты сæвæрын кодта æмæ дзы иу арвыстой уыцы бон, иннæ та дыууæ боны фæстæдæр.

«Мæ размæ æвæрд хæсæн уал, – хъуыды кодта уый фæстæ Сабаз, – йæ иу хай сæххæст кодтон. Ирханы худинаджы кой айхъуысын кæныны тыххæй мæ басыгъды фæстæ бон не 'рвадæлты чызг Дзæнамæ фæдзурын

кодтон æмæ йын загътон, нæ уазæг чызг Ирхан нæ фæхудинаг кодта, йæ уатмæ йын æхсæв хъæуы лæппутæ цæуын байдыдтой, мæхæдæг сæ дыууæ хатты федтон, зæгъгæ. Уыцы чызджы хорз зонын: йæ дзыхы дзырд сахат дæр нæ уромы». Æмæ дыккаг бон хъæуы цæрджытæ цъиутау уасыдысты Ирханы худинаджы хабар.

4

Хуры зæрин тынтæ сæхи айтыгътой бæлæсты цъуппытыл, ахъазыдысты ныллæг хæдзæртты сæртыл, зæххыл, сæ тыхтæ сиу кæнгæйæ, хъарм улæфт æрбакодтой хæдзараразджытыл.

Мæргътæ цыма аразджыты иузæрдион куыстыл цин кæнынц, уыйау алы хъæлæстæй уасыдысты æмæ уымæй тыхджындæр кодтой кусджыты разæнгарддзинад.

– Æйтт, мардзæ, лæппу, цалынмæ нæма сæнтæф, уæдмæ рæвдздæр бавналæм! – хъайваны фарсыл цыргъ джидæйæ æруыгæрдтæ кæнгæйæ, райхъуыст Иналы хъæлæс. – Хъуамæ хицау куы æрбацæуа, уæд нын нæ куыстæй раппæла. «Ехх, ырма нæ ам Ирхан куы уаид! Цымæ цы кусы афонмæ?» – загъта фыд йæхинымæр.

Ислам йæ мидбылты бахудт æмæ рæвдздæр бавнæлдта амайынмæ. Постхæссæг сæ цурмæ куыд æрбацыд, уый æмбаргæ дæр нæ бакодтой.

– Байрайат, хъæды кусджытæ! Фыстæг уын æрбахастон, – бахъæр сæм кодта уый.

Ислам æваст йæ куыст фæуагъта æмæ йæ уæлхъус абадт. Фыстæг Сабазæй у, уый куы базыдта, уæд ын уæлдай æхсызгондæр уыди. Фæлæбурдта йæм æмæ къарандасæй зылын-мылын фыст рæнхъытыл йæ цæст æрхаста. Фыд йæ фæрæт æрæвæрдта, хъæдыл æрбадт æмæ йæхи æррæвдз кодта хабæрттæм байхъусынмæ.

Фæлæ цы хабар у уый? Ислам йæ цæстытæ систа гæххæттæй, кæдæмдæр адзæгъæлгаст ис, цæсгом цикъæйау афæлурс.

– Цы æрцыди? Цы кодта мæ чызг? – æваст фæхъæр кодта Инал, – фестад æмæ йæм згъорæгау бакодта. – Мæлгæ акодта? Цæмæй?

– Нæ уыдзæн уый! Мæнгард ныхæстæ кæны Сабаз, дæ æуууæнкджын æрдхорд, – сонт хъæр фæкодта Ислам, фыдæлты æгъдау кæй фехæлдта, йæ фыдмæ афтæ тызмæг сдзурын кæй сфæрæзта, уый хъуыды дæр нал æркæнгæйæ.

– Цы у, цы ныл æрцыд? Цæуылнæ мын æй зæгъыс? – Инал фæлæбурдта Исламы тæрттæм.

– Байхъус, мæнæ цы фыссы де ‘рдхорд: *«Мæ уарзон æрдхорд Инал! Зонын æй, ацы æнамонд хабар сымахæн уæ сæртæ ракондæй зындæр кæй уыдзæн, уый, фæлæ мæ маст нал баурæдтон. Фыссын æй, мæ цæссыгтæй мæхи æхсгæйæ. Дæ чызг фæхудинаг кодта æгас мыггаджы, мæ хæдзар мын хынджылæггаг скодта. Йæ уаты нæ хъæуы лæппутæй чи нæ смидæг, ахæм нал баззади...»* Æмæ афтæ дарддæр, алы чъизи ныхæстæ!

Йæ бынаты сагъдауæй баззад Инал. Цыма зианджыны дуармæ тæфæрфæс кæнынмæ æрлæууыди, уыйау йæ фæллад цæнгтæ уырдыгмæ уагъдæй баззадысты. Æрæджиау хид донау фемæхсти, бадзой-дзой кодта æмæ æхсныфтыл æнцадгай йæхи æруагъта.

Ислам тынг фæтарсти. Рабадын кодта йæ фыды, йæ цæсгомы хидтæ йын йæ фæдджийæ ныссæрфта æмæ йын зæрдæтæ æвæрыныл фæци.

– Дæхи æгæр ма ‘фхæр, баба. Æппындæр ыл не ‘ууæндын æз Сабазыл. Цавæрдæр фыддæрагæны хуызæн мæм кæсынц йæ фыстытæ. Мæ хо афтæ никуы бакæндзæн.

– Цæуыл нæм фæфыдæх уыдаид, нæ зонын, – хъæрзæгау скодта Инал. – Уый мæнæй бирæ кæстæр у, фæлæ æрдхорд куы загътам, уæдæй нырмæ нæ кæрæдзи зæрдæхудты никуы бацыдыстæм. Не ‘хсæн уæрст ницы уыди. Фæлæ ныхас уыл нæ цæуы. Бирæ нын фæлæгъстæ кодта чызг, мæн дæр уемæ акæнут, зæгъгæ, æмæ йæ ракæнын хъуыди. Ныр... байрæджы, – æмæ йæ сæр йæ уæрджытыл æрхауди.

– Баба, адæмы зæрдæмæ нæ цæуы, хæстæджытæ æмæ æрвадæлты бынтон кæй аппæрстай æмæ де ‘рдхорды дæхимæ æгæр кæй æрбахæстæг кодтай, уый.

Инал мæсты каст бакодта лæппумæ, фæлæ йæм ницы сфæрæзта сдзурын. Афтæ æнæ дзургæйæ иудзæвгар фæлæууыдысты. Æппынæрæджиау фыд йæ цæстытæ асæрфта æмæ загъта:

– Нæ фæллой фесæфдзæн, бадзырд куы фехалæм æмæ куы ацæуæм, уæд. Мæнæ ма ацы агъуысты сæр æххæст рейкæтæ æрхуыйынæввонг скæнæм, – дыууæ бонмæ нын фæуыдзæн, – æмæ уæд ды ацу æмæ хъуыддаг базон. Де ‘рцыдмæ уал æз истытæ кусдзынæн. Арв никæй æрриуыгъы...

Ууыл баныхас кодтой. Дыууæ боны сыл дыууæ азы дæргъæн ныйисты. Стъарапилтæ сæвæрдтой æмæ ма сыл иугай рейкæтæ зæгæлтæй хостой, куыд нæ акъул уыдаиккой, афтæ. Раст уыцы афон æрхæццæ Сабазы дыккаг фыстæг дæр.

Æмбаргæ дæр нæ бакодта Ислам, агъуысты сæрæй куыд æргæпп

кодта, уый. Скъæфæгау ракодта къонверт постхæссæджы къухæй, йæ хуылфæй йын фелвæста гæххæтт æмæ йæм зыд каст æркодта: *«Инал æмæ Ислам!* – ацахстой цæстытæ, – *уæхицæн кæд рацæуæн нæй, уæд та мын уæ уынаффæ фехъусын кæнут ацы чызджы тыххæй. Бафæдзæхсут æй уæхионтæй искæмæн. Мæхæдæг дæр æрсадтæн. Æвæццæгæн, мæстæй. Æфсин дæр хуысгæ фæкæны, æмæ йæм цæст дарæг нал ис. Цы йæ фæнды дæ чызджы, уыдæттæ æнæфсæрм кæнын райдыдта»...*

Уыцы ныхæстæ айхъусгæйæ, Инал æвиппайды фæхъæр кодта:

– Æвæстиатæй дæхи сраевдз кæн æмæ ацу! Уыцы чызджы удæгасæй куыд нæуал сæййафон, афтæ бакæ! Хъусыс? Ныххурх æй кæн æмæ фæстæмæ ардæм рацу.

Ницыуал хуыздæргæнæн уыди. Ислам йæхи араевдз кодта æмæ уыцы изæр поезды араст.

5

Поезд тындзы Ирыстоны ‘рдæм. Ислам бады вагоны. Йæ сæр йæ армытъæпæнтæм æруадзгæйæ, æдзынæг кæсы рудзынгæй, телыхъæдтæ кæрæдзи фæстæрдæм куыд сурынц, уымæ. Исдугмæ йæ хъус адары цæлхыты къæрцц-къæрцмæ, æмæ йæм уæд афтæ фæкæсы, цыма йæм уыдон дæр æнæрæнцойæ «сайгæ кæны, сайгæ кæны, сайгæ кæны», зæгъгæ, дзурынц. Уæд хъуыдыты тынгдæр аныгъуылы, йæ хойы сурæт йæ разы æрлæууы æмæ йын йæ цæстытæм бакæсы. «Нæ, нæ! Ирханæн йæ сæры зонд афтæ нæ фæцæудзæн! – хинымæр дзырдта уый, – ахæм æгад хъуыддæгтæ йæ сæрмæ не ‘рхæсдзæн... Фæлæ уæддæр Сабазы цæмæ гæсгæ бахъуыдаид йе ‘рдхорды зæрдæйы ахæм уæззау дур сæппарын? Йæ дыккаг фыстæг мын мæ зæрдæ фæсаджил кодта...»

Ирыстонмæ куы æрбаввахс, уæд Ислам сфæнд кодта хъæумæ æхсæв æнафоны æрбацæуын æмæ йæ хойы ракъахын, йæ рæстдзинад ын сбæрæг кæнын. Æмæ фæсахсæвæрты, кæрчытæ фыццаг уаст куы ныккодтой, уыцы афон Ирханы уаты рудзынг хъæвгæ бахоста.

– Чи дæ ацафон? – райхъуыст Ирханы тарст хъæлæс.

– Дуар ма мын бакæн, æз Бæппын дæн, – сыхы лæппутæй иуы номæй бадзырдта Ислам, куыд нæ йыл фæгуырысхо уыдаид, афтæ йæ хъæлæс фендæрхуызон кæнгæйæ.

– Мæ хæдзар куыд фехæлди! – райхъуыст Ирханы æрдиаг. – Мæнæ мыл хæйрæджытæ куыд сагъуыдысты ацы æнамонд хæдзары! Кæд

ӕрхӕццӕ уыдзӕн уыцы афӕдзы бон, кӕд сыздӕхдзысты мӕ фыд ӕмӕ ме 'фсымӕр! Дада йӕ мӕнгард ӕрдхордыл хуыздӕр бауушндыд йӕ тугхӕстӕджытӕй, йе 'фсымӕртӕй, фӕлӕ мӕ Ислам та куыд ныууагъта бирӕгъты ӕхсӕн, ӕрхъӕцмӕ мыл куы нӕ хъӕцыди, уӕд?! Мӕхи амарынӕй хуыздӕр хос ницыуал зонын, фӕлӕ куыд бакӕнон афтӕ, мӕ иунӕг ӕфсымӕры нӕ фенгӕйӕ...

Уыцы ныхӕстимӕ Ирханы кӕуын ӕмӕ дзыназын райхъуысти тыргътӕм, ӕмӕ Исламӕн йӕ зӕрдӕ ныссӕххӕтт кодта. «Нӕу зылын мӕ хо!» Ахӕм хъуыды февзӕрди йӕ сӕры. Йӕ зӕрдыл та ӕрбалӕууыдысты Сабазы фыстӕджытӕ, ӕмӕ йӕ маст тынгдӕр рафыхти. Джихӕй иудзӕвгар алӕууыд, стӕй йӕхи хъӕлӕсӕй мидӕмӕ бадзырдта.

– Ирхан, мӕ уарзон хо! Хъазгӕ кодтон, ӕз Ислам дӕн, де 'фсымӕр, дуар мын бакӕ.

– Ислам? – йӕ кӕуынӕй ӕваст фенцад, ссырдӕаст. – Цы загътай, цы? Ислам? О, уый хъӕлӕс у бӕлвырд, фӕлӕ... Кӕцӕй фӕзынди? Нӕ-ӕ-ӕ! Дӕлимонтӕ стут сымах, сайгӕ мӕ кӕнут! О Хуыцау, мӕнӕ цы ӕнамонд дӕн!

– Дӕу фенынмӕ суадтӕн, баба мӕ рарвыста, – лӕгъстӕгӕнӕгау ӕм дзуры Ислам. – Бакӕ мын дуар. Уӕдӕ ахсӕв-бонмӕ тыргъы куыд фалӕудзынӕн?

– Ницӕй тыххӕй! – райхъуыст та чызджы хъӕлӕс. – Цалынмӕ дӕм боны рухсмӕ бакӕсон, уӕдмӕ дыл нӕ баууӕнддзынӕн.

Кӕд сӕрдыгон ӕхсӕв уыди, хӕлынбыттыртӕ къуылых мӕйрухсы йӕ алывӕрсты сыффыттытӕ кодтой, уӕддӕр Ислам ихӕнриз скодта. Йӕ нуӕрттӕ базмӕлыдысты, ӕмӕ йӕ цӕсгомыл хиды цӕппузыртӕ абадт. Йӕ сӕры кӕрӕдзи раив-баив кодтой Сабазы фыстӕджытӕ ӕмӕ Ирханы нырттӕккӕйы ныхӕстӕ. Цы бакӕна, уый йӕ зонд нал ахсы. «Кӕд ӕм исчи ис, мыййаг, ӕмӕ уый тыххӕй нӕ кӕны дуар!» Ахӕм хъуыды ӕваст февзӕрд ӕфсымӕры сӕры, ӕмӕ йӕ зӕрдӕ фыр мӕстӕй атыппыр ис. Ныр ӕй тынгдӕр бафӕндыд тагъддӕр мидӕмӕ бафтын. Йӕ сӕры ног хъуыды февзӕрд, ӕввахсдӕр бацыд рудзынгмӕ ӕмӕ сабырӕй сдзырдта:

– Ирхан, цырагъ ма рудзынгмӕ хӕстӕгдӕр ӕрбахӕсс, ӕрбакӕс мӕм. Де 'фсымӕры куыд нӕ базондзынӕ?

Ирхан ӕм мидӕгӕй цырагъ хӕстӕг бахаста ӕмӕ нывы хуызӕн ӕрбазынди Исламы цӕсгом. Суанг чысылӕй фӕстӕмӕ йе 'рфыджы сӕрмӕ цы нос уыдис, уый дӕр уыцы бӕлвырдӕй разынд. Гуырысхойаг

дзы ницыуал уыд. Ныррухс чызджы зæрдæ. Цины цæссыгтæ уадултыл æрфæд кодтой. Дуар фегом кодта æмæ йе ‘фсымæры æфцæгыл ныттыхсти. Иуцасдæр иуæн дæр йæ дзыхы ныхас нал бадти. Ислам уаты къуымты йæ цæст ахаста, фæлæ ницæуыл фæгуырысхо æмæ йæ хъуыдыйæ йæхæдæг фефсæрмы. Уый фæстæ стъолы фарсмæ даргъ бандоныл æрбадтысты, æмæ Ирхан æфсымæры афарста:

– Бынтондæр ссыдтæ? – æмæ йын тарст хуызæй йæ цæсгоммæ скасти.

– Нæ, уый гæнæн нæма ис, Ирхан. Нæ зæрдæ дæумæ тынг æхсайдта æмæ мæ баба рарвыста æрмæстдæр дæу фенынмæ. Фæстæмæ мæ тагъд цæуын хъæуы. Бадзырд куы нæ сæххæст кæнæм, уæд нæ фæллæйттæ æмæ фыдæбæттæ фæдзæгъæл уыдзысты. Бабайæн та уым æнæ мæн кусæн нæй. Нæ бадзырд куы сæххæст кæнæм, уæд бирæ æхца райсдзыстæм... Ныртæккæ та ахстæй уæлдай не стæм.

– Æз ам нал ныллæудзынæн, демæ мæ акæн, – йе ‘фсымæрмæ лæгъстæгæнæджы цæстæй бакæсгæйæ, уынгæг хъæлæсæй сдзырдта Ирхан.

Ислам йæхимæ æрбахæстæгдæр кодта йæ хойы æмæ йæм рæвдауæн æнгасæй бакасти. «Куыд æгъдауæй сбæрæг чындæуа Сабазы фыстæджыты æцæгдзинад? – хъуыды кодта уый. – Райсом æй абæрæг кæндзынæн. Не ‘рвадæлты дæр фендзынæн, æмæ уæд хъуыддаг дæр кæд йæхи ‘вдисид».

Йæ ахсæны дуртæ хæссынил сразы уыдаид Ислам Сабазы размæ бацæуыны бæсты. «Цы зæгъдзæн», йæ фыстæджыты цы ныффыста, уыдонил ма цы бафтаудзæн?» – уыцы хъуыдытæ йæ æхсæв-бонмæ æнæхуыссæг фæкодтой. Не схъæр кодта Ирханæн дæр, Сабаз сæм цы зæрдæхалæн хабæрттæ фехъусын кодта, уыдон, нæ йæм æрцыд уыцы ныфс. Афтæ йæм фæкаст, цыма уæд чызг йæхи амарынил фæстиат нал фæуыдаид.

Æдас нæ уыди Ирхан йæхæдæг дæр. Сабазимæ се’ хсæн цы бæллæхы хъуыддаг рауади, уый æфсымæры хъустыл куы æрцæуа, уæд, æнæмæнг, фыдбылыз цæттæ у. Æмæ йæ Ислам куы фарста, Сабаз æмæ Залдузимæ куыд цæрыс, зæгъгæ, уæд рæстдзинад зæгъын нæ бауæндыд.

– Ныртæккæ Сабаз дæр æмæ Залдуз дæр рынчын сты, хуысгæ кæнынц, фæлæ дзæбæх куы уыдысты, уæд мæм сæ цæст хорз дардтой, – къæхты бынмæ ныккаст, афтæмæй дзырдта чызг.

Уыцы сабыр, зæрдæхæлар ныхæстæ бынтондæр сдызæрдыг кодтой Исламы æмæ ныфсджындæрæй, дуары бахостæн дзуапмæ дæр нæ фенхъæлмæ каст, афтæмæй бахызт Сабазы уатмæ. Рынчынтæ исдугмæ фæджих сты, стæй сæ цыма Ислам исты фыдракæнддзинады

уælхъус æрбаййæфта, уыйау ын къæмдзæстыгхуызæй «æгас цæуай» загътой. Сабазæн йæ цæсгом фæсырх. Йæ æлгъаггаг ми та йæ зæрдыл æрбалæууыд. Æмæ йыл фæсмон, мыййаг, нæ кæны. Сфæнд кодта йæ æнаккаг фæндтæ кæронмæ ахæццæ кæнын. Æрмæст æй нæ фæндыд уыцы ныхас раздæр райдайын æмæ æнхъæлмæ каст Исламмæ. Ныхас бацайдагъ кæныны тыххæй та сабыргай афарста:

– Дæ хомæ нæма бауадтæ?

– Уым уыдтæн. Дысон æнафоны ссыдтæн æмæ ма уæ уæд куыд бахъыгдардтаин.

– Куыд цæуы уæ куыст? Цуанон цы хъæд нæ басгары, уый сырдджын фæхоны. Истæуыл дзы фæхæст стут?

Исламмæ Сабазы алы ныхас дæр, цыма йæ зæрдæйыл уæззау дур сæмбæлы, уыйау касти. Нæ йæм цыди дзуапп дæттын. Æрмæст ын æдзынæг касти йæ цæсгомы сыгъдвæдтæм, «уый мæстæй рынчын нæу, кæмдæр йæхи сау сыгъд бакодта», зæгъгæ, æмæ йæ уый дæр бафарста, йæ ракомкоммæ стъолы раз даргъ бандоны кæрон æрбадгæйæ:

– Цæмæй афтæ тынг басыгътай дæхи, мæ фыды æрдхорд?

Топпы нæмыгæй тынгдæр батых кодта уыцы хынцфарст Сабазæн. Зæрдæ сызмæлыд, тугдадзинтæ атыппыр сты æмæ æрдиаг кæнынил схæцыд:

– Уæу, мæ тæригъæд... Куы фæрынчын дæн, уæд мæм фæкæсæг нал уыди, æмæ мыл мæнæ пецы сæрæй фыцгæ дон ракалди...

«Æллæх! Мæ хæдзар хæлынмæ хъавы, æнхъæлдæн», – хинымæр загъта Сабаз, кæд ын чызг хабар радзырдта, зæгъгæ, уымæй фæтæрсгæйæ. Фæлæ уайтагъд фæныфсджын лæппуйы æнцойдзинадæй.

Лæджы фæлывд ныхæстæ фехъусгæйæ, уаты иннæ къуымы тъахтиныл Залдузы хъæрзын ссыд æмæ йæ хуыссæны рабадт.

Ислам тынгдæр стыхст, хъуыддаг бæлвырддæр базоныны тыххæй ныхас кæцырдыгæй райдыдтаид, уый йæ сæр нал ахста, æмæ дзы æнæбарыгомау сирвæзт:

– Уæ дыууæ дæр рынчын куы стут, фæкæсинаг, уæд Ирхан йæ уаты цæмæн бады? Цæуылнæ ис ам, мæнæн дæр куы нæ бакуымдта ардæм æрбацæуын?

Гъе, ныхасы уыцы райдайæнмæ тынг æнхъæлмæ касти Сабаз. Цæсгом та ногæй асырххъулон ис, йе ʻфсæртæ тæрсынгæнæджы зылынтæ ныккодта æмæ ралæхурдта:

– Æмæ ма йæ цæсгом хъæцы? Мæ хæдзар мын ныххудинаг кодта,

æмæ уый æгъгъæд нæу? Цы цæсгом ма равдисдзыстут æниу сымах та уæ сыхбæстæм, хъæубæстæм?..

– Уæдæ дæ фыстæджыты кæй фыстай, уыдон раст сты? – сонт хъæр фæкодта Ислам, фестад æмæ стъолы ‘рдæм фæцудыдта.

– Мæ бындур куыд ныззылди! Уый цъыфкалæн у... – йе ‘ргом разилгæйæ, фæхъæр кодта Залдуз. Цыдæр зæгъынмæ ма хъавыди, фæлæ йыл йæ лæг уыциу хъæр фæкодта:

– Банцай, дæумæ дзы ныхасы бар нæ хауы! Ницы зоныс æмæ ныссæй дæ разы, æндæр дæ нæлгоймæгтæм ныхасæппарæг чи скодта? Æз цы зæгъон, уый дын закъон кæдæй нырмæ нал у? Знон уæртæ не ‘рвадæлты Дзæнамæ нæ хъуыстай, номдзыд чызг кæй хуыдтай, уый чъизидзинæдты кой йеддæмæ хъæубæсты кæй ницыуал ис, уый тыххæй цы дзырдта, уымæ?

Ислам æррайау фæци, цæхгæр фæзылд æмæ, дуар йæ фæдыл мæсты гуыпп ныккæнгæйæ, тыргътæм схъиуæгау ракодта. Йæ зæнгтæ йæ дзæбæх нал урæдтой æмæ тарваз хъæбысгæнæгау æрбакодта. Æрæджиау, сыгъдæг уæлдæфмæ алæугæйæ, зæрдæ чысыл фæфидар æмæ, йæ хомæ дæр нал бацыд, афтæмæй араст хъæуысæрмæ, се ‘рвадæлтæм.

Изæры Ислам ныхас кодта сæ мыггаджы хистæр Тасолтанимæ, æмæ йæ зæрдæ бынтондæр асаст. Уый, стæй иннæ бинонтæ дæр куыд радзырдтой, афтæмæй æнæхъæн хъæубæстæ цъиутау уасынц, Аслæмырзаты Иналы номдзыд чызг, йæ фыд æмæ йе ‘фсымæр балцы куы ацыдысты, уæд лæппутимæ сæмхиц ис, зæгъгæ. Ислам радзырдта Тасолтанæн, йæ фыды æрдхорд сæм цавæр фыстæджытæ ныффыста, æмæ йæ Инал цавæр фæдзæхстимæ рарвыста, уыдæттæ.

– Ницы азым хæссын Сабазмæ, – загъта зæронд лæг. – Аххосджын Инал йæхæдæг уыди, æмæ йын-иу афтæ мæ номæй зæгъ. Чызджы кæнæ уемæ акæнын хъуыди, кæнæ та йæ мæнæ нæхимæ ныууадзын хъуыд. Æрдхорд зынаргъ у, æфсымæр та уымæй зынаргъдæр у. Дæуæн кæй бафæдзæхста, уый дæр раст у, æвæццæгæн. Фæхудинаг кодта æгас мыггаджы дæр. Фæлæ, – бафтыдта ма йæ ныхасыл Тасолтан, – мады зæнæг хомæ, уæлдайдæр та фаззонмæ, къух сисын æгæр зын у. Акæн æй демæ Кæсæджы зæхмæ æмæ йæ уым ныууадз. Уырдыгæй фæндаг нал ссардзæн æмæ цæрæд уым искæй фæсдуæрттты.

Исламæн кæд цыфæнды зын уыдысты Тасолтаны ныхæстæ, уæддæр ын иуцасдæр фенцондæр, йæ фыды фæдзæхст сæххæст кæнынæн ын бæлвырд мадзæлттæ кæй бацамыдта, уый тыххæй. Сыстад æмæ уæнтæхъил-сæргуыбырæй араст Сабазы хæдзармæ, йæ хойы уатмæ.

«Ирханæн ницы ской кæндзынæн, – хъуыдыгæнгæ, сабыргай цæуы Ислам. – Цыма йæ мемæ Стъараполмæ кæнын, уыйау æй акæндзынæн сæрсæфæн бæстæм. Тæккæ ахсæв. Бонмæ æнхъæлмæ кæсæн нал ис, хъæуæй нæ куыд ничи фена, афтæ». Афтæ хуыдытæгæнгæ, бахæццæ хæдзармæ.

Ирхан йе 'фсымæрмæ рагæй æнхъæлмæ касти, æмæ та ныр ныхас кæнынц сæ црд, сæ куысты тыххæй, æрымысыдысты суанг сæ сывæллоны бонтæ. Пълотничы куыстыл куыд ахуыр кодтой, уыдæттæ дæр фаззæттæн сæ зæрдыл æрлæууыдысты.

– Кæд ам истæмæй тыхсыс, уæд ницы хъыгдары, ды дæр куы рацæуай, уæд, – æрæджиау сдзырдта Ислам. – Бабайæн дæр æхсызгон уыдзæн. Раст зæгъын хъæуы, фистæгæй нæ бирæ цæуын бахъæудзæн, кæд бафæразай, уæд...

Уыцы ныхæстæм Ирханы зæрдæ уæрыккау скафыд. Йæ хъæбысы ныккодта йе 'фсымæры æмæ йын фидарæй загъта:

– Къуыри æнæ æрбадгæйæ куы фæцæуон демæ, уæддæр нæ бафæллайдзынæн.

Уыцы зæрдæбын цин та фæсаста æфсымæры зæрдæ, фæдызæрдыг та ис Сабаз æмæ Тасолтаны ныхæстыл дæр. «Дзæгъæлы мысынц уыдæттæ мæ хойыл», – ахъуыды кодта Ислам, фæлæ йæ йæ зæрдæ куы асайа, уымæй фæтарст æмæ загъта:

– Хорз! Ныртæккæ æмбисæхсæвмæ хæстæг у, æмæ хуыздæр уаид, сыхбæстæй нæ куыд ничи базона, афтæ куы ацæуиккам, уæд. Фæйнæ-фæйнæ ныхасы кæндзысты. Сæрдыгон æхсæв æнцондæр у фистæгæй цæуынæн. Искуы фæндагыл нæ фæллад суадздзыстæм.

Уыцы уаты баззайыны бæсты сау ингæнмæ ныххизынил сразы уыдаид Ирхан æмæ ницыуал загъта æфсымæры фæндоныл. Уаты йын цы дзаумæттæ уыди, уыдон къамоды лагъзы бафснайдта, йæ уæлæ чи уыд, уыдонæй фæстæмæ ма иу къаба æмæ бæзджын кæлмæрзæн Исламы хордзенты авæрдта æмæ йæ разы æрлæууыд, æз цæттæ дæн, зæгъгæ.

Джихтæгæнгæ, йæхиуыл схæцыд Ислам дæр. Исдугмæ йæ мидбынаты лæугæйæ баззад, стæй февнæлдта хордзентæм æмæ сæ йæ галиу уæхскыл ацауыгъта.

– Араст стæм! Фæндараст нæ Къобы Дзуар фæкæнæд!

Рахызтысты кæртмæ, уырдыгæй уынгмæ æмæ Тырсыгомы уырдыгмæ сæхи сарæзтой. Арвыкомы стыр фæндагыл иу чысыл куы æруадысты, уæд арвы кæрæттæ гæзæмæ цъæх кæнын райдыдтой.

6

Хур арвы астæумæ стылди. Мæргътæ сæ хъæлдзæг зарджытæй раджы банцадысты æмæ бæлæсты сыфтæрты ауумæтты бамбæхстысты. Сырдтæ бонасадæн кæнынмæ сæхи айстой хъæдмæ. Мæнæ хъомрæгъау цæугæдоны сæ уæрджытæм бацыдысты æмæ ривæд кæнынц. Хъомгæс дыууæ лæдзæгыл айтыгъта уæйлаг нымæт æмæ уый ауон йæхи æруагъта. Ислам æмæ Ирхан, залмысыфтæй сæ сæртæм ауон даргæйæ, бахæццæ сты цавæрдæр кæсгон æлдары зæхмæ æмæ сæхи æруагътой хъæды æрдузы рæсугъд суадоны был.

– Бирæ нæ нал хъæуы æфсæнвæндаджы станцæмæ, æмæ уæд поезды абаддзыстæм, – йæ уæргътæ зæхмæ æрæргъæвта Ислам æмæ хордзенæй цыхт æмæ кæрдзын систа.

Кæд йæхи хъæлдзæгхуыз дардта, уæддæр тынг бафæллад Ирхан, йæ зæнгтæ йæ хорз нал хастой. Кæрдзыны мур æмæ цыхты къæртт йæ дзыхы акодта æмæ, æууилгæ-æууилын, йæхи фæлмæн кæрдæгыл уæлгоммæ ауагъта. Иунæг минут, æмæ чызгæн йæ сым-сым ссыд: фæллад æмæ йыл хуыссæг фæтых сты. Исламæн та ногæй йæ зæрдыл æрбалæууыдысты фыды фæдзæхст, йе 'рвад Тасолтаны амынддзинæдтæ, æмæ йæ зæрдæйы цæлхъ-цæлхъ ссыд. Æдзынæг ныккаст йæ хæрзæгъдау, алцæмæ дæр арæхстджын хойы цæсгоммæ æмæ йæ зæрдæ æрбауынгæг, цæссыг донау фемæхст. Чысыл фæстæдæр, цыма йæм исчи æрбадзырдта, тагъддæр у, дæумæ кæсæм, зæгъгæ, уыйау хордзентæй фелвæста къаба æмæ кæлмæрзæн, чызджы фарсмæ сæ æрæвæрдта, кæрдзын æмæ йæм цыхт хæстæгдæр бакодта æмæ фестад. Иу каст ма ныккодта Ирханы цæсгоммæ, стæй, йæ цæссыгтæ ныхъуыргæ, хордзентæм фæлæбурдта æмæ йæ фæд-фæд рафардæг.

Цас фæхуыссыдаид Ирхан – чи зоны, фæлæ иуахæмы йæ цæстыты уæлтъыфæлттыл схæцыд.

– Куыд афынæй дæн, – йе уæнгтæ аивазгæйæ, сдзырдта æмæ иуварсырдæм разылд. Фæлæ... Цы фæци Ислам?! Цæмæн сты мæ фарсмæ ацы дзаумæттæ? Хордзенты æфснайд куы уыдысты... – ахæм хъуыдытæ йæ сæры амхæццæ сты. Йæ бынатæй фестад, æрдиаггæнгæ сонт рауай-бауай акодта, стæй фæлæууыд æмæ кæуын хъæлæсæй ныхъхъæр кодта: «Ислам! Исла-а-ам!!» Фæлæ Ислам нал фæзынд. Ирханæн йæ хъару цыдæр æрбаци. Йæ цæстытæ атартæ сты æмæ цъæх нæууыл дæлгоммæ æрхауд.

* * *

Хур йæ ныгуылæнмæ фæцæйхæццæ кодта. Ирхан æрчъицыдта, йæ зæрдæ йе 'муд æрцыд. Фестад æмæ, сихæрттыл хъом кæм федтой, уыцы доны былмæ тындзгæ ауад. Фæлæ хъом уым нал уыдысты, æмæ фæстæмæ йæ бынатмæ лидзæгау æрбакодта, цыма уыцы ран схъомыл æмæ йæм æрбацæуæн ничердыгæй ис, уыйау.

– Мæ бындур-æна! – æрдиаг кодта Ирхан. – Мæнæ быны чызджы зад куыд бакодтон кæйдæр бæстæйы! Кæцырдæм фæцæуон, уымæн куы ницы зонын! Уайтагъддæр æй мæ зæрдæ базыдта, цæуылдæр мыл кæй сдызæрдыг сты, уый. Сыхы чызджытæй дæр мæм фæстаг бонты куы ничиуал æрбакаст. М' арт бауазал! Айфыццаг мын Дзæна дзырдта, Сабаз мæ фыдмæ дыууæ фыстæджыты фæд-фæдыл арвыста, зæгъгæ. О-о-о! Уый фыдбылызтæ мын сты! Ислам дæр мæм рæстдзæстæй уымæн нæ ракаст. Æмæ мæ цы хъуамæ загътаид йæ фыстæджыты уыцы æнаккаг?..

Хур аныгуылыны фæстæ Ирхан тынгдæр тæрсын байдыдта æмæ хъæды къохы арфдæр бацыд. Уыцы рæстæджы иу кæсгон хъæуы цуанæттæ сæхимæ раздæхтысты æмæ суадоныл сæ фæндаг ракодтой. Егæрттæ чызджы кæуынмæ къохы смидæг сты æмæ йыл рæйын байдыдтой. Цуанæттæ берданкæтæ æррæвдз кодтой æмæ хъуызæгау къохмæ хæстæгдæр бацыдысты, кæд дзы сырд, мыййаг, ис. Фæлæ Ирхан пыхсæй æддæмæ рацыд æмæ кæугæ-кæуын сдзырдта:

– Ма ныццæвут, сырд нæ дæн, Хуыцау йæ быны æнамондæн кæй сфæлдыста, ахæм адæймаг дæн, æмæ мын фæтæригъæд кæнут!

– Цы зæд, цы дуаг дæ ардæм æрбахаста, стæй кæцæй? – хынцфарст æй акодта цуанæтты хистæр Бæгæхъо.

Ирхан йæ цæссыгтæ асæрфта æмæ йе 'нæнхъæлæджы уазджытыл йæ цæст ахаста. Ницæмæй сыл фенæууæнк. Бæрæг уыди, алчидæр æм тæригъæдгæнæджы каст кæй кодта, уый, æмæ иуцасдæр фæзæрдæджындæр. Ахъуыды кодта æмæ æфсæрмхуызæй загъта:

– Дард цæрæм, хæхбæсты. Мæ фыд Уæрæсейы кусы, æмæ мæн дæр ме 'фсымæр уырдæм ракодта. Абон сихорыл мæнæ ацы суадоны размæ æрбахæццæ стæм æмæ нæ фæллад суадзыны тыххæй æрбадтыстæм. Иурæстæджы мæ хуыссæг æрцахста æмæ афынæй дæн. Куы райхъал дæн, уæд ме 'фсымæры нал федтон. Мæ дзаумæттæ мын мæ разы ныууагъта æмæ... – йæ кæуын нал баурæдта, хæстæг бацыд Бæтæхъомæ æмæ йын йæ цонгмæ бавнæлдта:

– Ӕз де уазӕг, мӕ фыдыхай,– уынгӕг хъӕлӕсӕй, йӕ цӕссыгтӕй хи ӕхсгӕйӕ, сдзырдта чызг ӕмӕ йын йе уӕхскыл йӕ сӕр бакъул кодта.

Цуанӕттӕ кӕрӕдзимӕ бакастысты. Чызджы тӕригъӕдӕй уыдонӕй дӕр иуӕй-иутӕн сӕ цӕстытӕ доны разылдысты.

– Ма тӕрс, хорз чызг, – загъта ӕрӕджиау Бӕтӕхъо ӕмӕ йын йӕ сӕр дӕрзӕг армытъӕпӕнӕй ӕрсӕрфта. – Мӕ уазӕг уыдзынӕ, цалынмӕ де 'фсымӕр кӕнӕ дӕ фыд фӕзына, уӕдмӕ. Мӕнӕ кӕсыс ацы фӕсивӕдмӕ? Уыдон дӕ ӕфхӕрын никӕмӕн бауадздзысты. Ныр уал цӕуӕм немӕ. Фӕллад уыдзынӕ, фӕлмӕцыд. Мӕнӕ нӕ уаргъхӕссӕг бӕхыл сбад.

Ирхан нӕ бакуымдта бӕхыл сбадын ӕмӕ семӕ фистӕгӕй афаддзу кодта. Чызг дардмӕ хъӕу куы ауыдта, уӕд йӕ ныфс фӕфылдӕр, рогдӕр исын райдыдта йӕ фӕллад къӕхтӕ.

Бӕтӕхъо хъӕуы кӕронмӕ хӕстӕг царди ӕмӕ, йе 'мбӕлттӕн «хӕрзӕхсӕв» зӕгъгӕйӕ, бӕхы рохыл ахӕцыд сӕхирдӕм, райсом алчидӕр йӕ хаймӕ зындзӕн, зӕгъгӕ. Йемӕ ацыдысты йе 'фсымӕры лӕппу Сослан ӕмӕ Ирхан дӕр.

– Фарн фӕцӕуы, не 'фсин, фарн! – хӕдзары къӕсӕрӕй бахизгӕйӕ, бахъӕр кодта Бӕтӕхъо. – Ӕфсати нын бахай кодта йӕ сӕгуыттӕй, йӕ сычъитӕй ӕмӕ йӕ дудахътӕй. Уастырджи та мын мӕнӕ ӕвӕджиауы чызг ӕрбарвыста. Ирхан, рацу-ма хӕстӕгдӕр.

Ирхан бацыд ӕмӕ Бӕтӕхъойы ус Маххуӕйы раз ӕрлӕууыд. Ус ӕй йӕ хъӕбысы ӕрбакодта, стӕй йын йӕ цӕсгоммӕ ӕдзынӕг ныккаст.

– Чи у ацы рӕсугъд чызг? – бадис кодта уый ӕмӕ бакаст йӕ бӕлццӕттӕм.

– Уӕлӕ хъӕдгӕрон, комы нарӕджы цы суадон ис, – загъта Бӕтӕхъо, – уым йе 'фсымӕрӕй фӕдзӕгъӕл ӕмӕ йӕ уым кӕугӕ ӕрбайййӕфтам. Йӕхи ме 'уазӕг бакодта, ӕмӕ йӕ ӕз дӕр мӕ чызг схуыдтон. Мӕнӕ нӕ дыууӕ чызгӕн сӕ хистӕр хо. Сослан, дӕуӕн дӕр де 'уазӕг у, уый зон, ӕмӕ та-иу ӕй райсом абӕрӕг кӕн. Ныр та уал цу ӕмӕ дӕ фӕллад суадз.

Сослан «хӕрзӕхсӕв» загъта бинонтӕн, Ирханӕн ӕмӕ ацыд.

Цыбыркъух уыди Бӕтӕхъо. Хъӕуы иннӕ зӕхкусджытимӕ уый куыста ӕлдӕртты ӕмӕ иннӕ хъӕздгуыты зӕххытыл ӕмбисыл кӕнӕ та ӕртыццаг хайыл. Йӕ фӕззӕджы хор афӕдзваг нӕ кодта, ӕмӕ-иу уый тыххӕй ӕвдӕлон рӕстӕг цалдӕр ӕмбалӕй цуаны ауадысты. Уый сын бирӕ ахъаз уыди сӕ цард ӕдыхстӕй ӕрвитынӕн, кӕд сӕ цуангӕнӕггаг дӕр ӕлдарӕн фидын хъуыди, уӕддӕр.

Ныртӕккӕ уый ног хӕдзаргӕнӕг у. Ӕртӕ азы размӕ, йӕ хистӕр

æфсымæр Асæхмæт куы амарди, уæд уымæн баззади лæппу, Сослан, æмæ йæ сæрмæ не 'рхаста уый хæдзарæй арвитын, æнæ байуаргæ та сын, æгъдаумæ гæсгæ, уæвгæ нæ уыди. Фарон уалдзæг дыууæ уаты æрæвæрдта хъæугæрон, иу дзы тыхтæ æмæ амæлттæй сарæзта, фæлæ йын иннæ уат æрдæгкондæй баззад.

Ныр Ирханæн пецы фарсмæ стыр чырынил хуыссæн куы бакодтой, уæд æм Маххуæ æфсæрмхуызæй бакасти, ома цы бакæнæм, кæд ахæм хуыссæн ахуыр нæ дæ, уæддæр дын нæ бон ницы у.

Чызг фæлмæн бахудт, æфсæрмæй загъта, хорз у, зæгъгæ, æмæ æрхуыссыд. Зæрдæйы æнтъыснæг æмæ йыл фæллад фæуæлахиз сты æмæ, куыддæр йæ сæр нывæрзæныл æруагъта, афтæ афынæй.

Стыр хъуыдыты анигъуылдысты Бæтæхъо æмæ Маххуæ. Сæ хуыссæг фæлыгъди. Сæ сæйрагдæр сагъæс уыди, иунæг уаты куыд цæрдзысты, ууыл. Уыцы чызг йæхæдæг дæр, мыййаг, куы афæстиат уа ам, уæд æфсæрмы кæндзæн.

– Диссаджы уæздан, хæдæфсарм мæм фæкасти, – загъта Бæтæхъо. – Фæлæ, стыр диссаг, куыд фæдзæгъæл йе 'фсымæрæй, стæй ацырдæм куыд æрбафтыдысты? Мæ фыд æмæ, дам, ме 'фсымæр Уæрæсейы кусынц, æмæ, дам, уырдæм цыдыстæм. Æмæ уæд Ирыстонæй ацырдæм цæмæн рацыдысты? Кæд рæдигæ фæкодтой? Тырсыгоймаг дæн, зæгъы, фæлæ уый кæцырдыгæй ис, уый дæр нæ зоны. Ахæццæ йæ чындæуид Ирыстоны хъæутæй искæцымæ, æмæ чызг ноджы куы ныдздзæгъæлтæ уа. Чызг чъириагæй уæлдай нæу, æвзæр адæмтæ та бирæ ис. Куы фæхудинаг уа, уæд бынтон фенамонд уыдзæн. Цæй, фæлтау уал мæнæ нæ чызджытимæ цæрдзæн, цалынмæ йæхионтæй исчи фæзына, уæдмæ. Цы уынаффæ ис дæумæ та? – бафарста йе 'фсины.

– Æз æрдæбонсарæй ууыл хъуыды кæнын, – бакодта Махсхуæ. – Æмæ ацы хабар не 'лдар куы фехъуса, уæд мæгуыр чызджы йæхимæ бацагурдзæн æмæ йæ æцæг фенамонд кæндзæн. Дæуæн та йæ ныхмæ сдзурын дæ бон нæ бауыдзæн.

Бæтæхъо иудзæвгар ницыуал сдзырдта. Раст æм фæкасти усы зондахаст. Фыдлæг у æлдар. Æнæ фехъусгæ та йын уæвгæ нæй. «Бонджынтæ иууылдæр йæ хъузæттæ сты, уыдон та нæ алыварс цæрынц», – ахъуыды кодта æмæ йæ ныхы хид асæрфта. Æппынæрæджиау, цыма йæ ныхасæн фехъусынæй тарст, уыйау сабырæй сдзырдта:

– Нæ ахъуыды кодтон, нæ сæртæ иудадзыг нæхи бар кæй не сты, æлдар йæ сæрмæ алцыдæр кæй æрхæсдзæн, ууыл. Мæн хъуыды дæр

не ‘ркæндзæн. Фæлтау афтæ бакæнæм, æмæ Ирханы нæхи Сосланы мад Ханиффæйы уазæг бакæнæм. Уыдонмæ ис уæлдай уат æмæ уым цæрдзæн. Сослан æхсарджын лæппу у. Уыимæ йæ хуыздæр æрдхорд у æлдары фæсдзæуин Хамид. Афтæ мæм кæсы, цыма Сосланæн йæ бон бауыдзæн йæ уазæджы бахъахъхъæнын. Райсом æй ардæм хъæуы, æмæ йемæ баныхас кæндзыстæм...

Æрмæст бонырдæм бафынæй сты зæронд лæг æмæ ус æмæ, райсомæй цалынмæ хур æрбакаст, уæдмæ нæ райхъал сты. Уæдмæ Ирхан, Бæтæхъойы хистæр чызг ын æхххуыс кодта, афтæмæй хæдзар, кæрт бафснайдта. Цуанæттæ дæр иугай-дыгай æрæмбырд сты сæ æфтиæгтæ байуарыны тыххæй. Фæзынди Сослан дæр. Æдæппæт уыдысты аст цуаноны, фæлæ кæй æрхастой, уыцы сырдты скодтой фараст æмхуызон хайы. Сæ хистæр Бæтæхъойы фæндонмæ гæсгæ, чи куыд кæстæр уыди, афтæ иста йæ хай, фæрæстæм та сæ иумæйаг уазæг Ирханæн бахай кодтой.

Цуанæттæ ацыдысты. Уым ма баззади æрмæст Сослан æмæ сæгуыты фыдæй физонджытæ кæнынмæ февнæлдта. Ирхан уайтагъд арæвдз кодта сугтæ æмæ арт бандзæрста сæрдыгон хæдзары. Сослан аивæй йæ цæст ахæссы чызджы арæхстдзинадыл æмæ йæ мидбылты бахуды.

Аходæны хæрды фæстæ Ирхан чызджытимæ кæрты ‘рдæм куы рацыд, уæд Бæтæхъо йæ фæнд бамбарын кодта Сосланæн.

– Чызг у æмæ хибар уаты куы нæ цæра, – загъта уый, – уæд адæм фæйнæ-фæйнæ ныхасы кæндзысты. Мæнæй – сымахæй йын хъауджыдæр нæй. Кæд æй æз мæхицæн чызг схуыдтон, уæд дæуæн дæр дæрддаг нæу. Ханиффæйæн дæр æхсызгон цы уа, уый йеддæмæ йын хъыг нæ уыдзæн. Хæдзары фæзилæнтæм хорз чи арæхсы, ахæм у. Нæ йæм кастæ æрдæбонсарæй? Стæй кæд уалынмæ йæхионтæ дæр искæцæй зыниккой...

Сосланæн тынг æхсызгон уыди Бæтæхъо æмæ Маххуæйы фæнд. Уый бæрæг уыди йæ цæсгомы ахастыл, йæ мидбылты бахудтыл.

– Нана ницы зæгъдзæн, – йæ цин æмбæхсгæйæ, загъта уый. – Æрмæст ма уатмæ чысыл цыдæр азилинæгтæ ис, æмæ сæ ардыгæй райсоммæ арæвдз кæндзынæн. Стæй йæ рудзгуытæ дзæвгар рæстæг æхгæдæй фæлæууыдысты, æмæ æнуд тæф кæндзæн...

7

Кусæг лæджы фырт уыди Сослан. Хæрзконд, домбайарæзт 23-аздзыд лæппу. Æмгарджын. Сæхи уæздæттæй чи хуыдта, уыдоны фæсивæдæй йæм хъыпп-сыпп ничи уæндыд, никæмæн дзы барста.

Йæ фыд куы амард, уæдæй фæстæмæ йын йæ мад Ханиффæ бирæ хæттыты бакой кодта, ус курын афон дын у, æз дæр базæронд дæн, зæгъгæ. Суанг ма йæм йæ фыдыфсымæры дæр сминæвар кодта. Сослан ус курынмæ йæ хъус никуы адардта. Æрмæст Ирханы куы федта, уæд йæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп ссыд, цæсгом сырх хъулон афæлдæхт æмæ йæ мады лæгъстæтæ йæ зæрдыл æрбалæууыдысты.

Ханиффæйæн дæр æхсызгон уыди, лæппу афтæ кæмæй раппæлыд, уыцы чызг сæм кæй цæрдзæн, уый, æмæ йын йе 'рбацыдмæ уат сыгъдæджытæ кодта, йæ рудзгуытæ йын бакодта æмæ йæм сыгъдæг уæлдæф бауагъта: «Мæ коммæ куы кæса, уæд æй мæ комы комдзæгтæй хæсдзынæн», – хъуыды кодта ус.

Сосланыл æхсæв афæдзы дæргъæн ныцци. Хуыссæны йæхи куы æруагъта, уæд хъуыдыты аныгъуылд. «Диссаджы рæсугъд адæймаг... Кæцæй æрæфтыд? Чи сты йæ ныййарджытæ, Хуыцау йæ зонæг... Йæ фæзылдтытæм гæсгæ цыма хорз хæдзары чызг у, афтæ мæм кæсы...»

Куы афынæй, уæд йæ цæстытыл ауад: чындзæхсæв йæ тæккæ цыренæй уыд. Фæсивæд – лæппутæ æмæ чызджытæ – къæрццæмдзæгъдæй кафынц. Хистæртæ гаджидау гаджидауы фæдыл уадзынц... Уæртæ хъазтмæ ракодтой ног чындзы. Адæм сагъдауæй баззадысты йæ рæсугъд, йæ хæрзконддзинад, йæ аив цыдмæ кæсгæйæ. Иу хатт фæкомкоммæ сты кæрæдзимæ æмæ дыууæйæ дæр сæ мидбылты бахудтысты. Уалынмæ мæнæ адæмы æхсæнæй рахицæн сты йæ мад, йæ фыдыфсымæр æмæ йæм комкоммæ æрбацæуынц. Сæ бакаст нæ уыдис хъæлдзæг. Æнкъардæй æрлæууыдысты йæ разы æмæ йæм æдзынæг ныккастысты. Æрæджиау æм мад æнтъыснæг хуызæй сдзырдта: «Цæмæн батагъд кодтай, лæппу? Де 'мгæртты æхсæн æгад куы нæ дæ, уæд, чи у, кæцон у, цавæр бинонтæй рацыд, уый бæрæг дæр кæмæн нæй, уый цæмæн æрхастай? Цы дын зæгъдзысты де 'мгæрттæ? Бар дæ куы уыди кадджын мыггаджы, номдзыд лæджы чызджы ракурынæй». Сослан стыхсти æмæ фехъал. Къухтæм кæлмæрзæн райста æмæ йæ хид сæрфыныл фæци.

«Цы хабар у? Цæмæн ауад мæ цæстытыл ахæм хуызы? Хуыздæрæн уыдзæн æви мæ фыдбылыз у?» – афтæ хъуыдытæгæнгæ йыл æрбарухс.

Фæсаходæнты Бæтæхъо æмæ Ирхан бацыдысты Сосланы хæдзармæ. Ханиффæ чызгмæ кæсынтыл фæци. Бирæ рафæрс-бафæрс æй фæкодта: куыд æрбафтыд ардæм, кæцæй, цавæр адæмы мыггаг у, цы кусæг сты йæ фыд æмæ йе 'фсымæр, стæй йæхæдæг дæр. Æмæ, пълотничы

куыстмæ дæсны у, уый дзы куы фехъуыстой, уæд дисы бацыдысты: уый та куыд, сылгоймаг, уæлдайдæр та ахæм æрыгон рæсугъд чызг пълотник у?..

8

Цыдысты бонтæ, къуыритæ... Ирхан хи бинойнаджы хуызæн сси. Бирæ æххуыс кодта Сосланæн, уæлдайдæр та Ханиффæйæн. Æвналын æй ницæмæуал уагъта, хæдзары куыстытæ иууылдæр йæхимæ айста. Куы-иу æй равдæлд, уæд та-иу фæрæт æмæ лæгъзгæнæнæй архайдта. Суанг ма йе 'ххуыс йæ кæнгæ фыд Бæтæхъомæ æмæ йæ ус Маххуæмæ дæр хæццæ кодта.

Ирханæн йæ алы фезмæлдмæ дæр Сослан йæ цæст тынг дардта, æмæ, бонтæ куыд цыдысты, афтæ йæ йæ зæрдæмæ тынгæй-тынгдæр иста. Уарзондзинады арт ссыгъди йæ зæрдæйы. Иухатт йæ мады фарсмæ æрбадт, æмæ се 'хсæн рауад ахæм ныхас:

– Нана, куыд дæм кæсы Ирхан? Куыд арæхсы хæдзары зилинæгтæм?

– Æмæ цы дæ зæрды ис? – йæ мидбылты бахудгæйæ, бакаст лæппуйы цæсгоммæ.

– Чындзæн дын не сбæззид? – йæ цæсгом фæсырх, афтæмæй мады йæ хъæбысы æрбакодта.

Ханиффæйæн йæ мидбылты худт цыдæр æрбаци æмæ хъуыддагхуызæй сдзырдта:

– Ирхан тынг хорз адæймаг у, алцæмæ дæр – хæрзарæхст, хæрзæгъдау. Уымæй хуыздæр чындзмæ æнхъæлмæ кæсын дæр зын у. Фæлæ нæ æндæр ницы хъæуы?

– Цы ма, нана? Мæ фыны куыд федтон, афтæ мын уайдзæф кæныс? –æмæ бинонæг радзырдта, Ирхан ма Бæтæхъойы хæдзары куы уыди, уæд йæ цæстытыл куыд ауад, уый.

– Æмæ дæм уый ницы кæсы? Дæу хуызæн æмгарджын лæппуйæн йæ бинойнаг дæр хъуамæ нымад мыггаджы чызг уа!

Фæстагмæ мады зæрдæ дæр фæфæлмæндæр, æмæ йын йæ фыды æфсымæрмæ арвыста, уый дæр бафæрсæм, зæгъгæ.

Иу фæндонмæ æрцæугæйæ, Ханиффæ иуизæр йæ уатмæ æрбахуыдта Ирханы, йæ хъæбысы йæ æрбакодта æмæ йын загъта:

– Ирхан, мæ хур! Дæ фыццаг фендæй фæстæмæ мын тынг адджын фæдæ. Æмæ дын цы хъуыддаг зæгъынмæ хъавын, уый, дæ хорзæхæй, дæ зæрдæйæн хъыгæн ма айс. Куыддæриддæр дæ фæнда, афтæ бакæндзыстæм.

Махæй дæ ныхмæ ничи æрлæудзæн. Дæ хорздзинад не ‘ппæты дæр фæнды. Дæ фыд æмæ де ‘фсымæр дæр, Хуыцауы фæндæй, кæд зыниккой...

Ирхан тæрсæгау æнæуууæнк каст бакодта зæронд усмæ æмæ йе уæнгтæ ризæгау скодтой.

– Ма тæрс, мæ хур, ма тæрс. Æвзæрæй дын куы ницы зæгъынмæ хъавын. Мæхи зæрдæмæ куыд бацыдтæ, афтæ дæ мæ фырт дæр бауарзта, æмæ нæ фæнды, мæ чындз куы уаис æмæ мæнæ афтæ, кæрæдзи уарзгæйæ, нæ кæрæдзи куы рæвдауиккам, уый.

Ирханæн йæ бон сдзурын нал уыди. Æрхæндæг хъуыры абадти. «Цы бон мыл акодта, – хъуыды кодта уый, – мæ фыд æмæ ме ‘фсымæр кæм сты, уый куы нæ зонын, æз кæм дæн, уый та уыдон куы нæ зонынц. Кæй бафæрсон? Чи мын бацамона зонд? – йæ цæстытæ доны разылдысты. – Афтæмæй та æнæ сæрыл сдзурæгæй иунæгæй куыд цæрон? Йæхи хъæбулы рæвдыд мæ кæны Ханиффæ, хи æфсымæры цæстæнгас мæм дары Сослан дæр. Мæхи зæрдæ дæр мын куы агайы йæ фенд. Цуаны куы вæййы, уæд мæ хъуыдытæ æдзух уыимæ куы вæййынц... Фæлæ куыд акæнон?.. Мæ кæнгæ фыд Бæтæхъойы бафæрсдзынæн, æндæр цы...»

Йæ хъуыдытæ йын фескъуыдта Ханиффæ. Бауадзыгæй йын фæтарсти æмæ йын йæ сæрыл схæцыд. Ус йæхæдæг хорз æмбæрста, ахæм сахат чызгмæ цы зæрдæйы уаг вæййы, уый, æмæ дзы йæ фарстæн цæхгæр дзуапп нæ агуырдта, æмæ йын цыма йæ хъуыдытæ бамбæрста, уыйау æм фæлмæн сдзырдта:

– Дæхи æгæр ма тыхсын кæн, мæ къона. Райсом дæ кæнгæ фыд Бæтæхъойы дæр фен, афæрс æй, дæхæдæг дæр ма ахъуыды кæндзынæ.

Ирхан йæ уатмæ рацыд æмæ æд дзаумæттæ хуыссæны бахауди. Райсомæй йæ Ханиффæ уыцы хуызы куы æрбаййæфта, уæд ын бауайдзæф кодта æмæ йæ Бæтæхъотæм арвыста.

Хъуыддаг Бæтæхъо куы бамбæрста, уæд йæ цинæн кæрон нал уыди. Уый зондахаст бамбаргæйæ, Ирхан дæр йæ фæндон загъта. Гæнæн ын нал уыд æмæ йæ фыд æмæ йе ‘фсымæры æвастæй йæ дарддæры цардæн бауынаффæ кодта.

Хъæздыг чындзæхсæвы фæстæ Сослан æмæ Ирханæн сæ мад Ханиффæимæ цæрынтæ бацайдагъ.

9

Тынг райгонд уыди йæ чындзæй Ханиффæ. Æрхъæцмæ нæ хъæцыд Ирханыл Сослан дæр, кæд адæм фæйнæ-фæйнæ ныхасы кодтой, æнæ-

мыггаг, æнæхицау чызджы ракуырдта, зæгъгæ, уæддæр. Афæдзмæ сын райгуырди лæппу, æмæ йыл ном сæвæрдтой Æхсар. Уыцы рæстæджы æхсарджын адæймаг æппæтæй кадджындæр уыди.

Ирханмæ хæццæ кæнын байдыдтой фыдгойтæ. Иухатт та уынджы куыд фæцæйцыд, афтæ дыууæ усы кауы рæбын лæууыдысты æмæ сæ иу иннæмæ бадзырдта:

– Дзæгъæлзадмæ дæр амонд куыд æрхауы, æвæдза. Нæ кæсыс уæртæ Сосланы усмæ? Афтæмæй, дам æй йæ лæг æмæ йе 'фсин бирæ уарзынц...

Уыцы ныхæстæ айхъусгæйæ, Ирхан цавддурау фæци. Зæрдæ æрбауынгæг, æмæ ма хæдзармæ куыд æрбахæццæ, уый зонгæ дæр нал бакодта. Йæ зæрдыл та æрбалæууыдысты йæ уарзон фыд æмæ æфсымæр æмæ сæ цыма исты æвзæр хабар æрбайхъуыст, уыйау ныккуыдта.

Æфсин æнцадгай дуар бакодта æмæ мидæмæ бацыд.

– Уæууа, гормон, уый куыд кæныс, уый? – уайдзæфгæнæгау сдзырдта йæ чындзмæ. – Чи дын цы загъта, мæ хур?

Ирхан Ханиффæйæн радзырдта, чысыл раздæр уынджы цы ныхæстæ фехъуыста уыдон.

– Ма хъус адæмы ныхæстæм, мæ бон, – йæ фарсмæ æрбадт æмæ йын зæрдæвæрæн ныхæстæ кæнын райдыдта Ханиффæ. – Уыдонæй чи хæлæгмæ фæдзуры, чи та фыдзæрдæ у, æмæ йын искæй æдыхст æмæ уарзон цард низау тых кæны. Ахæм ныхæстæ æз дæр æмæ лæппу дæр къорд хатты фехъуыстам, фæлæ сæ хъуыды дæр нæ кæнæм. Ды мæнæн мæ иунæджы номыл дæ ам, мæ зæрдæдарæн, æмæ дыл никуы сыстырзæрдæ уыдзынæн. Уæдæ Сосланы зæрдæйы та ноджы фидардæр бынат æрцахстай... Мæ зæрдæ мæм дзуры, нæ хæстæджытæ, дæ фыд æмæ де 'фсымæр дæр тагъд кæй фæзындзысты, уый.

Ницæмæй хъаст кодта Ирхан йæ лæг æмæ йе фсинæй. Сæ комы-комдзæгтæй йæ хастой сæ дыууæ дæр. Уæдæ кæд æнкъард нæ кæнид, зæгъгæ йын зынаргъ дзаумæттæ æлхæныныл дæр нæ ауæрстой. Фæлæ уæддæр йæ зæрдæмæ рухсы цъыртт никæцæй касти. Æнæцæгат адæймаг æгад кæй у, уый йæм тынгæй-тынгдæр хъарын райдыдта.

– Ирхан, ацы дунейыл мын, мæ зæронд мадæй фæстæмæ, дæу йеддæмæ никуы ничи ис. Ды хъæлдзæг цæмæй уай, æдыхст цард цæмæй кæнай, уый тыххæй цыфæнды зындзинад дæр мæ удмæ райсдзынæн. Ницæуыл ауæрдын, æнкъард цæмæй ма кæнай, уый тыххæй, фæлæ... Нæ зонын, цы хъуаг дæ, чи дæ хъыгдары? Уæдæ мæ мадыл дæр ницæмæй

гуырысхо кæнын. Зонын æй: мадау дæ уарзы. Уæд цæмæн афтæ æнкъард дæ æдзух? Дæ зæрдæмæ афтæ тынг цы хæссыс? Мацы мæ басусæг кæн, мæ зæрдæйы æнцой. Ныр афæдз æмæ æрдæг иумæ цæрæм, æмæ дæ хъæлдзæгæй никуыма федтон. Мæнæ Æхсар, мæ иунæг æнхъæлцау, уый дæр мæ нал æндавы де 'нкъарддзинадмæ кæсгæйæ. Зæгъ ма мын, цы у дæ цæссыгты æфсон?

– Зæгъдзынæн дын æй, мæ ныфсы фидар Сослан, зæгъдзынæн. Ацы хатт дын æй нал басусæг кæндзынæн, – йæ хъуыр тынгдæр ахгæдта æмæ, йæ иу къухæй мойы цонг æлхъивгæйæ, дзырдта цæссыг калгæ: – Дæуæн адæм, де 'мгæрттæ уайдзæфтæ кæнынц, дзæгъæлзады дæ ус скодтай, зæгъгæ. Афтæмæй та мын ис адæмы æхсæн кадджын, нымад фыд æмæ æфсымæр, фæлæ кæм сты, уый нæ зонын, æз кæм дæн, уый та уыдон нæ зонынц. Уый тыххæй мыл сыхы чындзытæ æмæ чызджытæ былысчъилтæ кæнын байдайынц. Гъе уый у мæ сагъæс, ме 'нтъыснæгдзинады аххос. Сымахæй ницæмæй хъаст кæнын. Нанайы дзæбæхдзинæдтæ, рæвдауæн ныхас мæнæй никуы ферох уыдзысты. Бузныг дæн дæуæй дæр, тынг бузныг, – лæджы риумæ йæхи балхъывта.

Сослан джихæй баззади. Хъуыдыты анығъуылд. Æрæджиау, цыма йæ усæй стыр къæмдзæстыг фæци, уыйау сдзырдта:

– Мæн аххос уыди, Ирхан! Раздæр нæм цæуылнæ æрцыд ахæм ныхас? Раст у, бирæ уайдзæфтæ мыл сæмбæлд, дæу кæй ракуырдтон, уый тыххæй. Фæлæ сæ æз æрдумæ дæр нæ дарын. Æппæтæй ахсджиагдæр у мæнæн демæ кæрæдзи зæрдæтæ зонын, кæрæдзи рæвдауын. Фæлæ мын кæуылты амонд æмæ хорздзинад уаид дæ фыд æмæ де 'фсымæры базонын! Уæд мæнæй хъалдæр ничиуал уаид. Ныртæккæ фæдзурдзынæн дæ къухылхæцæг Хамидмæ. Уый æмæ нæхи бæхтæ сифтындздзыстæм тачанкæйы, æртæйæ дæр сбаддзыстæм æмæ ацæудзыстæм Ирыстонмæ. Дæ фыд æмæ мæ фыд Инал, стæй де 'фсымæр кæмдæриддæр сты, – ссардзыстæм сæ. Тырсыгом дæр ссардзыстæм. Фæрсгæйæ, дам ма Æлдарыхъæу ссардæуыд. Æхсары ам ныууадздзыстæм. Дæ зæрдæ йæм ма 'хсайæд: нана уый цæрайæ куы цæры.

Райсомæй æхсæв æмæ бон кæрæдзийæ куы хицæн кодтой, раст уыцы афон тачанкæ, йæ фæд рыгæй æмбæрзгæйæ, рахицæн хъæуæй æмæ йæхи сарæзта хъæды рæбынты стыр фæндагмæ. Фæстаг бадæныл фæрсæй-фæрстæм бадтысты Ирхан, йæ къухылхæцæг Хамид æмæ Сослан. Цыдысты æнæдзургæйæ. Алкæмæдæр дзы уыди йæхи хъуыдытæ.

«Кæм сæмбæлдзынæн бабайыл, Исламыл? – хъуыды кодта Ирхан. – Цы цæстæй мæм ракæсдзысты? Цы зæгъдзысты, се 'вастæй ахæм

хъуыддæгтæ кæй бакодтон, уый тыххæй?.. Фæлæ сын хъуамæ хъыг дæр ма уа: æгад мийæ ницы бакодтон. Хуыздæр гæнæн та мын уæвгæ нæ уыди. Базонгæ уыдзысты сæ сиахсимæ æмæ кæрæдзи бауарздзысты... Æмæ уæд сæ хæрæфырт та, Æхсар?»... Йæ зæрдæмæ рухсы цъыртт кæцæйдæр æрбакаст, йæ мидбылты гæзæмæ худт бакодта. Зæрдыл æрбалæууыд, Сабаз æм иухатт уатмæ куыд бацыд æмæ йыл фыцгæ дон куыд ауагъта, уый, æмæ уæд, цыма йыл фембæлынæй фæтарст, уыйау йæ алыварс тарстхуызæй афæлгæсыд.

Сослан æмæ Хамиды хъуыдытæ дæр баст уыдысты, Ирханы фыд æмæ æфсымæрыл кæд æмæ цы хуызы сæмбæлдзысты, сæ балц куыд рауайдзæн, уыл. Афтæмæй дзæвгар ауадысты хъæуæй. Хур уæлиау ссыд.

– Нæ бæхтæ иучысыл куы ахизиккам, уæд уæм куыд кæсы? Нæхæдæг дæр нæ фæллад суадзиккам, иучысыл исты ахæриккам, – сдзырдта Хамид, Мыдджын комы стыр доны былмæ куы бахæццæ сты, уæд.

– Куыд дæ фæнды, афтæ, – йæ сæр разыйы тылд бакæнгæйæ, дзуапп радта Сослан.

Хамид бæхтæ феуæгъд кодта, сахсæнтæ сыл авæрдта æмæ сæ хизынмæ ауагъта. Йæхæдæг тачанкæйæн йæ аууонырдыгæй фарс уæйлаг нымæт æрытыдта, æмæ йыл æртæйæ дæр æрбадтысты...

10

Инал æмæ Ислам дыууæ азы бæрц фæкуыстой Стъараполы зæххыл. Бадзырдмæ гæсгæ сын хæдзæрттæ аразинаг æмæ цалцæг кæнинаг цы уыди, уый сæххæст кодтой. Хæдзармæ рацæуынмæ сæхи рæвдз кæнынмæ бавнæлдтой.

– Райсом нæ фæллой райсдзыстæм, – загъта Инал. – Куыд банымадтам, афтæмæй нæм хорз æхца рацæудзæн. Уæвгæ, кусынæй нæхиуыл дæр нæ бацауæрстам. Мæн фæнды, Прохладнæйы базарыл куы ацæуиккам æмæ уым дыууæ бæхы куы балхæниккам, уый. Ацы рахау-бахау цардæй кæдмæ цæрдзыстæм. Ды дæр ныр лæг дæ, – фыд бакаст Исламмæ. – Иудадзыг фæрæт æмæ лæгъзгæнæнæй дæр цард нæй.

Хорз фæкаст уыцы уынаффæ Исламмæ. Схъыг ис уый дæр æмæ мысыд йæ хъæу, йе 'мгæртты. Дыккаг бон фæссихор рараст сты Стъараполæй, сæ фæндаг ракодтой базарыл æмæ дыууæ бæхы балхæдтой. Афтæмæй къуыримæ сентябры фæстаг бонтæй иуы бахæццæ сты сæ хъæумæ. Дыууæ азмæ æввахс уыдон фыццаг хатт байгом кодтой сæ кæрты дуар æмæ мидæмæ бацыдысты.

– Гъе, уæу-уæй! – зæрдæбынæй ныуулæфыд Инал. – Нæ кæрт ӕдзæрæг кæрты хуызæн куыд сси. – Ахæм дард балцы цæуынæн дæр фадæттæ хъæуы, фадæттæ! Мах иуæрдыгæй пайда скодтам, иннæрдыгæй та царæфтыд баистæм. Уæ мæ хъæбул, Ирхан, цæй ми мын бакодтай, цæ!.. Афтæ ӕнхъæл дын куы никуы уыдтæн... Цавæр хæйрæг бацыд дæ хуылфы?.. – Инал йæ цæстысыгтæ асæрфта.

Бæхтæ кæрты суæгъд кодтой æмæ агъуысты дуæрттæ гом кæнынмæ фесты. Тыргъы Инал иудзæвгар джихæй фæлæууыд, стæй мидæмæ Исламмæ бадзырдта:

– Лæппу, Сабазмæ ма ныууай æмæ йын ардæм зæгъ. Нæхи Тасолтаныл дæр-иу дæ фæндаг ракæн. Афæрсон сæ, куыд рауади ацы ӕнамонд хабар. Мæ иунæг чызг... Ныр ыл ам, мæхи хæдзары, мæ зæрдæ ноджы тынгдæр риссын куы райдыдта.

Сыхæй чидæртæ æрбауад, æмæ Иналæн чи арфæ кодта, æгас хæдзар кæй ссардтой, уый тыххæй, чи та сын тæфæрфæс кодта.

Инал хорз саргъыбæхтæ сласта, зæгъгæ, уайтагъд сыхыл ахæлиу, æмæ иуæй-иу цымыдис лæппутæ, Исламы æмгæрттæ, æрбауадысты «æгас цæуат» зæгъыны ӕфсон бæхтæ фенынмæ. Фæлæ-иу сыхы лæппутæй исчи куы æрбауад, уæд-иу Иналæн йæ маст рафыхт, цавæрдæр ӕнæуынондзинад сæм адардта. Ирханы хъуыддаджы цыма аххосджынтæ уыдон уыдысты, афтæ йæм йæ зæрдæ дзырдта Сабазы фыстæджыты фæстæ.

Изæры æрбацыдысты Сабаз æмæ мыггаджы хистæр Тасолтан. Бацин кодтой кæрæдзиуыл. Сабазы къух райсгæйæ йын Инал ӕдзынæг ныккаст йæ цæсгоммæ æмæ дисгæнгæйæ сдзырдта.

– Уый амондджын ирвæзт куы фæкодтай, ме ‘рдхорд, уый! Дæ цæсгом дæхи хуызæн куы нал у. Уагæры буар та цыхуызæн сси? Лæппу мын дзырдта, фæлæ дын афтæ тынг сыгъд ӕнхъæл нæ уыдтæн.

Стæй йе ‘ргом разылдта Тасолтанмæ:

– Бахатыр кæн, Тасолтан, ме ‘рдхордыл цинтæ кæныныл фæдæн. Абадут ма мæнæ ацы ран. Хæдзар дæр нырма ӕдзæрæгхуыз у, фæлæ хуыздæр гæнæн нæй. Нал уæм фæлæууыдтæн ардыгæй райсоммæ. Лæппу! Нæ фæндаггæгтæ ма рахæсс. Нозт дæр дзы куы уыдис, ӕнхъæлдæн.

Ислам хордзентæ сенæйæ æрбайста æмæ стъолыл æрæвæрдта урс пух дзул, къалбас, карк фыхæй, цыхт æмæ иу авджы дзаг уырыссаг арахъхъ. Рауагътой фæйнæ сыкъайы. Тасолтан ракуывта, бæлццæттæ сæрæгас, ӕнæниз, дзагармæй кæй ссыдысты, уый тыххæй. Загъта, ны-

рæй фæстæмæ æнæфыдбылыз куыд уæм, уый тыххæй дæр. Сыкъайæ куы схуыпп кодта, уæд ферхæцыд æмæ дзы нал бакуымдта, уый мæн аккаг нозт нæу, зæгъгæ.

Суанг æмбисæхсæвмæ хæстæг фæбадтысты, фæныхас кодтой. Инал сæ рафæрс-бафæрс фæкодта Ирханы тыххæй, фæлæ Исламæй кæй фехъуыста, уымæй дарддæр бæлвырд хабарæй ницы базыдта. Сабазæн дæр æмæ Тасолтанæн дæр сæ бон нæ баци, йæ чызджы уатмæ йын сыхы кæнæ хъæуы лæппутæй æнафоны чи бацыд, уый номæй-номмæ зæгъын.

Цыдысты бонтæ, къуыритæ. Ралæууыд уалдзæг дæр. Инал йæ чызджы тыххæй бæлвырд хабар базонынæн куы ницы амал ардта, уæд йæ зæрдæмæ кæсынил фæци, æнкъард кæнын байдыдта. Рæстæг куыд згъордта, уый дæр æм нал хъардта. Иухатт та, мæйы кæрон, Ислам йæ фыды хъынцъымгæнгæ баййæфта Ирханы сынтæгыл бадгæйæ, йæ фарсмæ æрбадт æмæ йын зæрдæвæрæн ныхæстæ кодта.

Раст уыцы афон Сабазы ус Залдуз хæдзары дуар æрбахоста æмæ, дзуапмæ нæ банхъæлмæ кæсгæйæ, стыр удаистæй мидæмæ бахызти. Йæ размæ рауадысты хæдзары хицæуттæ æмæ йын йæ хуызмæ куы бакастысты, уæд уыдон дæр тынг фæтарстысты.

– Цы кодтай, исты фыдбылыз æрцыди? – афарста йæ Инал æмæ йæ бандоныл æрбадын кодта. – Афтæ нæфæразгæйæ нæм хуымæтæджы нæ фæцыдаис.

– Нæхицæй сусæгæй рацыдтæн, нæ лæг мæ нæ базыдта, – рудзынгæй кæрты ‘рдæм фæкæс-фæкæс кæнгæйæ, тарстхуызæй загъта Залдуз. – Уастæн йæ бур рондз куы фæкалид де ‘рдхорд сымах æмæ уыцы мæгуыр чызджы тæригъæдæй!..

– Цы загътай, цы?! Цавæр чызджы тæригъæдæй? Зæгъ-ма, цы ‘рцыди? – йæ бынатæй фестад Инал æмæ йæм хæстæгдæр бауад. Сæ уæлхъус алæууыд Ислам дæр.

– Ницы аххосджын у Ирхан, фæлæ æцæгдзинад зæгъын нæ уæндыдтæн ныронг, амарынæй мыл нæ бацауæрстаид нæ лæг. Ныртæккæ дæр æдас нæ дæн, фæлæ Ирханы тæригъæдæй мæ уд рауæлдай кодтон. Мæхæдæг ын бафæдзæхстон, уыцы æбуалгъ хъуыддаг макæмæн ской кæн, бынтондæр æй ма баныгæн, зæгъгæ. Æмæ, мæгуыр, йæ рæстдзинад искæмæн нæ, фæлæ йæ йæ иунæг æфсымæрæн дæр уымæ гæсгæ не схъæр кодта, мæн тыххæй фыдбылызтæ ма ‘рцæуа, зæгъгæ.

– Зæгъ-ма тагъддæр, цы хабар у?! Мауал нæ хъизæмарæй мар, – сонт хъæр фæкодта Ислам æмæ усы уæхсчытæм февнæлдта.

– Ӕнафоны йын йæ уатмæ бацыд уыцы цæсгомхор, чызт гæрстæ æхсадта, афтæмæй... Ӕмæ йæ фыцгæ донæй Ирхан басыгъта, йæхи хъахъхъæнгæйæ...

– Цы загътай, цы?! Радзур ма йæ бæлвырддæр! – афæлурс Инал.

– Куы æрсади нæ лæг, уæд æнаххос чызгыл алы цъыфкалæн ныхæстæ мысын райдыдта. Дзæнайы дæр уый сахуыр кодта, адæмыл ахъæр кæн, лæппутæ Ирханы уатмæ цæуынц, зæгъгæ. Сымахмæ дæр ныффыста...

Ӕррайау фесты фыд æмæ фырт. Исдугмæ джихæй аззадысты. Исламы хъустыл ауад, айфыццаг сæм йæ хойы тыххæй куы бацыд, уæд Сабаз йæ усы сдзурын куыд нæ бауагъта, уый. Ныр лæппу дуары ‘рдæм æваст фæзылд, фæлæ йæ Инал ацахста:

– Кæдæм?

– Сабазмæ! Марынмæ йæм цæуын.

Инал фæтарст æмæ лæппуйыл ныххæцыд.

– Ӕгæр тæвд ма у! Фæлтау ма мæнæ Залдузы раз радзур, хъуыддаджы фæдыл куы рацыдтæ Стъараполæй, уæд дæ хойы цы фæкодтай, уый.

Лæппу йæ гæндзæхтæ тыдта, ауадз мæ, зæгъгæ. Фыд æй куы нæ ауагъта, уæд бандоныл йæхи æруагъта, иу цасдæр æнæдзургæйæ абадт.

– Ардæм куы рацыдтæн, – хи тыххæй уромгæйæ, райдыдта Ислам, – уæд мæхиуыл барæй банафон кодтон, кæд æй исты хуызы ракъахин, зæгъгæ. Ӕмбисæхсæвмæ хæстæг æм дуар сабыргай бахостон æмæ йæм сыхы лæппутæй иуы номæй бадзырдтон, дуар мын бакæн, зæгъгæ. Фæлæ чызг йæхи марынмæ æрцыд. Цалынмæ мын цырагъы рухсмæ мæ хуыз æмæ ме ‘рфыджы носмæ æрбакаст æмæ мæ бæлвырд базыдта, уæдмæ мын дуар нæ бакодта. Фæлæ сыхбæстæ цъиутау куы уасыдысты алы æвзæр ныхæстæ, стæй мын нæхи Тасолтан дæр куы бауынаффæ кодта, уæд...

– Кæм ныууагътай уыцы чызджы?

– Кæсæджы. Ӕлдары зæхх æй хуыдта иу хъомгæс.

– Ныртæккæ бæхтыл сæргътæ сæвæр æмæ ацæуæм уыцы æнамонд чызджы бацагурынмæ. Кæд сразы уа, уæд нæхи Гуыбейы дæр немæ акæнæм. Кæд йæхи нæ амардта, уæд æй ссардзыстæм. Дæуæн та стыр бузныг, Залдуз, – загъта Инал. – Сабаз куыд нæ фæгуырысхо уа, афтæ ацу уæхимæ. Куы ‘рбаздæхæм, уæд баныхас кæндзыстæм, цы уынаффæ кæнæм, ууыл.

Ислам ныууад се ‘рвадæлты лæппу Гуыбемæ æмæ йын радзырдта йæ фыды уынаффæ. Уый стыр разæнгардæй сразы, æмæ дыууæ сахаты фæстæ æртæ барæджы хъæуæй ахызтысты: араст сты Кæсæджы зæхмæ Ирханы агурынмæ.

11

Хур кæд ныгуылынырдæм фæкъул ис, уæддæр боны тæвд нæма фæсасти. Сослан æмæ Хамид фæфæнд кодтой бæхтæ анайын, стæй сæхи дæр ауазал кæнын. Ирхан фæсхæрд къæбæртæ хордзенты афснайдта, таграбынмæ бацыд æмæ алыхуызон дидинджытæ тонынил фæци. Исдугмæ алæууы, афæлгæсы æрдзы рæсугъддзинадыл. Йæ алыварс диссаджы рæсугъд хъæд: тæрс, фадхъæд, тулдз, тæгæр, хъæддаг кæрдотæ æмæ фæткъуытæ... Ис дзы иугай бæрз бæлæстæ дæр. Бæрзыты хихтæ дæлиау æрхæццæ сты урс-хъулон цъæх пæлæзтау, цыма сæ урс зæнгтæ хурæй æмбæхсынц, уыйау.

Мæнæ иннæрдыгæй фарс та гуылф-гуылфæй цæуы стыр цæугæдон. Йæ уылæнтæ, хъæлдзæг зард кæнгæ, кæрæдзи сурынц размæ. «Терк у, æвæццæгæн», – йæхинымæр загъта Ирхан. Уый никуы федта ахæм стыр дон сæхирдыгæй, Терк йеддæмæ. Хæхбæсты къаддæр, фæлæ тызмæгдæр сты дæттæ. Къæдзæх дурты æхсæнты згъоргæйæ, сæ хæл-хæлæй дыууæ адæймаджы сæ кæрæдзи ныхас нал фæхъусынц. Йæ зæрдыл æрбалæууыд, сæ хъæуы уæллаг фарс, æртæ стыр обауы астæу хъæубæстæ цы стыр цад сарæзтой, уый. Уырдæм-иу сæрдыгон йе 'мгар чызджытимæ арæх цыд Ирхан хи найынмæ. Ленк кæнын дæр уым базыдта. Æмæ ныр, уыцы бонтæ мысгæйæ, ацы стыр донмæ кæсынтыл фæци. Æрцыдис æм йæхи найын. «Цымæ уым аленк кæнын мæ бон нæ бауаид?» – йæхи фæрсæгау сдзырдта чызг, фæлæ уыцы сахат фæндагыл æртæ барæджы ауыдта æмæ йæ хъуыдытæ æваст фæлыгъдысты.

Уæды рæстæджы тыхгæнæг арæх уыди. Хъæздгуыты фæсивæд-иу æлдæртты æмæ кънйæзты ардыдæй фæфæнд кодтой фосагур ацæуын, мæгуыр, æнæбар адæмæй сæхицæн цагъартæ æркæнын. Ахæм хъуыддагæй фæтарст Ирхан æмæ тачанкæйы раз балæууыд. Ныхъхъæр кодта йæ лæг æмæ йæ къухылхæцæгмæ:

– Цавæрдæр барджытæ махырдæм æрбацæуынц, сымах та уæхи найынил схæцыдыстут!

Сослан æмæ Хамид уайтагъд сæ дзаумæттæ акодтой æмæ бынатмæ, сæ хæцæнгæрзтæм хæстæг сæхи æрбайстой. Ирхан æгæр кæй фæтарст, уый йæ хуызыл фæбæрæг, æмæ йын зæрдæтæ æвæрынил фесты. Дыууæйæ дæр топпытæ райстой æмæ барджыты размæ ацыдысты. Уалынмæ уыдон хъæды ауунæй æрбазындысты, æмæ дыууæтæ дæр кæрæдзимæ хæстæгæй-хæстæгдæр кæнын байдыдтой.

– Салам алейкум, кæсгон джигиттæ, – иннæтæй хæстæгдæр бацæугæйæ, загъта Инал æмæ йæ рахиз къух йæ риуыл авæрдта. Инал иуцасдæр зыдта кæсгон æвзаг.

– Алейкум салам, ирон,– дзуапп радтой уыдон дæр. – Кæцæй æмæ кæдæм цæут ацы æнтæфы? Уæ бæхтæм кæсгæйæ, цыма дардæй цæут, афтæ зыны.

– Мах хæхбæстæй рацыдыстæм, Ирыстонæй, – загъта Инал. – Мæ чызг кæсæгмæ æрбафтыд, æмæ уый агурæг рацыдыстæм...

Сослан хæстæгдæр бауад æмæ Иналы бæхы рохмæ æнцадгай бавнæлдта.

– Цавæр чызг?

– Æстдæс азы йыл цыди. Уындджын чызг уыд, бæргæ…

– Ирхан нæ хуынд? – сирвæзти йæ дзыхæй.

Ирханы коймæ барджытæ сæ бæхтæй æргæппытæ кодтой, хæстæгдæр балæууыдысты æмæ Сосланы хынцфарст акодтой:

– О, о, Ирхан! – фæцæрдæг ис Инал. – Кæм ис Ирхан? Цæмæй йæ зоныс?

Ды йæ фыд Инал дæ?

– О! Йæ фыд Инал дæн æз! – йæ зæрдæ риуы къултыл йæхи схоста. – Мæнæ уый та йе ‘фсымæр Ислам у. Мæнæ не ‘мбал та – не ‘рвадæлты лæппу Гуыбе! – тагъд-тагъд дзырдта лæг. – Зæгъ-ма бæлвырддæр хабар, кæм ис Ирхан?

Сослан йæ цин нал баурæдта æмæ Иналы йæ хъæбысы акодта, стæй æфсæрмхуызæй фæстæдæр рацыд æмæ Хамидмæ йæ цæстæй ацамыдта, хъуыддаг сын бамбарын кæн, зæгъгæ.

– Бахатыр кæнут, – загъта Хамид. – Ирхан мах хъæумæ куы бафтыд, уæдæй афæдз æмæ æрдæгæй фылдæр цæуы. Бахъахъхъæдта йæ, йæхи чызджы хуызæн æй барæвдыдта мæнæ дæ сиахс Сосланы фыдыфсымæр Бæтæхъо.

– Мæ сиахс?! – фыр дисæй, æхсызгон ын уыд æви хъыг, уый раиртасæн дæр нæ уыд, афтæ цыдæр тызмæг хуызæй сдзырдта Инал.

– О, дæ сиахс, нæ хъæуы фæсивæдæн сæ номдзыддæр лæппу. Æз дæр йе ‘фсымæр дæн, йæ къухылхæцæг. Ирханимæ рацыдыстæм сымах агурынмæ, æмæ стыр амондджын æмбæлд скодтам! Ныр цомут æмæ уæ фæллад суадзут аууоны, кæрæдзи дæр хуыздæр базонæм.

Уыцы ныхæсты фæстæ Хамид йæ бынатæй фестъæлфыд æмæ тачанкæйы ‘рдæм азгъордта. Æмбис фæндагыл фæлæууыд æмæ фæстæмæ рахъæр кодта:

– Сослан, уазджыты ракæн, æз Ирханмæ хæрзæггурæггаг фæуон!

Ирхан ауионы нымæтыл йæхи æруагъта æмæ цавæрдæр мæты хъуыдыты аныгъуылди. Хатгай-иу йæ цæст адардта, лæгтæ кæдæм ацыдысты, уыцырдæм. Фæлæ... Уый та цы хабар у? Хамид иунæгæй æрбазгъоры, Сосланы кæмдæр ныууагъта...

– М' арт бауазал, цы фæци Сослан?! – сонт хъæр фæкодта Ирхан æмæ Хамиды размæ азгъордта. Фæлæ уымæн йæ хъæр æрбайхъуыст:

– Ирхан, Ирхан! Мæ хæрзæггурæггаг – дæумæ! Уыцы æртæ барæджы дæ фыд Инал, де 'фсымæртæ Ислам æмæ Гуыбе сты, Сосланимæ ардæм æрбацæуынц!..

Ирхан сагъдау аззади. Тарст æмæ цин баиу сты. Зæрдæ базмæлыд, цæстытæ атартæ сты, æмæ, иуварсырдæм куыд фæцудыдта, афтæ йæм Хамид фæцарæхст. Йæ хъæбысы йæ фелвæста æмæ йæ тачанкæйы фарсмæ нымæтыл æрæвæрдта. Дон авджы мидæг сдавта суадонæй æмæ дзы æрхуылыдз кодта сылгоймаджы ных.

Æрбахæццæ сты уазджытæ дæр. Ирханы ахæм хуызы фенгæйæ, тынг фæтарстысты. Инал йæ фарсмæ æрбадт æмæ йын, йæ ных хуылыдз къухмæрзæнæй сæрфгæйæ, рæвдауæн ныхæстæ кæны:

– Ма тæрс, Ирæ, ракæс-ма бабамæ. Мæнæ Ислам æмæ Гуыбе дæр ам сты...

Ирханæн йæ зæрдæ йе 'муд æрцыд. Йæ цæстыты уæлтъыфæлттыл æнцадгай схæцыд æмæ йæ фыды цæсгоммæ æдзынæг ныккаст. Уый фæстæ гагуытæ иуварсырдæм разылдта æмæ Исламимæ фемдзаст. Уæдмæ Сослан уазджыты бæхтыл сахсæнтæ авæрдта, хизынмæ сæ ауагъта æмæ бынатмæ æрбахæццæ. Ирханы цæстытæ йæ ацахстой, æмæ уæд уадултыл гæзæмæ сырх фæлм фæзынд, былтæ зына-нæзына базмæлыдысты. Ногæй скаст йæ фыдмæ æмæ йæ цæссыг нал баурæдта.

– Мауал тыхс, Ирхан! – уынгæг хъæлæсæй сдзырдта Инал. – Дæ бирæ фыдæбæттæн ныр кæрон æрцыд. Аххосджын та æрмæстдæр æз мæхæдæг дæн, ме 'фсымæртæй мæ цъаммар æрдхордыл тынгдæр кæй баууæндыдтæн, дæуыл та æнæууæнк кæй сдæн, уый тыххæй.

Ирхан уыцы ныхæстæм фестъæлфыд. Зæрдæбынæй ныуулæфыд, рабадæгау кодта æмæ фæйнæрдæм рафæлгæсыд. Сабазы æбуалгъ фæндтæ та ногæй йæ зæрдыл æрбалæууыдысты. Фæстагмæ йæ зæрдæ бынтондæр йе 'муд æрцыд. Фыд æмæ æфсымæрты раз бадгæйæ, йæ цинæн кæрон нал уыди.

– Уæууа! Куыд æнцад лæууыс уый, дæ хорзæхæй, Сослан! Нæ буц

уазджыты хорз фенын хъæуы. Æфсойнагæй нæм ницы ис, – цыма йæ хъуыдытæй уыцы уысм феуæгъд, уыйау йæ бынатæй фестад Хамид.

Уайтагъд хъæдæй сæртмихтæ æрбадавтой æмæ стыр брезентæй халагъуд ацарæзтой. Уæдмæ Ирхан тачанкæйы асыккæй систа фысы æвдасарм физонæггондæй, чысыл къупри арахъхъ, æнхъизæнджын нартхоры кæрдзын æмæ сæ æриста цатыры бынмæ. Æрбадавтой сæ хордзентæ Ислам æмæ Гуыбе дæр. Ногкарст кæрдæгæй арæзт «фынгыл» фæзынд карчы дзидза, уазал уæлибæхтæ.

Уæле, бадæн саргъы базыл йæхи æруагъта Инал. Йæ рахизфарс æрбадын кодта йæ сиахс Сосланы, иннæ фарс та – Хамиды. Уыдоны дæле æрбадтысты Ислам æмæ Гуыбе. Сбадын кодтой Ирханы дæр.

– Æнæнхъæлæджы циндзинад, стыр амондджын фембæлд! – арахъхъы сыкъа бæрзонд сисгæйæ, загъта Инал. – Нæхи æнæрхъуыдыйæ, Иры дæр æмæ Кæсæджы дæр чи нæма æрцыди, ахæм зындзинæдтæ бавзарын кодтам мæ иунæг, сыгъдæгзæрдæ, мыдыбындзау куыстуарзаг чызг Ирханæн. Дард балцы цæугæйæ йæ бирæгъы лæгæты баппæрстам, фæлæ йын хæрын нæ бакуымдта, йæ дæндæгтæ йыл асастысты...

Ирханæн йæ зæрдæ æрбауынгæг, йæ цæстытæ къухмæрзæнæй асæрфта, æнцадгай сыстад æмæ цатыры чъылдыммæ рацыди. Инал дарддæр йæ ныхас кодта æмæ цыбырæй радзырдта Ирханы æнамонд хабæрттæ.

– Ныр мæ чызджы ирвæзынгæнджытыл нымайын сымах, – дзуры дарддæр Инал, – ме ʻнæзонгæ æфсымæр Бæтæхъойы. Æгас куы уæм, уæд сæмбæлдзыстæм æмæ кæрæдзи базондзыстæм. Ирхан, мæ хур, – радзырдта йæ чызгмæ. – Ницы рæдыд дæм ис, дæхицæн цардæмбал кæй бацагуырдтай, уымæй. Мидæмæ-ма рацу æмæ уын æз арфæ ракæнон мæнæ дæ кæнгæ æфсымæр Хамиды раз.

Ирхан мидæмæ æрбахызт æмæ æфсæрмхуызæй иуварсырдыгæй æрлæууыд.

– Бузныг, мæ чызг. Худинаг дæ сæрмæ кæй не ʻрхастай, уый тыххæй дæ разы сты мыггаг дæр æмæ æгас хъæубæстæ дæр. Ныр мæнæ, дæхицæн цардæмбалæн кæй бацагуырдтай, уый мæ зæрдæмæ исын стыр адджынæн, æмæ уын мæ зæрдæ зæгъы: цæрут амондимæ!

Иучысыл сæ фæллад суагътой, уый фæстæ та Инал загъта:

– Рæстæг цæуы. Ам ныл хъуамæ ма баизæр уа. Гъемæ куыд бакæнæм?

– Уый та цы хоныс? – фæцырд æм Хамид. – Куыд зонут, афтæмæй Кæсæджы зæххыл стæм. Иу дзырдæй, мах уазджытæ стут æмæ нæхимæ

йæблиагъуæ скæнут. Базонут уе 'фсымæр Бæтæхъойы дæр, мах дæр. Уæдæ æниу куыд!

Инал сразы ис Хамиды ныхасыл:

– Хорз уынаффæ у, – загъта уый. – Мах хъуамæ хæстæгдæр базонæм кæрæдзи. Æцæг уæм мах нырма цæуæм хæстæджытæм цæуыны фæндагыл нæ, фæлæ куыд хорз хæлæрттæм. Уæлдай æхсызгондæр та мын уыдзæн Бæтæхъойы фенын. Кæд æй зонгæ нæма кæнын, уæддæр мын сымах цы хабæрттæ ракодтат, уыдоны фæстæ уый у мæ чызджы ирвæзынгæнæг, скодта мын æфсымæры ад. Цомут!

Инал æмæ йе 'мбæлтты Кæсæджы тынг сбуц кодтой. Кæрæдзиуыл рагон хæлæрттау бацин кодтой Инал æмæ Бæтæхъо. Хо æмæ мады зæрдæ бадардтой Инал æмæ Ислам сæ сиахсы мад Ханиффæмæ.

Дыууæ боны сæ нæ рауагътой Ирханы ног хæстæджытæ. Æгас хъæубæстыл айхъуысти ирон уазджыты хабар. Ирханы хъæлдзæгдзинадæн кæрон нал уыди. Ныр сæ дзыхтæ фемыр сты, ныронг Сосланæн уайдзæфтæ чи кодта, уыдонæн дæр.

Фæстагмæ сын Инал афтæ зæгъы:

– Æз тынг бузныг дæн уе 'гъдау, уæ хорз цæстæнгасæй, цы стыр кад нын скодтат, уымæй. Мæ зæрдæйæн тынг адджын стут. Ныр уæ курын, æмæ сразы ут мæ уынаффæйыл: цомут ныр нæхимæ, Ирыстонмæ. Рахонут, цал уæ фæнды, уал адæймаджы æмæ Ирханы ракæнут мæхи хæдзарæй, йæ фыды къонайæ. Мæ уарзон чызгæн йе 'рвадæлтæ, йæ хъæубæстæ фæндараст куы зæгъой, уæд мæхицæн дæр æмæ уымæн дæр стыр амонды хосау æхсызгон уыдзæн. Æмæ уæ курын: афтæ бакæнæм.

Фысымтæ бамбæрстой Иналы фæнд æмæ йæ ныхмæ сдзурын ницыуал бафæрæзтой. Йæ фыды фæндыл уæлдай тынг бацин кодта Ирхан.

– Мах разы стæм дæ фæндоныл, – загъта Бæтæхъо. – Дæ чызг нæ чындз куы баци, уæдæй фæстæмæ дæ сиахс Сослан сымах базонынæй хуыздæр хорздзинад нал куырдта Хуыцауæй. Ирханы дæр афæдз æмæ æрдæджы дæргъы бахудгæ ничи федта, никуы бахъæлдзæг, иудадзыг сымах кæй мысыд, уый тыххæй. Уымæ кæсгæйæ, Сослан дæр бонæй-бонмæ æнтъыснæгдæр кодта. Ныр Хуыцауæй разы. Сымах ссардтат уæ чызджы, мах та базыдтам нæ ног хорз хæстæджыты...

Æртыккаг бон райсомæй боныцъæхтыл иууылдæр иумæ рараст сты сæ даргъ фæндагыл Ирыстонмæ, Тырсыгоммæ, Аслæмырзаты хæдзармæ. Тырсыгоммæ нæма бахæццæ сты, афтæ хабар уайтагъд айхъуыст хъæубæстыл. Базмæлыдысты æрвадæлтæ, хæстæджытæ, сыхбæстæ. Чызджытæ

æмæ лæппутæ æрæмбырд сты æмæ æнхъæлмæ кæсынц уазджытæм, сæ уарзон æмгар, хъæуы фæсивæды фидауц Ирханмæ. Уæдмæ хъæу иуыл-дæр базыдтой чызджы рæстдзинад, йæ хъазуаты хабар.

Уыцы рæстæг цæхгæрмæ уынгæй æрбазынд тачанкæтæ. Адæм сæ алыварс амбырд сты æмæ сæ кæртмæ хæссæгау бакодтой. Чы-сыл фæстæдæр зарын æмæ фæндыры зæлтæ уæлдæф ахаста хъæуы хæстæгдæр сыхтæм.

Инал нæ бацауæрста йæ иунæг чызджы кад æмæ радыл арвитыныл. Искуы-иу хæдзарæй фæстæмæ, хъæуы нал баззад, стыр хуын чи не 'рхаста, ахæм. Алы хæрд æмæ нозтæй бæркадджын фынгтæ дыууæ боны дæргъы не сцух сты. Уæле бадти мыггаджы хистæр Тасолтан æмæ гаджидау гаджидауы фæдыл уагъта.

Фæстагмæ хистæр рауагъта сидт бæркады тыххæй æмæ бар радта чындзхæсджытæн сæхи бацæттæ кæнынæн.

Мæнæ тачанкæмæ ракæнынц Ирханы. Æрлæууын æй кодтой зæронд лæгты раз. Иуулдæр сыстадысты. Тасолтан нуазæн йæ къухмæ райста æмæ дзурын райдыдта:

– Ирхан, мæ хур! Фыццаджыдæр дын арфæ кæнын мæнæ ацы адæмы, дæ уарзон хъæубæсты, сыхбæсты номæй, цардæмбалæн кæй равзæрстай, уыимæ кæрæдзи уарзгæйæ куыд фæцæрат, уый тыххæй. Дыккагæй дæ хатыр агурынц, иу æнаккаг, æлгъаджы дзыхæй дыл кæй сæнæуæнк сты æмæ дыл сæхи кæй атигъ кодтой, уый тыххæй. Уæлдай хатыр дæ курын мæхæдæг: хъуыддаг бæлвырд нæ базонгæйæ, хахуыр ныхæстыл цæмæн баууæндыдтæн? Ды равдыстай стыр хъæбатыр-дзинад. Ныр иунæг Хуыцауы салам сæмбæлæд Залдузыл æмæ æнæниз суæд, махæн нæ цæстытæ чи байгом кодта. Уыйæппæт хъæубæстæн фехъусын кодта дæ рæстдзинад æмæ Сабазы æбуалгъ фæндтæ æмæ хъуыддæгтæ. Ныр фæндараст фæу, нæ мыггаджы фидауц. Уырны нæ, дæ ныфс, дæ хъару къаддæр кæй нæ уыдзысты, æмæ дын ам цы кад уыди, ууыл ма ноджыдæр кæй бафтдзæн...

Ирханæн йæ зæрдæ суынгæг æмæ йæ кæуын нал баурæдта. Хуынд адæмæй йын алчи дæр йæ къух райста зæрдæбынæй æмæ йын арфæ кодта.

Чысыл фæстæдæр тачанкæ рахызти уынгмæ æмæ йæ цæрдæг бæхтæ скъæфæгау акодтой Арвыкомы стыр фæндагыл Æрджынарæджы 'рдæм. Йæ фæдыл араст кодтой иннæ тачанкæтæ æмæ хъæуы фæсивæдæй фараст бaрæджы дæр, семæ Ирханы æфсымæр Ислам, се 'рвадæлты лæппутæ Гуыбе æмæ Бечыр дæр.

– Фæндараст, фæндараст! – сæ къухтæ тилгæ чындзхонты фæстæ дзырдтой хъæубæстæ.

ЭПИЛОГ

Цыдысты бонтæ. Залдуз йæ хæдзармæ бацæуын нал бауæндыд: йæ лæг Сабаз æй марынмæ агуырдта, æмæ йæ хистæр тиу Теготæм æрцарди. Маст æмæ тарстæй йæ низ тыхджындæр кæнын байдыдта æмæ æрсади. Ахаста ма иу мæйы бæрц.

Сабазæн хъæуы фæлæууæн нал уыди. Йæ бæхыл саргъ сæвæрдта æмæ йæхи айста. Кæдæм, уый хъæубæсты иу адæймаг дæр нæ зыдта. Афæдзы фæстæ хъæуы цуанæттæ иу нарæг комы ссардтой лæджы мард. Йæ дзаумæтты скъуыдтæй базыдтой Сабазы. Куыд æнхъæл сты, афтæмæй уый æд бæх æфцæгæй ахауд.

Бирæ ивддзинæдтæ рауади Иналы хæдзары. Ирханы ацыды фæстæ æхсæз мæймæ чындзæхсæв скодтой – Исламæн æрхастой цардæмбал сæхи хъæуæй. Фæзындис сæм сывæллæттæ дæр, æмæ Инал фылдæр æргом аздæхта йæ фырты цоты рæвдауынмæ.

Кæрæдзийæн адджын хæстæджытæй цардысты Аслæмырзатæ æмæ сæ ног кæсгон хæстæджытæ. Ирхан ферох кодта йе 'ппæт мæстытæ дæр æмæ уарзонæй цæры йæ ног бинонтимæ, æнувыдæй хъомыл кæны йæ хъæбултæ Æхсар æмæ Таужаны.

ДЗИЦЦОЙТЫ Юри,
Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты
ирон æвзаг æмæ æвзагзонынады кафедрæйы сæргълæууæг

ИРОН КУЛЬТУРÆЙЫ СÆРАППОНД АРХАЙД

Фарон, 2023 азы, Гусалты Виталийы райгуырдыл сæххæст 70 азы. Ацы аз та 20 азы æххæст кæны йæ амæлæтыл. Мæлæн бон дæр мысæн бон у, æмæ мæ бафæндыд Иры хæрзгæнджытæй иуы ном ссарын. Цæвиттон, ивгъуыд æнусы 80-æм азты æмбисæй суанг йæ амæлæты онг тынг хæлар уыдыстæм, цавæрдæр хъуыддæгтæ иумæ сарæзтам, цыдæр уавæрты та йæ фарсмæ балæууыдтæн. 90-æм азты Гуырдзыстон Хуссар Иры ныхмæ хæст куы самадта, уæд арæх нал æмбæлдыстæм, фæлæ-иу стæмхатт Дзæуджыхъæумæ куы æрæфтыдтæн, уæд-иу æй æнæ фенгæ нæ фæдæн, æмæ-иу уæд йæ кусæн уаты бирæ цæуылдæрты фæныхас кодтам.

Гусалты Витали уыд Абайты Васойы фæстагдæр ахуыргæнинæгтæй иу. Æз дæр каст фæдæн, ССР Цæдисы Æвзагзонынады институты цур цы аспирантурæ уыд, уый æмæ Виталиимæ уыцы институты ирайнаг хайады кусæнуаты базонгæ дæн. Мæ зæрдыл ма лæууы: мæхи бацамоныны охыл кусæнуатмæ куы бахызтæн, уæд дзы баййæфтон Абайты куырыхон ахуыргонды йæ къæлæтджыны бадгæ. Йæ рахиз фарс та бадти Витали. Уæды рæстæджы Васо йæ азтæм гæсгæ институты кусæг нал уыд, рахызт консультанты бынатмæ. Фæлæ æрвылкъуыри кодта семинартæ авестæйаг æмæ рагон персайнаг æвзæгтæй, æмæ йæм уырдæм æмбырд кодтой, ацы æвзæгты сæр кæй хъуыд, уыцы студенттæ æмæ аспиранттæ. Васо-иу семинары райдайæн рæстæгæй иу сахат раздæр æрбацыд. Институтмæ кæддæриддæр цыд таксийыл. Витали та-иу ноджы раздæр æрбацыд, æмæ-иу ыл уынджы сæмбæлд. Йæ къах рыст, æмæ йын лæдзæджы æнцой дæр зын уыд таксийæ рахизын æмæ æртыккаг уæладзыгмæ ссæуын. Витали йын-иу йæ дæлармыл ныххæцыд æмæ-иу æй скодта кусæн уатмæ.

Ирыстонмæ сыздæхгæйæ, Гусалты лæппу кусын райдыдта Гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты. Ам ын рахицæн кодтой фыццаг къуындæг, фæстæдæр та уæрæх кабинет. Алыхуызон рæсугъд

дидинджытæй йæ сфæлыста æмæ йæ байдзаг кодта чингуытæй æмæ къухфыстытæй. Уырдæм æм арæх цыдысты канд йе ‘мкусджытæ нæ, фæлæ ма алыхуызон дæсныйæдты минæвæрттæ, арæхдæр консультацийы охыл.

Ацы институты йын бантыст бирæ хорз хъуыддæгтæ бакæнын. Фыццаджыдæр уый, æмæ институты бирæ ныхæстæ æмæ тохты фæстæ бакодта «Скифаг-алайнаг иртасæнты центр». Центрыл æвæрд æрцыд Абайты ахуыргонды ном. Кусынмæ фæхуыдта канд ирыстойнаг ахуыргæндты нæ, фæлæ, Уæрæсе æмæ суанг фæсарæнты дæр скифтæ æмæ аланты истори æмæ культурæйыл чи куыста, ирон æвзаджы рæзтмæ йæ хъус чи дардта, уыдоны. Центрæн йæ мыхуырон оргæн сси æрвылазон «Нартамонгæ». Йæ фыццаг номыр рацыд 2002 азы æмæ абон дæр цæуы, ныронг дзы рацыд 18 номыры. Ацы журналы фæрстыл мыхуыр цæуынц куыд оригиналон иртасæн куыстытæ, афтæ æндæр журналтæй рамыхуыргонд уацтæ дæр. Уый руаджы чиныгкæсджытæ базонынц, дунейы ахуыргæндтæ скифтæ, сæрмæттæ, алантæ æмæ ирæтты тыххæй цытæ фæфыссынц, уыдон. Центры дыккаг мыхуырон оргæн хъуамæ суыдаид æрвылазон «Eurasia Scythica». Уым мыхуыр хъуамæ цыдаиккой æрмæстдæр, скифаг æвзаг æмæ историйы фæдыл цы куыстытæ ис, уыдон. Хъуыддаг афтæ у, æмæ иуæй-иу ахуыргæндтæ сдзырддаг кодтой скифаг æвзаджы равзæрд. Витали цы проект бацæттæ кодта, уый та хъуамæ суыдаид скифаг проблемæйы фæдыл ныхмæвæрд хъуыдыты автортæн иумæйаг «ныхасдон». Бантыст ын ацы æрвылазонæн æрмæстдæр йæ фыццаг номыр бацæттæ кæнын. Уый рухс федта 2006 азы, Виталийы мæлæты фæстæ, æмæ йæ кæд йæхæдæг бацæттæ кодта æмæ йын разныхас дæр йæхæдæг ныффыста, уæддæр дзы йæ ном никæцæй разынд. Æппæты хъыгагдæр та уый у, æмæ йæ ацыдимæ ацы проект дæр кæй ахуыссыд.

Проектæн æмредакторæй амынд у францаг зынгæ славист æмæ иранист Франсуа Корнилье. Уый иттæг хорз зыдта бирæ æвзæгтæ, уыдонимæ уырыссаг дæр. Ирон æвзагæн та хорз зыдта йæ истори, æмæ-иу йæ иртасæн куыстыты кæддæриддæр бынат разынд йæхи оригиналон хъуыдытæн.

Æвæллайгæ ахуыргонды ахсджиагдæр проекттæй иу баст уыд Абайты Васойы номимæ. Уый 90 азы юбилеймæ Дзæуджыхъæуы арæзт æрцыд стыр конференци. Архайдтой дзы Ирыстон æмæ Уæрæсейы

зынгæ ахуыргæндтæ. Конференцийы размæ мыхуырæй рацыд, Витали бæрнон редактор æмæ аразæг кæмæн уыд, тезисты уыцы æмбырдгонд «Вопросы иранистики и алановедения». Докладты бындурыл та йæ фæндыд æмбырдгонд (festschrift) рауадзын. Бирæ йыл фæфыдæбон кодта, фæлæ æхца кæй нæ уыд, уый аххосæй цæттæ æмбырдгонд рухс нæ федта. Æвæццæгæн, нæдæр федтаид, фæлæ йæм се 'ххуысы къух бадардтой италиаг иранисттæ. Роммæ атæхын дæр ма йæ бахъуыд. Æхцайы фæрæзтæй дарддæр æм фæкастысты сæ гъæйтт-мардзæ куыстытæй дæр. Уый руаджы æмбырдгонды гуырахст зынгæ фæфылдæр ис. Ахæм хуызы рацыд 1998 азы Ромы. Йæ цъарыл фыст ис, зæгъгæ, цæттæгонд у Васойы 95 азы юбилеймæ. Фæстæдæр, 2002 азы, ирон æмæ италиаг ахуыргæндты æмгуыстгæнынады ссадвæдыл уырыссаг æвзагмæ тæлмацæй рацыд италиаг иранистикæйы патриарх Герардо Ньолийы чиныг «Название алан в сасанидских надписях» йæ 65 азы юбилеймæ. Редактор æмæ йын разныхасы автор уыд Гусалты Витали.

Йæ хуыздæр проекттæй иу у Абайты Васойы равзаргæ уацмыстæ рауагъд. Проект цæттæ кодтой иумæ. Бæлвырддæр дзургæйæ та, Васо йæхæдæг равзæрста æмæ ссæртæ кодта йæ уацмыстæ, кæцыдæртæ дзы фæцыбырдæр кодта, кæцыдæртæм дзы цыдæртæ бафтыдта æмæ сæ ныддихтæ кодта цыппар томыл. Витали та сæ мыхуырмæ цæттæ кодта, редакторы куыстæй дарддæр сæм хорз фæкаст куыд корректор. Фыццаг том рацыд Васойы 90 азы юбилеймæ, дыккаг та – 1995 азы. Æртыккаг том æгæр гуырахстджын разынд, æмæ йæ Витали адих кодта дыууæ хицæн чиныгыл. Фæлæ йын сæ рауадзын нал бантыст. Æрæджы куыстытæ ногæй рауагъта Цыбырты Алексей, æртыккаг том дæр сæм бафтыдта, афтæмæй. Цыппæрæм том Васо нæ сæрвыста, æмæ дзы цавæр æрмæджытæ хъуамæ уыдаид, уый, æвæццæгæн, мах никуыуал базондзыстæм. Кæуыл æууæндыд, æрмæстдæр ахæм адæймагæн бабар кодтаид йæ уацмыстæ рауадзыны хъуыддаг. Витали йæ куыст иттæг хорз кæй бакодта, уый тыххæй йын фыццаг томы разныхасы арфæйы ныхæстæ загъта: «Считаю долгом выразить глубокую признательность Виталию Гусалову, взявшему на себя нелегкий труд технической подготовки материала к печати».

Алывæрсыг уыд Гусалты лæппуйы курдиат, ахадæн уыд йæ фæллой ирон æвзаг æмæ культурæйы сæраппонд. Хорз зыдта нывкæнынады техникæ æмæ истори. Нывгæнджыты æхсæн уæлдай стырдæр аргъ

кодта Босхæн. Йæхæдæг дæр нык кодта, фыста æмдзæвгæтæ, бирæ йын æнтыст зонадон куыстытæ дæр (нæ уарзта дзырд «наукæ»). Ныртæккæ мын нæй йе сфæлдыстадон бынтæн аккаг аргъ скæныны фадат, фæлæ радзурдзынæн дыууæ хабары.

2002 азы Францы, Аррасы университеты, цыд конференци. Нæ дыууæйæн дæр дзы уыд докладтæ. Францмæ иу доклады номыл ацæуыны хъуыддаг мæ хæлармæ раст нæ фæкаст æмæ сфæнд кодта журнал «Нартамонгæ»-йæн Парижы презентаци саразын. Франсуа Корнильейæн йæ хъуыды куы бамбарын кодта, уæд æм иттæг хорз фæкаст, æмæ ноябры уазалдæр бонтæй иуы атахтыстæм Мæскуымæ. Уым иу æхсæв хъуамæ арвыстаиккам уазæгуаты æмæ дыккаг бон райсомæй атахтаиккам Францы сæйраг сахармæ. Дзæуджыхъæуæй Мæскуымæ немæ тахтысты ирон культурæйы гъæйтт-мардзæ минæвæрттæ – Дзантиаты Анатоли æмæ Сæлбиты Аким. Рацæй-рабон, æмæ хæдтæхæг Мæскуыйы нæ, фæлæ Нижний Новгороды куы ‘рбадид. Райсомæй суанг хæрзизæртæм аэропорты арвыстам: Мæскуыйы сæрмæ бæзджын мигъ ныббадти, æмæ йæ аэропорттæ нæ куыстой.

Цы гæнæн уыд. Аэропорты æнхъæлмæ кæсæн залы ныхæстæгæнгæ дыууæрдæм рауай-бауай кодтам, æмæ дын уалынмæ Витали афтæ куы бакæнид: «Уæллæй, райсомæй, мæ гæххæттытæй ма цалдæрыл мыхуыртæ авæрон, зæгъгæ, нæ бухгалтеримæ институтмæ атагъд кодтон, æмæ мæ Уастырджимæ скувын ферох ис». Афарста Анатолийы æмæ рабæрæг ис: уый дæр Фæндагсарыл йæхи нæ афæдзæхста. Хуыздæр нæ разынд Аким æмæ мæхи хъуыддаг дæр. Нæхиуыл æрхудтыстæм æмæ хъуыддаг сраст кæныны охыл ресторанмæ бауадыстæм. Уый уыд æхсæвы 10 сахатмæ æввахс. Уастырджийы ном куы ссардтам, уæд нæм иу-дæс минуты фæстæ фæсидтысты, уæ рейс цæттæ у, зæгъгæ. Парижы нæ хъуыддæгтæ иттæг хорз ацыдысты. Канд Корнилье нæ, фæлæ йæ хæлар профессор Корвизье æмæ ирон диаспорæйы минæвар Дзанайты Лорæ дæр æдзух нæ фарсмæ уыдысты. Фæстæмæ цæугæйæ рæдыд нал æруагътам, æмæ нæ хæдзæрттыл æнæкъуыхцыйæ сæмбæлдыстæм.

Дыккаг хъуыддаг баст у Абайты Васойы мæлæтимæ. Гусалты Витали уыд мард бавæрыны фæдыл арæзт къамисы уæнг. Къамис иттæг хорз срæвдз кодта хъуыддаг, фæлæ сæм мард бавæрыны бынаты тыххæй быцæуаг ныхас рауад. Иутæ дзырдтой, зæгъгæ, нæ куырыхон ахуыргонды бавæрын хъæуы Намысы Аллейы, иннæты хъуы-

дымæ гæсгæ та – Ирон аргъуаны кæрты. Фæстаг фæндоны ныхмæ чи дзырдта, уыдонæн сæ хъуыдыты сæйрагдæр уый уыд, зæгъгæ, аргъуаны кæрты бынат нал ис. Æмæ уæд Витали йæхи хъæппæрисæй æрзылд аргъуаны кæрты, ссардта дзы иттæг хорз бынат, æмæ къамисы иннæ уæнгтæ дæр дыууæ нал загътой. Васойы цы бон бавæрдтой, уыцы изæр æй нал федтон, фæлæ йæм дыккаг бон институтмæ куы бацыдтæн, уæд йæ кабинеты рухс загътам, стæй изæрырдæм ацыдыстæм Васойы риуыл арт скæнынмæ. Арт, зæгъгæ, кæуылты ныхас у – немæ лыстæг къæцæлтæ айстам æмæ, ирон æгъдау цы домдта, уый бакодтам.

Уыцы бон Витали сывæллонау фæкуыдта. Афтæ зæрдиагæй ма йæ кæугæ федтон, Уарзиаты Вилен куы фæзиан, уæд. Тæнæгзæрдæ æмæ, италиæгтæ molto emotionale кæй фæхонынц, ахæм уыд мæ хæлар. Васойы фæстæ йын цыма йæ базыртæ ацагъдæуыд, ахæм хуыз райста. Цалдæр хатты рынчындонмæ дæр бахауд. Мæ зæрдæйæ нæ хицæн кæнынц, йæ мæлæты размæ йæм куы бауадтæн, уæд мын цы ныхæстæ загъта, уыдон: «Мæлгæ дын кæндзынæн, Юри». Мæ бон куыд уыд, афтæ йын ныфсытæ февæрдтон, фæлæ хъысмæты фæсайын никæй бон у. Цыбыр, фæлæ ирд уыд йæ цард. Æгæр æвгъау уыд мæлынæн…

ТУАТЫ Алинæ,
РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг

ТАБУЙАГ БÆСТÆ

«Мах куы зониккам, нæ фыдæлтæ чи уыдысты, æмæ сæ къухæй цы нæртон хъуыддæгтæ цыди, уый, уæд хъал уаиккам нæ ирон номæй æмæ нæ сæр æгадмæ нæ уадзиккам. Афон у, ирон адæм, махæн дæр нæ истори базонын...» – афтæ фыста номдзыд ахуыргонд æмæ æфсæддон Темырханты Сослан йæ чиныг «Иры истори»-йы 1913 азы. Раст цыма абон дзуры, уыйау ахсджиаг у ныр дæр йæ хъуыды, йæ фæдисы хъæр. Бæргæ, махæн нæ истори зæххы уæлцъарыл куыд фидар фыст у, афтæ чингуыты дæр куы уаид æмæ нын фæлмæй æмбæрзтæй куы нæ лæууид. Рагон бердзентæ Кавказы хæхтæ æртæ мин азы размæ дæр скифты хæхтæ хуыдтой, не 'взаджы фæд баззад цæугæдæттæ Дунай, Днепр, Днестр, Доны нæмтты. Дунейы алы кæрæттæм айхъуыст скифты, аланты кой.

Фæлæ нæ истори бæлвырд фыст кæй нæу, уый стыр къуылымпыйы хос у нацийы хиæмбарынады рæзтæн.

Адæмы сæ истори хъæуы, сæ цæстыты раз сын сæ фыдæлты дугтæ куыд сыстын кæна, ахæмæй, цæмæй йын аргъ кæнын зоной æмæ сæ фыдæлты фарн æмæ кад дарддæр хæссынхъом уой. Уый фæдыл историмæ йæхи цæстæнгас кæмæн ис, уыцы Хæмыцаты Валери зæгъы: «Нæ рагфыдæлты истори ацы дунейæ нæ цæуы. Нæ рагфыдæлтæ, ариаг адæм, æрцыдысты Бонвæрноны тыныл Кавказы сæрмæ. Уыцы тыны сæ милуангай удтæ тыбар-тыбур кодтой. Æмæ сæм хъуысыд Дунескæнæг Хуыцауы хъæлæс, дзырдта сын: «Цæут ацы дунемæ, хæссут уæларвон арты, монон арты цæхæртæ. Ацы дунейы уыдзыстут, фæлæ ацы дунейæ не стут! Цæут, фæлæ уæ цæстыты раз уыдзæн уæ уæларвон фыдыбæстæ, мысдзыстут æй, афтæмæй цæрдзыстут!» Нæ рагфыдæлтæ уымæ гæсгæ ацы дуне хуыдтой Мæнг Дуне. Æмæ семæ æрхастой зонындзинæдтæ, сарæзтой уыцы диссаджы бæстæ – Гиперборея». Æмæ – ноджы: «Адæм сты Адамы цот. Адæмæй чи рацыд, уыдон. Хуыцауы фырттæ та сты арийтæ, уæлейæ чи æрцыдис, уыдон. Куыд рухсхæсджытæ, куыд ахуыргæнджытæ. Махæн не 'гъдау уыди нæ цард, нæ алы фæзилæнæн дæр уыди æгъдау, адæймагæн йæ дунемæ акаст, ахастдзинæдтæ нæлгоймагимæ, сылгоймагимæ, сывæллонимæ, хистæримæ, кæстæримæ. Нæ фыдæлтæ – тынг хиуылхæст æмæ куырыхон. Уымæ гæсгæ загътой:

«Лæг цыдæриддæр кæны хорзæй æмæ æвзæрæй – йæхи сæрæн сæ кæны. Йæхи удыбæстæн».

Нæ рагон фыдæлтæ Зæхмæ цы бирæ хорздзинæдтæ, цы æмбисонды зонындзинæдтæ æрхастой, уыдон фыст не ‘рцыдысты кæнæ та уыцы фыстытæ фесæфтысты, æмæ абоны онг æрхæццæ сты кадджыты фæрцы. Афтæ, дыгурон кадджыты бæстон ныхас цæуы Æцæг Дуне æмæ Мæнг Дунейыл. «Стыр Хуыцау æгас дуне иунæгæй сфæлдыста: йæ зонд æмæ йæ дзырдæй. Йæхицæн цæрæн бынатæн саккаг кодта æгас Дунейы рухс. Дунейы рухсы къабæзтæ-тыхтæ сты арв, дымгæ, зæхх, дон æмæ зынг. Адæймагæн Хуыцау радта зонд хорз æмæ æвзæр æмбарынæн, радта йын бартæ æмæ фæндон исты миниуджытæ æвдисынмæ æмæ йын загъта: «Цæр ацы Мæнг Дунейыл, бон хæсс фæллойæ æмæ Стыр Дунемæ дæхи цæттæ кæн, Хуыцауы ма ферох кæн». Адæймаджы бафæлварынмæ æмæ йын йæ хъару сбæрæг кæныны тыххæй сфæлдыста сайæгой дæлимонты. Цæрынц дæлдзæхы æмæ алы бон дæр алы хъуыддагæй фæлварынц адæймаджы. Хуыцауæй йæ дард кæнынц æмæ йæ сæхи дунемæ ласынц. Фæлæ адæймаг ацы Мæнг дунейы хъуамæ хорз æмæ æвзæр æмбара, Хуыцаумæ кува æмæ Хуыцауы миниуджытæ фæзма».

Дарддæр Хæмыцаты Валери зæгъы, ирон адæм мингай азты дæргъы кæй фæхастой Хуыцауæй сын лæвæрд æрвон фарн æмæ дун-дунейы æцæгдзинад. Ирон туджы абон дæр æфснайдæй лæууынц рагон зонындзинæдтæ, фæлæ цæмæй раргом уой, уый тыххæй ахуыр кæнын хъæуы нæ рагфыдæлты зонды фæрæзтæ.

Цæмæй сæ хъуыды фæстагæттæм фæхæццæ уыдаид æнусты сæрты, уый тыххæй пайда кодтой ариаг символтæй. Хатиаг æвзагæй фæлыст кадджытæ æмæ таурæгътæ хастой æрвон фарнæй хайджын кадæггæнджытæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ.

Нæ фыдæлтæн сæ архитектурæ, æхсæнадон цард, дзаума, кæфтытæ, зарджытæ, аивад – алцыдæр дзурæг у сæ арф зонындзинæдтыл. Алцæмæн дæр – уаг æмæ æгъдау, алы ран дæр – арф хъуыды. Уый уыд Дунейы уагæвæрдты зонынад.

Хуымæтæг цæуылдæр нымад у хæххон ирон хæдзар. Фæлæ ма йын æркæсæм йæ арæзтмæ. Цы амонынц, цы символтæ дзы бæрæг чындæуы, уыдон?

Ирон Хæдзар уыд цыппаркъуымон – уый у, сакралон геометримæ гæсгæ, Зæххы, зæххон царды символ. Йæ астæуæй – цæджындз æмæ къонайы арт, йæ сæрмæ – тымбыл аг рæхысыл ауыгъдæй, уый сæрмæ – ердо.

Рæхыс ирон адæммæ табуйаг у, стыр фарн дзы ис. Уыдис уæларвæй æрцæугæ, Куырдалæгоны конд. Куыд рагон символ, у царды бæлас, уырыссагау – мировое древо. Йæ цæгтæй бæтты зæххон дуне уæларвон дунеимæ, уæларвон фарн – зæххон фарнимæ.

Арт у, Хуыцау кæй ис, уый символ зæххыл. Уымæ гæсгæ уыд табуйаг.

Рæхысы сæрмæ уæлхæдзарыл – ердо. Уымæн йæ бындур у цыппаркъуымон – зæххы символ, ууыл арæзт астфисынон (зæххон) æмæ авдкъæпхæнон (авд уæларвон) пирамидæ – уый уыд æрвон æмæ зæххон дунеты сæмбæлæны символ.

Хæдзары астæуккаг цæджындз у, а дунейы алцыппæт кæуыл æнцайы, ахæм сæмæны символ, ома мировая ось.

Хуымæтæг нæ уыд ирон куырды арæзт Цырагъдар дæр.

Иннæ цымыдисаг дзаума у Тымбыл фынг. Йæ сæйраг нысан хæрынæн нæ уыд, фæлæ кувынæн. Фынгыл æвæрдтой æртæ чъирийы фыдызгъæлы æртæ хайимæ, æмæ сæ куывтой æртæ хистæры.

Тымбыл фынджы зиллак, у æнæкæрон, дун-дунейы символ. Фынг лæууы æртæ къахыл – уыдон амонынц, мæнг дуне æртæ хайыл дихгонд кæй у (уæларв, зæхх æмæ дæлзæхх). Тымбыл фынгæн йæ æртæ къахы йæ быны аразынц æртæкъуымон. Йæ рагондæр мидистæй иу уыдис раст хъуыды кæнын, раст дзурын, раст кæнын. Нымæц «æртæ» бирæвæрсыг у. Нæ зæххон дуне у æртæбарæнон – уæрх, дæргъ æмæ бæрзæнд, нæ рæстæг дих кæны ивгъуыд афон, абоны бон æмæ фидæныл. Адæймаг дæр æртæ хайæ конд у: буар, уд æмæ зондæй.

Уæдæ ирон хæдзары иннæ дзаумæттæм куы æркæсæм, уæд хистæры къæлæтджыныл, фахсбандæттыл, цæджындзтыл дæр уыдисты конд хъахъхъæнæг, арф мидисджын символтæ æмæ рунæтæ.

Уый æрмæст хуымæтæг хæххон хæдзары. Фæлæ афтæ ис дæнцæгтæ хæссæн, ирон адæм сæ царды цæмæй пайда кодтой, æппæт уыдонæй. Символты бындурыл арæзт цыдысты кувæндæттæ-зиккураттæ, зæппадзтæ – цыппар æмæ астфисынонтæ, авдкъæпхæнон сæртимæ. Уæдæ æндæр адæмтæм зындгонд рунæтæ дæр ирон адæмы фыдæлтæм уыдысты…

Дунейы уаг æмæ æгъдæуттæ хорз чи зыдта, нæ уыцы рагон фыдæлтæ сæ ирондзинад бастой, бæрзонд æвæрд чи у, ахæм миниуджытимæ: æгъдау, æфсарм, уаг, ныфс, зонд, хъару, кад æмæ намысимæ. Уыдон иумæ ирон фарн хуыдтой, ирон лæгдзинад.

Лæгдзинад уыд адæмæн хорздзинад ракæнын. Дæхицæн æмæ æрмæст дæ бинонтæн цыфæнды дæр сараз, уæддæр дæ хорз ничи загътаид. Дæ

лæгдзинад хъуамæ равдыстаис адæмы сæраппонд. Уæд-иу адæймаджы хуыдтой «комы лæг», «бæстæйы лæг».

Уæдæ ирон лæджы уæздандзинадæн та кæрон дæр нæ уыд. Ирон уаг йæхимæ бирæ ахуыргæндты æркæсын кодта. XIX æнусы зындгонд ахуыргонд Всеволод Миллер фыста, ирон адæмæн, дам, сæ мæгуыр, талынг хæдзæртты се 'фсарм æмæ уаг Ныгуылæн Европæйы сызгъæринæй фæлыст галуантæй бирæ уæлдæр æмæ тыхджындæр æвæрд сты, зæгъгæ.

Нæ рагфыдæл нæртон адæм уыдысты хæдзонд æмæ дзырдарæхст. Зондджын уынаффæ æмæ аив ныхас, æнæкъуылымпы тæрхон æмæ знаджы ныхмæ зондæй цæуын – уый уыд сæ удыхъæд. Нартæн уыд сæхи цæстæнгас æрдз æмæ дунейы арæзтмæ, адæмы эволюцимæ.

Нæртон адæмы фæдонтæ – ирон адæм – æнусты дæргъы фæхастой сæ туджы уыцы æмбисонды рæсугъд, кадджын миниуджытæ. Уымæн æмæ историйы гуыргъахъ фæндæгтыл нæ фесæфтой сæ фидар æмæ тæмæссаг бастдзинад уæларвон сыгъдæг тыхтимæ.

Абон нæ фæстæмæ сног кæнын хъæуы нæ фыдæлты КУВЫНЫ æгъдау. Хуыцау ирон адæмæн йæхимæ цы фæндаг сарæзта, уый ивинаг нæу. Ирон адæм кувынц, Дуне чи Сфæлдыста, уыцы Иунæг Стыр Хуыцаумæ, æмæ адæмæн сæ зæххон царды ахъаз чи у, уыцы Хуыцауы минæвæрттæ – зæдтæ æмæ дауджытæм. Бæрзонд бынæтты, хæхты цъуппытыл сты незамантæй нæ кувæндæттæ. Уырдæм уæларвæй цæуы рæстмæ аудæг тых, энерги æмæ йæ бон у зæххон хæрам тыхтæй сыгъдæг кæнын. Уыцы кувæндæттæ Ирыстоны хæхбæсты æнæхъæн минæй фылдæр кæй сты, уымæ гæсгæ Иры хæхбæстæ æдæппæтæй дæр схонæн ис ТАБУЙАГ БÆСТÆ. Уымæ гæсгæ-иу дзырдта тырсыгоймаг Касаты Лазо: «Нæ дурын авдæнæй куыд фæхаудыстæм, нæ дурын авдæнæй. Хæхбæстæй зæгъын! Уым цы тых уыдис! Уым цы диссаг уыдис! Тæхуды, ме 'взаг куы кæрдид уыцы диссæгтæ радзурын! Махæн сæфынæй тас нæу. Никуы нæ ныууадздзæн Хуыцау, нæхæдæг æй куы нæ ныууадзæм, уæд! Нæ кувæндæттыл нæ къух куы ауигъæм, гъеуæд не сæфт æрцыдис!»

Цæмæй нæ фидæны фæлтæртæн уыцы ахсджиаг æмæ зынаргъ хæзнатæ – æрвон фыдæлты мадæлон æвзаг æмæ нæ æвæджиауы ИРОН ÆГЪДÆУТТÆ – сыгъдæгæй адæттын бафæразæм, уый тыххæй нæ хъæуы зæрдиагæй архайын. Удварны æвæрæнтæн сæ мидис бамбарæм, аккаг аргъ кæнын сын базонæм æмæ нæ зæрдыл дарæм Темырханты Сосланы сидт нæ нæрæмон фыдæлты фæдзæхст фехъусынмæ.

ТОХСЫРТЫ Къоста

УАЛДЗÆГ

Хур дзæвгар фæхæстæг, –
Арвы цъæх ныл тауы.
Æмæ ныр фæрæстæг,
Хъарм нæ хорз рæвдауы.
Урскъоппа дзындзалæг
Сау зæххæй ысбырсы.
Алы мæргъты зарæг
Доны былæй хъуысы.
Уалдзæг нæм у, уалдзæг,
Сой тæдзы йæ армæй.
Ацы сонт чызг-уазæг –
Судзгадæр цъæх артæй.
Махæн у хуымгæнæг,
Зоны алы ми дæр.
Уый ысгуыхт нывгæнæг,
Й' ахорæнтæ – бирæ.
Айхуызæн хæрзарæхст
Никуы фенд æнæхин.
Хихджын хъæды дарæс
Сахуырста цъæх-цъæхид.
Балы нык фæрæвдз и,
Урс хыз ыл ыскодта,
Афтæмæй нæ фæци
Аивæдты скъола.

САУЦЪИУ

Уалдзæджы фидиуæг
Сауцъиу – æртахт.
Бахудт æм дидинæг,
Хуры æртах.
Маргъ дæр уæд банкъары
Цины тæваг,
Къалиуæй базары,

Йе ‘взаг – цъæхснаг.
Таджы был азылди
Уайтагъд, тæвдæй.
Ног цард æм разынди
Саумæр зæххæй.
Уалынмæ ауæдзæй
Сауцъиу – пæррæст.
Афæдзæй-афæдзмæ
Зулкъæй – æфсæст.
Абон уый, гъæйтт-мардзæ, –
Ахстонгæнæг,
Хъуамæ уым рауадза
Бирæ зæнæг.

ГÆЛÆБУТÆ

Æдзух махæн
Нæ лæппуттæ
Иумæ ахсынц
Гæлæбутæ.
Гæлæбутæ,
Хуыцауы сконд
Цæрæг удтæ.
Цъæхтæ вæййынц,
Сæнт урсытæ,
Æнæхатыр –
Сæ сурджытæ.
Мæ къонатæ,
Мæ хъæбултæ,
Цæмæн ахсут
Гæлæбутæ?
Рæсугъд куы сты
Хæрзрæуæгтæ,
Тæнæгбазыр,
Пæрпæрæгтæ.
Мæ къонатæ,

Мæ хъæбултæ,
Нанайы буц
Чысыл хуртæ.
Нæ мыггаг у
Гæлæбутæй,
Цы кæнут уæд
Гæлæбутæй?

ДЫГОППОН

Æз – дыгоппон,
Дыууæгоппон,
Бирæ уарзын
Алы ног бон.
Цин сæ арын
Æмæ зарын.
Æз – дыгоппон,
Дыууæгоппон,
Комы нуазын
Алкæд хомдон.
Æз – дыгоппон,
Дыууæгоппон,
Никæмæй
Æз ницы дарын,
Иуы дæр
Куы нæ хъыгдарын.
Æз – дыгоппон,
Дыууæгоппон,
Уæд цы кодтон?
Æз – дыгоппон,
Дыууæгоппон.
Чи мын бахордта
Мæ хордон?

НЫФСЫТÆ

Уалдзæджы куы сагътон
Талатæ æз цалдæр.
Се ‘ппæтæн уæд загътон:
“Айрæзут мын тагъддæр!”
Ме суинаг ныфсытæ
Коммæгæстæ фесты.
Рафтыдтой цъæх сыфтæ,
С’ алкæцы дæр фестыр.
Талатæн ныр зонын
Царды хостæ арын:
Никуы вæййынц дойны,
Хъацæнтæ сын дарын.
Архайын, фæкусын:
Ма кæной рынчынтæ.
Алкæддæр фæсурын
Уайтагъддæр сæ рынтæ.
Æмæ уæд æз армæй
Талайы рæвдауын.
Хуры тынтæ хъармæй
Нал фефсæдынц нуазын.
Алы хатт, бæгуыдæр,
Æз фыр цинæй райын:
Иннæ аз сæ фылдæр
Райдайдзысты зайын.

ХÆХХОН РАЙСОМ

Хур æрыхъал
Адджын фынтæй.
Худгæ скасти
Уый сырх былтæй.
Тавы зæххы
Тынгæй-тынгдæр.
Хæхтæ судзынц
Ныр йæ зынгæй.

Цъити батæфст
Пиллон артæй.
Уайтагъд фемæхст
Дон йæ фахсæй.
Æмæ мæргътæ
Боны кадæн
Алы зæлтæй
Уафынц кадæг.

ЦЪИУЫ ХУЫМ

Хуры комы –
Цъиуы хуым,
Уый цы тауы,
Цымæ, уым?
Хор дзы тауы
Холлагæн –
Карз зымæгмæ
Мондагæн.
Æмæ змæлы,
Кусы цъиу.
Хоры гæппæл
Уымæн циу?

КАЛМАНТЫ Этери

МИНИСТРЫ КЪÆЛÆТДЖЫН

Радзырд

Зæринкæйы фыдыхо куыста Культурæйы министрады хæдзары æфснайæгæй. Иу сæрдыгон изæр Зæринкæйы дæр акодта йемæ.

Сæ хæдзары дуармæ сбадтысты хурæнгæсхуыз трамвайы, æмæ сæ уый узгæ-узгæ ныххæццæ кодта.

Зæринæ раздæр ам никуы уыд æмæ джихтæгæнгæ уади йæ фыдыхойы фæстæ. Культурæйы министрады бæстыхайы ничиуал уыд хъахъхъæнæгæй уæлдай. Цалынмæ йæ фыдыхо иугай-дыгай дуæрттæ гом кодта, уæдмæ чызг нарæг къæлидорты рацу-бацу кодта. Райдзаст бæстыхайы уыд сабыр. Стыр рудзынджы бын рæнхъæй æвæрд уыдысты дидинджытæ. Чызг сæм хæстæгдæр бацыд, рудзынгæй акаст æмæ йæхинымæр ахъуыды кодта, цымæ йын фæстæмæ цæугæйæ, уæртæ уынджы кæрон цы дукани ис, уым адджын гуыл балхæндзæн йæ фыдыхо?

– Зæринкæ, мæ хур, кæм дæ?

– Мæнæ дæн…

– Макуыдæм ацу, æз ныртæккæ суайдзынæн, – сдзырдта йæм фыдыхо æмæ бинаг уæладзыгмæ ныууад.

Зæри та рудзынгæй акаст, стæй фæстæмæ къæлидорты разылд. Кусæн уæттæй иуы гом дуарæй федта бæрзонд рæсугъд стъол æмæ сау фæлмæн къæлæтджын. Зæринкæ дуары раз æрлæууыд, йæ алыварс акаст æмæ хъавгæ бахызт мидæмæ.

«Ехх, ныр ацы къæлæтджыныл ма ныззылдтытæ кæн…» – ахъуыды кодта чызг. Бæргæ тарсти, куы йæм хæца йæ фыдыхо, фæлæ йæ зæрдæ тынг æхсайдта къæлæтджынмæ, кинонывы ма федта ахæм. Чызг сабыргай бацыд æмæ йыл хъавгæ æрбадт… Къæлæтджын йæ быны æрзылд… Чызг ныццин кодта. Стæй стъолмæ фæкомкоммæ. Йæ уæлæ уыд алыхуызон рæсугъд чингуытæ, газет æмæ урс гæххæттытæ. Февнала сæм, зæгъгæ, афтæ дуары ауыдта бæрзонд хæрзконд лæджы.

Фыр тæссæй къæлæтджынæй æртæррæст ласта æмæ стъолы бын фæкуысси ис. Кæсы, æмæ урс туфлиджын къæхтæ стъолмæ æрбахæццæ кæнынц. Зæринкæйы зæрдæ ныгуыпп-гуыпп ласта.

Лæг æй цыма нæ федта, йæхи афтæ скодта æмæ хъæрæй дзургæ стъолыл цыдæртæ агуры:

– Гъеныр цымæ цы фесты?.. Ацы кæсæнцæстытæ агурынæй куыд бастадтæн…

Зæринкæ змæлын дæр нал уæндыд. Лæг къæлæтджыны æрбадт æмæ арф ныуулæфыд. Уалынмæ Зæринкæмæ бынмæ йæ къухы къафетт бадардта æмæ загъта:

– Мæнæ хорз чызг, мæ кæсæнцæстытæ мын нæ федтай?

– Нæ федтон… – мынæг хъæлæсæй сдзырдта чызг, стъолы бынæй рабыргæйæ.

– Ай диссаг нæу, цымæ сæ цы ахордта?.. Исчи мын сæ куы ссарид, уæд цы хорз чызг уаид… О, хæдæгай, ма ном – Бимболат. Дæуæн та?

– Зæринкæ….

– Зæринкæ, аххуыс-ма мын кæн, дæ хорзæхæй. Ды уæртæ уыцы лагъзы фен, æз та сæ чингуыты ‘хсæн ацагурон.

– Хорз, – цингæнгæ азгъордта чызг…

«Цы хорз у, кæй мæм нæ фæхыл кодта…» – хъуыды кодта Зæринкæ.

Чысыл рæстæгмæ Зæринкæ кæсæнцæстытæ ссардта:

– Мæнæ сты!

– Уæууа! Кæдæй-уæдæй. Бузныг, мæ хур!

Бимболат кæсæнцæстытæ бакодта æмæ йе стъолы уæлхъус æрбадт.

– Ацы æнæхайыры кæсæнцæстыты тыххæй æрдæгфæндагæй раздæхтæн. Уæдæ, зæгъыс, дæ ном Зæринкæ… Æмæ кæй чызг дæ, уый дæр ма мын æххæст куы зæгъис…

– Баба æмæ нанайы, – сæрыстырæй дзуапп радта чызг.

Лæг ныххудти. Зæринкæ фефсæрмы.

Уалынмæ Зæринкæйы фыдыхо фæзынд. Хатыр ракуырдта лæгæй æмæ чызджы акодта.

– Мæнæ къуылбадæг, министры кусæн уаты йеддæмæ кæм ахъазай, уый не ссардтай?..

– Аминæт, министр та чи у? – дисхуызæй, йæ фыдыхойы фæстæ уайгæ, фарста чызг.

Фæлæ йæ Аминæт цымæ хъусгæ дæр нæ фæкодта. Кæцыдæр уатæй бандон рахаста æмæ йæ къулрæбын æрæвæрдта:

– Мæнæ ам сбад æмæ змæлгæ дæр ма кæн.

Зæринæ æрæнкъард, бацыд æмæ бандоныл сбадт. Нæ йæ ‘мбæрста,

цæмæн æм хæцы йæ фыдыхо, фæлæ исты фæрсын нал суæндыд. Афтæ фæбадт, цалынмæ фыдыхо æфснайд нæ фæци, уæдмæ.

Хур æрныгуылд... Чызг æнкъардæй уайы йæ фыдыхойы фæстæ. Ахизæны хъахъхъæнæджы раз æрлæууыдысты дæгъæлтæ йæм раттынмæ. Хъахъхъæнæг дæгъæлтæ æрцауыгъта æмæ йæ мидбылты бахудт. Стæй Зæринкæмæ ралæвæрдта цавæрдæр тыхтон æмæ загъта:

– Айс, Зæринкæ, Бимболат сæ дæуæн ныууагъта.

Зæринкæ бацин кодта, фæлæ уайтагъд Аминæтмæ скаст. Аминæт йæ сæр разыйы тылд бакодта, райс сæ, зæгъгæ.

Зæринæ тыхтон райста æмæ хъалагъурæн «бузныг» загъта.

Тыхтоны уыд, Бимболаты кусæн уаты йæхи кæмæ баивæзта, уыцы урс сыфтæ. Уæллаг сыфыл уыд фыст: «Баба æмæ нанайы чызг Зæринкæйæн».

Уайы Зæринкæ йæ фыдыхойы фæстæ. Хъарм сæрдыгон дымгæ йын йæ дзыккутæ фæйлауы. Чызг йæ тыхтон дыууæ къухæй йæ риумæ нылхъывта, цымæ тæрсгæ кодта, дымгæ йын сæ куы аскъæфа, уымæй...

ÆМБИСÆНДТÆ. ЗОНДЫ ÆМÆ ЦАРДЫУАДЖЫ НЫХÆСТÆ

- Къутугæнæнтæ мын зæгъ, æмæ дын уалдзæг зæгъон.
- Уалдзæг – царддæттæг.
- Уалдзæг – гуырдзвидыц.
- Уалдзæг – зæрдæвæрд.
- Уалдзыгон хур хъæнтæ бæрæг кæны.
- Уалдзыгон хур – мæ чындзыты, фæззыгон хур – мæ чызджыты.
- Уалдзæджы фидиуæг – дзывылдар.
- Уалдзæг – хуымгæнæн.
- Уалдзæг цы байтауай, уый фæззæг æркæрддзынæ.
- Уалдзæгæн – уалдзыгон хурхæтæн.
- Уалдзæгæн – уалдзæджы фæлыст.
- Уалдзæг – гуырдзтæ, амæндтæ æвзарæг.
- Уалдзæг фæззæгæн – куыст, фæззæг – уалдзæгæн.
- Уалдзæгæн – цъæхтæ, фæззæгæн – рæгъæдтæ.
- Уалдзыгон хур йæхимæ æлвасы.
- Уалдзæджы хорзæн дзы æмбал нæй.
- Уалдзæг æвзæр ахаста, уæд фæззæг – мæгуырау.
- Удхъомысы уалдзæгæн йæ хæрзтæ æндæр сты.
- Уалдзæг – дидинæг калæн.
- Уалдзæг – сыфтæр æфтауæн.
- Уалдзæг – уарзæттæ æвзарæн.
- Уалдзæг – амæндтæ æвзарæн.
- Уалдзæг уарзæттыл комдзог цæуы.
- Зайæгойтæ дæр уалдзæгмæ бæллынц, цæрæгойтæ дæр.
- Уалдзæджы цинæн кæрон нæй.
- Уалдзæджы комулæфт зæрдæмæ хъары.
- Уалдзыгон хæринагæн – сойаджы æмæ урссаджы хуыздæртæ.
- Уалдзæг арв афоныл ныннæрыд фæлмæн хъарм къæвдаимæ, уæд сæрдæн æвзæрæй тас нæу.

АЙЛАРТЫ Зарæ,
педагогон наукæты кандидат

ИРОН ХЪÆЛДЗÆГ НЫХÆСТÆ

Фольклоры хицæн бынат ахсынц адæмон цыбыр радзырдтæ – хъæлдзæг ныхæстæ. Æвдыст сæ цæуы адæмы цард йæ алы хуызты, сæ цыргъзонд, критикон æмæ философон ахаст царды фæзындтытæм, æххæст сты оптимизм æмæ моралон хъаруйы мотивтæй. Ирон хъæлдзæг ныхæсты адæм худынц адæймаджы æппæрццæг миниуджытыл: давджытыл, расыггæнджытыл æмæ æндæр æнæуаг митыл.

Фыццагдæр ирон хъæлдзæг ныхæстæ мыхуыры рауагътой Бтемыраты Бимболат æмæ Быдтаты Агуыбечыр 1924 азы. Фæстæдæр ма рацыдысты 1962, 1964, 1988 азты. 1976 азы «Ирон хъæлдзæг ныхæстæ» рацыдысты баххæстгондæй. Чиныг сараздджытæ сты Плиты Грис æмæ Агънаты Æхсар. Уыдонæй спайда кæндзыстæм. Цгъойты Хазби йæ чиныг «Фыдæлты мæсыг»-мæ бахаста «Æмбисонды хабæрттæ», «Сæтти æмæ Бæтти», «Санаты Семы хабæрттæ» æ. æнд.

Адæмы цыргъ зонд æвдисæг хъæлдзæг ныхæстæ. Алчи дæр нæ йæ чысылæй фехъуыста хъæлдзæг цау «Æхсæнчъы хос»: ну лæгæн йæ дурынтæ куы ныммур сты, уæд сæ æхсæнчъы хосы æфсон, уидыгæй баргæйæ, куыд ныууæй кодта. Диалоджы руаджы сбæрæг лæджы цыргъзонддзинад æмæ æдылы æлхæнæджы фæлгонц, ахæм хосыл чи бауузндыд. Хъæуы цæрджытæй йæ чидæр расырдта æмæ йæ фæрсы:

– Уый нын цы рауæй кодтай, дæ хорзæхæй?

– Æхсæнчъы хос.

– Æмæ дзы куы нæ мæлынц.

Уæд æй лæг фæрсы:

– Æмæ йæ куыд кæнут?

– Хуыссæнтыл æй байтыдтам.

– Уæууа, гормон, – бауайдзæф кодта лæг, – исчидæр ма ахæм æдылы ми кæны?

– Уæдæ куыд?

– Уæдæмæ æхсæнчъы æрцахс æмæ йын æй йæ цæстыты ныннæм.

Давæджы ном сбæрæг кæныны тыххæй бирæ хъæлдзæг ныхæсты адæм фæзæгъынц, давæгæн йæ худ ссыгъди, кæнæ йыл бындзытæ æрæмбырд сты, зæгъгæ, æ.а.д. Ууыл дзурæг у уырыссаг æмбисонд дæр

«На воре шапка горит». Афтæ, таурæгъ «Мыды чыргъæд»-ы дæр иу лæгæн йæ мыды чыргъæд адавдæуыд. Хъæуыхицау адæмы сæмбырд кодта æмæ сæм дзуры: «Ныронг нæм давд нæ уыди, ныр нæм фæзынди, æмæ уыцы давæг ныртæккæ не ʻхсæн ис, нæ астæуæй бæрæгæй зыны, сымах дæр æй уынут. Кæсут-ма йæм, йæ худыл бындзытæ куыд æрæмбырд сты!»

Давæг æцæгæйдæр адæмы астæу лæууыд. Уыцы ныхасмæ худ йæ сæрæй фелвæста æмæ йæм ракæс-бакæс кæнын байдыдта.

Адæмы критикон цæстæнгас царды фæзындтытæм. Ирон хъæлдзæг ныхæсты адæмы цæст уынаг у: худынц æгуыдзæгыл, магусайыл, чъындыйыл. Раздæр-иу алы ирон хæдзары алфамбылай дæр уыд кау быд, кæмæн нæ уыд, уый нымад уыд бынтон æгуыдзæгыл. Афтæ, иу мæрддзыгой адæм æрбарæдыдысты сыхæгтæм, æмæ сæм сæ чындз дзуры:

– Мах не стæм, мах, уæртæ фаллæгтæм ацæут.

Уæд æм кæуджытæй иу фæцырд ис æмæ йын афтæ зæгъы:

– Сымахмæ дæр æрдиаг кæнæм, сымахмæ, йæ кæртыл кау сбийын чи нæ фæразы!..

Магуса цот райсомæй æрæгмæстаг вæййынц. Ахæмтыл дæр дзæвгар хъæлдзæг ныхæстæ ис, уыдонæй иу – «Тамако æруарыди».

Иу лæгæн уыди тамакодымаг æмæ райсомæй æрæгмæстаг фырттæ. Уæд сæм иу райсом сæ фыд мидæмæ хъæр кæны:

– У-у, мæ лæппутæ! Уæлæмæ сыстут, мæнæ уын æдде тамако æруарыди.

Уæд æм йæ фырттæ мидæгæй дзурынц:

– Дæ разы, дада, къуымы халамæрзæн, æмæ уал ды мидæмæ хафгæ, мах дæр дæм зындзыстæм, чысыл ма ахуыссæм.

Ирон адæмы **марды æгъдæутты** уыдис, ног дуджы чи нал фидыдта, ахæмтæ, уыдонæй иу – ингæнмæ хи æппарын, ома мардыл зæрдæ афтæ риссы.

Иу усæн йæ лæг амарди. Уæвгæ, ирон æгъдаумæ гæсгæ, ус хъуамæ ма æвдиса, йæ лæгыл хъыг кæны, уый. Марды ингæны куы нывæрдтой, уæд ус йæ фæдыл ингæнмæ йæхи тоны: «Ауадзут мæ, куыд ма цæрдзынæн! Ауадзут мæ, нал цæрын æз дæр!» Куы нал сабыр кодта, уæд сылгоймæгтæй чидæр дзуры: «Ауадзут-ма йæ, цы йыл ныххæцыдыстут».

Мæрдджын ус йæ кæуынæй фæсабыр æмæ йæм уыциу къæпп фæкодта: «Дæ зынг ахуыссæд, куы нæ мæ ауадзай!» – йæхæдæг ингæнæй иуварс ацыди.

Бинонты цардхалæг вæййынц иуæй-иу ног чындзытæ дæр: æнæгъдау, æнæуæздан, къæппой, иу ныхас чи нæ ныххатыр кæндзæн. Ахæмтыл дæр адæм скодтой хъæлдзæг ныхæстæ, уыдонæй иу – «Уайсæст». Иу лæг йæ чындзы йæхимæ сдзурыны тыххæй фыс аргæвста æмæ сыхбæсты хорз федта. Иукъорд боны фæстæ та сыхбæсты æрхуыдта, гал аргæвста æмæ сын дзуры:

– Ацы куывд та уымæн кæнын, æмæ мæм абонæй фæстæмæ мæ чындз фæстæмæ уайсадын байдайа.

Адæмы моралон хъару. Ирон адæймаг кадыл мард у, фæзæгъынц. Æгады бæсты мæлæт хуыздæрыл нымадта. Афтæ – хъæлдзæг ныхæсты дæр. Санаты Семыл бирæ хабæрттæ ис, уыдонæй иу – «Зонджын æдылыйы зæрдæмæ нæ цæуы».

Сем Санибайы фæцæйцыд æмæ иу сæмбæлæг лæгæн раарфæ кодта, дæ фæндаг раст, зæгъгæ. Арфæйы дзуапп раттыны бæсты йын лæг алывыдтæ калы æмæ калы. Хъæумæ куы баввахс сты, уæд Сем ныллæууыд æмæ æлгъитæгæн афтæ зæгъы: «Дæ хорзæхæй, цасдæриддæр мæ æлгъитинаг дæ, уый мæ ам фелгъит, кæннод хъæумæ куы бахæццæ уæм, уæд дыл адæм фæхуддзысты».

Иннæ хабар та хуыйны «Раст лæг». Æртæ æфсымæрæй дыууæйæ уыдысты къæрныхтæ, æртыккаг та – раст лæг. Йæ ус æм мæсты кодта, ды дæр ма исты радав, зæгъгæ. Лæг куы стыхст, уæд бавдæлд æмæ иуæхсæв йæхи хъуг радавта. Аргæвстой йæ мæйдары, фæлæ, цырагъы рухсмæ ус йæ хъуджы куы базыдта, уæд йæ рустæм фæлæбурдта. Уæд æм лæг дзуры:

– Гормон, æз кæй хъуг радавон, уый дæр афтæ æрдиаг кæндзæн æмæ тæригъæд у, тæригъæд!

Жанры поэтикæйы хицæн æууæлтæ. Ирон хъæлдзæг ныхæстæ, куыд фольклоры иннæ жанртæ, хъæздыг сты аивадон мадзæлттæй. *Абарстыты* руаджы хъæлдзæг ныхасы сюжет цæстытыл уæлдай хуыздæр ауайы, йæ мидис сбæрæг вæййы: «... мæ хæдзар мын ацы æнгузы хуызæн дзаг фестын кæн!» («Æнгуз», æнгуз куы асаста, уæд мидæгæй разынд афтид); «...цыма дæ куыйтæ ныттыдтой, уыйау куы сдæ», «дæ хæдзар дымгæдардау цæмæн сси» («Иу низæй рынчынтæ»).

Фразеологизмтæ: «дыууæ бирæгъы сæ уды къубал скъуыдтой», ома тынг архайдтой, тынг сæ фæндыд мæгуыр усæн феххуыс кæнын («Бирæгътæ»); «йæ цæстытæ цармæ ныццавта» («Дыууæ уазæджы»); «æбуалгъ хъуыдытæ ныццавтой сæры магъзы» («Ус æмæ лалым»).

Арфæтæ: Ирон адæмы арфæты æвæрд ис арф хъуыды, æвдисынц адæмы цардыуаг, се 'гъдæуттæ: «Дæ фæндаг раст»; «Ægac цу, уазæг! – Фæрнæйдзаг ут, фæрнæйдзаг!»; «Буцæй фæцæрут, буцæй» («Бирæгъбадæн»); «Рæстмæ дын фæуæд дæ куырой æмæ дзы райгæ у» («Куырой æнæдон быдыры»); «Дæ фос бирæ уа, хорз фыййау! – Арфæгонд у æмæ дæ фæндаг раст уæд!» («Æз Къоста дæн»).

Куывдтытæ: «О ме сфæлдисæг Хуыцау» («Æнгуз»); «О Хуыцау, уæдæ йын бахатыр кæн» («Сауджыны сахат»); «Табу дæхицæн, сыгъдæджытæн» («Молло æмæ фыййау»).

Хъæлдзæг ныхæсты арæх фембæлæн ис *Хуыцаумæ курдиаты адæмон ныхæстыл:* «Хуыцауæй бузныг», «Хуыцауæй дæ бауырнæд», «Хуыцау æй сæкæрласæг фæкæнæд», «Хуыцау, дæуæй разы», «Хуыцау дын хорз ракæна», «Хуыцау уыл йæ бæллæх сæвæра», «Тобæ, тобæ, Хуыцау! Куыдзы коммæ ма бакæс» æ. æнд.

Рæвдауæн ныхæстæ: «Дæ рын бахæрон», «мæ хур», «мæ хъæбул», «мæ хæлар», «мæ хур акæнай», «мæ зынаргъ», «нанайы хъæбул».

Хъæлдзæг ныхæсты фембæлæн ис æндæр адæмон ныхæстыл дæр: «Æз дæ мæрдты уазæг», «Уæ йæ бындар фæуа», «Дæ хорзæхæй», «Рухсаг у» æ. а. д.

Арфæтæй уæлдай хъæлдзæг ныхæстæ хъæздыг сты *фидистæ æмæ æлгъыстытæй.* Ирон æмбисонд зæгъы: «Ирæн фидис кæнын фыдæй баззад». Фидистæ кодтой хистхортæн, гуыбындзæлтæн, æвзæргæнджыты мыггагæн, сæ ныййарджытæн, фæлæ ма æнæхъуаджы æфхæрдтой раст адæймаджы дæр, абадгæ чызджыты æ. а. д. «Ды лæг куы уаис, уæд дæ фыдæн хист скæнис!..» («Фидис æмæ хист») – фидис кæны хистуарзаг лæг. «Сымахмæ дæр æрдиаг кæнæм, сымахмæ, йæ кæртыл кау сбийын чи нæ фæразы!..» («Сымахмæ дæр æрдиаг кæнæм») – æгуыдзæг лæгыл фидис.

«Кæд арфæйæ исчи райгуырд, уæд æлгъыстæй дæр исчи амæлдзæн», – зæгъы ирон æмбисонд. Фæлæ афтæ дæр дзырдæуы: «Æлгъитæгæн йе 'лгъыст йæхиуыл цæуы». Æрмæстдæр мады æлгъыст нæ цæуы йæ хъæбултыл: «Мады æлгъыстыл дзидзитæ æлло кæнынц», «Мады æлгъыст хъæбулæн цин у, искæй æлгъыст та – рын». Æлгъыстæй алчи дæр тæрсгæ кæны, йæхи дзы хъахъхъæны, фæлæ уæддæр иуæй-иу хатт æлгъысты хай фæвæййы. Афтæ у хъæлдзæг ныхæсты дæр: «У-у, фæлтау не 'ппæт дæр хæрзсæфт куы фæуыдаиккам» («Дыккаг мард куы нæ кæндзæни»);

«Дæ быны къускыл баззайай!» («Ды та мæнæй гæдыдæр»); «Уæ, куыдзы туг уыл ныууара» («Æз дзы бон куы ницы арын…»); «Хæрам дын феста уыцы нозт!» («Куадзæны арфæтæ»); «Уæ, бын бауай, цы карк дæ!» («Сæры цæф»); «У, йæ хæдзар фехæла!» («Нæ йæ æвдæлди»); «Дæ зынг ахуыссæд, куы нæ мæ ауадзай» («Ауадзут мæ») æ. æнд.

Ирон хъæлдзæг ныхæстæн æнæ *диалог* уæвæн нæй, уæд уыдзысты æнæуд, æнæапп:

– Кæдæм цæуыс, кæ? (иу сæрхъæндзæф ус фæрсы Зондабийы).

– Мæрдтæм.

– Æмæ уæд цæугæ та кæцæй кæныс?

– Мæрдтæй, – дзуапп радта Зондаби («Мæрдтæм лæвæрттæ»).

Иннæ цыбыр диалоджы та æвæрд ис нуазаг лæджы фæлгонц боцкъайы хуызы:

– Аминæт, дæ лæгæй цæмæн ахицæн дæ?

– Ау, уæдæ кæдмæ бадтаин сæны боцкъайы фарсмæ? («Цæмæн ахицæн йæ лæгæй»).

Ног чындзмæ тынг фенхъæлмæ кæсынц лæппуйы ныййарджытæ: чызг сын уыдзæн, узæлдзæн сыл сæ зæронды бонты, фæлæ арæх сæ рухс фæндтæ фæсыкк вæййынц:

– Тæтæрхъан, дæ чындзæй бузныг дæ?

– Тынг! Уый руаджы рухс федтон: хæдзарæй мæ тыргъмæ расырдта («Зæронд лæг рухс федта»).

Ацæргæ адæймаг кæнæ уæзхъус вæййы, кæнæ ног хабæрттæн ницы фæзоны, æмæ йыл уæд кæнæ худгæ фæкæнынц, кæнæ та йын йæ дзуапп нæ бамбарынц. Госгайы фыртыфырт Габрускæ уынгты хъæргæнгæ æрбазгъоры сæхимæ:

– Нана! Нана! Дæ хæрзæггурæггаг – мæн!..

– Цы хабар ис, нанайы хъæбул?! – дисгæнæгау æй фæрсы йæ фыдымад.

– Нана!.. Финляндиимæ бафидыдтой!..

– Дæ рынтæ бахæрон, Габрускæ, æмæ йæ хæсгæ та цымæ кæд кæндзысты?.. («Хæрзæггурæггаг») æ. а. д.

Цард куыд цæуы, афтæ йе ‘мдзу кæнынц хъæлдзæг ныхæстæ дæр. Фæуæн сын нæй, уымæн æмæ адæймаджы цæст уынаг у: кæм худæджы цау фены, кæм фауинаг цау, æмæ та равзæры ног хъæлдзæг ныхас.

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***15, 16, 17 мартъийы*** ацыдысты Уæрæсейы Президенты æвзæрстытæ. Ацы бынатмæ кандидаттæ уыдысты Владислав Даванков (политикон парти «Ног адæм»), Владимир Путин, Леонид Слуцкий (политикон парти «Уæрæсейы либералон-демократон парти») æмæ Николай Харитонов (политикон парти «Уæрæсейы Федерацийы Коммунистон парти»).

Уæрæсейы Центрон æвзарæн къамисы бæрæггæнæнтæм гæсгæ Президенты бынатмæ кандидаттæй æппæты фылдæр хъæлæстæ райста Владимир Путин – 87,28 проценты, уый фæстæ та – Николай Харитонов – 4,31 процент, Владислав Даванков – 3,85 проценты, Леонид Слуцкий та – 3,2 проценты.

► **15 мартъийы** Беслæны Культурæйы галуаны кадджын уавæры сбæрæг кодтой фыссæг, поэт, прозаик, Цæгат Ирыстоны æмæ Уæрæсейы Федерацийы культурæйы сгуыхт кусæг, Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг Дауыраты Дамир 85 азы юбилей.

Дамирæн арфæйы ныхæстæ зæгъынмæ æрбацыдысты йæ хæлæрттæ, æмхъæуккæгтæ æмæ йын йе сфæлдыстадæн аргъ чи кæны, уыдон.

► Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæджы цур Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы фæдыл къамис хъусын кæны, 2024 азы 1 апрелы кæй райдайдзæн премi райсыны тыххæй кандидатурæтæ бадæттыны рæстæг æмæ ахæсдзæн 2024 азы 31 маймæ.

Амынд æмгъуыдмæ конкурсы архайджытæ сæ документтæ æмæ æрмæджытæ æрбахæссæнт ахæм адрисмæ: г. Дзæуджыхъæу, Сæрибары фæз, 1, каб.301 14 сахатæй 17 сахатмæ (кусгæ бонты). Бæлвырддæр информаци базонæн ис ахæм телефонтæй: 8 (8672) 53-08-22, 8 (8672) 53-39-06.

Кандидатурæтæ равзарыны бар ис республикæйы æххæстгæнæн æмæ бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæн, аивадон æмæ наукон цæдистæн, æхсæнадон организацитæн, газеттæ æмæ журналты редакцитæн, уæлдæр ахуырады организацитæн.

Премi райсыны кадджын мадзал ацæудзæн ацы аз 15 октябры – поэты райгуырæн боны.

Переводчик А. В. ЗОЛОЕВ
Корректор А. К. КАРГАЕВА
Дизайн, верстка А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике
Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202.

Порядковый номер выпуска: № 3.2024 г.
Подписано в печать 21.02.2024 г. Выход в свет: 27.02.2024 г.
Индекс: 732447. Тираж 1000 экз. Заказ № 160. Цена свободная.

Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м^2. Вклейка 1 печ. л. мелованная.

Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88.

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Цæгат Ирыстоны мыхуыры æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты комитет, литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон æрвылмæйон журнал «Мах дуг» дыккаг хатт расидтысты «МАХ ДУГ»-ы ДУНЕОН ПРЕМИ!

Йæ нысан у ирон æвзаг æмæ литературæйы кад фæбæрзонддæр кæнын, авторты литературон уацмыстæ фыссынмæ разæнгард кæнын, алы бæстæты цы ирæттæ цæры, уыдоны Ирыстонмæ æрбангомдæр кæнын, журналкæсджыты ног нæмттимæ базонгæ кæнын. Æмткæй райсгæйæ та, æмзиууонæй ирон литературæйы рæзтыл бакусын.

Преми райсыны конкурсы ис 5 номинацийы:

- ✓ *поэзи;*
- ✓ *прозæ;*
- ✓ *публицистикæ;*
- ✓ *драматурги;*
- ✓ *аивадон тæлмац.*

Конкурсы архайджытæ кармæ гæсгæ дихгонд цæудзысты 3 къордыл:

- ✓ *7 азæй 15 азмæ;*
- ✓ *16 азæй 35 азмæ;*
- ✓ *36 азæй уæлæмæ.*

Уæлахиздзаутæ хорзæхджынгонд æрцæудзысты æхцайы фæрæзтæй, Премийы сæрмагонд нысан æмæ дипломтæй!!!

Конкурсы къæпхæнтæ:

15-æм январæй 15-æм апрелмæ авторты бадæттын хъæуы сæ куыстытæ ахæм электрон адресмæ: mahdug@mail.ru «Конкурс» дзы фæнысан кæнгæйæ;

16-æм апрелæй 10-æм маймæ сæрмагонд къамисы уæнгтæ аргъ скæндзысты авторты уацмыстæн;

Мæйы кæрон кадджын уавæры уæлахиздзау автортæ æрцæудзысты хорзæхджынгонд.

Бæлвырддæр æрмæг базонæн уыдзæн журналы æмæ Мыхуыры æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты комитеты сайты. Уæ хъус дарут Телеграмм æмæ ВК нæ сæрмагонд фæрстæм дæр.

Фыццаг къорды архайджыты уацмыстæн къамис аргъ кæндзæн хицæн домæнтæм гæсгæ. Фыст сты Премийы Уагæвæрды.

Фæрнæйдзаг ут!

Индекс 73247
12+